**Къэрэтэбан А.Ю.**
иегъэджэн тхылъэу

# «АДЫГАБЗЭР СИГУАПЭУ ЗЭСЭГЪАШІЭ. Я 2-РЭ КЛАССЫР»

ЗЫФИІОРЭМКІЭ

## МЕТОДИЧЕСКЭ ІЭПЫІЭГЪУ

*Методическое пособие для учителя к учебнику «Адыгейский язык учу с удовольствием! Второй класс»*

*Адыгэ Республикэм гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ и Министерствэ ыштагъ*

Мыекъуапэ
ООО-у «Качествэр»
2016

УДК 373.3.016:811.352.3
ББК 74.268.19=602.2
Къ60

Рецензент: **Индрисова Р.А.,** руководитель Центра стратегии развития среднего общего образования и организационно-методической поддержки программ АРИПК

**Къэрэтэбан, А.Ю.**

**Къ60** «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэмкIэ: методическэ IэпыIэгъу / Къэрэтэбан А.Ю. – Мыекъуапэ : Качествэр, 2016. – 224 н.

ISBN 978-5-9703-0534-8

*Методическое пособие для учителя к учебнику «Адыгейский язык учу с удовольствием! Второй класс» входит в состав УМК по учебному предмету «Адыгейский язык» для 1–4 классов общеобразовательных организаций «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ» под авторством А.Ю. Каратабан.*

*Методическое пособие разработано в соответствии с требованиями ФГОС начального общего образования. Методическое пособие содержит материалы по методике преподавания, изучения учебного предмета «Адыгейский язык» в 1–4 классах общеобразовательных организаций учащимися, не владеющими адыгейским языком.*

*Методическое пособие содержит описание целей и задач, сформулированных с учетом отличительных особенностей обучения адыгейскому языку учащихся в начальной школе.*

*Методическое пособие содержит подробные конспекты уроков, предусмотренных учебником. В задачах каждого урока обозначены предметные, метапредметные и личностные результаты, которые должны быть достигнуты в ходе соответствующего урока, выделен новый лексический и грамматический материал, подлежащий усвоению и необходимый для обучения навыкам устной и письменной речи в соответствии с особенностями текущего этапа обучения. В каждом уроке обозначен лексический и грамматический материал, подлежащий дополнительному повторению, закреплению или доведению до автоматизма.*

*Методическое пособие предназначено для учителей-предметников, методистов, завучей.*

*Методическое пособие может быть использовано студентами, обучающимися по специальностям или направлениям подготовки педагогического профиля, слушателями курсов повышения квалификации, родителями обучающихся для дополнительного содействия в освоении учебного предмета, иными заинтересованными лицами.*

*Официальный сайт УМК по учебному предмету «Адыгейский язык» для 1–4 классов общеобразовательных организаций «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ» под авторством А.Ю. Каратабан: KARATABAN.RU.*

*Предложения и замечания просим отправлять по адресу: maikop@bk.ru*

**ISBN 978-5-9703-0534-8**

© Каратабан А.Ю., 2016
© Оформление. ООО «Качество», 2016

## Дэтхэр

Курсым шIэныгъэ-методическэ лъапсэу иIэхэр ыкIи ахэр егъэджэн методическэ комплектэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм Iофыгъоу зэрэзэшIуихыхэрэр . . . . . . . . . 7
Курсым купкIэу иIэр зэкIэмэ зэдыряе ублэпIэ гъэсэныгъэмкIэ Федеральнэ къэралыгъо гъэсэныгъэ шапхъэхэм (ФКЪГЪШ) зэрадиштэрэр. Егъэджэн методическэ комплектэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм иамалхэр гъэфедагъэхэу, нахьышъхьэ гъэсэныгъэм изэкIэмэ зэдыряе ублэпIэ гъэсэныгъэ программэ икIэух гухэлъхэр зэрэзэшIуиххэрэр . . . . . . . . . 8
Личностнэ (цIыфым иеплъыкIэхэр зэтегъэуцонымкIэ) кIэкIоныгъэхэр . . . . . . . . . 8
Метапредмет (тэрэзэу гъэпсыгъэ, къагурызыгъаIорэ, зэлъызыгъэIэсхэрэ) кIэкIоныгъэхэр . . . . . . . . . 14
Предмет кIэкIоныгъэхэр . . . . . . . . . 24

**ЕМК-эу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм хэушъхьафыкIыгъэ методическэ нэшанэу иIэхэр ыкIи ащ Iоф зэрэдэпшIэщтыр** . . . . . . . . . 29
Егъэджэн тхылъэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм изэхэтыкIэ, ыкупкI ыкIи методикэу игъусэм зэкIэмэ зэдыряе нэшанэу ахэлъхэр . . . . . . . . . 29
Графическэ ыкIи сурэтхэмкIэ къэгъэлъэгъогъэ материалэу егъэджэн тхылъым къыщытыгъэхэр . . . . . . . . . 32
Егъэджэн тхылъым исправочнэ аппарат . . . . . . . . . 32

**Урокхэр зэрэзэхапщэхэмэ хъущтымкIэ конспектхэр. Примерные конспекты уроков** . . . . . . . . . 34
Урокэу 1. Адыгэ алфавитыр зэрэзэхэт буквэхэмрэ адыгабзэм макъэу хэтхэмрэ. Буквы адыгейского алфавита и звуки адыгейского языка . . . . . 34
Урокэу 2. Мэкъэзещэ буквэу А а. Гласная буква А а . . . . . . . . . 37
Урокэу 3. Мэкъэзещэ буквэу У у. Гласная буква У у . . . . . . . . . 40
Урокэу 4. Мэкъэзещэ буквэу О о. Гласная буква О о . . . . . . . . . 43
Урокэу 5. Мэкъэзещэ буквэу Ы ы. Гласная буква Ы ы . . . . . . . . . 46
Урокэу 6. Мэкъэзещэ буквэу И и. Гласная буква И и . . . . . . . . . 49
Урокэу 7. Мэкъэзещэ буквэу Э э. Гласная буква Э э . . . . . . . . . 51
Урокэу 8. Мэкъэзэрэщэ буквэ къызэрыкIоу I. Простая согласная буква I . . . . . . . . . 55
Урокэу 9. Буквэзэгъусэу «Iа». Буквосочетание «Iа» . . . . . . . . . 57
Урокэу 10. Буквэзэгъусэу «Iо». Буквосочетание «Iо» . . . . . . . . . 60
Урокэу 11. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Iу. Сложная согласная буква Iу . . . . . . . . . 62
Урокэу 12. Буквэзэгъусэхэу «Iи», «Iы». Буквосочетания «Iи», «Iы» . . . . . 65

Урокэу 13. Буквэзэгъусэхэу «Iе», «Iэ». Буквосочетания «Iе», «Iэ» . . . . . . . .68
Урокэу 14. Тамыгъэу «I» зыхэт буквэзэгъусэхэр.
Буквосочетания со знаком «I» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .70
Урокэу 15. Мэкъэзэрэщэ буквэ къызэрыкIоу Л л.
Простая согласная буква Л л . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .73
Урокэу 16. Мэкъэзэрэщэ буквэ къызэрыкIоу Г г.
Простая согласная буква Г г . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .76
Урокэу 17. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Гу гу. Буквэ-пычыгъоу «го».
Сложная согласная буква Гу гу. Буква-слог «го». . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .80
Урокэу 18. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Къ къ.
Сложная согласная буква Къ къ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .83
Урокэу 19. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъхэу Ку ку, Къу къу.
Сложные согласные буквы Ку ку, Къу къу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .86
Урокэу 20. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Гъ гъ.
Сложная согласная буква Гъ гъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .89
Урокэу 21. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Лъ лъ.
Сложная согласная буква Лъ лъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .91
Урокэу 22. Макъэхэу [гъ], [лъ], [къ] зыфиIохэрэмкIэ зэфэхьысыжь.
Обобщение по звукам [гъ], [лъ], [къ].. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .94
Урокэу 23. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Хъ хъ.
Сложная согласная буква Хъ хъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .96
Урокэу 24. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Чъ чъ.
Сложная согласная буква Чъ чъ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .99
Урокэу 25. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Жъ жъ.
Сложная согласная буква Жъ жъ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 102
Урокэу 26. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Шъ шъ.
Сложная согласная буква Шъ шъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 105
Урокэу 27. Темэу «Пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитIу
буквэ зэхэлъхэр» зыфиIорэмкIэ зэфэхьысыжь.
Обобщение по теме «Двухзначные сложные буквы
с твёрдым знаком». . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 108
Урокэу 28. Пытэ тамыгъэмрэ тамыгъэу «у»-рэ зыхэт
тамыгъищзэхэт буквэхэр.
Трёхзначные буквы с твёрдым знаком и знаком «у». . . . . . . . . . . . . . . . . 110
Урокэу 29. Буквэхэу «жъу», «шъу» зыфиIохэрэм
ыкIи буквэ-пычыгъохэу «жъо», «шъо» зыфиIохэрэм
яхаушъхьэфыкIыгъэ къеджакI.
Особое чтение букв «жъу», «шъу» и букв-слогов «жъо», «шъо» . . . . . . . 114
Урокэу 30. Буквэхэу «жъу», «шъу», буквэ-пычыгъохэу «жъо»,
«шъо» зыфиIохэрэмкIэ зэфэхьысыжь.
Обобщение по буквам «жъу», «шъу»
и буквам-слогам «жъо», «шъо» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 118
Урокэу 31. Зэпыщыт мэхьанэ зиIэ гущыIэхэр.
Слова с противоположными значениями . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 121
Урокэу 32. Адыгэ Республикэм и Быракъ.
Флаг Республики Адыгея . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 123

Урокэу 33. Зы нэбгырэм е нахьыбэмэ зафэбгъэзэныр.
Обращение к одному человеку или ко многим людям . . . . . . . . . . . 125
Урокэу 34. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу КӀ кӀ.
Сложная согласная буква КӀ кӀ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 127
Урокэу 35. Буквэу «кӀ»-м иятӀонэрэ мэхьан.
Второе значение буквы «кӀ» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 130
Урокэу 36. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу ЛӀ лӀ.
Сложная согласная буква ЛӀ лӀ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 133
Урокэу 37. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу ПӀ пӀ.
Сложная согласная буква ПӀ пӀ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 136
Урокэу 38. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу ТӀ тӀ.
Сложная согласная буква ТӀ тӀ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 138
Урокэу 39. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу ЧӀ чӀ.
Сложная согласная буква ЧӀ чӀ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 140
Урокэу 40. Буквэхэу «чӀ», «пӀ», «лӀ» зыхэт гущыӀэхэу
зэрагъэшӀагъэхэмкӀэ зэфэхьысыжь.
Обобщение изученной лексики с буквами «чӀ», «пӀ», «лӀ» . . . . . . . . . . . 143
Урокэу 41. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу ЦӀ цӀ
Сложная согласная буква ЦӀ цӀ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 146
Урокэу 42. Мыекъуапэ ицӀыф цӀэрыӀохэр.
Знаменитые люди города Майкопа . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 149
Урокэу 43. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу ШӀ шӀ.
Сложная согласная буква ШӀ шӀ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 152
Урокэу 44. Нэшэнэ плъышъуацӀэхэм шӀыкӀэ наречиехэр
къатегъэкӀынхэм афэгъэхьыгъэ ӀофшӀэнхэр.
Упражнения на образование наречий образа действия
от качественных прилагательных.
(Слова на вопросы «сыд фэд?», «сыдэущтэу?»). . . . . . . . . . . . . . . . . . 154
Урокэу 45. Мэкъэзэрэщэ буквэзэхэлъэу КӀу кӀу.
Буквэ-пычыгъоу «кӀо».
Сложная согласная буква КӀу кӀу. Буква-слог «кӀо» . . . . . . . . . . . . . . 157
Урокэу 46. Буквэу «кӀу» ыкӀи буквэ-пычыгъоу «кӀо»
зыхэт гущыӀэхэу зэрагъэшӀагъэхэмкӀэ зэфэхьысыжь.
Обобщение изученной лексики с буквой «кӀу»
и буквой-слогом «кӀо» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 160
Урокэу 47. Мэкъэзэрэщэ буквэзэхэлъэу ШӀу шӀу.
Буквэ-пычыгъоу «шӀо».
Сложная согласная буква ШӀу шӀу. Буква-слог «шӀо». . . . . . . . . . . . . 162
Урокэу 48. Гупсэ дэжь инэнэжъ къэкӀуагъ.
К Гупсэ приехала бабушка.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 164
Урокэу 49. Буквэу «шӀу» ыкӀи буквэ-пычыгъоу «шӀо»
зыхэт гущыӀэу зэрагъэшӀагъэхэмкӀэ зэфэхьысыжь.
Обобщение изученной лексики с буквой «шӀу»
и буквой-слогом «шӀо» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 167
Урокэу 50. Мэкъэзэрэщэ буквэхэу ПӀу пӀу, ТӀу тӀу.
Согласные буквы ПӀу пӀу, ТӀу тӀу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 170

Урокэу 51. Зы пкъыгъом ыкIи пкъыгъуабэмэ ялъытэн.
Счёт одного и двух предметов . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 172
Урокэу 52. Мэкъэзэрэщэ буквэу Дж дж.
Согласная буква Дж дж . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 174
Урокэу 53. Буквэу «дж» зыхэт гущыIэхэм
жабзэм ящыгъэфедэн.
Активизация изученной лексики с буквой «дж» . . . . . . . . . . . . . 176
Урокэу 54. 10-м нэсэу пкъыгъохэм ялъытэн.
Счёт предметов до 10 . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 178
Урокэу 55. Буквэу «дж»-м иятIонэрэ мэхьан.
Второе значение буквы «дж» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 181
Урокэу 56. 11-м щегъэжьагъэу 20-м нэсэу пкъыгъохэм ялъытэн.
Счёт предметов от 11 до 20 . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 183
Урокэу 57. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Хь хь.
Сложная согласная буква Хь хь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 186
Урокэу 58. Буквэ-макъэу «хь» зыхэт гущыIэу ашIэхэрэм яхэгъэхъон.
Расширение изученной лексики с буквой-звуком «хь» . . . . . . . . . 188
Урокэу 59. Тхьамафэм имафэхэр. Дни недели. . . . . . . . . . . . . . . 191
Урокэу 60. Хьарыфэу «хь» зыхэт творческэ IофшIэнхэр.
Творческие упражнения с буквой «хь» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 194
Урокэу 61. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Жь жь.
Сложная согласная буква Жь жь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 196
Урокэу 62. Хьарыфэу «жь» зыхэт гущыIэхэмрэ
гущыIэзэгъусэхэмрэ жабзэм щыгъэфедэгъэнхэмкIэ IофшIэнхэр.
Активизация слов и словосочетаний с буквой «жь». . . . . . . . . . . 199
Урокэу 63. Циркым. В цирке.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 201
Урокэу 64. Мэкъэзэрэщэ буквэу Дз дз. Согласная буква Дз дз . . . . . . . . 204
Урокэу 65. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Дзу дзу.
Буквэ-пычыгъоу «дзо».
Сложная согласная буква Дзу дзу. Буква-слог «дзо». . . . . . . . . . . 206
Урокэу 66. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Цу цу.
Буквэ-пычыгъоу «цо».
Сложная согласная буква Цу цу. Буква-слог «цо» . . . . . . . . . . . . 208
Урокхэу 67-р, 68-р . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 210

**Гуалъхьэхэр. Приложения** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 211
Гуалъхьэу 1. Приложение 1. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 211
Гуалъхьэу 2. Приложение 2. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 220
Гуалъхьэу 3. Приложение 3. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 222

## Курсым шIэныгъэ-методическэ лъапсэу иIэхэр ыкIи ахэр егъэджэн методическэ комплектэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм Iофыгъоу зэрэзэшIуихыхэрэр

Курсэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэр зэкIэхэм зэдырае ублэпIэ гъэсэныгъэм и Федеральнэ стандарт ылъапсэу гъэхьазырыгъэ ыкIи цIыфыгъэмкIэ, цIыф шIыкIэ-зекIокIэ шапхъэхэмкIэ хэхъоныгъэ ышIэу Россием игражданин пIугъэным и Концепцие, зэкIэхэм зэдыряе ублэпIэ гъэсэныгъэм къытын фэе кIэух гухэлъхэм адештэ.

Курсэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Апэрэ – яплIэнэрэ классхэр» зыфиIорэр урысыбзэр зыщытекIорэ чIыпIэхэм яублэпIэ еджапIэхэм ащеджэрэ адыгэ кIэлэеджакIохэм атегъэпсыхьагъ ыкIи мыщ фэдэ гухэлъхэм язэшIохын афэлажьэ:

* адыгэ бзэшIэныгъэм ихэбзэ шъхьаIэхэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэм ыкIи ахэр Iэубытыпіэ шIыгъэхэу, тамыгъэ-символхэр къагурыIохэу, зэхашIыкIыхэу, логикэ (зэкIэлъыкIуакIэ) зыхэлъ гупшысакIэ яIэу гъэсэгъэнхэм;
* адыгэ жабзэ зыIулъэу къэралыгъо пчъэгъабэхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм зэпхыныгъэ адыряIэн алъэкIыным, ахэм агурыIошъунхэм: жэрыIо ыкIи тхэн жабзэм, гущыIэн-зэдэгущыIэн жабзэм, хэукъоныгъэ зыхэмыт тэрэз тхэным афэгъэсэгъэнхэм.

Зы гупчэ зиIэ зэхэлъыкIэкIэ (концентрическэу) «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Апэрэ – яплIэнэрэ классхэр» зыфиIорэ курсыр зэхэщагъэ: а зы едзыгъо дэдэхэр ыкIи а зы темэ дэдэхэр класс пэпчъ къыщыкIэIотыкIыжьыгъэх.

Программэр аущтэу зэрэзэхэтым мыщ фэдэ шIуагъэхэр пылъых: бзэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яттыхэрэр зэхашIыкIынхэмкIэ кIэлэеджакIохэм хьазырныгъэу яIэр зынэсрэр къыдэлъытэгъэнымкIэ, материалэу зэрагъашIэрэм икъиныгъэ игъорыгъоу хэхъоныгъэхэр ышIынхэмкIэ, тэрэзтхэнымкIэ ыкIи жабзэм ихэгъэхъонкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьэгъэнхэмкIэ амалхэр къетых.

Сыд фэдэрэ предмети изэгъэшIэнкIэ бгъэфедэмэ хъущт еджэкIэ шIыкIэхэм кIэлэеджакIохэр афэбгъасэхэзэ, анахьышъхьэ гъэсэныгъэ программэмкIэ личностнэ, метапредметнэ ыкIи предметнэ гъэхъагъэхэр зэкIэмэ зэдыряе ублэпIэ еджапIэм щягъэшIыгъэнхэм

егъэджэн методическэ комплектэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Апэрэ – яплIэнэрэ классхэр» зыфиIорэр фэлажьэ.

## Курсым купкIэу иIэр зэкIэмэ зэдыряе ублэпIэ гъэсэныгъэмкIэ Федеральнэ къэралыгъо гъэсэныгъэ шапхъэхэм (ФКЪГЪШ) зэрадиштэрэр. Егъэджэн методическэ комплектэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм иамалхэр гъэфедагъэхэу, нахьышъхьэ гъэсэныгъэм изэкIэмэ зэдыряе ублэпIэ гъэсэныгъэ программэ икIэух гухэлъхэр зэрэзэшIуиххэрэр

### Личностнэ (цIыфым иеплъыкIэхэр зэтегъэуцонымкIэ) кIэкIонығъэхэр

Урысыем игражданин цIыфлъэпкъым гушъхьэлэжьыгъэ-зекIокIэ-шIыкIэ шапхъэхэмкIэ хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэм ыкIи пIуныгъэ егъэгъотыгъэным и Концепцие къыщытыгъэ унашъохэр шIуагъэ хэлъэу зэшIохыгъэнхэмкIэ курсэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Апэрэ – яплIэнэрэ классхэр» зыфиIорэм кIэлэегъаджэм амалхэр къыретых.

ЦIыфым иеплъыкIэхэр, щыIэныгъэм къыхэхъухьэрэ-къыхэшIыхьэрэ хъугъэ-шIагъэхэм фыщытыкIэу афыриIэр (личностнэ кIэкIоныгъэхэр) зэтегъэуцонхэм, ФКъГъШ-м къыгъэуцурэ хабзэхэм адаштэу, мыщ фэдэ лъэныкъохэр зыпкъ рагъэуцох:

* Урысыем ицIыфэу зилъытэжьэу, и Хэгъэгу, ащ итарихъ, ащ игъусэу Урысыем ицIыфлъэпкъ, ащ щыщэу Адыгэ Республикэм ыцIэ зыхьэу ежь, адыгэ кIэлэеджакIохэр зыщыщхэ лъэпкъым арыгушхонхэр, цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ российскэ обществэм, Адыгэ Республикэм ицIыфхэри зэрэхэтхэу, осэшхо зыфэпшIын плъэкIын лъэныкъоу иIэхэмкIэ гумманистическэ ыкIи демократическэ гъозэныгъэхэр яIэнхэр;

* дунаим изэхэтыкIэ зэпыпчын умылъэкIын зэпхыныгъэу иIэхэмкIэ – чIыопсымкIэ, лъэпкъхэм, культурэхэм, динхэм язэмылIэужыгъуагъэкIэ – хэзыгъэ зыфэмыхъурэ **социальнэ еплъыкIэ гъуазэхэр** (социально ориентированный взгляд) яIэнхэр;

* IофыгъомкIэ нэмыкI еплъыкIэм, нэмыкI лъэпкъхэм ятарихъ, якультурэ шъхьэкIафэ зыхэлъ фыщытыкIэ афыряIэныр;

* ежьхэр зыщыщ адыгэ лъэпкъым итарихъ, икультурэ ашIэныр, ащ рыгушхонхэр;

* еджакIом исоциальнэ пшъэрылъхэу еджэнымрэ шIэныгъэ зэгъэгъотыгъэнымрэ мэхьанэу яIэр къагурыIоныр ыкIи аштэныр;

* хэхъоныгъэхэр зышIырэ ыкIи зэхъокIныгъэхэр зыхэхъухьэрэ дунаим есэнхэ, ащ щыщ хъунхэмкIэ ублэпIэ къулайныгъэхэр аIэкIэхьанхэр;

* еджакIом исоциальнэ пшъэрылъхэу еджэнымрэ шIэныгъэ зэгъэгъотыгъэнымрэ мэхьанэу яIэр къагурыIоныр ыкIи аштэныр;

* нравственнэ шапхъэхэм, социальнэ зэфэныгъэм, шъхьафитныгъэм хэшIыкIэу афыряIэр ылъапсэу, ежьхэм яакъылкIэ зекIонхэр, язекIуакIэкIэ пшъэдэкIыжь зэрахьырэр ашIэныр;

* шIыкIэ-гъэпсыкIэ дахэр зыфэдэр къагурыIоу, шIу агу илъэу, гукIэгъу ахэлъэу, нэмыкI цIыфым ыгу щышIэрэ-ихъыкIырэр зэхашIэныр, фэгумэкIынхэр;

* дэхагъэр зэхашIэныр, агъэлъэпIэныр;

* чIыпIэ зэфэшъхьафхэм арытхэу зэныбжь икъугъэхэм ыкIи ежь ялэгъухэм Iоф адашIэшъуныр ыкIи Iофым зэнэкъокъу къыхахьэмэ, хэкIыпIэ къагъотышъуныр;

* щынэгъончъагъэ зыхэлъ псэукIэм, псауныгъэм зэрар езымыхырэ щыIакIэм фэгъэсэгъэнхэр, творческэ екIолIакIэ яIэу зыгорэ къызкIэкIощт Iоф рахъухьашъуныр ыкIи зэшIуахышъуныр, материальнэ ыкIи гушъхьэлэжьыгъэ байныгъэхэм афэсакъынхэр.

Нахьышъхьэ гъэсэныгъэ программэмкIэ личностнэ кIэкIоныгъэхэр гъэпсыгъэнхэм фэлэжьэрэ курсэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм иамалхэм тахэплъэн.

**Урысыем ицIыфэу залъытэжьэу, я Хэгъэгу, ащ итарихъ ашIэныр, Урысыем ицIыфлъэпкъмэ ащыщэу адыгэ лъэпкъым зэрэщыщхэр ашIэныр, ахэм арыгушхонхэр, цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ российскэ обществэм осэшхо зыфэпшIын плъэкIын лъэныкъоу иIэхэмкIэ гумманистическэ ыкIи демократическэ гъозэныгъэхэр яIэнхэр.**

АшъхьэкIэ еплъыкIэ-фыщытыкIэу яIэхэм якомпонентхэу Урысыем (ащ щыщэу Адыгеим) ицIыфэу залъытэжьыным, яхэгъэгу шIу алъэгъуным, Адыгэ Республикэм икъэралыгъобзитIу (урысыбзэмрэ адыгабзэмрэ) шъхьэкIэфэныгъэ афыряIэным, Урысыемрэ Адыгеимрэ лъэпкъ гушъхьэлэжьыгъэ кIэнэу яIэхэм

шъхьэкIафэ афашIыным, чIыопс, культурнэ байныгъэхэм афэсакъынхэ фыщытыкIэ яIэнымкIэ хэхъоныгъэхэр кIэлэеджакIохэм ашIынхэм егъэджэн тхылъым къыщытыгъэ егъэджэн материалыр афэлажьэ.

ГущыIэм пае, щысэхэм талъыплъэн:

– Урысые хэгъэгушхом ицIыф лъэпкъхэм зэрыщыщхэр ашIэныр, ащ рыгушхонхэр (н. 38, IофшI. 3);

– Урысыем изыIахьэу Адыгэ Республикэм къыгъэгъунэрэр ялъэпкъ чIыгоу зэрэщытыр ашIэныр (н. 85, IофшI. 6, 7);

– чIыгоу къызщыхъугъэхэм шIулъэгъу фыряIэу, ащ идэхагъэ щыгушIукIыхэу пIугъэнхэр (н. 33, IофшI. 2; н. 40, IофшI. 4, 5; н. 41, IофшI. 3; н. 42, IофшI. 1; н. 87, IофшI. 3, 4; н. 68, н. 86, IофшI. 1);

– Адыгэ Республикэм лъэпкъ зэфэшъхьафэу исхэм шъхьэкIафэ афашIыныр, Адыгэ Республикэмрэ Урысые Федерациемрэ къэралыгъо атрибутэу яIэхэр ашIэнхэр (н. 69, IофшI. 4; н. 78, IофшI. 3, 5; н. 105, IофшI. 4; н. 118, IофшI. 2);

– Адыгэ Республикэм икъэралыгъобзитIоу адыгабзэмрэ урысыбзэмрэ шIу алъэгъунхэм фэпIугъэнхэр: адыгэ кIэлэцIыкIу усакIохэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэр ыкIи урыс кIэлэцIыкIу усакIоу ашIэхэрэр агу къэгъэкIыжьыгъэнхэр (н. 98, IофшI. 1; н. 99, IофшI. 3, 4; н. 122, IофшI. 6);

– адыгэ лъэпкъым игушъхьэлэжьыгъэ кIэн иIахьэхэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэр, афэсакъынхэм ыкIи къаухъумэнхэм фэпIугъэнхэр:

– адыгэ шхыныгъохэм ащыщхэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэр (н. 19, IофшI. 3, 4; н. 33, IофшI. 3; н. 41, IофшI. 2);

– адыгэ унэгъозехьаным щагъэфедэщтыгъэ пкъыгъохэр ягъэшIэгъэнхэр (н. 21, IофшI. 2; н. 60, IофшI. 2; н. 61, IофшI. 3; н. 62, IофшI. 5);

– нахьыжъхэр шIу алъэгъунхэр, шъхьэкIэфэныгъэ ахэм афашIыныр (н. 24, IофшI. 1; н. 28, IофшI. 6, 7; н. 71, IофшI. 4, 5, 6).

– урыс ыкIи адыгэ лъэпкъ культурэхэм якъэухъумакIохэм, язехьакIохэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэр (н. 89, IофшI. 7; н. 91, IофшI. 4, 5; н. 95, IофшI. 2; н. 113, IофшI. 5).

– урыс ыкIи адыгэ кIэлэцIыкIу IорыIуатэхэм ащыщ лIыхъужъхэм ацIэхэр агу къэгъэкIыжьыгъэнхэр (нэIуасэ афэшIыгъэнхэр).

– ячIыгу, ячIыопс шIу ягъэлъэгъуныр, ащ фэсакъынхэ, къаухъумэн зэрэфаер къагурыгъэIоныр (н. 43, IофшI. 5; н. 64, IофшI. 2; н. 65, IофшI. 3, 5; н. 136, IофшI. 4).

– ягупсэхэм афэгумэкIынхэр, ахэм яшIуагъэ арагъэкIыным пылъынхэр (н. 30, IофшI. 5; н. 32, IофшI. 6; н. 38, IофшI. 5; н. 45, IофшI. 3; н. 80, IофшI. 4; н. 81, IофшI. 5; н. 103, IофшI. 1; н. 121, IофшI. 4).

– IофшIэныр шIу алъэгъуныр (н. 49, IофшI. 3; н. 84, IофшI. 2; н. 124, IофшI. 4, 5; н. 129, IофшI. 4; н. 131, IофшI. 3, 4; н. 136, IофшI. 3).

**Хэхъоныгъэхэр ышIызэ, зэхъокIыныгъэхэр зыхэхъухьэрэ дунаим есэнхэ-щыщ хъунхэмкIэ, хэгъозэнхэмкIэ ублэпIэ къулайныгъэхэр аIэкIэхьанхэр**.

Егъэджэн тхылъым къыщытыгъэ IофшIэнхэр агъэцакIэхэзэ, упчIэхэм яджэуапхэр агъэпсых, ежьхэм, яунагъо исхэм, ягупсэхэм, яныбджэгъухэм, ялэгъухэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн ыкIи зэдэгущыIэгъу кIэкIхэр къагъэхьазырых. ГущыIэм пае: Скажи, из скольких человек состоит твоя семья (н. 10, IофшI. 4); Нарисуй любимое животное и расскажи о нём (н. 15, IофшI. 7); Игра «Конкурс красоты». Помоги организаторам отобрать конкурсанток. Вспомни сказочных героинь с красивым лицом (н. 17, IофшI. 4); Подготовь рассказ про свою куклу, подобный рассказу Сати (н. 18, IофшI. 6), нэмыкIыбэхэр.

НэкIубгъоу 40-м къыщытыгъэ IофшIэнхэу 3-р, 4-р, 5-р агъэцакIэхэзэ, псэупIэ чIыпIэ лъэпкъхэр зэрэзэтекIхэрэр (къалэ, чылэ, къутыр) зэрагъашIэ, псэупIэ чIыпIэ лъэпкъэу ежьхэр зыщыпсэухэрэм гу лъарегъатэ ыкIи ар къаIошъоу зэгъасэ.

УблэпIэ еджапIэм икIэлэеджэкIо цIыкIухэм Iэрыфэгъу афэхъун гъэцэкIэнэу егъэджэн тхылъым ыкIи IофшIэнхэмкIэ тетрадым къащытыгъэхэр бзэм изанэхэм Iоф адэшIэгъэнымкIэ ахэм япрактическэ къулайныгъэхэр гъэпсыгъэ хъунхэм фэлажьэх. Ахэм ащыщых мыщ фэдэ гъэцэкIэнхэр: гущыIэу къэIуагъэм е тхыгъэм мэкъэ гъэнэфагъэр къыхагъэщыныр; гущыIэр пычыгъо-пычыгъоу агощыныр, ащ итранскрипцие атхыныр; гущыIитIу зэгъусэу къэтыгъэм зэфэмыдэ хьарыфэу ахэтхэр къахагъэщынхэр ыкIи ащ елъытыгъэу гущыIэхэм ямэхьанэхэр зэрэзэтекIхэрэр къаIонхэр; чIыпIэ обстоятельствэр къызэрыкIырэ пкъыгъуацIэхэм кIэухэу **(-м)** къапыхьэрэм лъыгъэплъэгъэнхэр; мэкъэ гъэнэфагъэ зыхэт гущыIэхэр къэтыгъэхэм къахагъэщынхэр; къэтыгъэ хьарыфхэр зыхэт гущыIэхэр зэхагъэуцонхэр; къэтыгъэ макъэхэр зыхэт гущыIэхэр къаIонхэр, къатхынхэр; зыцIэ къеIогъэ макъэр зыхэт гущыIэр зэхахмэ, IэгутеокIэ къагъэлъэгъоныр; IэпыIэгъу тамыгъэу

(«**I**»-р, «**ъ**»-р, нэмыкIхэр); къэзыгъэпсырэм елъытыгъэу, хьарыф купхэр зэтырафышъунхэр; мэкъэ Iужъухэм яхьарыфхэм хьарыфпычыгъоу къатекIхэрэр ашIэнхэр; бэ пчъагъэр къэзыгъэпсырэ суффиксхэм яшъуашэхэр (**-хэ**(р), **-х**) ашIэнхэр; гущыIэу къэтыгъэхэм ащыкIэрэ хьарыфхэр точкэхэм ачIыпIэкIэ хагъэуцожьынхэр; гущыIэу къэтыгъэм ыкIоцI нэмыкI гущыIэхэр къыхагъэщышъунхэр, пкъыгъор зыер, Iахьылныгъэр, пкъышъолым щыщ Iахьэр зыер къэзыгъэлъэгъорэ приставкэхэм афэгъэхьыгъэ хэшIыкIхэр яIэнхэр.

**Лъэпкъ зэхэдз амышIыным, ялэгъухэу лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщхэм ныбджэгъунығъэ адыряIэным фэпIугъэнхэр.** ГущыIакIэу зэрагъэшIагъэхэр кIэлэеджакIохэм яжабзэ щыщ хъунхэм фэлэжьэрэ текстхэм урыс, нэмыкI лъэпкъ кIэлэцIыкIу пшысэхэм ащыщ персонажхэр ащыгъэфедагъэх (н. 14, IофшI. 4, 5, 6; н. 15, IофшI. 4; н. 32, IофшI. 6), нэмыкIхэр.

**ЕджакIом исоциальнэ пшъэрылъхэу еджэнымрэ шIэныгъэ зэгъэгъотыгъэнымрэ мэхьанэу яIэр къагурыIоныр ыкIи аштэныр**. УблэпIэ еджапIэм икIэлэеджакIохэм аныбжьырэ ягупшысакIэрэ къыдэзылъытэхэу шъошэ ыкIи купкI (содержание) зэфэшъхьаф зиIэ IофшIэнхэр, гъэцэкIэнхэр егъэджэн тхылъым, ащ иметодическэ аппарат къащытыгъэх. Ахэм янахьыбэм сурэт гъэкIэрэкIагъэхэр ягъусэх. IофшIэнхэм ябзэ материал кIэлэцIыкIу усакIохэм япроизведениехэмкIэ, гущыIэжъхэмкIэ, лъыталъэхэмкIэ, IурыIупчъэхэмкIэ, хырыхыхьэхэмкIэ къызэрэтыгъэхэм еджэн IофшIэныгъэмкIэ шIуагъэ къеты.

IофшIэн зэфэшъхьафхэм ятекстхэм, ахэм япхыгъэ упчIэхэм, занкIэу къащымыIуагъэу, едзэкIыгъэу (косвенно), урокым чIэс зыхъукIэ, кIэлэеджакIом гъэпсыкIэ-шIыкIэу иIэн фаехэм (Iасэу щысын, дэгъоу еджэн, дахэу тхэн, кIэлэегъаджэм къыIуатэрэм едэIун) афапIух. ГущыIэм пае: н. 23, IофшI. 2, 3, 4; н. 26, 27, IофшI. 2, 3; н. 112, IофшI. 1, нэмыкIхэр.

IофшIэнхэу, гъэцэкIэнхэу яхьылъагъэхэмкIэ зэтекIхэу егъэджэн тхылъми IофшIэнхэмкIэ тетрадми къащытыгъэхэм, хэушъхьафыкIыгъэ екIолIакIэр ыгъэфедэзэ, кIэлэеджакIохэм Iоф адишIэн амал кIэлэегъаджэм къыраты.

Урокхэм ясценариехэу методическэ IэпыIэгъум къыщытыгъэхэм къызэрэдалъытэу, урок пэпчъ щызэшIуахын фэе пшъэрылъхэм урокым икъежьапIэм кIэлэеджакIохэр ащегъэгъуазэх ыкIи а мурадыр аIэкIэмызэу, урокыр зэрэрекIокIын фаер ащигъэгъупшэрэп.

**ШIыкIэ-гъэпсыкIэ дахэр зыфэдэр къагурыIоу, шIу агу илъэу, гукIэгъу ахэлъэу, нэмыкI цIыфым ыгу щышIэрэ-ихъыкIырэр зэхашIэныр, фэгумэкIынхэр.** Егъэджэн тхылъым иIофшIэныбэхэм ялексикэ мы Iофыгъом фэIорышIэ. ГущыIэм пае: этикэм къыдилъытэрэ гущыIэхэу жабзэм щагъэфедэхэрэр (Сигуапэ! Тхьауегъэпсэу! УиIанэ сыдэу даха!); цIыфхэм шIукIэ апэгъокIыхэу, шIу агу илъэу, гукIэгъуныгъэ ахэлъэу, псэ зыпыт ыкIи зыпымыт чIыопсым фэсакъхэу ыкIи къаухъумэу пIугъэнхэм фэгъэхьыгъэ текстхэр (н. 24, IофшI. 2; н. 28, IофшI. 6, 7; н. 29, IофшI. 1, 2; н. 30, IофшI. 5; н. 32, IофшI. 6; н. 34, IофшI. 6; н. 80, IофшI. 4; н. 84, IофшI. 2, 3).

Бзэ материалым игъусэхэу, пкъыгъохэм, персонажхэм, адыгэ чIыопсым иIахьэхэм ясурэт зэфэшъхьафхэу егъэджэн тхылъым къыщытыгъэхэм **дэхагъэр зэхашIэным, агъэлъэпIэным, ащ уасэ фашIыным кIэлэеджакIохэр фапIух:** н. 36, 37 (лъэпкъ шъуашэхэм ясурэтхэр); н. 43, IофшI. 5; н. 64, IофшI. 2; н. 65, IофшI. 4; н. 65 (чэщ ошъогум исурэт); н. 87, IофшI. 3, 4; н. 89 (ансамблэ цIэрыIохэм ясурэтхэр); н. 91, 95, 106, 113 (тицIыф IэпэIасэхэм, сурэтышIыхэм яIэшIагъэхэм атехыгъэ сурэтхэр); н. 137 (жъоныгъокIэ мазэм фэгъэхьыгъэ усэр).

**ЧIыпIэ зэфэшъхьафхэм арытхэу зыныбжь икъугъэхэм ыкIи ежь ялэгъухэм Iоф адашIэшъуныр ыкIи Iофым зэнэкъокъу къыхахьэмэ, хэкIыпIэ къагъотышъуныр.** Нэбгырэ тIурытIоу, купым хэтхэу, нахьыжъхэр ягъусэхэу агъэцэкIэнхэу егъэджэн тхылъым къыщытыгъэхэр зыцIэ къеIогъэ мурадым фэлажьэх. Ахэм ащыщхэр къыхэдгъэщыных: «Побеседуй с одноклассником про свой школьный кабинет» (н. 9, IофшI. 6); «Подготовь диалог с одноклассником, как Сэтэнай и Алёнушка» (н. 16, IофшI. 5); «Прочитай диалог по ролям с одноклассником» (н. 20, IофшI. 4; н. 29, IофшI. 2; н. 65, IофшI. 4; н. 78, IофшI. 5; н. 103, IофшI. 1); «Прослушай слова. Когда в слове услышишь звук **[шъ]**, хлопни в ладоши» (н. 57, IофшI. 1); «Учитель будет называть слово, а ты находи его в упражнении 2 и называй номер этого слова, а потом наоборот» (н. 63, IофшI. 3) «…Попроси посмотреть на небо: …, своего соседа по парте; двух одноклассников» (н. 65, IофшI. 3); «Прочитай выразительно с одноклассниками диалог упражнения 4 по ролям» (н. 70, IофшI. 5); «Игра «Знакомство». Скажи, как тебя зовут, затем спроси одноклассника, как его зовут» (н. 88, IофшI. 4);

«А теперь скажи свою фамилию, а затем спроси у одноклассника» (н. 88, IофшI. 5); «Задай одноклассникам вопросы Быраб к картинкам упражнения 3» (н. 93, IофшI. 4).

**Щынэгъончъагъэ зыхэлъ псэукIэм, псаунычгъэм зэрар езымыхырэ щыIакIэм фэгъэсэгъэнхэр, творческэ екIолIакIэ яIэу зыгорэ къызкIэкIощт Iоф рахъухьашъуныр ыкIи зэшIуахышъуныр, материальнэ ыкIи гушъхьэлэжьыгъэ байныгъэхэм афэсакъынхэр.**

Егъэджэн тхылъым купкIэу иIэр, щыгъэфедэгъэ жэбзэ материалыр мы кIэкIоныгъэмкIэ гъэхъагъэхэр шIыгъэнхэм фэлажьэх. Адыгэ лъэпкъым, ащ игъусэу нэмыкI цIыф лъэпкъэу Адыгэ Республикэм щыпсэухэрэм гушъхьэлэжьыгъэ байныгъэу яIэхэм (яфольклор, яшъуашэхэм, яшхынхэм) япхыгъэ текстхэр егъэджэн тхылъым мымакIэу къыщытыгъэх. Лексическэ материалэу зэрагъашIэрэм елъытыгъэу, егъэджэн тхылъым тащыIокIэ адыгэ ыкIи урыс кIэлэцIыкIу усакIохэм, урыс ыкIи адыгэ фольклорым къахэхыгъэ персонажхэм. КIэлэеджакIор урокым чIэс зыхъукIэ, шапхъэу ыукъо мыхъущтхэм (н. 23, IофшI. 2, 3, 4), зыщыпсэухэрэ чIыпIэр зэрэдэхэн, зэрэкъэбзэн фаем (н. 40, IофшI. 5; н. 41, IофшI. 3; н. 42, IофшI. 1; н. 68, IофшI. 3), тыкъэзыуцухьэрэ дунаим идэхагъэ алъэгъуным, ащ фэсакъынхэм, къаухъумэным (н. 58, IофшI. 4; н. 64, 65, IофшI. 2, 3, 4) афэгъэхьыгъэ текстхэм Iоф адашIэзэ, цIыфым шэн-нэшанэу хэлъын фаехэм кIэлэеджакIохэр атегущыIэх, гушъхьэлэжьыгъэ байныгъэхэм зэрафэсакъынхэ фаер къагурэIо. IофшIэныбэхэм (н. 26, 27, IофшI. 2, 3; н. 32, IофшI. 6; н. 45, IофшI. 1, 2; н. 49, IофшI. 3, нэмыкIхэм) къащытыгъэ жэбзэ материалым Iофыр шIу алъэгъуным, IофшIэнэу агъэцакIэрэм кIэкIоныгъэ дэгъу къытыным фэшI, гуетныгъэ яIэу ар зэрагъэцэкIэн фаем кIэлэеджакIохэр фапIух.

## Метапредмет (тэрэзэу гъэпсыгъэ, къагурызыгъэIорэ, зэлъызыгъэIэсхэрэ) кIэкIоныгъэхэр

ФКъГъС-м къыгъэуцурэ хабзэхэм ялъытыгъэу, метапредметнэ кIэкIоныгъэхэм мыщ фэдэ лъэныкъохэр къагъэпсых:

* **еджэн IофшIэныгъэм** (учебная деятельность) игухэлъхэмрэ ипшъэрылъхэмрэ аштэшъунхэ ыкIи зыIэкIамыгъэкIынхэ къулайныгъэхэр агъотынхэр, ахэм язэшIохын амалхэм алъыхъунхэр;

* творческэ ыкIи лъыхъон нэшанэ зыхэлъ проблемэхэм язэхэфынкIэ къулайныгъэхэр яIэнхэр;

* пшъэрылъэу зыфагъэуцужьыгъэм ыкIи ащ изэшIохыгъэнкIэ ищыкIагъэм ялъытыгъэу, **еджэн Iоф шIэныгъэхэр** (учебные действия) рахъухьашъунхэр, ахэм алъыплъэшъунхэр ыкIи фэшъошэ уасэ аратышъуныр;

* **еджэн IофшIэныгъэмкIэ** (учебная деятельность) гъэхъагъэ шIыгъэныр е мышIыгъэныр къызхэкIырэр къагурыIоныр ыкIи хэхъоныгъэ зыщамышIышъугъэ чIыпIэхэм къызэкIэмыкIонхэр;

* шIэныгъэ къязытырэ (познавательная) ыкIи ашъхьэкIэ зэхашIэрэ (личностная рефлексия) ублэпIэ шъуашэхэр аIэкIэгъэхьанхэр;

* **з**эрагъашIэрэ объектхэм ыкIи процессхэм ямодельхэр (зытырашIыкIырэ шапхъэхэр), еджэн ыкIи практическэ пшъэрылъхэр зэрэзэшIопхыщтхэм ясхемэхэр гъэпсыгъэнхэм пае, информациер къаты зыхъукIэ, тамыгъэ-символ амалхэр агъэфедэшъунхэмкIэ къулайныгъэхэр;

* зэлъызыгъэIэсхэрэ ыкIи шIэныгъэ языгъэгъотырэ пшъэрылъхэр зэшIохыгъэнхэм фэшI, жэбзэ амалхэмрэ зэлъыIэсыныгъэ-къэбарзэгъэшIэн технологиехэм яамалхэмрэ чанэу агъэфедэшъунхэмкIэ къулайныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр;

* зэлъыIэсын, шIэныгъэ зэгъэгъотын пшъэрылъхэм, еджэпIэ предметым (адыгабзэм) итехнологиехэм ялъытыгъэу, къэбарым (информацием) лъыхъунхэ, ар къагъотын ыкIи къаугъоин, зэрагъэфэн, анализ ашIын, къытегущыIэнхэ ыкIи къызыфаIуатэрэм гурагъэIон къулайныгъэхэр яIэнхэр ыкIи япсалъэ агъэхьазырынышъ, графическэ къэгъэлъэгъонхэр агъэфедэхэзэ къэгущыIэнхэр;

* гухэлъэу е пшъэрылъэу агъэцакIэрэм елъытыгъэу, стиль ыкIи жанрэ зэфэшъхьафхэм арылъ текстхэм ямэхьанэ къагъэлъагъозэ, къеджэнхэмкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр; зэлъыIэсыныгъэ пшъэрылъым елъытыгъэу къагурыIорэ (зэхашIыкIырэ) псалъэ къашIышъуныр; тхэнэу ыкIи жэрыIоу текстхэр зэхагъэуцошъунхэр;

* лъэпкъ нэшанэхэм ялъытыгъэу, зэкIэлъыкIуакIэ зыхэлъ егъэпшэныгъэхэр, анализ, синтез, зэфэхьысыжь, классификацие, зэхьщырныгъэхэм ыкIи зыпкъ къикIырэ-къызхэкIырэ зэпхыныгъэхэм ягъэунэфын зэхэщэгъэныр;

* гущыIэгъу зыдэхъугъэхэм ядэIунхэ ыкIи ащ зэдэгущыIэгъу дашIын хьазырныгъэ яIэныр, еплъыкIэ зэфэшъхьафхэр щыIэнхэ

ыкIи хэти **шIошIныгъэ** (точка зрения) гъэнэфагъэ иIэн зэрэфитыр аштэныр, яшIошIхэр къыраIотыкIынхэр ыкIи яеплъыкIэхэмрэ хъурэ-шIэрэм уасэу афашIырэмрэ къаушыхьатыжьыныр;

* зэкIэмэ зэдагъэцэкIэн фэе мурадымрэ ар зэрэзэшIопхыщт шIыкIэхэмрэ агъэунэфышъунхэр, Iоф зэдэшIэныгъэм игъом шъхьадж ыгъэцэкIэщт IофыгъомкIэ Iуагъэ зэдашIышъуныр, зэрэуплъэкIужьышъунхэр, ежьхэм язекIуакIэхэмрэ IофшIэныр зыдагъэцакIэхэрэмрэ язекIокIэ-шыкIэхэмкIэ шъыпкъагъэ-тэрэзныгъэ зыхэлъ уасэ аратышъуныр;

* Iофым хэлажьэхэрэ лъэныкъохэмрэ **IофзэдэшIэныгъэмрэ** (совместная деятельность) яфедэ къыдэлъытагъэу, зэмызэгъыныгъэу азыфагу къихьэхэрэм, кIэлэегъаджэр яIэпыIэгъоу, ядэгъэзыжьын;

* егъэджэн предмет гъэнэфагъэм ыкупкI елъытыгъэу, объектхэм, процессхэм, джырэ лъэхъаным хъухэрэм ямэхьанэ ыкIи пстэуми афэмыдэ нэшанэу ахэм яIэхэм афэгъэхьыгъэ ублэпIэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр;

* лъэпсэ предметым ыкIи нэмыкI предметхэм азыфагу илъ зэхэшIыкIхэу (понятия) объектхэмрэ процессхэмрэ яанахь мэхьанэ зиIэ зэпхыныгъэхэр ыкIи зэфыщытыкIэхэр къэзыгъэлъагъохэрэр яIэнхэр;

* егъэджэн предметэу «адыгабзэм» ыкупкI (содержание) елъытыгъэу, зэкIэмэ зэдыряе ублэпIэ гъэсэныгъэм иматериальнэ ыкIи иинформацоиннэ среда Iоф щашIэшъун къулайныгъэ яIэныр.

**Еджэн IофшIэныгъэм** (учебная деятельность) **игухэлъхэмрэ ипшъэрылъхэмрэ аштэшъунхэ ыкIи зыIэкIамыгъэкIынхэ къулайныгъэхэр агъотынхэр, ахэм язэшIохын амалхэм алъыхъунхэр.**

Урокхэм ясценариеу методическэ IэпыIэгъум къыщытыгъэхэм къызэрэдалъытэу, урок пэпчъ щызэшIуахын фэе пшъэрылъхэм урокым икъежьапIэм кIэлэеджакIохэр ащегъэгъуазэх ыкIи а мурадыр аIэкIэмызэу, урокыр зэрэрекIокIын фаер ащигъэгъупшэрэп.

**Творческэ ыкIи лъыхъон нэшанэ зыхэлъ проблемэхэм язэхэфынкIэ къулайныгъэхэр яIэнхэр.** Научнэ грамматикэ зэхэфыныр ямыгъусэу, зы бзэ гущыIэм нэмыкI бзэ гущыIэ къызэрэтекIырэ шIыкIэм принципэу иIэр къызыщыгъэлъэгъуагъэ таблицэу егъэджэн тхылъым къыщытыгъэхэм (плъышъуацIэхэм шIыкIэ наречиехэр къазэрэтекIхэрэр: н. 22, IофшI. 7; н. 94, IофшI. 1, нэмыкIхэр; чIыпIэ обстоятельствэр къызэрыкIырэ пкъыгъуацIэхэм

кIэухэу **«-м»** къазэрэпыхьэрэр: н. 35, IофшI. 1; н. 127, IофшI. 4, нэмыкIхэр) алъыплъэхэзэ, адыгабзэм ишапхъэхэм кIэлэеджакIохэр ахэгъуазэх, ежьхэм зэфэхьысыжьхэр ашIышъунхэмкIэ къулайныгъэхэр яIэ мэхъух.

**Пшъэрылъэу зыфагъэуцужьыгъэм ыкIи ащ изэшIохыгъэнкIэ ищыкIагъэм ялъытыгъэу, еджэн Iоф шIэныгъэхэр** (учебные действия) **рахъухьашъунхэр, ахэм алъыплъэшъунхэр ыкIи фэшъошэ уасэ аратышъуныр.** ГъэцэкIэн лъэпкъхэу «Под рисунками упр. 5 найди ответ на вопрос (Тыдэ щыIа къэлэмыр?) и запиши его» (н. 47, IофшI. 6), «Найди в классе предметы, о которых можно сказать: а) телъ; б) дэлъ; в) илъ» (н.47, IофшI. 1), «Напиши шесть известных тебе двухзначных букв с твёрдым знаком и по одному слову с каждой из них» (н. 55, IофшI. 7), «посчитай количество зверей на картинке упр. 3, называя каждого по порядку их номеров. Скажи, в названии какого животного есть звук **[шъ]**, «Назови двухзначные согласные буквы с твёрдым знаком. Посчитай и запомни, сколько их. Назови слова с ними» (н. 58, IофшI. 5), «Отгадай загадки. Запиши отгадки на адыгейском языке. Подчеркни двухзначные согласные буквы с твёрдым знаком» (н. 59, IофшI. 7), нэмыкIхэм пшъэрылъэу къагъэуцухэрэр зэшIохыгъэнхэм пае, еджэн IофшIэныгъэхэр зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэ яIэу бгъэцэкIэнхэ зэрэфаем кIэлэеджакIор рагъэгупшысэ, пшъэрылъэу зэшIуихырэр гъэцэкIагъэ зэрэхъурэм лъегъаплъэх, ар зэшIохыгъэ хъугъэмэ-мыхъугъэмэ ыуплъэкIужьын фае ешIы.

**Еджэн IофшIэныгъэмкIэ гъэхъагъэ шIыгъэныр е мышIыгъэныр къызхэкIырэр къагурыIоныр ыкIи хэхъоныгъэ зыщамышIышъугъэ чIыпIэхэм къызэкIэмыкIонхэр.** Методическэ аппаратым (егъэджэн тхылъым ыкIи IофшIэнхэмкIэ тетрадым) къыщытыгъэ IофшIэнхэм ягъэцэкIэн къехьылъэкIы зыхъукIэ, ар къызхэкIырэм – шIэныгъэу, къулайныгъэу иIэн фэяхэм щыкIагъэ зэрафэхъугъэм, ар дигъэзыжьын зэрэфаем кIэлэеджакIор рагъэгупшысэ. ЕджэкIо цIыкIухэм еджэн амал-къулайныгъэу яIэхэр зэрэзэфэмыдэхэр къыдилъытэхэзэ, къадэмыхъурэмкIэ агу мыкIодыным пае, хэушъхьафыкIыгъэ екIолIакIэ ахэм афыриIэныр – агу ымыгъэкIодэу, ымыушъхьакIухэу, яшIэныгъэхэм хэзыгъэу афэхъугъэр шъабэу къагуригъэIоныр, ар дагъэзыжьыным къыфищэнхэр – кIэлэегъаджэм ипшъэрылъ.

**ШIэныгъэ къязытырэ** (познавательная) **ыкIи ашъхьэкIэ зэхашIэрэ** (личностная рефлексия) **ублэпIэ шъуашэхэр аIэкIэгъэхьанхэр.** Егъэджэн тхылъымрэ IофшIэнхэмкIэ тетрадымрэ акупкIи, ащ гъэцэкIэнэу къащытыгъэхэри кIэлэеджакIом игупшысэрэ ышIэрэмрэ къыгурыIонхэ ыкIи уасэ афишIын, мурадэу зыфишIыжьыгъэмрэ Iофэу ыгъэцэкIагъэм къытыгъэ кIэкIоныгъэмрэ зэфихьысыжьышъунхэ, шIэныгъэу иIэхэмрэ имыIэхэмрэ ыгъэунэфышъунхэ къулайныгъэ иIэ хъуным, мызанкIэми, едзэкIыгъэу (косвенно) афэлажьэх. ГъэцэкIэнэу ышIыгъэм итэрэзыгъэ къызэхифызэ, имынэIосэ гущыIэм имэхьанэу къыщыхъурэр къыIозэ ыкIи гущыIалъэм щиуплъэкIужьызэ, упчIэу зытегущыIэхэрэмкIэ ишIошI къыIозэ, ипроектхэр къыгъэлъагъохэзэ, кIэлэеджакIом ишIэныгъэхэр, икъулайныгъэхэр зынэсхэрэр къыгурэIо.

**ЗэрагъашIэрэ объектхэм ыкIи процессхэм ямодельхэр** (зытырашIыкIырэ шапхъэхэр)**, еджэн ыкIи практическэ пшъэрылъхэр зэрэзэшIопхыщтхэм ясхемэхэр гъэпсыгъэнхэм пае, нформациер къаты зыхъукIэ, тамыгъэ-символ амалхэр агъэфедэшъунхэмкIэ къулайныгъэхэр.** Егъэджэн тхылъэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм ыкIи ащ игъусэ IофшIэнхэмкIэ тетрадым, урок пэпчъ пIоми хъунэу, гъэцэкIэнхэу модельхэр (зытырашIыкIырэ шапхъэхэр) ашIышъунхэм, тамыгъэ-символ **Iоф шIэныгъэхэр** (действие) зэрэзэхащэшъухэрэмкIэ хэхъоныгъэхэр ягъэшIыгъэнхэм атегъэпсыхьагъэхэр къащытыгъэх, сыда пIомэ адыгабзэм хэт макъэхэм якъэIуакIэрэ, ахэр къызэрэгъэлъэгъогъэ хьарыф-тамыгъэхэмрэ кIэлэеджакIохэр нэIуасэ афэшIыгъэнхэр, еджакIэрэ тхакIэрэ ягъэшIэгъэныр – джары ЕМК-эу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм пшъэрылъ шъхьаIэу ыгъэцакIэрэр.

Адыгэ Республикэм ит кIэлэцIыкIу IыгъыпIэхэм, еджапIэхэм пIуныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ урысыбзэкIэ ащызэхэщагъэх. Ащ къыхэкIэу, урыс графикэмрэ фонетикэмрэкIэ шIэныгъэу яIэхэр IэубытыпIэ шIыгъэхэу, адыгабзэм играфикэрэ ифонетикэрэ кIэлэеджэкIо цIыкIухэм ятэгъашIэ. Ащ фэдэ шIыкIэм мы Iофыгъом изэшIохын уахътэу текIуадэрэр нахь макIэ къешIы, кIэлэеджакIохэми шIэныгъэу яIэхэр адыгабзэм щагъэпытэжьых. ГущыIэм пае, адыгабзэмрэ урысыбзэмрэ зэфэдэхэу мэкъэ 23-рэ зэрахэтым, ахэр

бзыитIуми зэфэдэу къызэращытIохэрэм ыкIи зэращыттхыхэрэм апэрэ урокым кIэлэеджакIохэм анаIэ щытырятэгъадзэ (н. 6, IофшI. 3).

Урысыбзэм хэмыт мэкъэ 42-у адыгабзэм хэтхэр къызэрэгъэлъэгъогъэ хьарыфхэм къыкIэлъыкIорэ урокхэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ ащыфэтэшIых, макъэмрэ ар къызэрэгъэлъэгъогъэ хьарыфымрэ зэфахьысышъунхэм, точкэхэм ачIыпIэкIэ гущыIэм щыкIэрэ буквэр хагъэуцожьышъуным, графическэ символхэр агъэфедэхэзэ, ударение зытет макъэр тамыгъэкIэ къагъэлъэгъоным, гущыIэр пычыгъо-пычыгъоу агощышъуным, буквэ-пычыгъом, гущыIэм итранскрипцие атхышъуным афэтэгъасэх.

Зэфэдэ тамыгъэкIэ урысыбзэми адыгабзэми къыщыгъэлъэгъуагъэхэу, ау якъеджакIэхэмкIэ зэтекIрэ хьарыфхэм (мэкъэ зещэхэу **а, и, о, у, ы, э**), урысыбзэм хэт мэкъэ зещэхэм атефэрэ макъэхэу адыгабзэм хэтхэр адыгабзэм къызэрэщыгъэлъэгъогъэ буквэзэгъусэхэм (**Iа, Iи, Iо, Iу, Iы, Iэ**) язэгъэшIэн курсым иметодическэ аппарат къыделъытэ.

**ЗэлъызыгъэIэсыхэрэ ыкIи шIэныгъэ языгъэгъотырэ пшъэрылъхэр зэшIохыгъэнхэм фэшI, жэбзэ амалхэмрэ зэлъыIэсыныгъэ-къэбарзэгъэшIэн технологиехэм яамалхэмрэ чанэу агъэфедэшъунхэмкIэ къулайныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр**. ЗэлъыIэсынхэм, **Iоф шIэныгъэу** (действие) агъэцэкIэщтыр агукIэ е амакъэ Iоу рахъухьаным, кIэлэегъаджэм къыгъэуцурэ упчIэм иджэуап къагъэхьазырыным, джащ фэдэу ежьхэм яупчIэхэу кIэлэегъаджэм е якласс кIэлэеджакIом фэгъэзагъэхэр зэхагъэуцонхэм, грамматическэ задачэр зэрэзэшIопхыщтым егупшысэнхэм, IофшIэныр тэрэзэу зэрагъэцэкIагъэр къаушыхьатыжьыным пае, IэкIоцI (агукIэ къэIогъэ) жабзэри IэкIыб (амакъэ Iоу къаIогъэ) жабзэри зэфэдэу агъэфедэнхэр – джахэр арых кIэлэегъаджэмрэ кIэлэеджакIохэмрэ Iоф шIэныгъэу урокым щызэдагъэцакIэрэм ихьисапхэр. Жабзэм иамалхэм зэфэдэу ягъэфедэн зэлъылъыIэсынхэ пшъэрылъ зэфэшъхьафхэм язэшIохын къыделъытэ. А пшъэрылъхэр мыщ фэдэх: кIэлэегъаджэм къыгъэуцугъэ унашъомкIэ псалъэ къашIыныр, ежьхэм апкъ къикIэу къэгущыIэнхэр, зыщызэлъыIэсхэрэ лъэхъаным игъом зэдэгущыIэгъу зэдашIышъуныр. ЗыцIэ къеIогъэ пшъэрылъхэр зэшIуахэу егъэджэн тхылъым («Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр») гъэцэкIэн зэфэшъхьафыбэ къыщытыгъ ыкIи а IофшIэн лъэпкъыр урок пэпчъ ылъапсэу щыт. ГущыIэм

пае: «Давай вспомним, как надо представляться» (н. 5, IофшI. 2). «Рассмотри картинку и назови членов семьи и действия, которые они выполняют» (н. 8, IофшI. 5). «Подготовь диалог с одноклассником, как Сэтэнай и Алёнушка» (н. 16, IофшI. 5). «Подготовь свой рассказ о Майкопе» (н. 42, IофшI. 4). «Подготовь рассказ о своей улице и о своём доме, как в упражнении 3» (н. 87, IофшI. 4), «Ответь письменно на вопросы упр. 4»(н. 98, IофшI. 7), нэмыкIхэр.

**ЗэлъыIэсын, шIэныгъэ зэгъэгъотын пшъэрылъхэм, еджэпIэ предметым (адыгабзэм) итехнологиехэм ялъытыгъэу, къэбарым (информацием) лъыхъунхэ, ар къагъотын ыкIи къаугъоин, зэрагъэфэн, анализ ашIын, къытегущыIэнхэ ыкIи къызыфаIуатэрэм гурагъэIон къулайныгъэхэр яIэнхэр ыкIи япсалъэ агъэхьазырынышъ, графическэ къэгъэлъэгъонхэр агъэфедэхэзэ къэгущыIэнхэр.** Егъэджэн тхылъми IофшIэнхэмкIэ тетрадми къащытыгъэ гъэцэкIэн зэфэшъхьафхэм пкъыгъохэм ясурэтхэмрэ пкъыгъохэм ацIэу къэтыгъэхэмрэ зэфахьысынхэр (еплъ: «IофшIэнхэмкIэ тетрадь»: н. 5, IофшI. 3; н. 10, IофшI. 2; н. 20, IофшI. 3; н. 22, IофшI. 5, нэмыкIхэр); сюжет сурэтхэмрэ гущыIэухыгъэу къэтыгъэхэмрэ язэфэхьысын (еплъ: «IофшIэнхэмкIэ тетрадь»: н. 12, IофшI. 3; н. 38, IофшI. 3, нэмыкIхэр); грамматическэ шъошэ гъэнэфагъэм ит адыгэ гущыIэхэмрэ ахэм урысыбзэкIэ ямэхьанэу къэтыгъэхэмрэ зэфахьысынхэр (еплъ: «IофшIэнхэмкIэ тетрадь»: н. 7, IофшI. 4; н. 10, IофшI. 2; н. 13, IофшI. 5; н. 15, IофшI. 3; н. 22, IофшI. 3; н. 22, IофшI. 4); пкъыгъохэм ясурэтэу къэтыгъэхэм ацIэхэм ащыщэу мэкъэ гъэнэфагъэ горэмкIэ къыригъажьэрэм икъыхэгъэщын (еплъ: «IофшIэнхэмкIэ тетрадь» (н. 3, IофшI. 4;); мэкъэ гъэнэфагъэм гущыIэмкIэ чIыпIэу зыдэщытым – икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ – икъыхэгъэщын (н. 8, IофшI. 3); гущыIэухыгъэу къэтыгъэм точкэхэм ачIыпIэкIэ къэтыгъэ гущыIэхэм ащыщэу къякIухэрэр ахэгъэуцожьыгъэнхэр (мыщ фэдэ IофшIэн лъэпкъхэр егъэджэн тхылъми IофшIэнхэмкIэ тетерадми бэу къащытыгъэх); буквэ-пычыгъомрэ ащ итранскрипциерэ зэфахьысынхэр (н. 18, IофшI. 6); гъэцэкIэн лъэпкъэу «Зачеркни «лишнее слово» (еплъ: «IофшIэнхэмкIэ тетрадь» н. 19, IофшI. 3); гъэцэкIэн лъэпкъэу точкэхэм ачIыпIэкIэ щыкIэрэ хьарыфхэм яхэгъэуцожьын: (еплъ:1офшIэнхэмкIэ тетрадым: н. 19, IофшI. 6; н. 23, IофшI. 5; егъэджэн тхылъым: н. 100, IофшI. 6), нэмыкIхэр.

Егъэджэн тхылъым ыкIэм адыгэ-урыс гущыIалъэ къыщытыгъ, илъэс еджэгъум къыкIоцI зэрагъашIэрэ грамматическэ материалым щыщэу анахь унаIэ зытеудзэн фэе правилэхэм ясхемэхэр форзацхэм къащыгъэлъэгъуагъэх. Ахэм ыкIи электроннэ гуалъхьэу егъэджэн тхылъым иIэм, ищыкIагъэ хъумэ, кIэлэеджакIохэм зафагъэзэн алъэкIыщт.

**Гухэлъэу е пшъэрылъэу агъэцакIэрэм елъытыгъэу, стиль ыкIи жанрэ зэфэшъхьафхэм арылъ текстхэм ямэхьанэ къагъэлъагъозэ къеджэнхэмкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр; зэлъыIэсыныгъэ пшъэрылъым елъытыгъэу къагурыIорэ (зэхашIыкIырэ) псалъэ къашIышъуныр; тхэнэу ыкIи жэрыIоу текстхэр зэхагъэуцошъуныр**. Еджэным икомпонентхэм зэкIэхэм – тэрэз еджэным, заджэхэрэр зэхашIыкIэу еджэнхэм, псынкIэ еджэным, IупкIэ еджэным – ягъэсэгъэнхэм язэхэщэнкIэ ищыкIагъэр зэкIэ апэрэ урокым щегъэжьагъэу илъэс еджэгъум икIэухым нэсэу егъэджэн тхылъым аIэкIегъахьэ.

ЗэкIэ урокхэм пIоми хъунэу, къэIотэн шъуашэм илъ текстхэр, зэдэгущыIэгъухэр (диалоги) къащытыгъэх. Дикторхэр (артистхэр) ахэм къяджэхэу аудиогуалъхьэ егъэджэн тхылъым игъус. КIэлэеджакIохэр ахэм урокхэм ащядэIух, амакъэкIэ закъыдашIызэ, къыкIаIотыкIыжьых. Мы IофшIакIэм стиль ыкIи жанрэ зэфэшъхьафхэм арылъ текстхэм ямэхьанэ къагъэлъагъозэ къеджэнхэмкIэ къулайныгъэхэр кIэлэеджакIохэм аIэкIегъахьэх, къызаджэхэрэ текстым хэт персонажхэм яшэн-нэшанэхэр, агу ихъыкIыхэрэр, ежьхэм къаIорэм фыщытыкIэу фыряIэр, агу щыхъурэщышIэрэр амакъэкIэ къагъэлъэгъошъоу къеджэнхэм е къаIотэным фегъасэх. Ащ нэмыкIэу, егъэджэн тхылъым къыщытыгъэх гущыIэухыгъэхэу, текстхэу жанрэ зэфэшъхьафхэм арылъхэр: гущыIэжъхэр, хырыхыхьэхэр, усэ цIыкIухэр, лъыталъэхэр, кIэлэцIыкIухэм апае адыгэ тхакIохэм атхыгъэ усэхэр, орэдхэр.

Текстхэм янахьыбэхэм Iоф адашIэ зыхъукIэ, мэхьанэу ахэм акIоцIылъыр къагъэлъагъозэ къеджэшъунхэмкIэ къулайныгъэхэр кIэлэеджакIохэм аIэкIахьэх. Зэджагъэхэм итемэ, игупшысэ шъхьаIэ агъэунэфы, грамматическэ гъэцэкIэнхэр ашIых. ГущыIэухыгъэхэм, текстхэм къызяджахэхэрэ ужым гъэцэкIэнэу ашIыхэрэм ящысэхэр къэтхьыных: «Подготовь диалог с одноклассником, как Сэтэнай и Алёнушка», н. 16, IофшI. 5); «Подготовь рассказ про свою куклу, подобный рассказу Сати»

(н. 18, IофшI. 6); «Ответь на вопросы Сэтэнай» (н. 45, IофшI. 2); «Ответь на вопросы…» (н. 75, IофшI. 2); «Как ты думаешь, что дальше приказала мудрая Сэтэнай своему сыну, и как поступил Саусэрыкъо?» (н. 78, IофшI. 4). «Ответь на вопросы Дэхащ…» (н. 81, IофшI. 5); «Помоги Дэхащ из данных слов выбрать то, которое больше подходит Нарту в этой ситуации» (н. 84, IофшI. 3); «…Убеди интонацией, что ты тоже восхищаешься красивыми местами Республики Адыгея» (н. 86, IофшI. 1); «Напиши рассказ о знаменитых людях города Майкопа или других мест. Испльзуй текст упр. 3» (н. 93, IофшI. 6); «Расскажи о своих одноклассниках, у которых есть качества, как у персонажей упр. 2» (н. 96, IофшI. 3), нэмыкIхэр.

**ЗэкIэлъыкIокIэ гупшысакIэ зыхэлъ егъэпшэным, анализым, синтезым, зэфэхьысыжьым, лъэпкъ нэшанэхэм ялъытыгъэу класс-классэу зэхэдзыным, зэхьщырныгъэхэм якъэгъэнэфэным ыкIи зыпкъ къикIырэ-къызыхэкIырэ зэпхыныгъэхэм ягъэнэфэным, гупшысэр къиIотыкIыгъэным, ар зэхэшIыкI гъэнэфагъэхэм яхьылIэгъэным афэгъэхьыгъэ Iоф шIэныгъэхэр** (действия). Егъэджэн тхылъым дэт IофшIэнхэм унашъоу апылъхэр лексикэ, фонетикэ, графикэ, грамматикэ, синтаксис, зэлъыIэсын нэшанэ зиIэ егъэджэн пшъэрылъхэу плъытэнхэ плъэкIыщт. УблэпIэ еджапIэм иеджакIохэм зыцIэ къеIогъэ пшъэрылъхэр зэшIуахыхэзэ, лъыплъэныгъэхэм, бзэмрэ жабзэмрэ ушэтын цIыкIухэр ащышIыгъэнхэм яхэлэжьэкIо чанхэу, бзэм илъэныкъо гъэнэфагъэхэр зэхашIыкIыхэу, ащ къыщыхъурэ-къыхэхъухьэрэ хъугъэ-шIагъэхэр игъорыгъоу къагурыIохэу мэхъух. Бзэм изанэхэр (макъэхэр, буквэхэр, пычыгъохэр, гущыIэхэр) нэшэнэ гъэнэфагъэхэмкIэ зэхаушъхьафыкIышъухэу загъасэ, нэшэнэ гъэнэфагъэм елъытыгъэу, ахэм ясатырхэм ахагъэуцох, зэрагъапшэх, зэпагъэуцух, къызэхафых, гупшысэнхэ, яшIошIхэр къыраIотыкIышъун алъэкIэу загъасэ. Ащ фэдэ IофшIэнхэм ащыщхэмкIэ щысэхэр къэтхьыных: «…Сравни разное чтение буквы **«о»** в адыгейских и русских словах…» (н. 11, IофшI. 2); «Вспомни гласные буквы, которые читаются не так, как в русском языке» (н. 17,IофшI. 3); «Сравни слова в таблице» (н. 22, IофшI. 7); «Спиши пары слов и подчерни разные буквы в них» (н. 35, IофшI. 8); «Обрати внимание!» (н. 35, IофшI. 1); « Обрати внимание на употребление слов «щылъ», «дэлъ», «телъ» (н. 46, IофшI. 5); «Повтори слова, в

которых ты услышал звук **[шъ]**» (н. 57, IофшI. 2); «Найди отличия между парами картинок…» (н. 66, IофшI. 1); «К какой группе слов подходят слова…?» (н. 76, IофшI. 4); «Выпиши из упр. 5 слова, в которых буква **«кI»** читается по-особому» (н. 76, IофшI. 6); «…и скажи, внутри какого слова можно найти слова со значением: а) глаз…» (н. 79, IофшI. 1); «…, сравни в них прилагательные…» (н. 106, IофшI. 3); «… Подумай и скажи, что означает приставка **«ы-»** (н. 116, IофшI. 3); «Выпиши слова, отвечающие на вопрос «Сыдигъо?» (н. 126, IофшI. 8); «Найди короткие слова внутри длинных слов» (н. 127, IофшI. 1).

**Iофым хэлажьэрэ лъэныкъохэмрэ Iоф зэдэшIэгъэнымрэ** (сотрудничество) **яфедэ къыдэлъытагъэу, зэмызэгъыныгъэу азыфагу къыхьэхэрэм ядэгъэзыжьынкIэ хьазырныгъэр.**

ЗэгъуситIоу, купэу, зыныбжь икъугъэхэм ягъусэхэу Iоф зэрашIэрэр мы мурадыр гъэцэкIагъэ хъуным фэIорышIэ. **IофзэдэшIэныгъэ** (совместная деятельность) лъэхъанхэм хэти ифедэ къыдэлъытагъэу шъхьадж ыгъэцэкIэщт пшъэрылъыр кIэлэеджакIохэм ежь-ежьырэу зэтырагуащэ. (Зэгъусэ IофшIэныгъэм икъулайныгъэхэр личностнэ кIэкIоныгъэхэм къащытхыхьагъэх.)

Егъэджэн **предметэу «Адыгабзэм» купкIэу** (содержание) **иIэм елъытыгъэу, объектхэм, процессхэм, джырэ лъэхъаным хъухэрэм ямэхьанэ ыкIи пстэуми афэмыдэ нэшанэу яIэхэм афэгъэхьыгъэ егъэжьэпIэ шIэныгъэхэр**. Адыгабзэм изэхэлъыкIэ, бзэ занэхэм (макъэ, хьарыф, гущыI, гущыIэм иIахь, бзэ гущыI, гущыIэухыгъ, текст), мэхьанэ зиIэу ахэм яхарактеристикэхэм ыкIи пстэуми афэмыдэ нэшанэу ахэм ахэлъхэм, адыгабзэм илитературэ шапхъэхэм, тэрэзтхэным, жэбзэ этикетым афэгъэхьыгъэ апэрэ хэшIыкIхэр аныбжьырэ адыгэ жэрыIуабзэмкIэ опытэу яIэмрэ ялъытыгъэуублэпIэ еджапIэм икIэлэеджакIохэм аIэкIахьэх. А мурадыр гъэцэкIагъэ хъуным фэлажьэ курсэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Апэрэ – яплIэнэрэ классхэр» зыфиIорэр.

**Лъэпсэ предмет ыкIи предметхэм азыфагу илъ зэхэшIыкIхэу** (понятия) **объектхэмрэ процессхэмрэ яанахь мэхьанэ зиIэ зэпхыныгъэхэр ыкIи зэфыщытыкIэхэр къэзыгъэлъагъохэрэр.** Мы курсым ылъэпсэ предмет зэхэшIыкIыхэр мыхэр ары: макъэр, хьарыфыр, гущыIэр, гущыIэм иIахь, бзэ гущыIэр, гущыIэухыгъэм иIахь, гущыIэухыгъэ къызэрыкIор, текстыр, нэмыкIхэр. Предметхэм азыфагу илъ зэхэшIыкIыхэр мыхэр арых: бзэр,

жабзэр, зэдэгущыIэгъур, гущыIэр, текстыр, моделыр, нэмыкIхэр. ШIэныгъэхэр, зэкIэмэ зэдыряе еджэн есэныгъэхэр, къулайныгъэхэр ыкIи **IофшIэныгъэ амалхэр** (виды деятельности) зэрагъэгъотхэзэ, а **зэхэшIыкIхэр** (понятия) кIэлэеджакIохэм аIэкIэхьэх.

**Егъэджэн предметэу «Адыгабзэм» купкIэу** (содержание) **иIэм елъытыгъэу, зэкIэмэ зэдыряе ублэпIэ гъэсэныгъэм иматериальнэ ыкIи иинформационнэ среда Iоф щышIэшъугъэн къулайныгъэр.** Мы гухэлъым игъэцэкIэн ублэпIэ еджапIэ пэпчъ ежь иматериальнэ-техническэ лъапси, иинформационнэ фэныкъоныгъэ-фэмыныкъоныгъи, кIэлэегъаджэ пэпчъ ипрофессиональнэ IэпэIэсэныгъи ялъытыгъ. **Еджэн IофшIэныгъэ** (учебная деятельность) процессым илъэхъан текст, графикэ, сурэт методическэ информациеу егъэджэн тхылъхэм, IофшIэнхэмкIэ тетрадым, методическэ пособиехэм адэтхэр, хэхъоныгъэ ягъэшIыным фэлэжьэрэ материалхэр, кIэлэеджакIомэ афагощырэ материалхэр, электроннэ зехьакIом иматериалхэр IэпыIэгъу ышIыхэзэ, ЕМК-эу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Апэрэ – яплIэнэрэ классхэр» зыфиIорэм а къулайныгъэм игъэпсын кIэлэегъаджэм зэхещэ.

## Предмет кIэкIоныгъэхэр

ЗэкIэмэ зэдыряе ублэпIэ гъэсэныгъэм ипредметкIэ (адыгабзэмкIэ) егъэджэн планым ыкупкI (содержание) ипшъэрылъ шъхьаIэхэм языэшIохын ыкIи ФКъГъС-м ыгъэуцугъэ хабзэхэм ялъытыгъэу, предмет кIэкIоныгъэхэмкIэ гъэхъагъэу шIыгъэн фаехэр сборникэу «Программ (апэрэ – яплIэнэрэ классхэр). КэлэеджакIохэу адыгабзэкIэ мыгущыIэхэрэм апай» зыфиIорэм, егъэджэн курсэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Апэрэ – яплIэнэрэ классхэр» зыфиIорэм ипредметнэ купкI ыкIи методикэу зэребгъэджэщтхэмкIэ ищыкIагъэ IэпыIэгъухэм къащытыгъэх.

ФКъГъС-м къыгъэуцугъэ хабзэхэм адаштэу, предмет кIэкIоныгъэхэм агъэпсы:

* адыгабзэм игъэпсыкIэрэ изэхэлъыкIэрэ: ифонетикэ, играфикэ, игущыIэгъэпсыкIэ, иморфологиерэ исинтаксисрэ, ибзэ занэ шъхьаIэхэр, ахэм янэшанэхэр ыкIи ахэр жабзэм анахьэу зэрэщагъэфедэхэрэ пэублэ научнэ шIэныгъэхэр;

* бзэм изэнэ шъхьаIэхэр, бзэм играмматическэ **лъэпкъхэр** (категории) къашIэжьышъунхэр ыкIи ахэр анализ ашIышъунхэр, жэбзэ зэлъыIэсын ситуацием къекIоу бзэ занэхэр агъэфедэшъунхэр;

* Урысыем (ащ щыщэу Адыгеим) ибзэ ыкIи икультурэ шъоф (языковое и культурное пространство) изыкIыныгъэрэ изэщымыщыбэ зэхэлъныгъэрэкIэ лъэпкъэу зылъытэжьыгъэным бзэр ылъапсэу зэрэщытымкIэ пэублэ хэшIыкIхэр;

* адыгабзэр адыгэ лъэпкъым икультурэ изы Iахьэу зэрэщытыр, IэкIыб къэралыгъуабэхэм арыс адыгэхэр адыгабзэкIэ зэрэгущыIэхэрэр, ащ къыхэкIэу, къэралыгъохэм азыфагу илъыбзэу, ахэм арыс адыгэхэр зэгурызыгъаIорэ бзэу плъытэн зэрэплъэкIыщтыр;

* цIыфым икультурэ зынэсырэр ыкIи ащ игражданскэ еплъыкIэ къэзыгъэлъагъохэу, тэрэз жэрыIуабзэмрэ тэрэз тхыбзэмрэ яфыщытыкIэ дэгъу;

* адыгэ литературабзэм иорфоэпическэ, илексическэ, играмматическэ шапхъэхэм ыкIи жэбзэ этикетым ихабзэхэм афэгъэхьыгъэ пэублэ **хэшIыкIхэр** (представления);

* зэлъыIэсын-зэрэшIэныгъэм игухэлъхэм, ипшъэрылъхэм, иамалхэм ыкIи ащ унашъоу пылъхэм ащыгъозэнхэр; монологе зэдэгущыIэгъу мыхьылъэхэр, тхэн текстхэр зэхагъэуцохэ зыхъукIэ, гущыIэн-зэдэгущыIэн пшъэрылъхэр зэшIохыгъэнхэмкIэ гъэхъагъэхэр ашIынхэм пае, къекIурэ бзэ амалхэр къыхахышъунхэр;

* бзэ занэхэм еджэн **Iоф шIэныгъэхэр** (учебные действия) адызэрахьан **есэныгъэхэр** (навыки) ыкIи шIэныгъэ къэзытырэ, практическэ, зэлъыIэсын пшъэрылъхэр зэшIуахынхэм пае, яшIэныгъэхэр агъэфедэшъунхэр;

* адыгэ литературэр дунэе культурэм щыщ хъугъэ-шIагъэу зэрэщытыр, мэхьанэшхо зиIэ мылъкухэу лъэпкъым ишIыкIэ-зекIокIэ шапхъэхэм, ишэн-хабзэхэм якъэухъумэнкIэ ыкIи лIэужхэм анэгъэсыжьыгъэнхэмкIэ ар зэрэамалышIур къагурыIоныр;

* еджэн **Iоф шIэныгъэм** (учебное действие) имэхьанэ къагурыIоныр, еджэкIэ зэфэшъхьафхэр (агукIэ, амакъэ Iоу) агъэфедэшъунхэр; ямынэIосэ гущыIэ зытфых зыхэт текст лъэпкъ зэфэшъхьафхэм (монологхэм, диалогхэм) купкIэу яIэр къагурыIоныр, къаIотэжьышъуныр, зэджагъэхэр къызытегущыIэрэ хъугъэ-шIагъэхэмкIэ яеплъыкIэхэр къыраIотыкIышъунхэр, героеу хэтхэм язекIуакIэхэм уасэ къаратышъуныр;

* адыгэ кIэлэцIыкIу IорыIуатэм, художественнэ ыкIи музыкальнэ произведениехэм ащыщхэу зэрагъэшIэшъущтхэм нэIуасэ афэхъунхэр.

Нахьышъхьэ гъэсэныгъэ программэмкIэ еплъыкIэхэр зэтегъэуцогъэнхэмкIэ, метапредмет ыкIи предмет кIэкIоныгъэхэр шIыгъэнхэмкIэ курсэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм амалэу къытыхэрэм ащыщхэм тахэплъэн.

**Бзэм изэнэ шъхьаIэхэр, бзэм играмматическэ лъэпкъхэр (категории) къашIэжьышъунхэм ыкIи ахэр анализ ашIышъунхэр, жэбзэ зэлъыIэсын ситуацием къекIоу бзэ занэхэр агъэфедэшъунхэм ягъэпсын.** Аныбжь нэшанэхэм ялъытыгъэу, адыгабзэм игъэпсыкIэрэ изэхэлъыкIэрэ афэгъэхьыгъэ пэублэ хэшIыкIхэр ублэпIэ еджапIэм икIэлэеджакIохэм аIэкIэгъэхьанхэм бзэ материалэу курсым къыщытыгъэр фэлажьэ ыкIи адыгэ литературабзэм ишапхъэхэр ахэм ягъэшIэгъэнхэмкIэ ишIуагъэ къэкIо. КIэлэеджакIохэм яжэрыIуабзэ ыкIи ятхыбзэ яхэгъэхъон, ащ игъусэу хэукъоныгъэ амышIэу тхэшъунхэм яфэгъэсэн – мыхэр зэлъыIэсынхэм япрактическэ пшъэрылъхэм афэлажьэх ыкIи кIэлэеджакIохэм якультурэ зынэсырэр къэзыгъэлъэгъорэ есэныгъэхэр зыпкъ рагъэуцох. Жабзэм ихэгъэхъон епхыгъэу, бзэм илъэныкъо пстэухэри зэрэзэпхыгъэхэр къыушыхьатыжьэу, фонетикэм, лексикэм, гущыIэгъэпсыным, грамматикэм афэгъэхьыгъэ правилэхэр, **гурыIоныгъэхэр** (понятия), **гъозэныгъэхэр** (сведения) курсым исистематическэ **купкI** (содержание) къыщытыгъэх.

Бзэм изанэхэу лъэгэпIэ зэфэшъхьафхэм анэсхэрэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ афэхъухэзэ, ахэм ямэхьанэхэр, агъэцэкIэрэ пшъэрылъхэр, ащ фэдэу зэпхыныгъэхэу ыкIи зэфыщытыкIэхэу бзэмрэ жабзэмрэ **ягъэпсыкIэ** (система) хэтхэр зэрагъашIэх. Бзэр, ащ хэт гущыIэхэр, ифразиологие, ифонетикэ, играфикэ, игущыIэгъэпсын системэ бай, играмматикэ зэрагъашIэзэ, кIэлэеджакIохэм ежь яунае бзэ къулайныгъэхэр уцугъэ мэхъух, яеплъыкIэхэр зэтеуцох.

Курсэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм къыщытыгъэ егъэджэн материалым, адрэ классхэм афэдэу, жабзэм, ащ илъэпкъ зэфэшъхьафхэмкIэ, бзэр лъэпкъ культурэм ихъугъэ-шIагъэу ыкIи цIыфхэр зэлъыIэсынхэм иамал шъхьаIэу зэрэщытым, адыгабзэр адыгэхэмкIэ лъэпкъыбзэу, Адыгэ Республикэм иятIонэрэ къэралыгъуабзэу зэрэщытым ямэхьанэ фэгъэхьыгъэ **къызышIогъэшIыныгъэхэу** (представления) кIэлэеджакIохэм яIэхэр зыпкъ еуцох. Жэбзэ дэгъум, жэбзэ дахэм имэхьанэ къагурыIоу, жабзэр щыIэныгъэм, IофшIэныгъэм, цIыфым ыпсэ къызэрыщырэ гъунджэу зэрэщытыр зэхашIэу мэхъух. **Жэбзэ**

**IофшIэныгъэ** (речевая деятельность) лъэпкъхэм зэкIэхэм – едэIуным, гущыIэным, еджэным, тхэным – яхэгъэхьонрэ янахьышIу шIыгъэнрэ жэрыIуабзэми, тхыбзэми, жабзэм икультури лъапсэ афашIыщт.

IофшIэнхэм къащытыгъэ текстхэм акупкI (содержание) егъэджэн тхылъымрэ IофшIэнхэмкIэ тетрадымрэ къащытыгъэ гъэцэкIэнхэм ягъэпсыкIэ, **еджэн IофшIэныгъэм** (учебная деятельность) игъом гущыIэгъу-зэдэгущыIэгъоу рекIокIхэрэр бзэр лъэпкъ культурэм щыщ Iахьэу, цIыфхэр зэлъызыгъэIэсхэрэ амалэу зэрэщытым кIэлэеджэкIо цIыкIухэм хэшIыкI фыряIэным фэлажьэх. Пкъыгъохэм ацIэхэр, хъурэ-шIэрэхэр къызэрыкIырэ гущыIэхэр зэрагъашIэхэзэ, ахэм яIэкIоцI мэхьанэхэр IупкIэу къызэриIотыкIыгъэнхэм фэшI гъэфедэгъэ шIыкIэхэм: къытекI гущыIэхэр (нан – нэнэжъ, тат – тэтэжъ, шхэн – шхын, гъэжъэн – жъапхъэ, лы + псы лэпсы, пшъашъэ – пшъэшъэжъый, чэты – чэтжъый, щалъ – щэлъэжъый, бзыу – бзыужъый, хатэ – хэтэрыкI, пIэ – пIэтехъу, уцы – уцышъо, цIэ – ыцIэ раIо – цIэрыIу, сурэт – сурэт ешIы – сурэтышI, усэ – усакIо, жъы – нахьыжъ, гу + псэ – гупсэ, гу + шIу – гушIо – мэгушIо, натIэ + фыжьы – нэтIэф, хьэ – мэхьакъу…); чIыпIэ приставкэхэмкIэ Iофыр зыщыхъурэ чIыпIэр къызэрэгъэлъэгъуагъэм (дэлъ, илъ, телъ); пкъыгъор, Iахьылыр е пкъынэ-лынэр зыер приставкэ зэфэшъхьафхэмкIэ зэрэхэгъэунэфыкIыгъэхэм (иджан, ыш, ынэхэр); псэушъхьэхэм къагъэIурэ ыкIи чIыопсым къыхэIукIырэ макъэхэр зыфэдэхэм апэблэгъэ шъыпкъэу адыгэхэм къызэраIохэрэм (чэмыр мэбыу, шыр мэщыщы, мэлыр мэIои, атакъэр маIо, блэм «лъ-лъ-лъ» еIо, чэтыум «мау» еIо, пкIашъэхэр мэIушъашъэх: «шъ-шъ-шъ») алъыплъэхэзэ, усэ сатыр цIыкIухэр, орэдхэр, хырыхыхьэхэр, гущыIэжъхэр, IурыIупчъэхэр зэрагъашIэхэзэ, адыгэ культурэр адрэ лъэпкъ культурэхэм къахэзыушъхьафыкIырэмэ адыгабзэр зэращыщыр зэхашIыкIэу кIэлэеджакIохэр мэхъух.

**ЦIыфым икультурэ зынэсырэр ыкIи ащ игражданскэ еплъыкIэ къэзыгъэлъагъохэу, тэрэз жэрыIуабзэмрэ тэрэз тхыбзэмрэ яфыщытыкIэ дэгъу**. Мы кIэкIоныгъэр гъэцэкIагъэ хъуным фэлажьэ егъэджэн тхылъыр зэрэзэхэт жабзэр (гущыIэхэр, гущыIэухыгъэхэр, текстхэр, гъэцэкIэнхэр къызэрэтыгъэ гъэпсыкIэхэр, къызэхэфынхэу, къытегущыIэнхэу (рассуждения) кIэлэеджакIом къышIын фаехэр), урокым щызэхэщэгъэ жэбзэ зэлъыIэсыныгъэхэр (кIэлэегъаджэмрэ кIэлэеджакIомрэ

язэдэгущыIэгъухэр, упчIэмэ джэуапэу къаритыжьхэрэр), дикцием Iоф дэшIэгъэныр.

**Еджэн Iоф шIэныгъэм** (учебное действие) **имэхьанэ къагурыIоныр, еджэкIэ зэфэшъхьафхэр (агукIэ, амакъэ Iоу) агъэфедэшъунхэр; ямынэIосэ гущыIэ зытфых зыхэт текст лъэпкъ зэфэшъхьафхэм (монологхэм, диалогхэм) купкIэу яIэр къагурыIоныр, къаIотэжьышъуныр, зэджагъэхэр къызытегущыIэрэ хъугъэ-шIагъэхэмкIэ яеплъыкIэхэр къыраIотыкIышъунхэр, героеу хэтхэм язекIуакIэхэм уасэ къаратышъуныр.** Мы пшъэрылъым изэшIохын урок пэпчъ щырекIокIы: аудиогуалъхьэр яIэпыIэгъоу, макъэхэр, гущыIакIэхэр тэрэзэу къаIошъухэу загъасэх. КъэзыIотэрэ, упчIэ ыкIи Iэтыгъэ гущыIэухыгъэхэр макъэкIэ къагъэлъэгъошъунхэм, логическэ ударениехэр ашIыхэзэ, къеджэнхэм, къэгущыIэнхэм ыкIи зэдэгущыIэнхэм аудиогуалъхьэм фегъасэх. Методическэ IэпыIэгъоу егъэджэн тхылъым игъусэм къызэрэдилъытэу, макъэхэм, гущыIакIэхэм Iоф зыдашIахэхэкIэ, IофшIэнхэм къащытыгъэ текстхэм кIэлэеджакIохэр агукIэ яджэх, етIанэ амакъэ Iоу ахэм къяджэх. «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Апэрэ – яплIэнэрэ классхэр» зыфиIорэ курсым гущыIэн-зэдэгущыIэн пшъэрылъыр лъапсэу зэриIэр къыгъэшIыпкъэжьэу, текстэу IофшIэнхэм къащытыгъэхэм Iоф зыдашIахэхэкIэ, зэрэхабзэу, ащ къыщытыгъэ лексикэ-грамматическэ материалыр яжабзэ щагъэфедэзэ, ежь кIэлэеджакIохэм къэIотэн, зэдэгущыIэгъу кIэкIхэр зэхагъэуцох. Жэбзэ этикетым ишапхъэхэм кIэлэеджэкIо цIыкIухэр афэзыгъасэрэ гъэцэкIэнхэр IофшIэныбэмэ къащытыгъэх: нэIосэ зэфэхъукIэм (н. 5, IофшI. 2; н. 15, IофшI. 15), нахьыжъхэм Iизын къазэрэIыпхын фаем (н. 28, IофшI. 6, 7; н. 29, IофшI. 1, 2).

# ЕМК-эу «АДЫГАБЗЭР СИГУАПЭУ ЗЭСЭГЪАШІЭ. Я 2-РЭ КЛАССЫР» ЗЫФИІОРЭМ ХЭУШЪХЬАФЫКІЫГЪЭ МЕТОДИЧЕСКЭ НЭШАНЭУ ИІЭХЭР ЫКІИ АЩ ІОФ ЗЭРЭДЭПШІЭЩТЫР

## Егъэджэн тхылъэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашІэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм изэхэтыкIэ, ыкупкI ыкIи методикэу игъусэм зэкIэмэ зэдыряе нэшанэу ахэлъхэр

Егъэджэн тхылъыр егъэджэн процессым ылъапс, сыда зыпIокIэ кIэлэеджакIохэр пIугъэнхэ, шIэныгъэ ягъэгъотыгъэн, акъылышIо шIыгъэнхэ, жэбзэ сэнаущыгъэмкIэ хэхъоныгъэхэр ягъэшIыгъэнхэ пшъэрылъхэр ащ зэшIуехых.

Адыгабзэр ашIогъэшIэгъонэу, шIу алъэгъоу пIугъэнхэр, яныдэлъфыбзэкIэ шIэныгъэ тэрэзхэр ягъэгъотыгъэнхэр ыкIи акъылыр хэлажьэзэ Iоф ягъэшIэгъэныр бгощынхэ зэрэмылъэкIыщтым фэдэу, пшъэрылъэу зыцIэ къеIуагъэхэр бгощынхэ плъэкIыщтэп. Системэ хэлъэу, дэгъоу егъэджэныр зэхэщагъэ зыхъукIэ, егъэджэн тхылъым шIуагъэ къытынэу щыт.

Егъэджэн тхылъэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм ыкупкI ыкIи ащ иметодическэ аппарат кIэлэеджакIохэм аныбжь елъытыгъ ыкIи амалэу яIэхэр къыделъытэ.

Егъэджэн тхылъыр этап зэфэшъхьафхэм ащыбгъэфедэн олъэкIы: материалыкIэр зыщызэрагъашIэрэ этапым, ар зыщагъэпытэжьырэ этапым, зыщызэфахьысыжьырэ этапым ыкIи шIэныгъэу агъотыгъэхэр зыщауплъэкIужьырэ этапым. Грамматическэ материалэу жабзэм игъэфедэнкIэ ашIэмэ мыхъущтыр гущыIэн-зэдэгущыIэнымкIэ темэ-ситуациеу акIурэм епхыгъэу ыкIи ащ хэгъэщагъэу къэтыгъ: имыщыкIагъэмэ научнэ теорие зегъэушъомбгъугъэр имыгъусэу, ищыкIагъэмэ теориемрэ практическэ IофшIэнхэмрэ зэгъусэхэу.

Егъэджэн тхылъэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм мурад ыкIи кIэух гухэлъ шъхьаIэу иIэр адыгабзэм хэт макъэхэр зэкIэ тэрэзэу къаIошъухэу, макъэхэмрэ ахэр

къызэрэгъэлъэгъогъэ хьарыфхэмрэ зэфахьысышъухэу гъэсэгъэнхэр: еджакIэрэ тхакIэрэ ягъэшIэгъэныр ары.

ЕджакIэрэ тхакIэрэ ягъэшIэгъэн гухэлъ шъхьаIэм дыкIыгъоу, нэмыкI лъэныкъо пстэоу апэрэ классым кIэлэегъаджэмрэ кIэлэеджакIохэмрэ Iоф зыдашIагъэхэмкIэ – жэрыIуабзэмкIэ, аудированиемкIэ, личностнэ, метапредметнэ, предметнэ кIэкIоныгъэхэмкIэ – хэхъоныгъэхэр ягъэшIыгъэн пшъэрылъыр къэнэжьы. Урысыбзэр зыщытекIорэ еджапIэм дисциплинэу «Адыгабзэм» иегъэджэн мурад шъхьаIэ зыфэлажьэрэр – гуетныгъэ зыхэлъ гущыIэн-зэдэгущыIэн екIолIакIэм изэшIохын ылъапсэу зэрэщытыр – кIэлэегъаджэм ыгукIэ зыдиIыгъэу кIэлэеджакIохэм Iоф адишIэныр инахьышъхьэ пшъэрылъ. Темэ-ситуацие зэфэшъхьафхэмкIэ жабзэм ихэгъэхъон фэIорышIэрэ лексикэ-грамматическэ материалэу егъэджэн тхылъым къыщытыгъэр мы пшъэрылъым изэшIохын фэлажьэ.

Курсэу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Апэрэ – яплIэнэрэ классхэр» зыфиIорэм гущыIэн-зэдэгущыIэныр ылъапсэу зэрэщытым инэшанэу, урок пэпчъ зэдэгущыIэгъу ситуацие къыщытыгъ. ЗэдэгущыIэгъу ситуациехэр ублэпIэ еджапIэм щеджэрэ кIэлэеджакIохэм анэбжьыкIэ къагурыIощтым, ашIогъэшIэгъоныщтым телъытагъэх.

Апэрэ, ящэнэрэ, яплIэнэрэ классхэм апае егъэджэн тхылъхэр зэрэгъэпсыгъэм тетэу, ятIонэрэ классым пае егъэджэн тхылъыр темэ-ситуациехэм афэгъэхьыгъэ едзыгъохэмкIэ зэтемыутыгъ нахь мышIэми, нэIуасэ зыфэхъухэрэ хьарыфхэр зыхэт лексикэр, ахэр яжабзэ щыщ хъунхэм фэIорышIэрэ IофшIэнхэр темэ, ситуацие зэфэшъхьафхэм афэгъэхьыгъэ текстхэм (рассказхэм, зэдэгущыIэгъухэм, къэтхыхьанхэм, усэхэм) ащагъэпытэжьых, яжабзэ хэхъоныгъэхэр фэхъух. Апэрэ классым щакIугъэ едзыгъохэм ятемэхэм ситуациехэр япхыгъэх: «Тиунагъо», «Сиурам», «СызыщыпсэурэчIыпIэр», «Синысхъап», «Унэгъо IофшIэнхэр», «ЛъытакIэ зэтэгъашIэ», «Адыгэ Республикэм ибыракъ», «Адыгэ Республикэм игерб», «Адыгэ Республикэм ис цIыф лъэпкъхэр», «Лъэпкъ шъуашэхэр», «Мыекъуапэ – Адыгэ Республикэм игупч», «Адыгэ шхынхэр», «Синэнэжъ ихатэ», «Чэщ ошъогур», «Мыекъуапэ ицIыф цIэрыIохэр, ицIыф IэпэIасэхэр», «Урыс ыкIи адыгэ кIэлэцIыкIу усакIохэр», «Тикласс», «Сшыхэр, сшыпхъухэр», «Тхьамафэм къыкIоцI сшIэрэр», «Тхьаумафэм», Тэтэжъ ибжьаIо»,

«ХьэкIэ-къуакIэхэм циркым зыкъыщашIы», «Бэдзэрым», «Дачэм», нэмыкIхэм.

Ситуацие зэфэшъхьафхэм афэгъэхьыгъэу гущыIэкIэ-зэдэгущыIакIэм фэзыгъасэхэрэ урокхэр лексикэ-грамматическэ материалэу кIэлэеджакIохэм аIэкIэлъыр алъапсэу зэхэщагъэх. БлэкIыгъэ урокым щызэрагъэшIагъэр къыкIэлъыкIорэ урокым щагъэпытэжьыным, хэхъоныгъэхэр ашIынхэм, яшIэныгъэхэм зягъэушъомбгъугъэным, нахь куу зэрэхъунхэм атегъэпсыхьагъэу, зэпхыныгъэ-зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэ хэлъэу егъэджэн процессыр рекIокIыным егъэджэн тхылъыр тегъэпсыхьагъ.

Урок пэпчъ аудиогуалъхьэ зигъусэ IофшIэн къыщытыгъ. Дикторым едэIухэмэ, ащ ымакъэ зыдашIызэ гущыIэхэр, гущыIэухыгъэхэр къыкIаIотыкIыжьых. Ащ фэдэ шIыкIэм еджакIохэр щыIэныгъэу зыхэтхэм ылъэныкъо зэфэшъхьафхэм афэгъэхьыгъэу, ялэгъухэм е зыныбжь икъугъэхэм зэрадэгущыцхэ фэе шIыкIэр къагурегъаIо, агу илъыр, зыгъэгумэкIхэрэр, къаIорэм фыщытыкIэу фыряIэр амакъэкIэ къагъэлъэгъон алъэкIэу мэхъух.

ГущыIэн-зэдэгущыIэным фэгъэхьыгъэ ситуациехэм пIуныгъэ потенциалышхо ахэлъ: лъэпкъэу зыщыщхэм зэригъэфэгъэ шэн-хэбзэ зэхэтыкIэхэм, ишхыныгъохэм, ишъуашэ, ихудожественнэ культурэ, ифольклор нэIуасэ афашIых. КIэлэцIыкIу усакIохэм, композиторхэм япроизведениехэр зэрагъашIэхэзэ, яныдэлъфыбзэ идэхагъэ зэхашIэу ыкIи шIу алъэгъоу къэхъух. Ащ игъусэу, Адыгэ Республикэм щыпсэурэ цIыф лъэпкъэхэм якультурэхэм афэгъэхьыгъэ фактхэр агу къагъэкIыжьых, лъэпкъ зэхэдз амышIэу, ныбджэгъуныгъэ адыряIэу щыIэнхэм фапIух. Ахэм ащыщхэр къыхэдгъэщыных. ГущыIэм пае, ситуацие зэфэшъхьафхэмкIэ жабзэм ихэгъэхъон Iоф датшIэ зыхъукIэ, адыгэ лъэпкъым икультурэ щыщ фактхэу егъэджэн тхылъым къыщытыгъэхэм ягъусэу, урыс ыкIи нэмыкI лъэпкъхэм якIэлэцIыкIу фольклор къыхэхыгъэ персонажхэр ащыгъэфедагъэх, лъэпкъ зэфэшъхьафхэм яшъуашэхэр сурэтхэм къащыгъэлъэгъуагъэх.

БзэмкIэ, грамматикэмкIэ шIэныгъэ опытэу кIэлэеджакIохэм яIэр темэ гъэнэфагъэхэмкIэ гущыIакIэ-зэдэгущыIакIэ ягъэшIэным ылъапсэу, игъорыгъоу хэхъоныгъэхэр фэхъухэзэ, егъэджэныр рекIокIы: системэ зыхэлъ IофшIэн ыкIи гъэцэкIэн зэкIэлъыкIохэу яхьылIагъэхэмкIэ ыкIи шIэныгъэу къатыхэрэмкIэ тIэкIу-тIэкIоу

хахъо зыфэхъухэу егъэджэн тхылъми, ащ игъусэ методическэ аппаратми къащытыгъэхэр а принципым фэлажьэх.

## Графическэ ыкIи сурэтхэмкIэ къэгъэлъэгъогъэ материалэу егъэджэн тхылъым къыщытыгъэхэр

ШIэныгъэхэр нахь апкъырыхьанхэм пае, графическэу (таблицэхэр, схемэхэр, макъэр къэзыгъэлъэгъорэ модельхэр) ыкIи сурэткIэ (пкъыгъохэр, сюжетхэр, портретхэр, фотографиехэр) къэгъэлъэгъогъэ материалхэу егъэджэн тхылъым къыщытыгъэхэм мэхьанэшхо яI. Бзэм фэгъэхьыгъэ фактхэр, шIэныгъэу яттыхэрэр нафэ афэшIыгъэнхэм, къафызэхэфыгъэнхэм, нэрылъэгъу афэшIыгъэнхэм, яжэрыIуабзэ, ягупшысэшъуныгъэ ахэгъэхъогъэным ыкIи шIэныгъэ къязытырэ **IофшIэныгъэм** (деятельность) агухэр къыфэIэтыгъэнхэм ахэр фэлажьэх.

## Егъэджэн тхылъым исправочнэ аппарат

1. Егъэджэн тхылъым къыщытыгъэ IофшIэнхэр пшъэрылъ зэфэшъхьафхэм язэшIохын фэгъэзагъэх ыкIи ащ елъытыгъэу **условнэ тамыгъэ зэфэшъхьафхэмкIэ** къэгъэлъэгъуагъэх:

– еджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр – ;

– тхэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр – ;

– хэхъоныгъэ ягъэшIыгъэным, зыгорэм лъыгъэхъугъэнхэм, къягъэгъотыгъэным, яшIэжь хэгъэхъогъэным фэгъэзэгъэ IофшIэнхэр – ;

гущыIакIэхэм нэIуасэ защыфэхъухэрэ IофшIэнхэр – ;

гущыIэн-зэдэгущыIэнымкIэ зэрагъэшIагъэр щыIэныгъэм зыщагъэфедэжьрэ IофшIэнхэр – ;

адыгабзэм играмматикэ нэIуасэ зыщыфэхъухэрэ ыкIи ащ ишапхъэхэр къыдалъытэзэ агъэцэкIэрэ IофшIэнхэр – ;

едэIунхэм е едэIунхэшъ, къыкIаIотыкIыжьыным фэгъэхьыгъэ IофшIэнхэр – ;

нэбгырэ тIурытIоу Iоф зэдашIэным фэгъэхьыгъэ IофшIэнхэр – ;

купым хэтхэу IофшIэныр агъэцэкIэныр – ;

джэгуным хэтхэу агъэцэкIэрэ IофшIэнхэр – ;

проектхэр зыщагъэуцурэ ыкIи ахэр зыщызэшIуахырэ IофшIэнхэр – .

– унэмкIэ гъэцэкIэныр – .

– гъэцэкӀэн гъэхьылъагъэ къызщытыгъэ ӀофшӀэнхэр – ★;

– текстэу зэджагъэхэм (зэдэӀугъэхэм) информацие къыхахыныр, упчӀэу къэтыгъэм джэуап къыратыжьыныр – ?.

**2. ГущыӀалъэр.** Егъэджэн тхылъым адыгэ-урыс гущыӀалъэ къыщытыгъ. ГущыӀалъэр мы илъэс еджэгъум зэрагъэшӀэн фэе гущыӀэхэмкӀэ зэхэт. ГущыӀалъэм Ӏоф дашӀэзэ, кӀэлэеджакӀохэм адыгэ алфавитыр нахь дэгъоу зэрагъашӀэ, гущыӀэу зыфаехэр къагъотышъоу загъасэ.

# УРОКХЭР ЗЭРЭЗЭХАПЩЭХЭМЭ ХЪУЩТЫМКIЭ КОНСПЕКТХЭР. ПРИМЕРНЫЕ КОНСПЕКТЫ УРОКОВ

## Урокэу 1. Адыгэ алфавитыр зэрэзэхэт буквэхэмрэ адыгабзэм макъэу хэтхэмрэ. Буквы адыгейского алфавита и звуки адыгейского языка

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЕТ-эу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ. Я 2-рэ классыр» зыфиIорэм изэхэтыкIэ (апэрэ классым пае ЕТ-м дэмытыгъэ IофшIэн лъэпкъыкIэхэу ыкIи ахэр къызэрэгъэлъэгъогъэ тамыгъакIэхэу къыдэхьагъэхэм) нэIуасэ афэшIыгъэнхэр.

2. Адыгабзэм урокхэм ягъусэщт ыкIи къадэIэпыIэщт геройхэр (Нарт, Сэтэнай, Нэбзый, Пырац, Быраб, Дэхащ, …) агу къэгъэкIыжьыгъэнхэр.

3. Т-эу ЕТ-м игъусэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. ЕТ-р зыфэлэжьэрэ пшъэрылъ шъхьаIэхэр ягъэшIэгъэнхэр:

– адыгабзэм хэт макъэ пэпчъ икъэIуакIэ (иартикуляцие) ягъэшIэгъэныр ыкIи ар амыукъоу гущыIэнхэр;

– адыгэ алфавитым хэт буквэхэр зэкIэ ягъэшIэгъэнхэр;

– макъэхэмрэ буквэхэмрэ зэфахьысышъухэу – зэхахырэ гущыIэр, фразэ кIэкIыр атхышъоу – гъэсэгъэнхэр;

– гущыIэхэу, гущыIэзэгъусэ зэпхыгъэхэу, фразэхэу зэрагъэшIагъэхэм ятхыкIэ ашIэныр ыкIи орфографиер амыукъоу атхынхэр.

5. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– нэIуасэ зэфэхъухэ зыхъукIэ, зэраIорэ фразэхэр кIэджыкIыжьыгъэнхэр;

– гущыIэу апэрэ классым щызэрагъэшIагъэхэр агу къэгъэкIыжьыгъэнхэр;

– 10-м нэсэу лъытакIэр агу къэгъэкIыжьыныр;

– кIэлэегъаджэм классым (урокым) унашъоу къыщишIырэр къагурыIоу гъэсэгъэнхэр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: адыгэ алфавитым щыщ хьарыфхэу ятхыкIэхэмкIи якъэIуакIэхэмкIи адыгабзэми урысыбзэми ащызэтефэхэрэм къяджэшъунхэр ыкIи атхышъунхэр, ащ фэдэ хьарыфхэмкIэ зэхэт адыгэ гущыIэхэм къяджэшъунхэр ыкIи атхышъунхэр.

7. ЕджэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр (IофшI. 4).

ГущыIакIэр: **цацэ**.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **мышъэ, шы, чэты**, егъэджэн тхылъым хэт геройхэм ацIэхэр.

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

(Адыгэ жабзэр кIэлэеджакIохэм атхьакIумэ нахьыбэрэ итыным фэшI, апэрэ урокым щегъэжьагъэу урок пэпчъ унэшъо зэфэшъхьафхэр адыгабзэкIэ кIэлэегъаджэм ащигъэфедэнхэ фае: **Еплъ! Шъуеплъ! КъэдаIу! ШъукъэдаIу! Едж! Шъуедж! Къэтэдж! Шъукъэтэдж! ТIыс! ШъутIыс!)**

1. Егъэджэн предметэу «Адыгабзэм» изэгъэшIэн кIэлэеджакIохэр хэзыщэхэрэ зэдэгущыIэгъукIэ кIэлэегъаджэм урокыр къызэIуехы:

а) загъэпсэфыгъэу, ахэхъуагъэу, кIэракIэхэу ыкIи чэфыхэу ятIонэрэ илъэс еджэгъур зэрэрагъэжьагъэмкIэ кIэлэеджакIохэм афэгушIо, еджэныр псынкIэ къафэхъунэу, гуетныгъэ яхэлъэу еджэнхэу, сыд фэдэрэ предметкIи шIэныгъэ дэгъухэр зэрагъэгъотынхэу афэлъаIо;

б) ятIонэрэ классым зэрэщеджэщтхэ ЕТ-рэ Т-рэ нэIуасэ афешIых: адыгабзэм изэгъэшIэнкIэ апэрэ классым IэпыIэгъу къащыфэхъущтыгъэхэ якIэсэ геройхэр мы илъэс еджэгъуми зэрягъусэщтхэр ареIо, ахэм ясурэтхэр арегъэлъэгъух, ацIэхэр къарегъаIох;

в) IофшIэнхэм яусловнэ тамыгъэхэм къарыкIхэрэм атегущыIэх: ахэм ащыщхэу апэрэ классым пае егъэджэн тхылъым дэтхэу янэIуасэхэр агу къегъэкIыжьых, ятIонэрэ классым и ЕТ кIэу къыхэхьагъэхэр къафызэхефых;

г) ЕТ-м гуалъхьэу иIэхэм нэIуасэ афешIых (аудиогуалIхьэм – макъэхэр тэрэзэу къаIошъунхэм, зэдэIухэрэ гущыIэхэр, гущыIэухыгъэхэр, диалогхэр, текст цIыкIухэр къагурыIонхэм, къыкIаIотыкIыжьышъунхэм зэрэфигъэсэщтхэр, урокым щызэрагъэшIэгъэ материалыр Т-м щагъэпытэжьын зэралъэкIыщтыр, езыгъэгупшысэхэрэ, хэхъоныгъэ языгъэшIыхэрэ IофшIэнхэр – кроссводхэр, головоломкэхэр, нэмыкI гъэцэкIэнхэр – ащ къызэрэщытыгъэхэр къафеIуатэ).

2. ЯтIонэрэ классым пае ЕТ-эу «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ» зыфиIорэр кIэух гухэлъэу зыфэлажьэхэрэм кIэлэеджакIохэр ащегъэгъуазэх:

*КIалэхэр, учебник для 2-го класса «Адыгабзэр сигуапэу зэсэгъашIэ» даёт нам возможность добиться следующих результатов:*

*– выучить все 66 букв адыгейского алфавита, уметь их читать и писать;*

*– правильно произносить все звуки адыгейского языка;*

*– уметь соотносить звуки и буквы, то есть послушать букву-звук, слово, фразу и уметь написать услышанное или же правильно прочитать написанное;*

*– развивать устную и письменную речь на адыгейском языке;*

*– развивать память, мышление, наши творческие способности, ставить перед собой цель и осуществлять её, уметь сравнивать явления и делать выводы;*

*– познакомиться с частью культур разных народов, в том числе – с культурой адыгов – носителей изучаемого языка, научиться этикету и культуре поведения, взаимоотношений в семье и обществе.*

3. Непэрэ урокым агъэцэкIэщт Iофыгъохэм кIэлэеджакIохэр ащегъэгъуазэх:

*КIалэхэр, послушайте план нашей работы на сегодняшнем уроке:*

*– вспомним, как знакомиться друг с другом, и как представлять друзей кому-либо;*

*– узнаем, какие буквы пишутся и читаются одинаково в русских и адыгейских словах, а также поупражняемся в чтении и письме знакомых нам слов, состоящих из таких букв;*

*– вспомним, как образуется множественное число существительных;*

*– вспомним счёт до 10;*

*– выполним задания в рабочей тетради.*

4. IофшI. 1-м къытырэ унашъом кIэлэеджакIохэр ежь-ежьырэу регъаджэх, етIанэ яупчIы:

*Кто из вас сможет нам помочь вспомнить имена героев учебника? Кто их нам представит?*

Егъэджэн тхылъым игеройхэм ацIэхэр къызыраIуахэхэкIэ, нэIуасэ зэрэзэфэхъухэрэ шIыкIэр агу къэзыгъэкIыжьырэ IофшIэнэу 2-р арегъэгъэцакIэ: апэрэ партым дэс кIэлэеджакIом зыфегъазэ: **Сэ сцIэр ...** ЕтIанэ ащ упчIэ реты: **Сыда о пцIэр?** Джауштэу «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу зэкIэ кIэлэеджакIохэр зэдэгущыIэгъум хегъэлажьэх.

5. Адыгэ гущыӀэхэми урыс гущыӀэхэми зэфэдэу ащатхырэ ыкӀи къызаджэхэрэ хьарыфхэм кӀэлэеджакӀохэр нэӀуасэ афешӀых:

а) аудиогуалъхьэм (ӀофшӀ. 3) регъэдэӀух, къыкӀарегъэӀотыкӀыжьы;

б) буквэхэм ацӀэхэр адыгабзэмрэ урысыбзэмрэ къызэрэщаӀохэрэм зэфэмыдэныгъэу яӀэм анаӀэ тырадзэнэу кӀэлэеджакӀохэм ареӀо, зэфэхьысыжь къарегъэшӀы.

6. ЗикъеджакӀэ зэрагъэшӀэрэ хьарыфхэр зыхэт гущыӀэхэм Ӏоф адарегъашӀэ:

а) аудиогуалъхьэм (ӀофшӀ.4) регъэдэӀух, къыкӀарегъэӀотыкӀыжьы;

б) «пшъэхъу» шӀыкӀэм тетэу гущыӀэ зырызэу къарегъаджэх;

в) кӀэлэеджакӀохэм гущыӀэхэр зырызэу доскэм къытырарегъатхэх, тетрадхэм адарегъатхэх.

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. Бэ пчъагъэм итхэу пкъыгъуацӀэхэр къызэраӀохэрэр ӀофшӀ. 5-мкӀэ агу къегъэкӀыжьы: ӀофшӀ. игъусэ сурэтхэм арышӀыхьэгъэ пкъыгъохэм ацӀэхэр зы пчъагъэм, етӀанэ бэ пчъагъэм арытхэу къарегъаӀох.

10. Мы сурэт дэдэхэр иӀэпыӀэгъухэу 10-м нэс лъытакӀэр кӀарегъэджыкӀыжьы:

**Назовите количество куриц с левой стороны (с правой стороны). Назовите количество всех куриц вместе. Назовите количество всех куриц и лошадей вместе.**

11. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкӀэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшӀых.

12. УрокымкӀэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшӀых.

13. УнэмкӀэ гъэцэкӀэныр ареты.

## Урокэу 2. Мэкъэзещэ буквэу А а.
## Гласная буква А а

---

*Пшъэрылъ шъхьаӀэхэр:*

ЖэрыӀуабзэм икъулайныгъэхэр аӀэкӀэгъэхьанхэр:

– плъышъомэ ацӀэхэу ашӀэхэрэр кӀягъэджыкӀыжьыгъэнхэр;

– унагъом исхэм агъэцэкӀэрэ Ӏофхэр сурэтымкӀэ къаӀотэшъоу гъэсэгъэнхэр.

Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр:

– урысыбзэми адыгабзэми зэфэдэу щатхырэ ыкӀи къыщаӀорэ буквэхэр зэрашӀэхэрэр нахьышӀу шӀыгъэныр;

– мэкъэзещэ буквэу **«а»**-м нэӀуасэ фэшӀыгъэнхэр.

---

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[а]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

– макъэу **[а]** зыхэт гущыIэхэр зызэхахыкIэ е ежьхэм къызаIохэкIэ, ар чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуныр.

4. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«а»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

5. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 7).

6. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **мэджэгу(х), мэгыкIэ, чэтхэм шкъун ареты, матIэ, былымхэм Iус (мэкъу) ареты;** плъышъохэм ацIэхэр.

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. Сэтэнай къыгъэлъэгъорэ хьарыфхэмкIэ (н. 6) къыригъажьэрэ гущыIэ зырыз «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу кIэлэеджакIохэм къарегъаIо.

2. КIэлэеджакIохэм ятетрадхэм адаплъэзэ, УГъ-р зэкIэми къашIыжьыгъэмэ еуплъэкIу.

3. Адыгэ алфавитым кIэлэеджакIохэр нэIуасэ фэшIыгъэнхэ IофшIэныр кIэлэегъаджэм лъегъэкIуатэ:

*КIалэхэр, шъукъэдаIу! Букв в адыгейском алфавите в два раза больше, чем в русском. А кто знает, сколько букв в русском алфавите? (33.) Сколько же тогда букв в адыгейском алфавите? (66.) Совершенно верно, в адыгейском алфавите 66 букв. 23 буквы из них в адыгейских словах читаются так же, как и в русских словах. Если же к этому прибавить два знака –* **«ъ»** *и* **«ь»** *– то получается, что мы уже знаем 25 букв адыгейского алфавита. Сколько букв адыгейского алфавита нам осталось выучить? (Нам осталось выучить 41 букву адыгейского алфавита.) Тэрэз, кIалэхэр! Сейчас мы и познакомимся с одной из них.*

4. Мэкъэзещэ буквэу «**а**»-рэ макъэу **[а]**-м иартикуляциерэ нэIуасэ афешIых:

а) *Этот знак* **(а)** *есть и в русском алфавите, но буква, обозначенная этим знаком, имеет другое название, и в адыгейских словах она читается по-другому. Произносится этот звук легко. При его произношении не напрягается никакой орган нашего речевого аппарата. В отличие от русской буквы* **«а»**, *её адыгейский эквивалент читается одинаково в любой позиции: в начале слова, в середине слова или в конце слова. В русских же словах эта буква читается по-разному, в зависимости от места, где она находится. Давайте сравним, как буква* **«а»** *читается по- разному в русских словах. Скажите:* **астра**. *Теперь произнесите первый звук отдельно и прислушайтесь, как он звучит:* **[а]**. *Теперь послушайте другое русское слово:* **ма-а-а-ма**. *Повторите первый слог в этом слове:* **ма-а-а**. *А теперь повторите только гласный звук этого слова:* **а-а-а.** *И, наконец, произнесём этот звук кратко:* **[а]**. *Вот так и звучит эта буква в адыгейских словах в любой позиции (в любом месте);*

б) аудиогуалъхьэм (IофшI. 1, 2) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) IофшI. 2-м къыщытыгъэ гущыIэхэм нэбгырэ зырызэу къарегъаджэх.

5. Т-м Iоф щарегъашIэ: IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Макъэу **[а]** зыхэт гущыIэхэр зызэхахыхэкIэ е ежьхэм къызаIохэкIэ, ар чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуным фэзыгъэсэхэрэ IофшI. 3-р кIэлэеджакIохэм арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) а гущыIэ дэдэхэр сурэтхэмкIэ зырызэу къаригъэIожьхэзэ, макъэу **[а]**-р ахэм якъежьапIэмэ, агузэгумэ, хьаумэ якIэухмэ зыдэщытыр къарегъаIо.

8. Жабзэм ихэгъэхъон фэIорышIэрэ IофшI. 4-р – 6-р арегъэгъэцакIэх:

1) IофшI. 4-р: сурэтхэм арышIыхьагъэхэм яплъышъохэр зыфэдэхэр къаIох **(Нысхъапэм иджанэ плъыжьы. Къэбаскъэр шхъуантIэ. Атакъэр къолэны. КIалэм иджанэ уцышъо. Апчыр фыжьы. Аргъоир шIуцIэ.)**

2) IофшI. 5-р: кIэлэегъаджэм сурэтымкIэ упчIэхэр къытыхэзэ, джэуапхэр къарегъэтыжьых: **Сурэтым сыда ишIыхьагъэр? Сыда мыр?** (Мыр унагъо.) **Нэнэжъым (тэтэжъым, татэ, нанэ,**

**пшъэшъэжъыем, шъэожъыем) сыда ышIэрэр?** (Нэнэжъым (тэтэжъым, нанэ, татэ, пшъэшъэжъыер, шъэожъыер) чэтхэм Iус ареты (былымхэм Iус ареты, матIэ, мэгыкIэ, мэджэгу, мэджэгу).

3) IофшI. 6-р: кIэлэеджакIохэм зэдэгущыIэгъоу ашIыщтыр:

**– Сыда мыр? – Мыр кабинет. – Мыр хэт икабинета? – Мыр тэ тикабинет. – Тикабинет сыд фэда? – Тикабинет ины, къабзэ, дахэ, нэфын.**

9. Т-м Iоф щашIэ: IофшI. 3-р – 5-р арегъэгъэцакIэх.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 3. Мэкъэзещэ буквэу У у.
## Гласная буква У у

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: кIэлэегъаджэм, ялэгъухэм яунагъо щыщхэр нэIуасэ зэрафашIышъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр **(Мыр сэ ситат (сшы). С… ыцIэр ….).**

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзещэ буквэу **«у»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[у]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

– макъэу **[у]** зыхэт гущыIэхэр зызэхахыкIэ е ежьхэм къызаIохэкIэ, ар чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуныр;

– буквэу **«у»**-м гущыIэм пычыгъо къыщишIыни къыщимышIыни зэрилъэкIырэр ыкIи ар зэлъытыгъэр ягъэшIэгъэныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«у»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **пщынау, кэнау, опсэу, уатэ, уты.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **тхьауегъэпсэу, чэтыу, бзыу, унэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– зыер къэзыгъэлъэгъорэ приставкэр апэрэшъхьэм, зы пчъагъэм ыкIи бэ пчъагъэм арытэу агъэфедэзэ, яунагъо исхэр кIэлэегъаджэм, ялэгъухэм нэIуасэ зэрафашIышъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр;

– типовой фразэу «______ ыцIэр ______» зэрагъэфедэшъурэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр:

– урысыбзэми адыгабзэми зэфэдэу щатхырэ ыкIи къыщаIорэ буквэхэр зэрашIэхэрэр нахьышIу шIыгъэныр;

хьарыфэу **«а»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **а**-м иартикуляцие ягъэшIэныр ыкIи ар амыукъоу къаIоныр;

– макъэу **а** зыхэт гущыIэхэр зызэхахыкIэ е ежьхэм къызаIохэкIэ, ар чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуныр.

4. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр.

ГущыIакIэхэр: **чэмы, бзыу, нан, тат, пограничник, шофёр.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* еджакIомэ урокым щагъэфедэрэ пкъыгъохэр, пкъыгъохэу зыцIэ зэрагъашIэхэрэм ясурэтхэр.

## Урокым икIуакI

1. УнэмкIэ гъэцэкIэныр зэкIэми къашIыжьыгъэмэ кIэлэегъаджэм зэрегъашIэ: сатырхэм арыкIозэ, кIэлэеджакIохэм ятетрадхэм адэплъэ.

2. Непэрэ урокым щашIэщтым кIэлэеджакIохэр нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– будем закреплять гласную букву «а» и выучим новую гласную букву;*

*– вместе с Нартом будем учиться представлять членов своей семьи по картинке.*

3. Буквэ-макъэу **«а»** -м игъэпытэжьын Iоф дарегъашIэ:

*КIалэхэр, сейчас мы поиграем в игру на внимательность: Я буду называть слова. Если в слове, названном мной, вы услышите звук* **[а]**, *то вы должны хлопнуть в ладоши. Если же нет, то сидеть тихо.*

Итак, **шъукъэдаIу! Нан, нэнэжъ, тат, тэтэжъ, апч, къэбы, къэбаскъ, аргъой.**

*КӀалэхэр, теперь послушайте условие следующей игры. Я буду называть слова со звуком* **[а]** *в начале слова, в середине слова и в конце слова. Вы будете хлопать в ладоши, когда услышите звук* **[а]** *в начале слова.*

***ШъукъэдаӀу! КӀалэ, къэбаскъ, аргъой, мэджэгу, апч, ары.***

*Теперь хлопайте в ладоши, когда услышите звук **[а]** в середине слова. **ШъукъэдаӀу! Аргъой, кӀалэ, нысхъап, апч, ары, сабый.***

*И, наконец, хлопайте в ладоши, когда в конце слова услышите звук **[а]**. **ШъукъэдаӀу! Адэ! Мадинат, Зарема, Амина.***

4. Буквэ-макъэу **«у»**-м нэӀуасэ фешӀых:

а) *Дэгъу, кӀалэхэр! Теперь мы с вами познакомимся с новой согласной буквой адыгейского алфавита. Знак, которым изображается эта буква, тоже есть в русском алфавите, но читаются они по-разному. Послушайте, как дикторы произносят этот звук, а затем посмотрите, как он изображается на письме;*

б) аудиогуалъхьэм регъэдэӀух (ӀофшӀ. 1, 2), макъэр, пычыгъохэр, гущыӀэхэр къыкӀарегъэӀотыкӀыжьых;

в) ӀофшӀэным игъусэ сурэтхэр ыгъэфедэхэзэ, гущыӀакӀэхэм **(уатэ, уты)** ямэхьанэхэм кӀэлэеджакӀохэр нэӀуасэ афешӀых;

г) гущыӀэхэу **«уатэ», «уты», «унэ»** зыфиӀохэрэр пычыгъо-пычыгъоу арегъэгощых (пычыгъо пэпчъ ӀэгушъотеокӀэ къарегъэгъэлъагъо), етӀанэ ахэр доскэм къафытыретхэх **(уа-тэ, у-ты, у-нэ)**, буквэу **«у»**- м зэмкӀэ пычыгъо къызэригъэпсырэм, зэмкӀэ къызэримыгъэпсырэм лъегъаплъэх.

5. Т-м къыщытыгъэ ӀофшӀ. 1-р – 3-р арегъэгъэцакӀэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ЯнэӀосэ лексикэ-грамматическэ материалкӀэ зэхэт текстым едэӀухэмэ, хэзыгъэ имыӀэу къагурыӀоным, кӀэлэегъаджэм, яунагъо щыщхэр ялэгъухэм нэӀуасэ зэрафашӀышъухэрэр нахьышӀу шӀыгъэным **(Мыр сэ ситат (сшы). С… ыцӀэр ….)** афэгъэхьыгъэ ӀофшӀ. 3-р арегъэгъэцакӀэ:

а) ЕТ-м инэкӀубгъоу 10-м ишӀыхьэгъэ сюжет сурэтым регъэплъых;

б) аудиопылъхьэм регъэдэӀух, къыкӀарегъэӀотыкӀыжьы;

в) макъэу **[у]** зыхэт гущыӀэхэр текстым къыхарегъэгъэщых (**унагъо, тиунагъо, уатэ, ут, унэ**);

г) буквэу **«у»**-м пычыгъо къызишӀырэм ыкӀи къызимышӀырэм анаӀэ тырарегъадзэ:

*КIалэхэр, как вы уже заметили, гласная буква* **«у»** *то образует слог, то не образует слога. Запомните: если за буквой* **«у»** *идёт гласная буква, то она не образует слога. Например, в слове* **«уанэ»** *звук* **[у]** *произносится очень кратко, то есть не тянется, поэтому не образует слога, а следующий за ним гласный звук* **[а]** *тянется, поэтому именно он и образует слог. Послушайте ещё слова, в которых звук* **[у]** *произносится очень кратко и поэтому не образует слога;*

д) IофшI. 5-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы.

8. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 4-р, 5-р арегъэгъэцакIэх.

9. КIэлэеджакIомэ адэIэпыIэзэ, урокым щызэрагъэшIагъэмкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 4. Мэкъэзещэ буквэу О о.
## Гласная буква О о

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– лъыIэсырэ глаголэу **«шхын»** ыкIи лъымыIэсырэ глаголэу **«шхэн»** зыфиIохэрэр зыхэт гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр;

– классымкIэ дежурнэм кIэупчIэшъухэу ыкIи ащ фэдэ упчIэ къаратымэ, джэуап аратыжьышъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм графикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзещэ буквэу **«о»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[о]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

– макъэу **[о]** зыхэт гущыIэхэр зызэхахыкIэ е ежьхэм къызаIохэкIэ, а макъэр чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуныр;

– буквэу **«о»**-м ренэу пычыгъо къызэришIырэр къагурыгъэIоныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«о»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3, 5, 7).

7. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: глаголхэу **«шхэн», «шхын»** зыфиIохэрэм шъхьэхэмкIэ ыкIи пчъагъэхэмкIэ язэокIыкIэ ягъэшIэгъэныр.

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **оры, орэд, шхэн, шхын, осы, ощхы.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **мыIэрыс, мыIэрысэ ешхы, къужъы, къужъ ешхы.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. УГъ-р къызэрашIыжьыгъэр кIэлэегъаджэм еуплъэкIу: кIэлэеджакIохэм къашIыгъэ сурэтхэр къагъэлъагъохэзэ, ахэм ацIэхэр къаIох.

2. Непэрэ урокым щашIэщтым кIэлэеджакIохэр нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

– будем закреплять гласную букву «**у**»;

*– выучим новую гласную букву;*

*– будем учиться изменять глаголы по лицам и числам;*

*– будем учиться спрашивать одноклассника, дежурный ли он сегодня, а также отвечать, если об этом спросят у нас.*

3. *Буквэ-макъэу «у»-м игъэпытэжьын Iоф дарегъашIэ:*

*КIалэхэр, сейчас мы поиграем в игру на внимательность: Я буду называть слова. Если в слове, названном мной, вы услышите звук* **[у]**, *то вы должны хлопнуть в ладоши. Если же нет, то сидеть тихо.*

**Итак, шъукъэдаIу! Класс, уатэ, нэнэжъ, кабинет, уты, унэ, чэтыу, тэтэжъ, апч, тхьауегъэпсэу.**

*КIалэхэр, теперь послушайте условие следующей игры. Я буду называть слова со звуком* **[у]** *в начале слова, в середине слова и в конце слова. Вы будете хлопать в ладоши, когда услышите звук* **[у]** *в начале слова.*

**ШъукъэдаIу! Чэтыу, урам, уатэ, пщынау, унэ, уты.**

*Теперь хлопайте в ладоши, когда услышите звук* **[у]** *в середине слова.*

**ШъукъэдаIу! Сиуат, тиунагъо, уиуат, кэнау, тхьауегъэпсэу.**

*И, наконец, хлопайте в ладоши, когда в конце слова услышите звук* **[у]**.

**ШъукъэдаIу! Урам, дежурн, бзыу, чэтыу, унагъо, тиунагъо, пщынау, кэнау.**

4. Буквэ-макъэу «**о**»-м нэIуасэ фешIых:

а) *Дэгъу, кIалэхэр! Теперь мы с вами познакомимся с новой согласной буквой адыгейского алфавита. Знак, которым изображается эта буква, тоже есть в русском алфавите, но читаются они по-разному. Послушайте, как дикторы произносят этот звук, а затем посмотрите, как он изображается на письме;*

б) аудиогуалъхьэм регъэдэIух (IофшI. 1, 2), макъэр, гущыIэхэр къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[о]**-м иартикуляцие зыфэдэм нэIуасэ фешIых. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 212);

г) IофшIэным игъусэ сурэтхэр ыгъэфедэхээ, гущыIакIэхэм **(оры, орэд, ощхы, осы)** ямэхьанэхэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ афешIых;

д) а гущыIэ дэдэхэр къаригъаIохээ, пычыгъоу ахэтхэр Iэгушъотеоклэ къарегъэгъэлъагъох;

е) гущыIакIэхэр доскэм къафытыретхэх, буквэу «**о**»-р сыд фэдэ чIыпIэ щытыми, ащ пычыгъо къызэришIырэм лъегъаплъэх.

5. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Буквэу «**о**»-м икъеджакIэ IофшI. 3-м щарегъэгъэпытэжьы.

8. ЛъыIэсырэ глаголэу «**шхын**» ыкIи лъымыIэсырэ глаголэу «**шхэн**» зыфиIохэрэм яIэкIоцI мэхьанэхэр зэрэзэтекIхэрэр къагурыIоу, шъхьэхэмкIэ ыкIи пчъагъэхэмкIэ (ятIонэрэшъхьэр, бэ пчъагъэр ахэмытэу) ахэр зэрахъокIышъухэу кIэлэеджакIохэр гъэсэгъэнхэ пшъэрылъхэм язэшIохын кIэлэегъаджэм Iоф дешIэ:

а) IофшI. 4-м итаблицэ къырегъаджэх;

б) адыгабзэкIэ къэIогъэ глаголытIур зэрэзэтекIхэрэм лъегъаплъэх:

*КIалэхэр, обратите внимание на разные гласные буквы в этих двух глаголах. Хотя оба эти глагола на русский язык переводятся одинаково, применяют их в разных контекстах. Глагол* **«шхэн»** *употребляется в предложении, в котором не называется продукт, который человек или же другое существо, едят. Глагол* **«шхын»** *означает «есть что-то», то есть он употребляется в предложении, в котором называется продукт, который ест человек или же другое существо. Рассмотрите, пожалуйста, рисунок на странице 12 и прочитайте предложения рядом с картинкой.*

КӀэлэеджакӀохэр зэкӀэ зэгъусэхэу гущыӀэухыгъэхэм къарегъаджэх.

*Теперь послушайте мои вопросы к этому рисунку:*

**Дэнэф сыда ышӀэрэр?** (Дэнэф машхэ.) **Ащ сыда ышхырэр?** (Ащ мыӀэрысэ ешхы.);

в) глаголхэу **«шхэн»**, **«шхын»** зыфиӀохэрэм ягъэфедакӀэ ӀофшӀ. 5-м щарегъэгъэпытэжьы.

9. КлассымкӀэ дежурнэм кӀэупчӀэшъухэу ыкӀи ащ фэдэ упчӀэ къаратымэ, джэуап аратыжьышъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ ӀофшӀ. 7-р арегъэгъэцакӀэ:

а) кӀэлэеджакӀохэр диалогым ежь-ежьырэу регъаджэх;

б) зэкӀэ зэгъусэхэу непэ классымкӀэ дежурнэм упчӀэр рарегъэты;

в) «пшъэхъу» шӀыкӀэм тетэу зэдегъэгущыӀэх.

10. Т-м къыщытыгъэ ӀофшӀ. 3-р, 4-р, 5-р арегъэгъэцакӀэх.

10. УрокымкӀэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшӀых.

11. УнэмкӀэ гъэцэкӀэныр ареты: унэмкӀэ гъэцэкӀэнэу къашӀыжьыщтым нэмыкӀэу апэрэ классым урысыбзэ урокхэм ащагъэфедэщтыгъэхэ «жьыфхэу» буквэхэр зытетхагъэхэр къыздахьынхэу ареӀо.

## Урокэу 5. Мэкъэзещэ буквэу Ы ы.
## Гласная буква Ы ы

---

*Пшъэрылъ шъхьаӀэхэр:*

1. ЖэрыӀуабзэм икъулайныгъэхэр аӀэкӀэгъэхьанхэр:

– къэзыгъэлъэгъорэ приставкэу **ы-**р агъэфедэзэ, нэпкъ-пэпкъыр е Ӏахьылыр ящэнэрэшъхьэм зэриер къыдаӀозэ, янэӀуасэхэм, тхылъым хэт геройхэм афэгъэхьыгъэ къэӀотэн кӀэкӀхэр къашӀышъунхэм фэгъэсэгъэнхэр;

– янэӀосэ лексикэ-грамматическэ материалкӀэ зэхэт текстым едэӀухэмэ, хэз фэмыхъоу ар къагурыӀоныр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзещэ буквэу **«ы»**-м нэӀуасэ фэшӀыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[ы]**-м иартикуляцие ашӀэныр ыкӀи ар амыукъоу макъэр къаӀоныр;

– макъэу **[ы]** зыхэт гущыӀэр зызэхахыкӀэ е ежьхэм къызаӀокӀэ, а макъэр чӀыпӀэу зыдэщытыр (гущыӀэм икъежьапӀэмэ, ыгузэгумэ, икӀэухмэ) къаӀошъуныр;

---

– буквэу **«ы»**-м ренэу пычыгъо къызэришIырэр къагурыгъэIоныр;

– Iахьылныгъэр е пкъынэ-лынэр къыгъэлъагъо зыхъурэм фэшъхьафэу мэкъэзещэ буквэу **«ы»**-кIэ къежьэу адыгабзэм гущыIэ зэрэхэмытыр ягъэшIэгъэныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3, 4) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«ы»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3, 6).

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: нэпкъ-пэпкъым иIахьэхэм ацIэхэр, **Мурат ыцэ, Алёнушкэ ыш, …**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. УГъ-р къызэрашIыжьыгъэр кIэлэегъаджэм еуплъэкIу: тхылъым дэмыплъэхэу, «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу кIэлэеджакIохэр зэдегъэгущыIэх.

2. Непэрэ урокым щашIэщтым кIэлэеджакIохэр нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– будем закреплять знакомые нам гласные буквы и выучим новую гласную букву;*

*– будем учиться рассказывать о частях лица, о родственниках наших знакомых и героев учебника.*

3. Мэкъэзещэ буквэу зэрагъэшIагъэхэр (**а, у, о**) агу къегъэкIыжьых:

а) ахэр зырызэу зытетхэгъэ карточкэхэр къаригъэлъэгъухэзэ, къарегъаджэх;

б) мэкъэзещэу кIаджыкIыжьхэрэр зыхэт гущыIэхэр (**атакъэ, осы, унэ**) кIэлэегъаджэм зырызэу къеIох. Къыздахьыгъэ «жьыфхэр» агъэфедэхэзэ, гущыIэу кIэлэегъаджэм къыIохэрэм ахэт мэкъэзещэхэм ябуквэхэр кIэлэеджакIохэм къагъэлъагъох.

4. Мэкъэзещэ буквэу **«ы»**-м кIэлэеджакIохэр нэIуасэ фешIых:

а) буквэр арегъэлъэгъу ыкIи яупчIэхэр аритхэзэ, урыс гущыIэхэмрэ адыгэ гущыIэхэмрэ ар зэфэшъхьафэу къызэрэщаIорэм ягупшысэ къыфещэх:

*КІалэхэр, есть ли такая буква в русском алфавите? Как она называется в русском алфавите? Входит ли эта буква в число тех, которые читаются и пишутся одинаково в адыгейских и русских словах?*

б) аудиогуалъхьэм (ІофшІ. 1) регъэдэІух, къыкІарегъэІотыкІыжьы;

в) макъэу **[ы]**-м иартикуляцие зыфэдэр къафеІуатэ (еплъ: Гуалъхьэу …, н. …);

г) буквэу «**ы**»-р гущыІэм икъежьапІэу зыщытын ылъэкІырэр къафеІуатэ:

*КІалэхэр, нужно запомнить один секрет гласной буквы «ы». В начале слова гласная буква* **«ы»** *может стоять только как приставка, обозначающая принадлежность частей тела или родственника кому-либо. Например, возьмём части лица. Рассмотрите рисунок к упражнению 2. Что за части лица выделены здесь? Давайте их назовём. (...). А теперь для того, чтобы сказать о чьих-то частях лица, мы должны поставить приставку* **«ы-»** *в начале их каждого названия. Давайте сделаем это:* **ынапцэ, …(ынэбзыц, …**).

5. Макъэу **[ы]**-р гущыІэм хэтэу зэхахымэ, ар къыхагъэщышъуным Іоф дарегъашІэ.

*КІалэхэр, теперь я хочу проверить, насколько вы внимательны. Я буду называть слова со звуком* **[ы]** *в начале слова, в середине слова и в конце слова. Вы будете хлопать в ладоши, когда услышите звук* **[ы]** *в начале слова.*

***ШъукъэдаІу! Чэтыу, шы, шыпхъу, ыш, ышыпхъу.***

*Теперь хлопайте в ладоши, когда услышите звук* ***[ы]*** *в середине слова.*

***ШъукъэдаІу! Сыд? Ышыпхъу, ынэ, мыр, псы, уты.***

*И, наконец, хлопайте в ладоши, когда в конце слова услышите звук* ***[ы]***.

***ШъукъэдаІу: ынэхэр, плІы, лІыблан, уты, сэры, оры, нэбзыц, тфы.***

*6. Т-м къыщытыгъэ ІофшІ. 1-р – 3-р арегъэгъэцакІэх.*

*7. Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. Буквэу «**ы**»-м икъеджакІэрэ, гущыІэм икъежьапІэ ащ щигъэцэкІэрэ ролымрэ ІофшІ. 3-м – 6-м ащарегъэгъэпытэжьых, Іахьылыр ящэнэрэшъхьэм зэриер къыдаІозэ, янэІуасэхэм, тхылъым хэт геройхэм афэгъэхьыгъэ къэІотэн кІэкІхэр къашІышъунхэм фегъасэх.

9. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 4-р, 5-р арегъэгъэцакIэх.
10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.
11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 6. Мэкъэзещэ буквэу И и. Гласная буква И и

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– нэIосэзэфэхъуным епхыгъэ упчIэ-джэуапэу зэхэт зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэр;

– сэлам зэрахыныр, ацIэхэмкIэ ыкIи урамэу зыщыпсэухэрэмкIэ зэупчIыжьынхэ, этикет зекIуакIэм ишапхъэу, зэбгъодэкIыжьыхэ зыхъукIэ, «ХъяркIэ!» зэраIожьыныр;

– зыер къэзыгъэлъэгъорэ приставкэу **«и-»** агъэфедэзэ, пкъыгъор, Iахьылыр (**инан, иуат**) ящэнэрэшъхьэм зэриер къызэраIошъурэр нахьышIу шIыгъэныр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзещэ буквэу **«и»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[и]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

– макъэу **[и]** зыхэт гущыIэр зызэхахыкIэ е ежьхэм къызаIокIэ, а макъэр чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуныр;

– буквэу **«и»**-м ренэу пычыгъо къызэришIырэр ягъэшIэгъэныр;

– мэкъэзещэ буквэу **«и»**-р гущыIэм икъежьапIи, ыгузэгуи, икIэухи щытын зэрилъэкIырэр ягъэшIэгъэныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3, 4) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«и»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3, 6).

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **ис**, **ит, уты, уатэ, креслэм ис, вазэм ит, урамэу …м щэпсэу.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ: зэрагъэшIагъэ мэкъэзещэ буквэхэу, ахэр зыхэт гущыIэхэу (**а, у, о, ы, апч, унэ, чэтыу, щэпсэу, орэд, кино, ыш, ышыпхъу, ын, ып, псы, осы, ощхы**) доскэм (плакатым, интерактивнэ доскэм) тетхагъэхэм къафеджэзэ, кIэлэеджакIохэм ахэр къыкIарегъэIотыкIыжьых.

2. УГъ-р еуплъэкIу: сурэтэу кIэлэеджакIо пэпчъ къышIыгъэр къыригъэгъэлъагъозэ, ащ фэгъэхьыгъэ къэIотэнэу къыгъэхьазырыгъэр къырегъэIуатэ.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– выучим новую гласную букву;*

*– будем упражняться в составлении диалога по теме «Знакомство»;*

– будем совершенствовать умение использовать приставку, обозначающую принадлежность имущества третьему лицу **«и-»**, приставки родственных отношений «**ы-**» и «**и-**», а также приставку, обозначающую, что часть тела принадлежит третьему лицу.

4. Мэкъэзещэ буквэу **«ы-»**-р пкъынэ-лынэр е Iахьылыр ящэнэрэшъхьэм зэриер къэзыгъэлъэгъорэ приставкэу хъун зэрилъэкIырэр щысэхэмкIэ къеушыхьаты:

*КIалэхэр, приведите примеры, подтверждающие, что гласная буква* **«ы»** *стоит в начале слова как приставка, обозначающая родственные отношения (т.е., что человек является чьим-либо родственником) или же органическую принадлежность (т.е., что часть тела является чьим-то).*

(Шы – Миланэ ыш; шыпхъу – Сэлим ышыпхъу; нэхэр – Мальвинэ ынэхэр; пэ – Буратинэ ыпэ; напцэхэр – сянэ ынапцэхэр; нэбзыцхэр – Белоснежкэ ынэбзыцхэр.)

5. Мэкъэзещэ буквэу **«и»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *Сегодня мы познакомимся с написанием и артикуляцией одной гласной буквы, которая тоже может быть приставкой, обозначающей принадлежность родственника или предмета третьему лицу – ему, ей. Я назову слова с этой буквой-приставкой, а вы скажете, что это за буква-звук.* **ШъукъэдаIу: инан, итат, инэнэжъ, итэтэжъ, иун, иут, итетрадь, иручк.** *С какого звука начинаются все эти слова? (Со звука* **[и]**.). *Теперь слушайте*

*внимательно наших дикторов и повторяйте за ними этот звук, слова и словосочетания с этим звуком;*

б) аудиогуалъхьэм (ІофшІ. 1, 2) регъэдэІух, къыкІарегъэІотыкІыжьы;

в) макъэу **[и]**-м иартикуляцие (еплъ: Пылъхьэу 1, н. ….) арегъашІэ;

г) «пшъэхъу» шІыкІэм тетэу гущыІэхэм, гущыІэзэгъусэхэм, гущыІэухыгъэхэм (ІофшІ. 2, 3) къарегъаджэх, етІанэ упчІэхэр аретых:

**Розэр тыдэ щыІа?** (Розэр вазэм ит.) **Нэнэжъ тыдэ щыІа?** (Нэнэжъ креслэм ис.);

д) Т-м къыщытыгъэ ІофшІ. 1-р – 3-р арегъэгъэцакІэх.

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. НэІосэзэфэхъуным фэгъэхьыгъэ зэдэгущыІэгъу ашІышъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ ІофшІ. 4-р, 5-р арегъэгъэцакІэх:

а) ІофшІ. 4-м унашъоу пылъым къафеджэ;

б) Сэтэнайрэ Алёнушкэрэ ясурэтхэм арегъэплъых;

в) аудиогуалъхьэм (ІофшІ. 4) регъэдэІух;

д) гущыІэухыгъэ пэпчъ ригъэдэІухэзэ, къыкІарегъэІотыкІыжьы;

е) партхэм зэрадэсхэм тетэу, нэбгырэ тІурытІоу ежьхэм ашъхьэ фэгъэхьыгъэ зэдэгущыІэгъухэр къагъэхьазырынхэу такъикъитІу ареты (ІофшІ. 5);

ж) хьазыр хъухэрэм гущыІэ аритзэ, зэкІэ кІэлэеджакІохэр къегъэгущыІэх. (Мыщ дэжьым къэгущыІахэхэрэм Т-м къыщытыгъэ ІофшІ. 4-р – 6-р агъэцакІэх.)

9. УрокымкІэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшІых.

10. УнэмкІэ гъэцэкІэныр ареты.

## Урокэу 7. Мэкъэзещэ буквэу Э э.
## Гласная буква Э э

*Пшъэрылъ шъхьаІэхэр:*

1. ЖэрыІуабзэм икъулайныгъэхэр аІэкІэгъэхьанхэр: – нэгум щыщ Іахьэхэр ящэнэрэшъхьэм зэриер къэзыгъэлъэгъорэ приставкэр (**ы-**) агъэфедэзэ, зыгорэм ынапэ къатхыхьашъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шІэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзещэ буквэу **«э»**-м нэІуасэ фэшІыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шІэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[э]**-м иартикуляцие ашІэныр ыкІи ар амыукъоу макъэр къаІоныр;

– макъэу **[э]** зыхэт гущыIэр зызэхахыкIэ е ежьхэм къызаIокIэ, а макъэр чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуныр;

– буквэу **«э»**-м ренэу пычыгъо къызэришIырэр ягъэшIэгъэныр;

– мэкъэзещэ буквэу **«э»**-кIэ адыгэ гущыIэм (урысыбзэм къыхэкIыгъэ гущыIэхэр хэмытыхэу) икъежьапIэ щытын зэримылъэкIырэр ягъэшIэгъэныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3, 4) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«э»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3, 4).

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **псыгъо, IупшIэхэр, напэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **сэры**, **непэ, апч, осы, унэ, нысхъап, лъагэ, шхъуантIэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. АдыгабзэкIэ гущыIэнхэм тыригъэпсыхьэхэзэ, кIэлэегъаджэм мыщ фэдэ гущыIэгъу кIэлэеджакIохэм адешIы:

*КIалэхэр, «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу тызэдэгущыIэщт. Сэ къесэгъажьэ. Поговорим по цепочке. Начинаю я:*

а) **– Сэ сцIэр Анжела Нурбиевна. О сыда пцIэр?**

– Сэ сцIэр Къантемыр. О сыда пцIэр?

б) **– Сэ сыадыг. Оры? О ухэта?**

– Сэри сыадыг. О ухэта? …

в) **– Сэ урамэу Герценым сыщэпсэу. О сыд фэдэ урамым ущыпсэура?**

– Сэ урамэу Солнечнэм сыщэпсэу. О сыд фэдэ урамым ущыпсэура?

2. УнэмкIэ гъэцэкIэныр зэкIэми къашIыжьыгъэмэ еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– выучим новую гласную букву;*

*– будем упражняться в описании частей лица куклы, мамы, подруги или друга, используя приставку, обозначающую*

*принадлежность части тела или части лица третьему лицу. Какая это приставка? (Это приставка* **«ы-»***).*

4. Мэкъэзещэ буквэу **«э»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, я сейчас назову несколько слов, в которых есть звук-буква, с которой мы сегодня познакомимся.* **ШъукъэдаIу: нэ, пэ, цэ, напцэ, сэры.**

КIэлэеджакIохэм яшIошIхэм зядэIухэкIэ, кIэлэегъаджэм IофшIэныр лъегъэкIуатэ:

*Что за гласный звук есть во всех названных мной словах, подскажут наши дикторы. Слушайте их внимательно и повторяйте старательно за ними.*

б) аудиогуалъхьэм (IофшI. 1, 2) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) буквэу **«э»**-м итамыгъэ арегъэлъэгъу (н. 15), доскэм къафытыретхэ;

г) макъэу **[э]**-м иартикуляцие (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 212) арегъашIэ;

д) буквэ-макъэу «**э**»-кIэ къыригъажьэу адыгабзэм гущыIэ зэрэхэмытыр, урысыбзэм къыхэкIыхи адыгабзэм щыщ хъугъэ гущыIэхэр урысыбзэм зэрэщатхыхэрэм ыкIи къызэрэщаIохэрэм фэдэу адыгабзэми зэрэщатхыхэрэр ыкIи къызэрэщаIохэрэр кIэлэегъаджэм къафеIуатэ;

е) IофшIэнэу 2-м къыщытыгъэ гущыIэхэм джыри зэ къарегъэджэжьых;

ж) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р – 3-р арегъэгъэцакIэх.

5. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэлэжьэрэ IофшIэнхэр арегъэгъэцакIэх:

а) *КIалэхэр, как мы ответим кратким предложением на вопрос* **«Хэта непэ дежурнэр?»** *(Сэры.) А как ответим на этот же вопрос полным предложением? (Сэры непэ дежурнэр.) В каких словах предложения* **«Сэры непэ дежурнэр»** *есть буква-звук* **«э»**? *(Во всех трёх словах.) В каких из них звук* **[э]** *стоит в середине? (В слове* «**сэры**» *и в слове* «**дежурнэр**» *звук* **[э]** *стоит в середине.) А в каком слове звук* **[э]** *стоит в конце?* (В слове **непэ**.);

б) *Слушайте вопросы, а ответы на них находите в словах упражнения 2: *Какое слово имеет два значения: «лицо» и «совесть»?* (**Напэ**.) **Какое слово мы произносим, когда без сомнения подтверждаем чьё-либо или своё высказывание?* (**Адэ!**) **В нашем классе много света.* **Тикласс сыд фэда?** *(Тикласс нэфын.) *Что*

*человек говорит, когда хочет подчеркнуть, что речь идёт именно о нём?* (**Сэры**.)

6. Урысыбзэми адыгабзэми ятхыкIэхэмкIэ ащызэтефэхэрэ, ау якъэIуакIэхэмкIэ ащызэтекIыхэрэ мэкъэзещэ буквэхэр кIэлэеджакIохэм агу къэгъэкIыжьыгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшIэнэу 3-р арегъэгъэцакIэ.

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. Нэпкъ-пэпкъыр ящэнэрэшъхьэм зэриер къаIоным фэшI, зыер къэзыгъэлъэгъорэ приставкэу «**ы-**» зэрагъэфедэшъурэр автоматизмэм нэгъэсыгъэным кIэлэеджакIохэм Iоф дарегъашIэ. ГущыIэу **«напэ»** доскэм къытыретхэ ыкIи яупчIы:

а) *КIалэхэр, что означает это слово? (Лицо). А какую приставку мы поставим в начале этого слова, чтобы сказать, что лицо чьё-нибудь? (Ынапэ.) Теперь давайте скажем конкретно, чьё лицо. Я буду начинать словосочетания, а вы будете их заканчивать:* **Белоснежкэ …** (ынапэ), **нысхъапэм …** (ынапэ), **сянэ …** (ынапэ), **Мадинат …** (ынапэ), **Къантемыр …** (ынапэ);

б) *Джы IофшI. 4-р дгъэцэкIэщт. Прочитайте условие упражнения 4 и подумайте над его заданием. Кто будет готов ответить, руку поднимет.*

9. Зыгорэм ынапэ изэхэлъыкIэ къатхыхьашъоу кIэлэеджакIохэр гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ:

а) *КIалэхэр, посмотрите на красивую куклу Сэтэнай. Послушайте, как она описывает черты лица своей куклы.* (Аудиогуалъхьэм регъэдэIух.);

б) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) упчIэу «Сыд фэд?» зыфиIорэм иджэуап гущыIэхэр текстым къыхарегъэгъэщых (**лъагэ, дахэ, шхъуантIэх, псыгъох, плъыжьых**), ахэм къарыкIхэрэр къарегъаIох;

г) гущыIэзэгъусэхэр къыхарегъэгъэщых (**ынапэ дахэ, ынэхэр шхъуантIэх, ынапцэхэр псыгъох, ыIупшIэхэр плъыжьых**);

д) фаехэм рассказыр къарегъэIотэжьы, фаехэм янэхэм (янысхъапэхэм, ашыхэм, ашыпхъухэм, япшъэшъэгъухэм, яшъэогъухэм, якласс кIэлэеджакIохэм) афэгъэхьыгъэ къэIотэнхэр къарегъэшIых.

10. Игъо ифэхэрэм Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнэу амышIыгъэхэр арегъэшIых.

11. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.
12. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 8. Мэкъэзэрэщэ буквэ къызэрыкIоу I. Простая согласная буква I

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– гущыIэухыгъэ кIэкIхэмкIэ адыгэ шхынхэм къатегущыIэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– адыгэ шхынхэм афэгъэхьыгъэ упчIэ-джэуапэу зэхэт зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэр. (Адыгэм гушъхьэлэжьыгъэу иIэхэм шхыныгъоу иIэхэр зэращыщхэр къагурыгъэIогъэныр.)

3. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«I»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[I]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

– макъэу **[I]** зыхэт гущыIэр зызэхахыкIэ е ежьхэм къызаIокIэ, а макъэр чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуныр;

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«I»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3, 4, 6).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **шхын, щыпс, стыр, щхыу, пIастэ, адыгэ къуай.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **сиI, уиI, иI, машхэ, ешхы.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. УнэмкIэ гъэцэкIэныр еуплъэкIу: урокэу 7-м щыщ IофшI. 5-м иаудиогуалъхьэ джыри зэ регъэдэIужьых, ащ ыуж ежь кIэлэеджакIохэм къагъэхьазырыгъэ рассказхэр къарегъэIуатэх.

2. Мэкъэзещэ буквэхэмкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы: буквэхэм ятаблицэкIэ ахэм къарегъаджэх, якъеджакIэкIэ урысыбзэми адыгабзэми ащызэтефэхэрэр (**е, ё, ю, я**) къахарегъэгъэщых, ащызэтемыфэхэрэри (**а, и, о, у, ы, э**) къарегъаIох.

2. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы:*

*– выучим новую согласную букву;*

*– познакомимся с названиями продуктов адыгской кухни;*

*– будем учиться рассказывать и беседовать об адыгской кухне.*

3. Мэкъэзэрэщэ буквэ къызэрыкIоу **«I»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, мы сейчас узнаем одну согласную букву из адыгейского алфавита. Такого знака, которым обозначена эта буква, нет в русском алфавите. Учёные, составившие адыгейский алфавит, взяли этот знак из латинского алфавита. Этот знак есть также в английском, французском и немецком алфавитах. Посмотрите эту букву на странице 18 учебника.*

б) аудиогуалъхьэм (IофшI. 1, 2) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) макъэу **[I]**-м иартикуляцие арегъашIэ (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 213);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэшIых.

4. Адыгэ шхыныгъохэм ацIэхэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ афешIых:

а) IофшIэнэу 3-м исурэтхэм арегъэплъых;

б) *КIалэхэр, сурэтым сыда итлъагъорэр? Что мы видим на рисунке? На этот вопрос ответят наши дикторы, а вы слушайте их, повторяйте и запоминайте названия адыгских блюд.*

в) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) гущыIакIэхэр гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

5. Глаголэу **«иIэн»** зыфиIорэр шъхьэхэмкIэ ыкIи пчъагъэхэмкIэ зэрэзэокIырэ шIыкIэр (ятIонэрэшъхьэр, бэ пчъагъэр ахэмытэу) доскэм къафытыретхэ, къырегъаджэх, тетрадым дарегъатхэ:

**(Сэ сиI, о уиI, ащ иI, тэ тиI, ахэм яI.)**

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэным Iоф дарегъашIэ (IофшI. 4): а) амакъэ мыIэтыгъэу (вполголоса) текстым ежьежьырэу регъаджэх;

б) партхэм зэрадэсхэм тетэу, нэбгырэ тIурытIоу зэдэгущыIэгъум къеджэнхэу зыкъагъэхьазырынэу зы такъикъ пIалъэ ареты. Хьазыр хъухэрэр рольхэмкIэ къырегъаджэх;

г) фаехэм диалогыр сценкэу къарегъэшIы.

8. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ.

9. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 3-м – 6-м ащыщэу игъо зыфифэхэрэм фэдиз агъэцакIэ.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 9. Буквэзэгъусэу «Iа». Буквосочетание «Iа»

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: сэнэхьат зэфэшъхьафхэм арылажьэрэ цIыфхэм агъэцэкIэрэ Iофыгъохэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэр.

Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: буквэзэгъусэу **«Iа»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

2. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэхэу **[Iа]**-рэ **[а]**-рэ зэхамыгъэкIокIэнхэу гъэсэгъэнхэр.

3. Аудированиер: гущыIакIэхэр зыхэт текстым (IофшI. 5) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

4. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: нэшэнэ плъышъуацIэхэм суффиксэу **«-эу»** къапыхьэзэ, шIыкIэ наречиехэр гъэпсыгъэ зэрэхъухэрэр агу къэгъэкIыжьыгъэныр. (Лъыплъэныгъэхэр ашIынхи, зэфэхьысыжьхэр ашIыжьышъухэу гъэсэгъэнхэр.)

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: буквэзэгъусэу **«Iа»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3, 8).

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **Iапэ, Iанэ, Iажэ, Iазэ, мэIазэ, мачъэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **сиI, уиI, иI, машхэ, ешхы.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

**Урокым икIуакI**

1. УГъ-р зэкIэ кIэлэеджакIохэм къашIыжьыгъэмэ еуплъэкIу.

2. ФЗ арегъэшIы: буквэхэм ятаблицэкIэ мэкъэзещэ буквэхэм къарегъаджэх.

3. Шхынхэм ацIэхэр кIэлэеджакIохэм агу раубытагъэхэмэ фронтальнэ шIыкIэкIэ еуплъэкIу: адыгэ шхынхэр зытет Iанэр (н. 19) арегъэлъэгъу е ащ исурэт интерактивнэ доскэм къытырырегъадзэ:

*КIалэхэр, нэнэжъ на этой картинке хочет проверить, понимаете ли вы, и умеете ли повторять предложения о блюдах адыгской кухни. Нэнэжъ будет говорить предложения, относящиеся к картинке. Если вы согласны с её высказыванием, то вы должны подтвердить это, полностью повторив её предложение. Будьте внимательны, потому что нэнэжъ хитрая – она может вас запутать.* **Джы нэнэжъ шъуедэIу! КIалэхэр, мыр стол.** *(Хьау, нэнэжъ, мыр столэп, мыр Iанэ!)* **Мыхэр шхыных.** *(Ары, нэнэжъ, мыхэр шхыных!)* **КIалэхэр, мыхэр урыс шхыных.** *(Хьау, нэнэжъ, мыхэр адыгэ шхыных!)* **Адыгэ шхынхэр Iанэм тетых.** *(Ары нэнэжъ, адыгэ шхынхэр Iанэм тетых!)* **Мыр къэбы** *(къуаер къегъэлъагъо). (Хьау, нэнэжъ, мыр къэбэп, мыр адыгэ къуай!)* **Мыр пIастэ.** *(Ары, нэнэжъ, мыр пIастэ!)* **Мыр кефир** *(щхыур къегъэлъагъо). (Хьау, нэнэжъ, мыр кефирэп, мыр адыгэ щхыу!)* **Мыр урыс соус.** *(Хьау, нэнэжъ, мыр адыгэ щыпс!)*

4. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

– *начнём* изучение буквосочетаний с буквой-знаком **«I»**;

– *вспомним и выучим новые слова с этим буквосочетанием;*

– *будем учиться рассказывать о занятиях людей определённых профессий;*

– *вспомним,* как образуются слова на вопрос **«Сыдэущтэу?»** (Как?).

5. Буквэзэгъусэу **«Iа»**-м нэIуасэ фешIых:

а) <u>*КIалэхэр, скажите, пожалуйста, с какой согласной буквой мы познакомились на прошлом уроке?*</u> *(С согласной буквой* **«I».***)* <u>*Тэрэз, кIалэхэрэ мы познакомились с простой согласной буквой «I».*</u> <u>*Так вот, кIалэхэр, после этой буквы может следовать любая гласная буква адыгейского алфавита, кроме гласных*</u>

**[ю]** *и* **[я]**. *<u>В адыгейском языке встречается много слов с таким буквосочетанием: согласная буква</u>* **«I»** *+ гласная буква. Сегодня мы познакомимся с одним из таких буквосочетаний: согласная буква* **«I»** *+ гласная буква «а». Посмотрите это буквосочетание на странице 20 учебника и послушайте, как нужно его читать отдельно и в словах.*

б) аудиогуалъхьэм (IофшI. 1, 2) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) буквэзэгъусэу **«Iа»**-м тыкъызэреджэрэмрэ гущыIэм икъежьапIэу щытэу ударение тет зыхъукIэ, урыс буквэу **«а»**-м тыкъызэреджэрэмрэ зэрэзэфэдэхэм кIэлэеджакIохэм анаIэ тырарегъадзэ: **Iанэ, астра** (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 213);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р арегъэшIы.

6. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэлэжьэрэ IофшIэнхэр арегъэгъэцакIэх:

а) хырыхыхьэхэр къарегъашIэх:

**Символ гостеприимства у адыгов, изображённый на Гербе РА.* (Iанэ.) **Профессия человека, лечащего больных.* (Iазэ.) **На них весело скатиться с горки.* (Iажэ.) **Её подают, приветствуя друзей.* (Iапэ.);

б) гущыIакIэхэр гущыIалъэм дарегъатхэх;

в) IофшI. 4-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы.

*7. Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. Сэнэхьат зэфэшъхьафхэм арылажьэрэ цIыфхэм агъэцэкIэрэ Iофыгъохэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 5-р, 6-р, унашъоу апылъхэм атетэу, арегъэгъэцакIэх.

9. Нэшэнэ плъышъуацIэхэм суффиксэу **«-эу»** къапыхьэзэ, шIыкIэ наречиехэр гъэпсыгъэ зэрэхъухэрэр агу къэгъэкIыжьыгъэным, лъыплъэныгъэхэр ашIынхи, зэфэхьысыжьхэр ашIыжьышъухэу кIэлэеджакIохэр гъэсэгъэнхэм фэшI, IофшI. 7-р кIэлэегъаджэм егъэфедэ: таблицэр кIэлэеджакIохэм ежь-ежьырэу зэхарегъэфы, упчIэу **«Как образуются наречия образа действия?»** афегъэуцушъ, зэфэхьысыжь арегъэшIы.

9. Игъо ифэхэрэм Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 10. Буквэзэгъусэу «Iо».
## Буквосочетание «Iо»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– цIыфым исэнэхьат е Iофэу ыгъэцакIэрэр къэзыгъэлъэгъорэ лъымыIэсырэ глаголхэр апэрэшъхьэм ыкIи ящэнэрэшъхьэм, зы пчъагъэм арытхэу агъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– глаголхэр апэрэшъхьэм ыкIи ящэнэрэшъхьэм, зы пчъагъэм арытхэу агъэфедэхэзэ, ялэгъухэр, ежьхэр урокым зэрэчIэсхэ шIыкIэмрэ зэреджэхэрэ шIыкIэмрэ афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI ашIышъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: буквэзэгъусэу **«Iо»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэхэу **[Iо]**-рэ **[о]**-рэ зэхамыгъэкIокIэнхэу гъэсэгъэнхэр.

4. Аудированиер: гущыIакIэхэр зыхэт текстым (IофшI. 5) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: шIыкIэ наречиехэр яжабзэ зэрэщагъэфедэшъухэрэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: буквэзэгъусэу **«Iо»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 7).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **паIо, маIо, сеIофытэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **иI, сиI, Iасэу щыс, дэгъоу еджэ, дахэу матхэ, (сы)кIэлэеджэкIо дэгъу.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

1. УГъ-р зэкIэхэм къашIыжьыгъэмэ кIэлэегъаджэм еуплъэкIу: гущыIэухыгъэу къатхыжьыгъэхэм къарегъаджэх, буквэзэгъусэу **«Iа»** зыхэт гущыIэхэр къахарегъэгъэщых.

2. Фонетикэ-грамматическэ зарядкэ арегъэшIы:

а) н. 22-м ишIыхьэгъэ таблицэр интерактивнэ доскэм къытырырегъадзэ ыкIи къырегъаджэх;

б) блэкIыгъэ урокым щызэрагъэшIэгъэ ыкIи щыкIаджыкIыжьыгъэ гущыIэхэу (**Iапэ, Iанэ, Iазэ, Iажэ, мэIазэ, регъаджэх, мэбыбы, мачъэ**) доскэм тетхагъэхэм къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– познакомимся* с новым буквосочетанием согласная буква **«I»** + гласная буква **«о»**;

*– вспомним знакомые нам слова с этим буквосочетанием, и выучим новые слова с ним;*

*– будем учиться рассказывать о том, как ученик должен сидеть на уроке, и как он должен учиться, рассказывая это о себе и об однокласснике.*

4. Лексикэ-грамматическэ материалэу блэкIыгъэ урокым щызэрагъэшIагъэм игъэфедэн автоматизмэм нэгъэсыгъэным фэгъэхьыгъэ IофшI. 2-р – 4-р ЕТ-м унашъоу къыщытыгъэхэм атетэу арегъэгъэцакIэх.

5. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

6. Буквэзэгъусэу **«Iо»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, скажите, пожалуйста, с каким буквосочетанием мы познакомились на прошлом уроке? (С буквосочетанием солгасная буква* **«I»** *+ гласная буква* **«а»**.*) Кто напишет на доске это буквосочетание»? (КIэлэеджакIохэм ащыщ буквэзэгъусэу* **«Iа»** *доскэм къытырырегъатхэ.) Как мы читаем это буквосочетание? (Это буквосочетание мы читаем так же, как читаем русскую гласную букву* **«а»** *в начале слова под ударением. Например:* **а***стра,* **Iа***нэ.)* **Тэрэз, кIалэхэр, шъулIэхъупхъ!** *Теперь посмотрите буквосочетание, с которым мы сегодня познакомимся, на странице 23 учебника. Из каких букв состоит это буквосочетание? (Это буквосочетание состоит из согласной буквы* **«I»** *и гласной буквы* **«о»**.*) Как вы думаете, как нужно читать такое буквосочетание?*

КIэлэеджакIохэм яшIошIхэм кIэлэегъаджэр ядэIу, етIанэ:

б) аудиогуалъхьэм (IофшI. 1, 5) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) буквэзэгъусэу **«Iо»**-м тыкъызэреджэрэмрэ гущыIэм икъежьапIэу щытэу ударение тет зыхъукIэ, урыс буквэу **«о»**-м

тыкъызэреджэрэмрэ зэрэзэфэдэхэм кIэлэеджакIохэм анаIэ тырарегъадзэ: па**Iо**, **о**кна. (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 213);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэшIых.

7. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэлэжьэрэ IофшIэнхэр кIэлэеджакIохэм кIэлэегъаджэм адегъэцакIэх:

а) хырыхыхьэхэр къарегъашIэх:

**Что делает петух на рассвете, чтобы подсказать нам, что наступает утро? (МаIо.) *Какой головной убор шьют из овечьей шкуры? (Адыгэ паIо.) *Как человек скажет о том, что кто-либо посылает его куда-либо с просьбой выполнить какое-нибудь поручение? (СеIофытэ.) *Назовите слова, в которых буквосочетание* **«Iо»** *стоит в конце. (МаIо, паIо.) *Назовите слово, в котором буквосочетание* **«Iо»** *стоит в середине. (СеIофытэ.)*

б) гущыIакIэхэр гущыIалъэм дарегъатхэх;

в) гущыIакIэхэр хэтхэу гущыIэухыгъэхэр жэрыIоу зэхарегъэгъэуцох;

г) IофшI. 6-р жэрыIоу арегъэгъэцакIэ.

8. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 11. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Iу.
## Сложная согласная буква Iу

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– жэрыIо творчествэм щыщ усэ цIыкIур ягъэшIэгъэныр;

– лъымыкIотэрэ глаголхэр ящэнэрэшъхьэм, зы пчъагъэм итхэу агъэфедэхэзэ, цIыфыр е пкъыгъор зыдэщыIэ чIыпIэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу **«Iу»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэхэу **[Iу]**-рэ **[у]**-рэ зэхамыгъэкIокIэнхэу гъэсэгъэнхэр.

4. Аудированиер: гущыIакIэхэр зыхэт текстым (IофшI. 5) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

---

5. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: Iофыр гъэцэкIагъэ зыщыхъурэ чIыпIэр къэзыгъэлъэгъорэ приставкэу **«Iу-»**-р агъэфедэзэ, гущыIэзэгъусэхэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«Iу»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 5, 6, 8).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусакIэхэр: **Iут, Iус, пэс, Iанэм пэс, доскэм Iут, компьютерым Iус.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэр: **сеIофытэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ:

а) таблицэр (Пылъхьэу 1) ыгъэфедэзэ, мэкъэзещэ буквэхэм, етIанэ мэкъэзещэ буквэхэмрэ буквэу **«I»**-м ыуж мэкъэ зещэ буквэхэр къэкIыхэу гъэпсыгъэ буквэзэгъусэхэмрэ (а – Iа, о – Iо) къырегъаджэх;

б) гущыIэхэр тIурытIоу зэгъусэхэу кIэлэегъаджэм къыIохэзэ, ахэм ащыщэу буквэу **«а»** (**«о»**), буквэзэгъусэу **«Iа»** (**«Iо»**) зыхэтхэр кIэлэеджакIохэм къарегъаIох.

**Iанэ – атакъэ; аргъой – Iажэ, маIо – осы, IофшIэн – ощхы, сеIофытэ – оры.**

2. Тетрадхэм адаплъэзэ, кIэлэеджакIохэм зэкIэхэм УГъ-р къашIыжьыгъэмэ еуплъэкIу. ГущыIэухыгъэу къатхыжьыгъэхэм къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

– *познакомимся* с новыми буквосочетаниями: согласная буква **«I»** + гласная буква **«и»**, согласная буква **«I»** + гласная буква **«ы»**;

– *вспомним знакомые нам слова с этими буквосочетаниями и выучим новые слова с ними;*

– *будем учиться рассказывать о том, что делают на уроке учитель и ученики;*

– *научимся, как нужно просить у учителя разрешения выйти из класса, а дома у взрослых – выйти во двор.*

4. ЖэрыІо творчествэм щыщ усэ цІыкІур моущтэу арегъашІэ:

а) аудиогуалъхьэу игъусэм (ІофшІ. 2) регъэдэІух;

б) апэрэ сатыритІур кІэлэеджакІохэм къызэрарегъэдзэкІы, ятІонэрэ сатыритІур кІэлэегъаджэм къафызэредзэкІы:

Моя бабушка посылает меня с поручением,
Мой дедушка посылает меня с поручением.
Я иду туда, куда они хотят,
И всегда возвращаюсь вовремя.

в) сатырэ пэпчъ ригъэдэІухэзэ, къыкІарегъэІотыкІыжьы. (Мы ІофшІэныр зытІо-зыщэ кІарегъэшІыкІыжьы.);

г) усэ сатырэхэр агу раубытэнхэм пае, ІофшІ. 3-р арегъэгъэцакІэ.

5. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

6. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«Іу»**-м нэІуасэ фешІых:

а) *КІалэхэр, сейчас мы познакомимся с двухзначной буквой, которая стоит последней в алфавите адыгейского языка. Откройте, пожалуйста, форзац учебника и найдите эту букву. Из каких знаков состоит эта буква? (Из знака* **«І»** *и знака* **«у»**). *КІалэхэр, обратите внимание и запомните, что в алфавите нет остальных сочетаний знаков* **«І»** *+ гласная буква, потому что они не являются буквами, а являются просто слогами или же буквосочетаниями. А чтобы узнать, как называется последняя буква адыгейского алфавита, с которой мы сегодня знакомимся, послушаем наших дикторов.*

б) аудиогуалъхьэм (ІофшІ. 1) регъэдэІух, къыкІарегъэІотыкІыжьы;

в) буквэу **«Іу»**-м тыкъызэреджэрэмрэ гущыІэм икъежьапІэу щыт зыхъукІэ, урыс буквэу **«у»**-м тыкъызэреджэрэмрэ зэрэзэфэдэхэм кІэлэеджакІохэм анаІэ тырарегъадзэ: **Іу**дан, **у**сы. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 213);

г) Т-м къыщытыгъэ ІофшІ. 1-р, 2-р арегъэгъэцакІэх.

7. ЛъымыкІотэрэ глаголхэр ящэнэрэшъхьэм, зы пчъагъэм итхэу агъэфедэхэзэ, цІыфыр е пкъыгъор зыдэщыІэ чІыпІэр къаІошъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ ІофшІэнэу 4-р арегъэгъэцакІэ:

а) сурэтхэм арегъэплъых ыкІи ахэм акІэтхагъэхэм къарегъаджэх;

б) гущыІэухыгъэхэм ащыщхэу Іофыр гъэцэкІагъэ зыщыхъурэ чІыпІэр къызыщыІуагъэхэмкІэ яупчІы:

*КІалэхэр, в этих предложениях говорится о том, что действие происходит возле какого-либо предмета. Вы уже знакомы с тем явлением, что в адыгейском языке используются разные приставки, обозначающее, что действие происходит в каком-либо месте. Найдите*

*в этих предложениях приставку, которая указывает на то, что действие происходит возле какого-либо предмета. (Приставка -**Iу**.)*

7. Адыгабзэм «ишъэфхэм» ащыщ кIэлэеджакIохэр нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, я вам открою один из секретов адыгейского языка. Вы знаете основной и главный атрибут адыгской гостиной в старину –* **адыгэ Iанэ**. *Процедуре приёма пищи адыги придавали важный смысл. Подчёркивая значимость этой процедуры, сообщая о том, что человек сидит за* **Iанэ** *и принимает пищу, адыг не скажет* **«Iанэм Iус»**, *а скажет* **«Iанэм пэс»**. *Но если, сидя за Iанэ, человек делает что-то другое, например, играет в шашки, шьёт, вяжет, то в таких случаях адыг скажет* **«Iанэм Iусэу шахмат ешIэ (мадэ, махъэ)»**. *Про человека, который ест, сидя за современным столом, адыг тоже скажет* **«Iанэм пэс»**, *так как это устойчивое выражение осталось неизменным в адыгейском языке и, как я уже сказала, подчёркивает важность процедуры приёма пищи.*

8. Аудиогуалъхьэм (IофшI. 5) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы.

9. Грамматическэ материалэу зэрагъэшIагъэр IофшI. 7-м жэрыIоу щагъэпытэжьы.

10. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 3-р арегъэгъэцакIэ.

11. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

12. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 12. Буквэзэгъусэхэу «Iи», «Iы». Буквосочетания «Iи», «Iы»

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– кIэлэегъаджэм кIэлэеджакIохэр зэрэригъаджэхэрэр, кIэлэеджакIохэр зэреджэхэрэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэр;

– кIэлэегъаджэмрэ кIэлэеджакIохэмрэ урокым щашIэрэм фэгъэхьыгъэ упчIэ-джэуапэу зэхэт зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэр;

– унэм икIынхэу фаехэ зыхъукIэ, нахьыжъхэм яупчIыжьыхэу гъэсэгъэнхэр;

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: буквэзэгъусэхэу **[Iи]**-мрэ **[Iы]**-мрэ нэIуасэ афэшIыгъэнхэр.

---

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэхэу **[Iи]**-рэ **[и]**-рэ, макъэхэу **[Iы]**-рэ **[ы]**-рэ зэхамыгъэкIокIэнхэу гъэсэгъэнхэр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 2, 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: гущыIэухыгъэ убгъугъэ къызэрыкIохэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: буквэзэгъусэхэу **«Iи»**, **«Iы»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусакIэхэр: **Iизын, Iизын къысэт, Iизын реты, Iых, сыкIо хъущта?**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэр: **едэIу, къеIуатэ, сыда ышIэрэр?**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1 ЛФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ:

а) таблицэр (Пылъхьэу 1) ыгъэфедэзэ, мэкъэзещэ буквэхэм, етIанэ мэкъэзещэ буквэхэмрэ буквэу **«I»**-м ыуж мэкъэ зещэ буквэхэр къыкIэлъыкIохэу гъэпсыгъэ буквэзэгъусэхэмрэ **(а – Iа, о – Iо, у – Iу, и – Iи, ы – Iы)** къарегъаджэх;

б) гущыIэхэр тIурытIоу зэгъусэхэу кIэлэегъаджэм къыIохэзэ, ахэм ащыщэу буквэу **«а» («о», «у», «и», «ы»)**, буквэзэгъусэу **«Iа» («Iо», «Iу», «Iи», «Iы»)** зыхэтхэр кIэлэеджакIохэм къарегъаIох:

**Iанэ – атакъэ; аргъой – Iажэ, маIо – осы, IофшIэн – ощхы, сеIофытэ – оры; уты – Iут; ины – Iизын; ынэ – Iых.**

2. УГъ-р еуплъэкIу: нэбгыритIу – щы гущыIэухыгъэу къатхыжьыгъэхэм къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

– *познакомимся* с новыми буквосочетаниями: согласная буква **«I»** + гласная буква **«и»** и согласная буква **«I»** + гласная буква **«ы»**;

– *вспомним знакомые нам слова и выучим новые с ними;*

– *будем учиться рассказывать о том, что делают на уроке учитель и ученики;*

*– научимся просить у взрослых разрешения выйти из дома погулять.*

4. БлэкIыгъэ урокым щакIугъэ материалыр яжабзэ щагъэфедэшъоу кIэлэеджакIохэр ыгъэсэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшIэнхэу 2-мрэ 3-мрэ арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 2-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ джыри зэ ригъэдэIухэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) текстыр къарегъэIотэжьы;

г) IофшI. 3-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ джыри зэ ригъэдэIухэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

е) IофшIэным ыкIэм къыщытыгъэ упчIэм кIэлэеджакIо пэпчъ джэуап къырырегъэтыжьы.

5. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

6. Буквэзэгъусэхэу **«Iи»**-рэ **«Iы»**-рэ нэIуасэ афешIых:

*а) КIалэхэр, сейчас мы познакомимся с новыми буквосочетаниями. Посмотрите, пожалуйста, их на странице 26 и скажите, из каких знаков они состоят. Чтобы узнать, как нужно читать такие буквосочетания, давайте послушаем наших дикторов.*

б) аудиогуалъхьэм (IофшI. 1, 4) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) буквэзэгъусэу **«Iи»**-м тыкъызэреджэрэмрэ гущыIэм икъежьапIэу щыт зыхъукIэ, урыс буквэу **«и»**-м тыкъызэреджэрэмрэ зэрэзэфэдэхэм кIэлэеджакIохэм анаIэ тырарегъадзэ: **Iи**зын, **и**ней (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 214);

г) макъэу **[Iы]**-м иартикуляцие къафеIуатэ (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 214);

д) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх.

7. ГущыIакIэхэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ афешIых:

а) аудиогуалъхьэм (IофшI. 4) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) гущыIакIэхэр гущыIалъэм дарегъатхэх.

8. Унэм икIынхэу фаехэ зыхъукIэ, нахьыжъхэм зэряупчIыжьхэрэ шIыкIэр ягъэшIэгъэным фэгъэхьыгъэ IофшI. (6, 7) арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 6-рэ 7-рэ яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух;

б) гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) нэбгырэ тIурытIоу (нэнэжъыр, Нэбзый) сценкэр къарегъэшIы.

9. Сценкэр къэзышIыхэрэм Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр ашIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 13. Буквэзэгъусэхэу «Iе», «Iэ». Буквосочетания «Iе», «Iэ»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– классым икIынхэу фаехэ зыхъукIэ, кIэлэегъаджэм Iизын къызэрэIахын фэе шIыкIэр ягъэшIэгъэныр;

– зыкъафагъазэхэу нахьыжъхэр къадэгущыIэхэмэ, шъхьэкIафэ хэлъэу ахэм адэгущыIэжьышъухэу гъэсэгъэнхэр;

– яунагъо щыщхэм унэгъо IофшIэнхэр зэрагъэцакIэхэрэ, зэрэзэдеIэжьхэрэ шIыкIэхэм къатегущыIэшъухэу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: буквэзэгъусэхэу **«Iе»**-рэ **«Iэ»**-рэ нэIуасэ афэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэхэу **[Iе]**-рэ **[е]**-рэ, макъэхэу **[Iэ]**-рэ **[э]**-рэ зэхамыгъэкIокIэнхэу гъэсэгъэнхэр.

4. Аудированиер: гущыIакIэхэр зыхэт текстым (IофшI. 2) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: гущыIэухыгъэ убгъугъэ къызэрыкIохэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: буквэзэгъусэхэу **«Iе»**, **«Iэ»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 6).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусакIэхэр: **Iехы, Iизын Iехы, деIэ, дэIэпыIэ, классым сычIэкIы хъущта?**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэр: **Iых.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

1. ЛФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ:

а) таблицэр (Пылъхьэу 1) ыгъэфедэзэ, мэкъэзещэ буквэхэм, етIанэ мэкъэзещэ буквэхэмрэ буквэу **«I»**-м ыуж мэкъэ зещэ буквэхэр къыкIэлъыкIохэу гъэпсыгъэ буквэзэгъусэхэмрэ (**а – Iа, о – Iо, у – Iу, и – Iи, ы – Iы**) къырегъаджэх;

б) гущыIэхэр тIурытIоу зэгъусэхэу кIэлэегъаджэм къыIохэзэ, ахэм ащыщэу буквэу **«а»** (**«о», «у», «и», «ы»**), буквэзэгъусэу **«Iа»** (**«Iо», «Iу», «Iи», «Iы»**) зыхэтхэр кIэлэеджакIохэм къарегъаIох:

**Iанэ – атакъэ; аргъой – Iажэ, маIо – осы, IофшIэн – ощхы, сеIофытэ – оры; уты – Iут; ины – Iизын; ынэ – Iых.**

2. УГъ-р еуплъэкIу: джэгунхэу щагум икIынхэу фаехэ зыхъукIэ, нахьыжъхэм Iизын къызэрэIахын фэе шIыкIэр «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу къарегъаIо.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

– *познакомимся* с новыми буквосочетаниями: согласная буква **«I»** + *гласная* буква **«е»** и согласная буква **«I»** + гласная буква **«э»**;

– *вспомним знакомые нам слова и выучим новые с этими буквосочетаниями;*

– *научимся просить у учителя разрешения выйти из класса;*

– *будем учиться рассказывать о том, какими домашними делами занимаются наши родные, и как мы им помогаем.*

4. Классым чIэкIынхэу фаехэ зыхъукIэ, кIэлэегъаджэм Iизын къыIахышъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм зытIо-зыщэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) пшъэхъу шIыкIэм тетэу фразэр зэкIэхэм къарегъаIо.

4. ГущыIэу **«Iых!»** зыфиIорэм имэхьанэ къагурыгъэIогъэным, нахьыжъхэм зыкъафагъазэхэмэ, мыукIытэхэу адэгущыIэжьынхэ зэрэфаер къагурыгъэIоным фэIорышIэрэ IофшI. 2-р арегъэгъэцакIэ:

а) IофшIэным игъусэ сурэтым регъэплъых ыкIи тырегъэгущыIэх:

Как вы понимаете, о чём эта картинка? Как вы думаете, тётя и мама девочки знакомы друг с другом? Что тётя протягивает девочке, и как на это реагирует девочка? Давайте послушаем разговор тёти, мамы и её дочки.

б) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) нэбгырэ щырыщэу (пшъэшъэжъыем ян, ащ ипшъэшъэгъу, ежь пшъэшъэжъыер) сценкэр къарегъэшIы.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.* Урокэу 11-м, IофшI. 2-м къыщытыгъэ усэ сатыр цIыкIухэр агу къарегъэгъэкIыжьых. Усэ цIыкIур къыдаIозэ, физкультминуткэ арегъэшIы:

**СеIофытэ синэнэжъы, СеIофытэ ситэтэжъы.** – чIыпIэ имыкIыхэу маршировать ашIы.

**Сэ сафэкIо ашIоигъом,** – лъэубэкъуиплI апэкIэ ашIы.

**СыкъэкIожьы ренэу игъом.** – лъэубэкъуиплIыкIэ кIыбыкIэ зэкIэкIожьых.

7. Буквэзэгъусэхэу **«Iе»**-рэ **«Iэ»**-рэ нэIуасэ афэшIых:

а) КIалэхэр, *сейчас мы познакомимся с новыми буквосочетаниями. Посмотрите, пожалуйста, их на странице 30 и скажите, из каких знаков они состоят. Чтобы узнать, как нужно читать такие буквосочетания, давайте послушаем наших дикторов.*

б) аудиогуалъхьэм (IофшI. 4) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) буквэзэгъусэу **«Iе»**-м тыкъызэреджэрэмрэ гущыIэм икъежьапIэу щыт зыхъукIэ, урыс буквэу **«э»**-м тыкъызэреджэрэмрэ зэрэзэфэдэхэм кIэлэеджакIохэм анаIэ тырарегъадзэ: **Iехы, этаж** (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 214);

г) буквэзэгъусэхэу **«Iе»**-рэ **«Iэ»-рэ** яартикуляциехэр къафеIуатэх (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 214);

д) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ.

7. ГущыIакIэхэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ афешIых:

а) аудиогуалъхьэм (IофшI. 3) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) гущыIакIэхэр гущыIалъэм дарегъатхэх.

8. Яунагъо щыщхэм унэгъо IофшIэнхэр зэрагъэцакIэхэрэ, зэрэзэдеIэжьхэрэ шIыкIэхэм къатегущыIэшъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы:

в) ежьхэм яунагъо исхэм ацIэхэр хагъэуцожьхэзэ, Сэтэнай фэдэу, кIэлэеджакIохэм къэIотэнхэр къарегъэшIых.

9. КъэIотэныр къэзышIыхэхэрэм Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр ашIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 14. Тамыгъэу «I» зыхэт буквэзэгъусэхэр. Буквосочетания со знаком «I»

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

---

– тамыгъэу **«I»**-м мэкъэзещэ буквэхэр къыпыхьэхэзэ, буквэзэгъусэу гъэпсыгъэ хъухэрэмрэ мэкъэзэрэщэ буквэу **«Iу»**-рэ зыхэтхэ гущыIэу зэрагъэшIагъэхэр зэрагъэфедэшъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр;

– унэгъо псэушъхьэхэм къагъэIурэ макъэхэр зыфэдэхэр къызэраIошъурэр нахьышIу шIыгъэныр;

– зэрагъэшIэгъэ лексикэр агъэфедэзэ, яунагъо щыщ нахьыжъхэм аIорэр зэрагъэцакIэрэм, ахэм зэрадэIэпыIэхэрэм фэгъэхьыгъэ зэдэгущыIэгъу зэдашIышъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: тамыгъэу **«I»**-м мэкъэзещэ буквэхэр къыпыхьэхэзэ, буквэзэгъусэу гъэпсыгъэ хъухэрэмрэ мэкъэзэрэщэ буквэу **«I»**-мрэ къызэряджэхэрэм изэфэхьысыжьын.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: мэкъэзещэхэм укъызэряджэщтымрэ мэкъэ зэращэу **[I]**-м ыуж мэкъэзещэ буквэ къэкIы зыхъукIэ, укъызэряджэщтымрэ зэхамыгъэкIокIэным Iоф дэшIэгъэныр.

4. Аудированиер: ямынэIосэ гущыIэ зытIущ зыхэт текстым (IофшI. 6) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: гущыIэухыгъэ убгъугъэ къызэрыкIохэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр (IофшI. 3).

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 6, 7).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусакIэхэр: **ренэу**, **ора сэIо? синанэ седэIу.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэр: **маIо, мэIои, мэщыщы, мэбыу, седэIу, сыдэIэпыIэ, сеIофытэ, Iых.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ: таблицэр (Пылъхьэу 1) ыгъэфедэзэ, мэкъэзещэ буквэхэм, етIанэ мэкъэзещэ буквэхэмрэ буквэу **«I»**-м ыуж мэкъэзещэ буквэхэр къэкIыхэу гъэпсыгъэ буквэзэгъусэхэмрэ (**а – Iа, о – Iо, у – Iу, и – Iи, ы – Iы, е – Iе, э – Iэ**) зэпэгъэуцугъэхэу къарегъаджэх.

2. УГъ-р зэкIэ кIэлэеджакIохэм къашIыжьыгъэмэ еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы:*

– *обобщим* чтение гласных букв и буквосочетаний согласная буква **«I»** + гласная буква;

– *вспомним, какое из этих буквосочетаний является буквой алфавита*;

– *будем усовершенствовать наше умение употреблять в речи изученные слова с названными буквосочетаниями;*

– *будем составлять с ними предложения, вести диалог о том, как мы слушаемся старших дома, и как мы им помогаем;*

– *вспомним, какие звуки издают домашние животны*е.

4. IофшI. 1-р арегъэшIы:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу буквэзэгъусэхэм, ахэр зыхэт гущыIэхэм къарегъаджэх.

5. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«Iу»**-р буквэзэгъусэ-пычыгъохэм ахаушъхьафыкIыным фэгъэхьыгъэ IофшI. 2-р арегъэгъэцакIэ.

6. Буквэзэгъусэхэр (**Iа, Iе, Iи, …**) зырызэу доскэм къытыритхэзэ, джэгукIэ шъуашэ зиIэ гъэцэкIэн арегъэшIы:

КIалэхэр, я буду писать на доске одно из буквосочетаний со знаком **«I»** и медленно произносить слова. Когда услышите слово с написанным на доске словосочетанием, вы должны хлопнуть в ладоши.

КIэлэегъаджэм мыщ фэдэ гущыIэхэр къыIохэмэ хъущт: **Iизын, Iасэ, паIо, сеIофытэ, Iехы, Iазэ, едэIу, IофшIэн, мыIэрыс, Iых, дэIэпыIэ**.

7. Буквэзэгъусэу зэрагъэшIагъэхэм мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу **«Iу»**-р къахагъэщыщъуным Iоф дарегъашIэ:

а) IофшI. 2-м къыгъэуцурэ упчIэм къафеджэ;

б) егъэджэн тхылъым иформзац къызэIуарегъэхы, алфавитым иаужырэ буквэ къыхарегъэгъэщы, буквэм игъусэ сурэтым ыцIэ ареIо **(Iудан)**, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) IофшI. 2-м къыщытыгъэ гущыIэхэм къарегъаджэх;

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ.

8. Глаголэу **«едэIун»** зыфиIорэр шъхьэ ыкIи пчъэгъэ зэфэшъхьафхэм арытэу агъэфедэшъуным Iоф дарегъашIэ:

а) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 3-р арегъэгъэцакIэ;

б) ЕТ-м къыщытыгъэ IофшI. 3-р зэрэзэгосхэм тетэу нэбгырэ тIурытIоу зэдарегъэгъэцакIэ;

в) апэ хьазыр хъухэрэр гущыIэухыгъэу зэхагъэуцуагъэхэм къарегъаджэх;

г) нэбгырэ зырызэу къыдищхэзэ, гущыIэухыгъэхэр доскэм къытырарегъатхэх, тетрадхэм адарегъатхэх.

9. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.* (БлэкIыгъэ урокым къыщытыгъэ физкультминуткэр мыщ дэжьым къекIу шъыпкъ.)

10. Унэгъо псэушъхьэхэм макъэу къагъэIухэрэр зыфэдэхэр IофшI. 4-рэ 5-рэ щакIаджыкIыжьых:

а) псэушъхьэхэм ацIэхэр Буратинэ раIох;

б) аудиогуалъхьэм едэIух, къыкIаIотыкIыжьы;

в) упчIэхэр **(Атакъэм (мэлым, ...) сыда ышIэрэр?)** аритхэзэ, псэушъхьэ пэпчъ макъэу къыгъэIурэр зыфэдэр къарегъаIо (IофшI. 5).

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 2-р арегъэгъэцакIэ.

11. ЯнэIосэ лексикэ-грамматическэ материалкIэ зэхэт текстым едэIухэмэ, хэз имыIэу ар къагурыIоу зыгъасэхэрэ IофшI. 6-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) тестым Iоф дарегъашIэ: Кто участвует в беседе? Найдите в диалоге предложения, показывающие, как себя ведут его герои по отношению к своим мамам. **Красная Шапочкамрэ Алёнушкэрэ пшъэшъэжъые хъупхъэха, пшъэшъэжъые дэгъуха?** Похвалите Красную Шапочку. Похвалите Алёнушку.

12. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

13. УГъ-р ареты: Т-мкIэ – IофшI. 4, 5; ЕТ-мкIэ – IофшI. 7.

## Урокэу 15. Мэкъэзэрэщэ буквэ къызэрыкIоу Л л. Простая согласная буква Л л

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– буквэу **«л»** зыхэт гущыIэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– этикет шъуашэм ит упчIэ-джэуапэу зэхэт зэдэгущыIэгъу кIэкI зэдашIышъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр:

– мэкъэзэрэщэ буквэу **«л»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[л]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

---

– макъэу **[л]** зыхэт гущыIэр зызэхахыкIэ е ежьхэм къызаIокIэ, а макъэр чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуныр;

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«л»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 6).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **чэл, лы, лэпсы, мылы, чылэ, блэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **блы, мэлы, тхьауегъэпсэу, сыдэу дахэ!**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ: таблицэм къырегъаджэх. (Урокэу 14-м иуцугъоу 1-м еплъ.)

2. УГъ-р еуплъэкIу: диалогым рольхэмкIэ къырегъаджэх. Фаехэм сценкэу къарегъэшIы.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– выучим новую согласную букву;*

*– вспомним знакомые нам слова с этой буквой, познакомимся с новыми словами;*

*– будем учиться читать диалог Маши и Мишки о шалаше, который соорудил себе Мишка;*

*– будем учиться исследовать слова.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэ къызэрыкIоу **«л»**-м нэIуасэ фешIых:

а) К*Iалэхэр, мы сейчас познакомимся с одной простой согласной буквой адыгейского алфавита. Знак, которым обозначена эта буква, есть и в русском алфавите. Речь идёт вот об этом знаке (буквэу* **«л»** *арегъэлъэгъу). Как называется эта буква в русском алфавите?* **(Эль.)** *Тэрэз, кIалэхэр, в русском алфавите эта буква называется* **«эль»**. *Давайте прочитаем несколько русских слов с этой буквой.*

*(Доскэм гущыIэхэр къытыретхэх ыкIи къарегъаджэх:* **ландыш, лилия***.) Как вы прочитали эту букву в первом слове?* **(Твёрдо.)** *А как во втором слове?* **(Мягко.)** *Как вы убедились, эта буква в русских словах может читаться и твёрдо, и мягко. КIалэхэр, теперь внимание! Правило, которое я сейчас скажу, надо запомнить раз и навсегда: буква* **«л»** *в адыгейских словах читается только мягко. Запомните: в адыгейском языке нет твёрдого звука* **[л]***, есть только мягкий звук* **[л']**. *В адыгейских словах буква* **«л»** *никогда не пишется с мягким знаком. Давайте послушаем наших дикторов и сравним, как читается буква* **«л»** *в русских и адыгейских словах.*

б) аудиогуалъхьэхэм (IофшI. 1, 2, 3) арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[л]**-м иартикуляцие арегъашIэ (еплъ: Пылъхьэу 1, н. …);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэшIых.

5. Буквэу **«л»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр агу къегъэкIыжьых, гущыIакIэхэм нэIуасэ афешIых:

а) IофшI. 2-м исурэтхэм арышIыхьэгъэ пкъыгъохэм ацIэхэр урысыбзэкIэ къарегъаIох, анахьэу чэлымрэ лымрэ ясурэтхэмкIэ къашIагъэхэмэ еуплъэкIу. Чэлыр зэрагъэфедэрэ шIыкIэр ашIэмэ яупчIы, етIанэ кIэлэегъаджэм ежь зэфэхьысыжь къешIы:

*КIалэхэр, чэл строят в основном в лесу или в поле. Строится чэл обычно из соломы или прутьев. Чэл заменяет палатку. Чэл защищает человека от дождя, ветра, солнца.*

в) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) гущыIакIэхэр гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ГущыIакIэхэр гъэпытэжьыгъэнхэм Iоф дарегъашIэ:

*а) КIалэхэр, я буду вам загадывать загадки, а ответы вы будете называть на адыгейском языке. Ответы нужно находить в упражнениях 2 и 3. ШъукъэдаIу, хырыхыхьэхэр къашъушIэх:*

**Это домашнее животное, блеет, шерсть курчавая.* (Мэлы.) **Она длинная, ползучая, ядовитая.* (Блэ.) **Если в слове «блэ» поменять последнюю букву, то получится цифра из первого десятка.* (Блы.) **Из этого продукта готовят котлеты.* (Лы.) **Он служит укрытием для путешественника или работника в поле.* (Чэл.) **Адыгейское поселение сельского типа.* (Чылэ.) **Вода замёрзла и превратилась в …* (Мылы.) **Вода, в которой варилось мясо.* (Лэпсы.) **Вода, в которой варилось мясо из курицы.* (Чэтлэпс.)

8. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р, 5-р арегъэшIых:

а) IофшI. 4-м епхыгъэ сурэтхэм акIэтхэгъэ гущыIэухыгъэхэм къарегъаджэх;

в) буквэу **«л»** зыхэт гущыIэхэр ахэм къахарегъэгъэщых;

г) упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых;

д) IофшI. 5-м къыщытыгъэ гущыIэхэм «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу къарегъаджэх, урыс гущыIэхэу адыгабзэм къыхэхьагъэхэмрэ адыгэ гущыIэ шъыпкъэхэмрэ якъеджакIэхэр зэрэзэтекIхэрэр къарегъэушыхьаты.

9. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэным фэлэжьэрэ IофшI. 6-р, 7-р арегъэгъэцакIэх:

а) Машэрэ Мышъэмрэ яззэдэгущыIэгъу иаудиогуалъхьэ регъэдэIух;

б) гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) диалогым рольхэмкIэ къырегъаджэх;

г) фаехэм диалогыр сценкэу къарегъэшIы.

10. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

11. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

12. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 16. Мэкъэзэрэщэ буквэ къызэрыкIоу Г г. Простая согласная буква Г г

(КIэлэеджакIохэм зэрагъэшIэн фэе материалэу къыщытыгъэр бэкIае зэрэхъурэм къыхэкIэу, мы урокым сыхьатитIу тегъэкIодэгъэн фае хъущт.)

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– буквэу **«г»** зыхэт гущыIэхэр гущыIэухыгъэхэм ахагъэуцохэзэ агъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– якласс ис кIэлэеджакIохэр цIыф лъэпкъэу зыщыщхэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэр;

– цIыф лъэпкъэу ежьхэр зыщыщхэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэр;

– Адыгэ Республикэм зэрэщыпсэухэрэм, ащ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафэу щыпсэухэрэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр:

– мэкъэзэрэщэ буквэу **«л»**-р гъэпытэжьыгъэныр;

---

– мэкъэзэрэщэ буквэу **«г»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[г]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

– макъэу **[г]** зыхэт гущыIэр зызэхахыкIэ е ежьхэм къызаIокIэ, а макъэр чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуныр;

5. Аудированиер: гущыIакIэхэр зэхэт текстым (IофшI. 7) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«г»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 7).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **адыгэ, ермэл, урыс, къэнзал, урым, гыны, бгы.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **чылэ, мылы, чэл, чылэм щэпсэу, чэлым Iус.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ:

а) мэкъэзещэхэмрэ мэкъэзещэ буквэхэр **«I»**-м къыпыхьэхэзэ гъэпсыгъэ хъурэ пычыгъохэмрэ ятаблицэ къырегъаджэх;

б) буквэу **«л»** зыхэт гущыIэхэр къыIохэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьых: **блы, мэлы, блэ, мылы;**

в) блэкIыгъэ урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэ гущыIэхэр агу зэрэраубытагъэхэр еуплъэкIу: хырыхыхьэу къаригъэшIэгъагъэхэр джыри зэ аретыжьых, ау тхылъым дэмыплъэхэу джэуапхэр къарегъаIох.

2. УГъ-р еуплъэкIу:

*КIалэхэр, какие «хитрые» буквы вы нашли в словах домашнего задания? Что умеют делать такие «хитрые» буквы?* (Меняют значениея слов.)

Доскэм столбикитIоу тетхэгъэ гущыIэхэр кIэлэеджакIохэм арегъэлъэгъух ыкIи ареIо:

*Надо быстро подчеркнуть буквы, которыми отличаются эти слова, соединить линиями адыгейские и русские слова с одним и тем же значением.*

| | |
|---|---|
| блэ | семь |
| блы | змея |
| мэлы | лёд |
| мылы | овца |
| чылэм | в ауле |
| чэлым | в шалаше |

3. Мэкъэзэращэ буквэ къызэрыкIуитIоу урыс ыкIи адыгэ алфавитхэм ятхыкIэкIэ ащызэтефэхэу, ау якъэIуакIэкIэ ащызэтекIхэрэр буквэхэм ятаблицэ къыхарегъэгъэщых (**г, л**) ыкIи ахэр ахэтхэу гущыIэхэр къарегъаIох.

4. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– выучим новую согласную букву,*

*– вспомним знакомые нам слова с этой буквой, познакомимся с новыми словами;*

*– будем упражняться в нахождении коротких слов внутри длинного слова;*

*– вспомним, какое окончание имеют слова на вопрос «Тыдэ?»;*

*– будем читать текст о людях разных национальностей, проживающих в Республике Адыгея.*

5. ГущыIэхэм язэхэтыкIэ лъыгъэплъэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшIэн кIэлэегъаджэм зэхещэ: карточкэхэу гущыIэхэр (**лэпсы, мылы, чылэ, мэлы**) зытетхагъэхэр зырызэу кIэлэеджакIохэм аригъэлъэгъухэзэ, ахэм къарегъаджэх ыкIи яупчIы:

*Какие слова вы можете найти внутри каждого слова?*

6. Iофыр гъэцэкIагъэ зыщыхъурэ чIыпIэр къызэрыкIырэ гущыIэм кIэухэу **«-м»** къызэрэпыхьэрэр кIэлэеджакIохэм агу къэгъэкIыжьыгъэным ыкIи ащ фэдэ гущыIэхэр зыхэт гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцошъунхэм афэгъэхьыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 1-м итаблицэ къырегъаджэх;

б) столбикхэм арытхэгъэ гущыIэхэм упчIэу яIэхэмрэ ахэм яджэуап гущыIэхэр зэрэзэтекIхэрэмрэ алъегъаплъэх, зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых:

**Слова, отвечающие на вопрос «Тыдэ?», и обозначающие место, где происходит действие, имеют окончание «-м»;**

в) IофшI. 2-р арегъэгъэцакIэ: точкэхэм ачIыпIэкIэ скобкэхэм адэт гущыIэхэм ащыщэу гущыIэухыгъэ пэпчъ хэбгъэуцожьын фаем егупшысэнхэу арeIо. ХьазыркIэ зызылъытэжьрэ кIэлэеджакIом джэуапыр къырigъaIозэ, IофшIэныр жэрыIоу арегъэгъэцакIэ. Ащ ыуж кIэлэеджакIохэр зырызэу доскэм къыдищхэзэ, гущыIэухыгъэхэр доскэм къытырарегъатхэх, тетрадхэм адарегъатхэх.

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. Мэкъэзэрэщэ буквэ къызэрыкIоу **«г»**-м нэIуасэ фешIых:

а) гущыIэхэу «графин», «горох» доскэм къытыретхэх ыкIи кIэлэеджакIохэр ахэм къарегъаджэх;

б) апэрэ макъэу мы гущыIэхэм ахэтыр къарегъаIо;

в) гущыIэхэр (**гыны, бгы, адыгэ**) доскэм къытыретхэх, къарегъаджэх;

г) адыгэ гущыIэхэм укъызэряджэн фаем ищысэ кIэлэегъаджэм къеты ыкIи кIэлэеджакIохэм къафызэхефы:

*КIалэхэр, шъунаIэ тешъудз! Обратите внимание! Этот знак* (буквэу **«г»**-р арегъэлъэгъу) *есть и в русском, и в адыгейском алфавитах. Но как буквы в адыгейском и русском языках они читаются по-разному.* (Макъэу **[г]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 214);

д) IофшI. 3-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

е) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ.

9. Лъэпкъэу зыщыщхэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 6-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) кIэлэеджакIо пэпчъ ежь лъэпкъэу зыщыщыр къырегъаIо.

10. Адыгэ Республикэм зэрэщыпсэухэрэм, ащ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэу щыпсэухэрэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. 7-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, етIанэ Iахь-Iахьэу ригъэдэIухэзэ къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) амакъэ мылъэшэу ежь-ежьырэу текстым регъаджэх;

в) нэбгырэ зырызэу къырегъаджэх.

11. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых.

12. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

13. УГъ-р ареты: IофшI. 7-м итекст къаIотэжьынэу.

## Урокэу 17. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Гу гу. Буквэ-пычыгъоу «го». Сложная согласная буква Гу гу. Буква-слог «го»

(Материалэу къыщытыгъэр кIэлэеджакIохэм икъоу аIэкIэгъэхьэгъэным фэшI, мы урокым сыхьатитIу пэIугъэхьэгъэн фае хъущт.)

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– буквэу **«гу»**, буквэ-пычыгъоу **«го»** зыхэт гущыIэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– усакIоу Жэнэ Къырымызрэ орэдусэу Тхьабысымэ Умаррэ атхыгъэ орэдэу «Синан» зыфиIорэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэр;

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр:

– мэкъэзэрэщэ буквэу **«гу»**-м, буквэ-пычыгъоу **«го»**-м нэIуасэ афэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[гу]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

5. Аудированиер: гущыIакIэхэр зэхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«гу»**, хьарыф-пычыгъоу **«го»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 4).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **гу, гупч, гупсэ, гупсэф, гос, сыгос.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **Iанэм пэс.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

### Урокым икIуакI

1. ЛФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ:

а) буквэхэу **«л»**-рэ **«г»**-рэ мэкъэзещэхэр къапыхьэхэзэ гъэпсыгъэ хъурэ пычыгъохэм хьарыфхэмрэ пычыгъохэмрэ ятаблицэкIэ къырегъаджэх;

б) буквэу **«л»** (**«г»**) зыхэтхэу нахь гущыIабэ къэзыIощтымкIэ зэрегъэнэкъокъух;

в) «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу кIэлэеджакIохэр зэдегъэгущыIэх. КIэлэегъаджэм ежь къырегъажьэ: **Сэ сыадыг. Мадинат, о ухэт?** (Сэри сыадыг. Самир, о ухэт? ….)

2. УГЪ-р еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы выучим:*

*– сложную согласную букву и букву-слог;*

*– слова с ними и научимся использовать их в предложениях.*

*– знаменитую песню о маме, написанную поэтом Киримизе Жанэ и композитором Умаром Тхабисимовым.*

4. Буквэу «**гу**»-мрэ буквэ-пычыгъоу «**го**»-мрэ нэIуасэ моущтэу афешIых:

а) *Итак, кIалэхэр, давайте знакомиться со сложной согласной буквой* «**гу**»*. Посмотрите, как она пишется.* (Буквэм итамыгъэ арегъэлъэгъу.) *Почему я назвала эту букву сложной?* (Потому что она состоит из двух знаков.) *А это буква-слог* **«го».** (Буквэ-пычыгъор арегъэлъэгъу.) *А почему я назвала это сочетание букв буквой-слогом?* (Потому что в любой позиции такое сочетание букв образует слог.) *Слушайте и повторяйте за дикторами сложную букву «гу» и букву-слог «го» и слова с ними.*

б) аудиогуалъхьэхэм (IофшI. 1, 2) арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэхэу **[гу]**-рэ **[го]**-рэ яартикуляциехэр къафеIуатэх. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 215);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ;

д) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэм дарегъатхэх.

5. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

6. ГущыIакIэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу кIэлэеджакIохэр гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшIэнхэр кIэлэегъаджэм зэхещэх:

а) IофшI. 3-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух;

б) гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ къыкIарегъэIоты-кIыжьы;

в) гущыIэухыгъэхэм агукIэ арегъаджэх;

г) амакъэ Iоу кIэлэеджэкIо зырызэу къарегъаджэх;

д) упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых:

**Урысые Федерацием игупчэ сыда ыцIэр? Нэнэжъ идиван сыд фэда?**

е) «лъэой» шIыкIэм тетэу гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр, гущыIэухыгъэхэр къаригъаIохэзэ, ахэр агу рарегъэубытэх: доскэм тет «лъэоир» къызэIуехы ыкIи кIэлэеджакIохэм ареIо:

*КIалэхэр, вот эти лесенки помогут нам лучше запомнить новые слова, словосочетания и предложения. Я буду читать, а вы будете за мной повторять.*

| |
|---|
| диван |
| идиван |
| диван гупсэф |
| идиван гупсэф |
| Нэнэжъ идиван гупсэф. |

| |
|---|
| гупч |
| игупч |
| Урысые Федерацием игупч |
| Москва – Урысые Федерацием игупч. |

| |
|---|
| нан |
| синан |
| синэнэ гупс |
| Синэнэ гупсэ сыгос. |

7. IофшI. 5-р тхэнэу арегъэгъэцакIэ.

8. Орэдым (IофшI. 5) нэIуасэ фешIых:

а) Жэнэ Къырымызрэ Тхьабысымэ Умаррэ япортретхэр арегъэлъэгъух, ахэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкIхэр кIэлэегъаджэм къешIых:

*КIалэхэр, мы сейчас познакомися с отрывком красивой знаменитой песни композитора Умара Тхабисимова на слова поэта Киримизе Жанэ. Песня называется «Синан».*

*Умар Тхабисимов и Киримизе Жанэ внесли большой вклад в литературную и музыкальную культуру адыгов. Умар Тхабисимов написал много песен, любимых народом. Киримизе Жанэ был талантливым поэтом. Адыгейские композиторы написали очень много песен на его стихи для взрослых и особенно для детей. Давайте выучим вместе с нашими дикторами красивую песню о маме «Синан».*

б) IофшI. 5-м иаудиогуалъхьэ ыгъэфедэзэ, орэдым итекст Iоф дарегъашIэ;

в) сатырхэр урысыбзэкIэ къафызэредзэкIых:

Красивая (милая) мама моя,
Ты украшаешь мне жизнь.
Ты подарила мне счастье,
Ты подарила мне мир (жизнь).

г) орэдышъом илъэу арегъашIэ.

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 18. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Къ къ. Сложная согласная буква Къ къ

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– унэгъо псэушъхьэхэм къагъэIурэ макъэхэр зыфэдэхэр агу къэгъэкIыжьыгъэнхэр;

– унэгъо псэушъхьэхэм шIыкIэ-гъэпсыкIэ нэшанэу ахэлъхэмкIэ характеристикэ зэрэратышъурэр нахьышIу шIыгъэныр;

– чIыпIэу зыщыпсэухэрэм гъэпсыкIэу иIэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«къ»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[къ]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

– макъэу **[къ]** зыхэт гущыIэр зызэхахыкIэ е ежьхэм къызаIокIэ, а макъэр чIыпIэу зыдэщытыр (гущыIэм икъежьапIэмэ, ыгузэгумэ, икIэухмэ) къаIошъуныр;

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«къ»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 4).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

---

ГущыIакIэхэр: **къалэ, къещхы, къесы.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **атакъэ, къаз, къэлэм, Iэлы, Iасэ, чылэм (къалэм) сыщэпсэу, мэщыщы, мэбыу, мэIои, маIо.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. БлэкIыгъэ урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэ орэдэу «Синан» иаудиогуалъхьэ джыри зэ регъэдэIужьых, етIанэ фонограммэр игъусэу къарегъаIо.

2. ФЗ арегъэшIы: буквэу **«I»**-м ыуж мэкъэзещэ буквэхэр къэкIыхэзэ гъэпсыгъэ хъурэ буквэзэгъусэхэм ятаблицэ къырегъаджэх, ахэм ащыщэу аужырэ хьарыфэу алфавитым хэтымкIэ яупчIы (**Iу**).

2. УГъ-р еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы:*

– *познакомимся* со сложной согласной буквой **«къ»**;

– *вспомним знакомые нам и выучим новые слова с этой буквой, а также – научимся использовать новые слова в предложениях;*

– *вспомним звуки, которые издают домашние животные;*

– *будем учиться давать краткую характеристику домашним животным по их поведению и повадкам;*

– *будем учиться рассказывать, в населённом пункте какого типа – городе, селе, ауле – мы живём.*

4. IофшI. 2-р арегъэгъэцакIэ:

а) унашъоу къытырэм кIэлэеджакIохэм ащыщ къырегъаджэ;

б) сурэтхэм арегъэплъых, ахэм акIэтхэгъэ гущыIэхэм ежь-ежьырэу арегъаджэх;

в) сурэтхэмрэ ахэм акIэтхэгъэ гущыIэхэмрэ къызэкIухэмэ яупчIы, Нэбзый зэхигъэкIокIэгъэ гущыIэхэр къарегъэгъэтэрэзыжьых.

5. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«къ»**-м нэIуасэ фешIых:

*а) Вы уже знаете, что в адыгейском языке звуков намного больше, чем в русском языке. А знаете, как объяснял это явление адыгский поэт и писатель, драматург и философ Нальбий Куёк? Он объяснял это тем, что адыги являются одним из очень древних народов, живущих на земле. Он говорил, что адыги были очень близки к своей природе, разнообразной своим ландшафтом, что они были очень чутки к звукам, исходящим*

*из окружающей их природы. Это: звук журчания речушек, бегущих по мелким камушкам. Это: шум больших рек, текущих по каменным глыбам во время разлива. Это: водопады, с грохотом падающие с высоких гор. Это: тихий шелест листвы великолепных лесов. Это: шуршание под ногами опавших листьев. Это: и шум проливного дождя, и грохот грома в высоких горах, и звон капели с крыш домов. Представьте ещё разнообразие животных – зверей и птиц – населявших землю адыгов. Вы знаете, что каждое животное издаёт определённый звук. Адыги расслышали разнообразие звуков, исходящих от живой и неживой природы и использовали их, создавая свою речь.*

б) *Итак, кIалэхэр, давайте знакомиться с одной из сложных согласных букв адыгейского алфавита. Посмотрите, вот она (буквэр арегъэлъэгъу). Я сказала «сложная согласная буква». Как вы думаете, почему эта буква называется сложной? (Потому что она состоит из двух знаков.) Из каких же знаков состоит эта буква? (Из знака* **«к»** *и твёрдого знака.)*

*КIалэхэр, джы шъукъэдаIу! Слушайте внимательно! Быраб будет знакомить нас с двухзначными буквами с твёрдым знаком. А таких букв в адыгейском алфавите столько же, сколько лепесточков у цветика-семицветика. Сколько же двухзначных букв с твёрдым знаком? (7.) Одну из них Быраб принесла и прикрепила к одному из лепесточков цветика-семицветика. Теперь, кIалэхэр, вместе с нашими дикторами выучим название этой буквы.*

а) IофшI. 1-рэ 3-рэ яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[къ]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 215);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ;

д) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэм дарегъатхэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Унэгъо псэушъхьэхэм шIыкIэ-гъэпсыкIэ нэшанэу ахэлъхэмкIэ характеристикэ зэраратышъурэр нахьышIу шIыгъэным фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух;

б) гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) амакъэ мылъэшэу ежь-ежьырэу текстым регъаджэх;

г) зэкIэ зэгъусэхэу амакъэ Iоу текстым къырегъаджэх;

д) текстым ыкупкI къагурыIуагъэмэ еуплъэкIу:

*Мы послушали рассказ Мадина о том, в какого типа населённом пункте живёт его семья, какие домашние животные есть у его семьи, какие из них спокойные, а какие диковатые. Теперь ответьте на мои вопросы к рассказу Мадина.*

**Мадин иунагъо тыдэ дэса?** (Мадин иунагъо чылэм дэс.).

**Унагъом сыд фэдэ псэушъхьэхэр иIэха?** (Унагъом мыщ фэдэ псэушъхьэхэр иIэх: чэтхэр, къазхэр, псычэтхэр, мэлхэр, чэмхэр.)

**Сыд фэдэ псэушъхьэхэр Iасэха?** (Чэтхэр, псычэтхэр, мэлхэр, чэмхэр Iасэх.)

**Сыд фэдэ псэушъхьэхэр Iэлыха?** (Къазхэр Iэлых.)

7. ЧIыпIэу зыщыпсэухэрэм гъэпсыкIэу иIэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ:

а) сурэтхэм арегъэплъых ыкIи упчIэхэр ареты:

*Скажите, что за два типа поселений изображены на картинках?* (Мыр къалэ. Мыдрэр чылэ.) **Шъэожъыер тыдэ щыпсэура?** (Шъэожъыер къалэм щэпсэу.) **Пшъэшъэжъыер тыдэ щыпсэура?** (Пшъэшъэжъыер чылэм щэпсэу.)

б) *Вот об этом и говорят они сами. Давайте сделаем так: мальчики прочитают высказывание мальчика, а девочки – высказывание девочки.*

*в) Теперь будем спрашивать друг друга по цепочке, в населённом пункте какого типа мы живём. Начинаю я:* **Сэ къалэм сыщэпсэу. Къантемыр, о тыдэ ущыпсэура?** (Сэри къалэм сыщэпсэу. Мадинат, о тыдэ ущыпсэура? …)

8. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 3–6-р арегъэгъэцакIэх.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 19. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъхэу Ку ку, Къу къу. Сложные согласные буквы Ку ку, Къу къу

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

Адыгэ Республикэм игупчэу Мыекъуапэ фэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI ашIышъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэхэу **«ку»**-рэ **«къу»**-рэ нэIуасэ афэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэхэу **[ку]**-рэ **[къу]**-рэ яартикуляциехэр ягъэшIэгъэнхэр ыкIи ахэр амыукъохэу макъэхэр къаIонхэр.

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«къ»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 4).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **куу, къутыр, кукуу, къуаджэ, къундысыу, къабзэ, къутам, мэкъу, къуае.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **Мыекъуапэ, къэлэм, къэбаскъ, къалэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. Орэдэу «Синан» зыфиIорэр фонограммэр игъусэу, етIанэ имыгъусэу къарегъаIо.

2. ЛФЗ арегъэшIы: блэкIыгъэ урокым щызэрагъэшIэгъэ гущыIэхэр кIарегъэджыкIыжьых:

**Назовите тип населённого пункта, в названии которого есть звук* **[къ]**. (Къалэ.) *Назовите животных, в названиях которых есть звук* **[къ]**. (Атакъэ, къаз.) **Непэ ощх къещха? [Ары* (хьау)*, непэ ощх къещхы* (къещхырэп)*.] *Непэ ос къеса? [Ары* (хьау)*, непэ ос къесы* (къесырэп)*.] *Сэ къалэм* (чылэм) *сыщэпсэу. Оры, Мадинат, о тыдэ ущыпсэура?*

3. УГъ-р зэкIэ кIэлэеджакIохэм къашIыжьыгъэмэ еуплъэкIу.

4. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы:*

– *познакомимся* со сложными согласными буквами **«ку»** и **«къу»**;

– *вспомним знакомые нам и выучим новые слова с новыми буквами;*

– *научимся использовать новые слова в предложениях;*

– *будем учиться рассказывать о столице нашей республики – Майкопе.*

5. Мэкъэзэрэщэ буквэхэу «**ку**»-рэ «**къу**»-рэ-м нэIуасэ афешIых:

*а) Сейчас я вас познакомлю с двумя сложными согласными буквами. Посмотрите, вот они* (буквэхэр арегъэлъэгъух). *Эти буквы называются сложными, а кто скажет, почему?* (КIэлэеджакIохэм къаIорэм едэIу, етIанэ игущыIэ лъегъэкIуатэ)*: Тэрэз, кIалэхэр, буквы, состоящие из двух или трёх знаков, называются сложными. Но читать эти две буквы совсем не сложно, потому что они читаются как сочетание двух букв. Давайте проверим, сможете ли вы прочитать эти буквы сами. Кто попробует?* (КIэлэеджакIохэм ядэIу, ащ ыуж ареIо): *Теперь послушаем наших дикторов, чтобы убедиться, правильно ли мы прочитали новые буквы.*

б) IофшI. 1-рэ 3-рэ яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэхэу **[ку]**-рэ **[къу]**-рэ яартикуляциехэр къафеIуатэх. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н.215);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-рэ 2-рэ арегъэгъэцакIэх;

д) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэм дарегъатхэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ГущыIакIэу нэIуасэ зыфэхъугъэхэр ыгъэпытэжьынхэм пае, мыщ фэдэ гъэцэкIэнхэр аретых:

**Назовите синоним слова* **«чылэ»**. *(Как сказать по-другому* **«чылэ»**?). (Къуаджэ.) **Скажите название русского поселения негородского типа.* (Къутыр.) **Адыгейское название какой птицы напоминает её русское название?* (Кукуу.) **Как называется жидкий кисломолочный продукт, изготовляемый адыгами?* (Къундысыу.) **Если хорошо постирать грязный носовой платочек, каким он станет?* (Къабзэ.) **Продукт, изготовляемый адыгами из молока и сыворотки. Он бывает свежим, бывает копчёным, бывает сушёным. Славится во всём мире.* (Адыгэ къуае.) **Часть дерева, на котором любят сидеть птички.* (Къутам.) **Корм, который дают домашним животным зимой.* (Мэкъу.) **Сто одёжек и все без застёжек.* (Къэбаскъ.) **Если водоём не мелкий, значит он такой.* (Куу.) **Этим предметом школьной принадлежности можно рисовать, чертить и писать.* (Къэлэм.) **Название адыгского племени, проживающего в Кабардино-Балкарии.* (Къэбэртай.) **Адыгэ Республикэм игупч. Столица РА.* (Мыекъуапэ.) **Овощ большого размера, который бывает и серого цвета, и жёлтого цвета.* (Къэбы.)

8. Мыекъуапэ фэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI ашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 3-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух;

б) гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) буквхэу **«ку»** ыкIи **«къу»** зыхэт гущыIэхэр текстым къыхарегъэгъэщых, къарегъаджэх;

г) текстым фэгъэхьыгъэ упчIэхэр аретых:

**Адыгэ Республикэм игупчэ ыцIэр сыда? Мыекъуапэ иурамхэр сыд фэдэха? Къэлэ паркыр сыд фэда? Мыекъуапэ къэлэ даха?**

д) Мыекъуапэ фэгъэхьыгъэ къэIотэн къагъэхьазырынэу такъикъ нықъо ареты. Хьазыр хъурэм кърегъэIуатэ. КъэзыIотахэрэм Т- м къыщытыгъэ IофшIэнхэр егъэцакIэх.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УГъ-р ареты.

## Урокэу 20. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Гъ гъ. Сложная согласная буква Гъ гъ

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– гъэмэфэ лъэхъаным чIыопсым къыхэхъухьэхэрэм, чIыопсым изытет афэгъэхьыгъэ зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэр;

– зэпыщыт мэхьанэ зиIэ гущыIэхэр (мэгъы, мэщхы) зыхэт гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **гъ**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[гъ]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 5) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу «**гъ»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 4).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **Тыгъэр къепсы. Къэгъагъ, гъатхэ, гъэмаф, мэгъы, мэщхы.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **уцы, еплъ, дунай.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

## Урокым икIуакI

1. Орэдэу «Синан» зыфиIорэр фонограммэр имыгъусэу къарегъаIо.

2. ЛФЗ арегъэшIы:

а) буквэ зэхэлъэу зэрагъэшIагъэхэмрэ (**гу, ку, къ, къу, Iу**) ахэр зыхэт пычыгъохэмрэ таблицэмкIэ къарегъаджэх;

б) *КIалэхэр, Нэбзый прочитал на сайте Нарта и Сати отзывы о столице РА, и хочет убедиться в правдивости того, что рассказали его друзья. Послушайте вопросы Нэбзыя и постарайтесь убедить его в том, что всё, что Нарт и Сати рассказали о столице нашей республики – правда.*

(IофшI. 1-м къыщытыгъэ упчIэхэр афигъэуцухэзэ, ахэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых.)

2. УнэмкIэ гъэцэкIэныр еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– познакомися с новой сложной согласной буквой* **«гъ»**;

*– вспомним знакомые нам и выучим новые слова с этой буквой, а также научимся использовать их в предложениях;*

*– будем рассказывать, а также беседовать друг с другом о летней природе и о погоде;*

*– будем учиться отвечать на вопросы к картинкам.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«гъ»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, мы с вами уже знаем одну сложную согласную букву с твёрдым знаком. Помните, Быраб приносила эту букву и прикрепляла её к одному из лепестков цветика-семицветика? Что это была за буква?* (Это была буква *«***къ***»*.) *А сколько в адыгейском алфавите сложных двухзначных букв с твёрдым знаком мы говорили?* (7) *Вот сегодня Быраб принесла в своих лапках вторую из этих семи букв и прикрепила её к следующему лепесточку цветика-семицветика. Буква эта называется* **«гъы»***. Слушайте дикторов и повторяйте за ними.* (IофшI. 1-м, 2-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых.)

б) макъэу **[гъ]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 215);

в) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх;

г) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэм дарегъатхэх.

5. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых:

*Джы, кIалэхэр, вы будете отгадывать мои загадки. Ответы на них будете искать в словах упражнения 3.* **ШъукъэдаIу, къашъушIэ**:

**Оно согревает всю землю.* (Тыгъэ.) **Как называется самое тёплое время года?* (Гъэмаф.) **В какое время года природа просыпается после зимней спячки?* (Гъатхэ.) **Как назвать одним словом розу, астру, ландыш?* (Къэгъагъ.) **Как ребёнок, который ещё не умеет разговаривать, даёт знать, что хочет есть?* (Мэгъы.) **Что делает человек, услышав что-то очень смешное?* (Мэщхы.)

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Гъэмэфэ лъэхъаным чIыопсым къыхэхъухьэхэрэм, чIыопсым изытет афэгъэхьыгъэ зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) диалогым рольхэмкIэ къырегъаджэх;

в) фаехэм зэдэгущыIэгъур сценкэу къарегъэшIы.

8. Зэпыщыт мэхьанэ зиIэ гущыIэхэр (мэгъы, мэщхы) зыхэт гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 6-р моущтэу арегъэгъэцакIэ:

а) сурэтхэм арегъэплъых ыкIи арeIo:

*Нэбзый обратил внимание на разное настроение ребёнка на двух картинках. Он хочет, чтобы вы сказали, отчего это происходит. Послушайте вопросы Нэбзыя, которые относятся к обеим картинкам. Сначала ответим на вопросы по картинке слева, а потом – по картинке справа.*

б) упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых.

9. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 3-р – 5-р арегъэгъэцакIэх.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 21. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Лъ лъ. Сложная согласная буква Лъ лъ

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– чIыпIэ приставкэхэу **«те-», «дэ-», «и-»** агъэфедэхэзэ, пкъыгъохэр зыдэщылъ чIыпIэхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэр;

– адыгэ бзылъфыгъацIэу «**Тыгъэнгуащ»** зыфиIорэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэр;

---

– Тыгъэнгуащэ янэрэ янэжърэ зэрядэIурэр, ахэм зэрадэIэпыIэрэр къаIошъоу, пшъэшъэжъыем характеристикэ ратышъоу гъэсэгъэнхэр. (Яунагъо щыщхэм афэгумэкIыхэу, ахэм яшIуагъэ арагъэкIэу, аIорэр ашIэу пIугъэнхэр.)

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«лъ»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[лъ]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 1, 5) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«гъ»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 4).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **Тыгъэнгуащ, телъ, дэлъ, илъ, лъагэ, еплъы, еплъ, щалъ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **цIэ, джэгуалъ, инанэ едэIу, инэнэжъ дэIэпыIэ, блэ, тхылъ, мыIэрыс.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы:

а) буквэ зэхэлъэу зэрагъэшIагъэхэмрэ (**гу, гъ, ку, къ, къу, Iу**) ахэр зыхэт пычыгъохэмрэ таблицэмкIэ къарегъаджэх;

б) блэкIыгъэ урокым иуцугъоу 5-м къыщытыгъэ хырыхыхьэхэр джыри зэ къарегъашIэх.

2. УГъ-р еуплъэкIу: гущыIэухыгъэу къатхыжьыгъэхэм къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке:*

*– вместе с Быраб познакомимся с новой двухзначной согласной буквой с твёрдым знаком;*

*– вспомним знакомые нам и выучим новые слова с этой буквой, а также научимся использовать их в предложениях;*

*– будем учиться рассказывать о девочке с очень красивым именем, внимательной к взрослым членам своей семьи и их верной помощнице;*

*– будем учиться рассказывать, в каком месте лежат предметы.*

4. Адыгэ бзылъфыгъацIэу «**Тыгъэнгуащ»** зыфиIорэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэм ыкIи яунагъо щыщхэм афэгумэкIыхэу, ахэм яшIуагъэ арагъэкIэу, аIорэр ашIэу пIугъэнхэм афэлэжьэрэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх:

а) *КIалэхэр, IофшIэнэу 1-м исурэт шъуеплъ! Посмотрите, пожалуйста, картинку к упражнению 1 и скажите одним словом, что вы на ней видите.* (Унагъо.) *Назовите членов семьи, которые изображены на картинке.* (Нан, нэнэжъ, пшъэшъэжъый.) Сэтэнай расскажет об этой девочке, а вы слушайте её внимательно.

б) IофшI. 1-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух;

в) гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

г) IофшI. 2-м къыщытыгъэ упчIэхэм къафеджэ, ахэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых.

(ЯтIонэрэ упчIэр (**Тыгъэнгуащэр цIэ даха?**) зариткIэ, «**Тыгъэнгуащ»** зыфиIорэ цIэр доскэм къафытыретхэ, къафеджэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы, етIанэ яупчIы):

*А какое слово вы можете найти внутри этого имени? (Тыгъэ.) Тэрэз, кIалэхэр,* **«тыгъэ»** *означает «солнце». Внутри имени «Тыгъэнгуащ» есть ещё второе слово – «***гуащэ»***. Слово «***гуащэ»** *имеет два значения: «княгиня» и «свекровь». Это означает, что адыги свекровь почитают, как княгиню. А теперь попробуем перевести значение имени* **«Тыгъэнгуащ»**.

КIэлэеджакIохэм яшIошIхэр къарегъаIох, етIанэ зэфэхьысыжь къешIы:

**Имя «Тыгъэнгуащ»** может означать и «княгиня солнца», и «солнечная княгиня». Но в нашем случае больше подходит перевод «солнечная княгиня». А теперь ответьте на вопрос: **Тыгъэнгуащэр цIэ даха?**

Къэнэгъэ упчIэхэр аретых, джэуапхэр къарегъаIох.

5. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«лъ»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, Быраб принесла ещё одну сложную двухзначную согласную букву с твёрдым знаком и прикрепила её к следующему лепестку цветика-семицветика. А что это за буква, мы узнаем, послушав наших дикторов. Слушайте и повторяйте за ними.* (IофшI. 3-м, 4-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых.);

б) макъэу **[лъ]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 215);

в) Т-м къыщцытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх;

г) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэм дарегъатхэх.

6. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых:

а) Джы, кIалэхэр, вы будете отгадывать мои загадки. Ответы на них будете искать в словах упражнения 4. **ШъукъэдаIу, къашъушIэ**:

* Она – источник знаний. (Тхылъ.) * В нём носят воду. (Щалъ.) * Это и кукла, и погремушка, и машинка. (Джэгуалъ.) * Закончите предложения, которые я буду начинать. **Ситатэ телевизорым … (еплъы). Дяде Стёпэ ….(лъагэ).**

б) джэголъэ зэфэшъхьаф зырыз кIэлэеджакIохэм ареты, ежьыми зы къызфегъанэ ыкIи къеIо:

КIалэхэр, каждый из нас будет говорить, что у него есть игрушка, и будет просить рядом сидящего ученика посмотреть на его игрушку. Начинаю я:

**Сэ джэгуалъэ сиI. Къеплъ, Мадинат, сиджэгуалъэ!**

в) КIалэхэр, а про кого из учеников нашего класса вы можете сказать **«лъагэ»**? Кто стоит первым в строю на уроках физкультуры?

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. Пкъыгъор зыдэщылъ чIыпIэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ:

а) сурэтхэм акIэтхэгъэ гущыIэухыгъэхэм къарегъаджэх;

б) гущыIэухыгъэхэм ахэт глаголхэр зэрэзэтекIхэрэм лъегъаплъэх;

в) приставкэхэм (**те-, дэ-, и-**) ямэхьанэхэмкIэ кIэлэеджакIохэм зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

9. Т-м къыщцытыгъэ IофшI. 3–5 арегъэгъэцакIэх.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

## Урокэу 22. Макъэхэу [гъ], [лъ], [къ] зыфиIохэрэмкIэ зэфэхьысыжь.
## Обобщение по звукам [гъ], [лъ], [къ].

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– чIыпIэ приставкэхэу «**те-», «дэ-», «и-»** агъэфедэхэзэ, пкъыгъохэр зыдэщылъ чIыпIэхэр къызэраIошъурэр нахьышIу шIыгъэныр;

– упчIэхэм яджэуапхэр текстым къыхагъэщышъунхэр ыкIи къаIошъунхэр.

---

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: пытэ тамыгъэм къыгъэпсыхэрэ тамыгъитIузэхэлъ мэкъэзэрэщэ буквэу зэрагъэшIагъэхэр кIэджыкIыжьыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: мэкъэ Iужъоу (**[гъ], [къ] [лъ]**) зэрагъэшIагъэхэр къызэраIошъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр, ахэр зэхахыхэмэ, къашIэжьынхэм Iоф дэшIэгъэныр. (КIэлэеджакIохэм ягулъытэныгъэ хэгъэхъогъэныр.)

4. Адыгэ орфографиер амыукъоным фэгъэсэгъэнхэр: кроссвордым гущыIэхэр тэрэзэу ратхэшъунхэр; гущыIэхэм къащыкIэрэ буквэхэр хагъэуцожьхэзэ, текстыр зыпкъ рагъэуцожьышъуныр.

5. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **Тыгъэнгуащ, щалъ, тхылъ, тыгъэ, къэгъагъ, къэлэм, къалэ, гъэмаф, гъатхэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы: пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитIу зэхэлъ мэкъэзэрэщэ буквэхэу зэрагъэшIагъэхэмрэ (**гъ, къ, лъ**) ахэр зыхэт пычыгъохэмрэ таблицэмкIэ къарегъаджэх.

2. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы обобщим наши знания по изученным нами двухзначным буквам с твёрдым знаком:*

*– проверим наше умение узнавать их на слух;*

*– повторим слова с этими буквами отдельно и в предложениях;*

*– будем заполнять кроссворд, вписав в него отгаданные слова.*

3. Пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэлъ мэкъэзэрэщэ буквэхэу зэрагъэшIагъэхэр (**гъ, къ, лъ**) зыхэт гущыIэхэр кIарегъэджыкIыжьых: урокэу 19-м иуцугъоу 7-м, урокэу 20-м иуцугъоу 5-м, урокэу 21-м иуцугъоу 6-м къащытыгъэ хырыхыхьэхэр аритхэзэ, ахэм яджэуапхэр джыри зэ къарегъэIожьых.

4. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэм пае, н. 46-м ишIыхьэгъэ цветик-семицветикым еплъынхэу кIэлэеджакIохэм ареIо ыкIи зэдэгущыIэгъу адешIы:

*Сколько двухзначных букв с твёрдым знаком Быраб принесла?* (Щы.)

*Назовите эти буквы.* (Къ, гъ, лъ.)

*Эти буквы простые или сложные?* (Сложные.)

*Почему мы их называем сложными буквами?*

(Мы их называем сложными буквами, потому что они состоят их двух знаков.)

*А какой знак есть во всех этих буквах?* (Во всех этих буквах есть твёрдый знак.)

*А сколько двухзначных букв с твёрдым знаком в адыгейском алфавите?* (В адыгейском алфавите 7 двухзначных букв с твёрдым знаком.)

*Тэрэз, в адыгейском алфавите двухзначных букв с твёрдым знаком – 7. Из них мы уже знаем 3, с остальными мы познакомимся вместе с Быраб постепенно.*

5. ЛъымыкIотэрэ глаголхэу **«телъ», «дэлъ», «илъ»** зыфиIохэрэм ягъэфедэн автоматизмэм нэгъэсыгъэным фэшI:

а) зэдэгущыIэгъу кIэлэеджакIохэм адешIы:

КIалэхэр, сейчас я буду спрашивать вас, где находятся ваши предметы, а вы старайтесь отвечать мне, правильно используя глаголы, написанные на доске. (Глаголхэр (**«телъ», «дэлъ», «илъ»)** доскэм тетхагъэх.)

**Мадинат, уитхылъ тыдэ щылъа?** (Сэ ситхылъ столым телъ.) **Рэщыд, уикъэлэм тыдэ щылъа?** (Сэ сикъэлэм пеналым дэлъ.) **Къэплъан, уиспортивнэ костюм тыдэ щылъа?** (Сэ сиспортивнэ костюм сумкэм (Iалъмэкъым) илъ.)

б) IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ЗэдэIухэрэ гущыIэхэм ащыщэу кIэлэегъаджэм зыфиIогъэ мэкъэ гъэнэфагъэр зыхэтыр къыхагъэщышъуным фэлэжьэрэ IофшI. 3-р арегъэгъэцакIэ.

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

## Урокэу 23. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Хъ хъ. Сложная согласная буква Хъ хъ

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– унагъом щыщхэм Iофэу агъэцакIэхэрэр зыфэдэхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэр;

– Iахьылхэр зыехэр къэзыгъэлъэгъорэ приставкэхэр апэрэшъхьэм ыкIи ящэнэрэшъхьэм, зы пчъагъэм арытхэу агъэфедэхэзэ, унагъом исхэм къазэрэтегущыIэшъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр. (Унагъом щыщ пэпчъ Iоф гъэнэфагъэ зэриIэн фаер къагурыIоу, IофшIэныр якIасэу пIугъэнхэр.)

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«хъ»-**м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[хъ]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«хъ»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **пхъэ, пхъэ екъутэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **хъэрен, нысхъап, махъэ, хъэренэ ешIэ, мэгыкIэ, гъэзетым еджэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы: пкъыгъохэм (къэгъагъ, къуае, къэлэм, тхылъ) ясурэтхэр зытешIыхьэгъэ карточкэхэр доскэм къытырегъапкIэх ыкIи кIэлэеджакIохэм ареIо:

*а) КIалэхэр, тыджэгущт. Вы делитесь на две команды: команду девочек и команду мальчиков. Каждая команда придумывает загадки на названия предметов, изображённых на картинках. Каждая команда будет загадывать свои загадки другой команде. Победа будет присуждена команде, которая: 1) придумает лучшие загадки; 2) лучше отгадает загадки другой команды; 3) правильно, не искажая звуки, скажет слова- отгадки.*

б) *Я назову слова, в которых есть звуки* **[гъ]** *и* **[къ]**. *Вы должны послушать внимательно все слова. Девочки должны запомнить слова со звуком* **[гъ]**, *а мальчики должны запомнить слова со звуком* **[къ]**. *Команда, которая повторит все нужные слова, будет*

*победителем.* **Шъукъэдаӏу: гъатхэ, къалэ, гъэмаф, атакъэ, тыгъэ, къэлэм, мэгъы, къещхы.**

2. УГъ-р еуплъэкӏу: гущыӏэу къатхыгъэхэм къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэӏуасэ фешӏых:

*КӀалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– вместе с Быраб познакомимся с новой сложной двухзначной согласной буквой с твёрдым знаком;*

*– вспомним знакомые нам и выучим новые слова с этой буквой, а также научимся использовать их в предложениях;*

*– будем рассказывать, чем занимаются члены семьи Тыгъэнгуащ, и чем занимаются члены наших семей.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу [**хъ**]-м нэӏуасэ фешӏых:

а) *КӀалэхэр, Быраб принесла ещё одну сложную двухзначную согласную букву с твёрдым знаком и прикрепила её к следующему лепестку цветика-семицветика. А что это за буква, подскажут нам наши дикторы. Слушайте и повторяйте за ними.*

а) ӏофшӏ. 1-м, 2-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэӏух, къыкӏарегъэӏотыкӏыжьых;

б) макъэу [**хъ**]-м иартикуляцие къафеӏуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 215);

в) Т-м къыщытыгъэ ӏофшӏ. 1-р, 2-р арегъэгъэцакӏэх;

г) гущыӏакӏэхэр (ӏофшӏ. 2) гущыӏалъэхэм адарегъатхэх.

5. Гущыӏакӏэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкӏэнхэр арегъэшӏых:

а) *Джы, кӀалэхэр, вы будете отгадывать мои загадки. Ответы на них будете искать в словах упражнения 2.* **Шъукъэдаӏу, къашъушӏэ***:*

**Любимая игрушка всех маленьких девочек.* **(Нысхъап.)** **Что делает нэнэжъ спицами?* **(Махъэ.)** **Чтобы приготовить уху на природе, их собирают и из них разжигают костёр.* **(Пхъэ.)** **Сооружение на детской игровой площадке, любимое всеми детьми***. (Хъэрен.)**

б) Т-м къыщытыгъэ ӏофшӏ. 3-р, 4-р арегъэгъэцакӏэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Ямынэӏосэ гущыӏэ зытӏу зыхэт текстым едэӏухэмэ, амышӏэрэ гущыӏэхэр контекстымкӏэ къагурыӏохэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ ӏофшӏ. 3-р арегъэгъэцакӏэ:

а) цӏэу «**Тыгъэнгуащэр»** агу къегъэкӏыжьы:

*КӀалэхэр, какое красивое женское имя мы выучили на прошлом уроке?*

б) IофшI. 3-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух;

в) гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) текстым къыхэфэрэ цIэхэр къыхарегъэгъэщых, къарегъаджэх, упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтых:

**Тыгъэнгуащэ инанэ (инэнэжъ, итатэ, итэтэжъ, ыш) сыда ыцIэр?**

8. ЕТ-мкIэ – IофшI. 4-р, Т-мкIэ – IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэх.

9. Уахътэ къанэмэ, IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ: кIэлэеджакIохэр купиплIэу егощых, IофшIэным къыщытыгъэ буквэхэр купхэм зырызэу атырегуащэх, ахэр зыхэт гущыIэу къашIэжьхэрэр куп пэпчъ итетрад тхьапэ тырарегъатхэх. Нахь гущыIабэ къэзытхырэ купыр текIуагъэу алъытэ.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 24. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Чъ чъ.
## Сложная согласная буква Чъ чъ.

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– точкэхэм ачIыпIэкIэ ямэхьанэхэмкIэ къякIурэ гущыIэхэр гущыIэухыгъэхэм ахагъэуцожьышъухэу гъэсэгъэнхэр;

– гущыIэу къэтыгъэхэм ямэхьанэхэмкIэ къапыщыт гущыIэхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: **«ъ»**-м къыгъэпсырэ мэкъэзэрэщэ буквэу зэрагъэшIагъэхэр гущыIэухыгъэхэм къахагъэщышъунхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: **«ъ»**-м къыгъэпсырэ мэкъэзэрэщэ буквэхэм ямакъэхэу зэрагъэшIагъэхэм яартикуляциехэр амыукъонхэр.

5. Аудированиер: ямынэIосэ гущыIэхэр зыхэт гущыIэухыгъэхэм (IофшI. 3) ядэIухэмэ, контекстымкIэ ыкIи сурэтхэмкIэ ахэм къарыкIхэрэр зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хэукъоныгъэхэр хамышIыхьэхэу, янэIосэ гущыIэхэр атхышъунхэр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

---

ГущыIакIэхэр: **ачъэ, мачъэ, чъыгы, пчъэ, къыIух, къыIуехы.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **къепсы, къэгъагъ, чъыгы, лъагэ, щалъ, мыIэрыс, нысхъап, къэбаскъ, тхылъ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы:

а) пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэт буквэу зэрагъэшIагъэхэр агу къегъэкIыжьых: н. 48-м ишIыхьэгъэ къэгъагъэм ытхьапэхэм атет буквэхэм къарегъаджэх;

б) глаголэу зэрагъэшIагъэхэр агу къегъэкIыжьых:

1. КIалэхэр, на какой вопрос отвечают слова, обозначающие действие? (Слова, обозначающие действие, отвечают на вопрос «**Сыда ышIэрэр?**») Давайте вспомним знакомые нам слова, обозначающие действия. Вы можете назвать действия, которые выполняют действующие лица на рисунках, изображённых на стр. 49, или назвать другие глаголы, которые вы знаете.

2. *Джы, кIалэхэр, тыджэгущт. При помощи пантомимы вы будете изображать действия, а кто догадается, будет поднимать руку и говорить, что «делает» ведущий.*

2. УГъ-р еуплъэкIу: гущыIэу къатхыгъэхэм нэбгыритIу-щы къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы:*

*– вместе с Быраб познакомимся с новой сложной двухзначной согласной буквой с* ***«ъ»****-м;*

*– вспомним знакомые нам и выучим новые слова с этой буквой, а также научимся использовать их в предложениях;*

*– вспомним слова с другими двухзначными буквами с твёрдым знаком;*

*– вспомним слова с противоположными значениями.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«чъ»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, сколько двухзначных букв с твёрдым знаком мы уже знаем? (ПлIы.) А сколько их всего? (Блы.) Сейчас мы выучим пятую двухзначную букву с твёрдым знаком. Как всегда, её принесла Быраб и прикрепила к следующему лепестку цветика-семицветика. А что это за буква, подскажут нам наши дикторы. Слушайте и повторяйте за ними.*

б) IофшI. 1-м, 2-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[чъ]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 216);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх;

д) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

5. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых:

* КIалэхэр, кто попросит своего соседа по парте открыть дверь? **(Самир, пчъэр къыIух!)**

* Подумайте и скажите, как назвать одним словом следующие растения: дуб, осина, яблоня, вишня? **(Чъыгы.)**

* Я буду называть растения. Если названное мной растение будет являться деревом, то вы все хором говорите «**Ар чъыгы**», если нет, то вы говорите «**Ар чъыгэп»**:

Смородина. **(Ар чъыгэп.)** Яблоня. **(Ар чъыгы.)** Клубника. **(Ар чъыгэп.)** Берёза. **(Ар чъыгы.)** Крыжовник. **(Ар чъыгэп.)** Клён. **(Ар чъыгы.)** Дуб. **(Ар чъыгы.)**

* *Отвечайте на мои вопросы:*

Как называют «папу» козлёнка? (Ачъэ.) Как переделать слово **«ачъэ»**, чтобы оно означало «бежит»? (Если в начале слова **«ачъэ»** поставить букву **«м»**, то получится слово **«мачъэ».**)

* Я буду называть предметы или живые существа. Вы должны быстро сказать подходящее к названному слову предложение: **«Ар мачъэ»** или **«Ар чъэрэп».** ШъукъэдаIу:

Шы. **«Ар мачъэ».** Унэ. **«Ар чъэрэп».** Чъыгы. **«Ар чъэрэп».** Ачъэ. **«Ар мачъэ».** Пчъэ. **«Ар чъэрэп».** Щалъ. **«Ар чъэрэп».** Спортсмен. **«Ар мачъэ».**

6. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 3-р, 4-р арегъэгъэцакIэх.

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. ЗэрагъэшIэгъэ гущыIэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъунхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 3-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух;

в) гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) буквэу **гъ (чъ, хъ, къ, лъ)** къызыхафэрэ гущыIэхэу гущыIэухыгъэхэм ахэтхэр къыхарегъэгъэщых, къарегъаджэх.

9. ЕТ-мкIэ – IофшI. 4-р, 5-р; Т-мкIэ – IофшI. 3-р, 4-р арегъэгъэцакIэх.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 25. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Жъ жъ. Сложная согласная буква Жъ жъ

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: кIымафэм дунаим къыхэхъухьэхэрэм, кIымэфэ джэгукIэхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэр. <u>(Илъэсым иохътэ зэфэшъхьафхэм ом изытет, тыкъэзыуцухьэрэ дунаим идэхагъэ лъыгъэплъэгъэнхэр – дэхагъэр алъэгъоу пIугъэнхэр, ягулъытэ хэгъэхъогъэныр.)</u>

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«жъ»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[жъ]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 1) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«жъ»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: суффиксэу **«-жъый»** зыфиIорэм гущыIакIэхэр къызэригъэпсыхэрэр ягъэшIэгъэныр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **тыгъужъы, жъапхъэ, чъыIэ, лъэрычъ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **чэтжъый, щэлъэжъый, егъажъэ, жъы, мылым тет.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы:

а) н. 50-м ишIыхьэгъэ къэгъагъэм ытхьапэхэм атетхэгъэ буквэхэм къарегъаджэх ыкIи ахэм япчъагъэ къарегъэлъытэ;

б) буквэхэм зэфэдэу ахэт тамыгъэр къарегъаIо;

в) пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэт буквэу зэрагъэшIагъэхэр зыхэт гущыIэхэр агу къыгъэкIыжьынхэм пае, хырыхыхьэхэр аретых, джэуапхэр доскэм къытыраригъатхэхэзэ, пытэ тамыгъэ зыхэт буквэхэр къахарегъэгъэщых, акIарегъэгъэтхъых:

* *Летом холодит, осенью кормит, весной радует, зимой отдыхает.* (Чъыгы.) * *Что делает зайчик быстрее волка или лисы?*

(Мачъэ.) * *Атракцион, на котором нужно раскачиваться.* (Хъэрен.) * *Как назвать одним словом куклу, мяч, трансформер?* (Джэгуалъ.) * *Как называется явление природы зимой, когда с неба падают белые мягкие пушинки?* (Ос къесы.) * *А как говорят про явление природы, когда с неба падают капли воды?* (Ощх къещхы.) * *Какой по росту дядя Стёпа, проглотивший подъёмный кран?* (Лъагэ.) * *Что за тип игрушки Барби и Искорка?* (Нысхъап.)

2. УГъ-р еуплъэкIу: парт пэпчъ зэдыдэс кIэлэеджакIохэм IофшIэныр къызэрагъэцэкIэжьыгъэ шIыкIэр зэтефэмэ арегъэуплъэкIу. ЕтIанэ кIэлэеджакIохэм ащыщ горэ гущыIэухыгъэхэм къарегъаджэ.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– вместе с Быраб познакомимся с очередной сложной двухзначной согласной буквой с твёрдым знаком;*

*– вспомним знакомые, а также выучим новые слова с этой буквой;*

*– будем учиться рассказывать о зимних явлениях в природе и зимних развлечениях;*

*– будем учиться отвечать на вопросы к рисункам;*

*– проследим за одним из способов образования новых слов.*

4. КIымафэм дунаим къыхэхъухьэхэрэм, кIымэфэ джэгукIэхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) кIымафэм ехьылIэгъэ гущыIэзэгъусэхэу текстым хэтхэр къыхарегъэгъэщых (**ос къесы, мылым тет, лъэрычъэмэ арэчъэ**);

г) текстым кIэлэеджакIохэр ежь-ежьырэу агукIэ регъаджэх;

д) кIэлэеджэкIуитIу-щы амакъэ Iоу къырегъаджэх;

е) упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых:

**Хэта сурэтым итлъагъохэрэр?** Кого мы видим на картинке? **Мыхэр хэтха?** (Мыхэр Нэбзый, Нарт ыкIи Диана.) Какое время года изображено на картинке? (КIымаф.) **Ом изытет сыд фэда?** Погода какая? (Ос къесы. ЧъыIэ.) **Дианэ сыда ышIэрэр?** (Дианэ мылым тет, лъэрычъэмэ арэчъэ.)

*КIалэхэр, Нэбзый не очень запомнил рассказ Нарта. Кто повторит рассказ Нарта для Нэбзыя?* (КIэлэеджэкIуитIу-щымэ къарегъэIотэжьы.)

5. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«жъ»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, Быраб принесла ещё одну сложную двухзначную согласную букву с твёрдым знаком и прикрепила её к следующему лепестку цветика-семицветика? Давайте послушаем наших дикторов, чтобы узнать, как называется эта буква.*

б) IофшI. 2-м, 3-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[жъ]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 216);

в) Т -м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх;

г) гущыIакIэхэр (IофшI. 3) гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

5. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых:

а) *Джы, кIалэхэр, вы будете отгадывать мои загадки. Ответы на них будете искать в словах упражнения 3.* **ШъукъэдаIу, къашъушIэ***:*

* *Уменьшительно-ласкательное слово от слова «чэты».* **(Чэтжъый.)** * *Уменьшительно-ласкательное слово от слова «щалъ».* **(Щэлъэжъый.)** * *Постоянно голодный зверь, живущий в лесу. Кличка его «Серый».* **(Тыгъужъы.)** * *Сооружение на детской игровой площадке, любимое всеми детьми***. (Хъэрен.)** * *Посуда, в которой жарят яйца, картофель.* **(Жъапхъэ.)** * *Какие по возрасту Кощей Бессмертный и Баба Яга?* **(Жъы.)** * *Мужчина пожилого возраста.* **(ЛIыжъы.)** * *Что делает нэнэжъ с яйцами или картошкой перед тем, как их подать к столу?* **(Егъажъэ.)**

б) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 3-р, 4-р арегъэгъэцакIэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ГущыIакIэу зэрагъэшIагъэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р, 5-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 4-м исурэтхэм акIэтхэгъэ гущыIэухыгъэхэм къарегъаджэх, къызэрарегъэдзэкIыжьых;

б) упчIэу «Тыдэ?» зыфэбгъэуцущт гущыIэхэр аужырэ гущыIэухыгъитIумэ къахарегъэгъэщых, ахэм кIэухэу яIэр **(-м)** къарегъаIо;

в) IофшI. 5-м иупчIэхэм арегъэдэIух, джэуапхэр къарегъэтыжьых;

г) Быраб иупчIэхэр кIэлэеджакIохэм «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу зэфагъэуцужьых, ахэм джэуапхэр зэратыжьых.

8. Суффиксэу **«-жъый»** зыфиIорэм гущыIакIэхэр къызэригъэпсыхэрэм лъегъаплъэх (IофшI. 6):

**КIалэхэр, IофшIэнэу 6-м исурэтхэм шъуяплъ! Сравните предметы справа и предметы слева. Скажите, чем они отличаются. (По размеру.) Назовите предметы слева. (Щалъ, чэты, бзыу.) Теперь назовите предметы справа. (Щэлъэжъый, чэтжъый, бзыужъый.) Что общего у названий предметов справа? (...) Тэрэз, кIалэхэр,* **«-жъый»** *это часть слова, которая прибавляется к словам, для уточнения, что предмет маленького размера. *Какие ещё слова, оканчивающиеся на* **«-жъый»** *вы знаете? (Пшъэшъэжъый, шъэожъый.)*

9. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 3-р, 4-р арегъэгъэцакIэх.
10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.
11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 26. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Шъ шъ. Сложная согласная буква Шъ шъ

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– псэушъхьэхэм афэгъэхьыгъэ гущыIэухыгъэ къызэрыкIо кIэкIхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэр;

– къэзыпчъырэ пчъэгъацIэхэр 10-м нэсэу кIэджыкIыжьыгъэнхэр;

– зэпыщыт гущыIэхэр къаIонхэр. <u>(КIэлэеджакIохэм ялогическэ гупшысакIэ хэгъэхъогъэныр.)</u>

2. Псэушъхьэ Iэлхэм ацIэхэр, ахэр зыщыпсэухэрэ чIыпIэхэр ягъэшIэгъэнхэр. <u>(Псэ зыпыт чIыопсым фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр.)</u>

3. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«шъ»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[шъ]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«шъ»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: суффиксэу **«-жъый»** зыфиIорэм къыгъэпсырэ гущыIэхэр кIэджыкIыжьыгъэнхэр; гущыIэухыгъэм иподлежащэу лъыIэсырэ глаголым епхыгъэм кIэухэу **«-р»** къызэрэпыхьэрэр ащымыгъупшэныр.

7. Урокым пшъэрылъэу иӀэр къагурыӀоныр ыкӀи зыӀэкӀамыгъэкӀэу ар зэрэзэшӀуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыӀакӀэхэр: **тхьакӀумкӀыхь, аслъан, къэплъан, мамун, цыгъо, шъабэ, дышъэ.**

КӀаджыкӀыжьырэ гущыӀэхэр, гущыӀэзэгъусэхэр: **чэтжъый, щэлъэжъый, пшъашъэ, пшъэшъэжъый, шъэожъый, мышъэ, шъынэ.**

*Урокым игъусэ ӀэпыӀэгъухэр:* ӀофшӀэнхэмкӀэ тетрадыр.

## Урокым икӀуакӀ

1. ЛФЗ арегъэшӀы: н. 53-м ишӀыхьэгъэ къэгъагъэм ытхьапэхэм атетхэгъэ буквэхэм къарегъаджэх, ахэр зыхэт гущыӀэ зырыз къарегъаӀо.

2. УнэмкӀэ гъэцэкӀэныр еуплъэкӀу.

3. Непэрэ урокым иплан нэӀуасэ фешӀых:

*КӀалэхэр, сегодня мы:*

*– познакомимся с последней, седьмой сложной двухзначной согласной буквой с твёрдым знаком;*

*– вспомним знакомые нам, а также выучим новые слова с этой буквой;*

*– вспомним знакомые нам и выучим новые названия диких животных;*

*– будем составлять короткие предложения о животных;*

*– повторим количественный счёт до 10;*

*– вспомним слова с противоположными значениями.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«шъ»**-м нэӀуасэ фешӀых:

а) *КӀалэхэр, сколько двухзначных букв с твёрдым знаком мы уже знаем?* (Хы.) *А сколько их всего?* (Блы.)

*Сейчас мы выучим седьмую двухзначную букву с твёрдым знаком. Как всегда, её принесла Быраб и прикрепила её к следующему лепестку цветика-семицветика. А что это за буква, подскажут нам наши дикторы. Слушайте и повторяйте за ними.*

б) ӀофшӀ. 1-м, 2-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэӀух, къыкӀарегъэӀотыкӀыжьых;

в) макъэу **[шъ]**-м иартикуляцие къафеӀуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 216);

г) Т-м къыщытыгъэ ӀофшӀ. 1-р, 2-р арегъэгъэцакӀэх;

д) гущыӀакӀэхэр (ӀофшӀ. 2) гущыӀалъэхэм адарегъатхэх;

е) макъэу **[шъ]**-р зэхахымэ, къашІэжьэу ыгъэсэнхэм пае, джэгукІэ зэхещэ:

**КІалэхэр, джы тыджэгущт.** *Я буду называть слова со звуком* **[шъ]**. *Если в названном мной слове звук* **[шъ]** *встречается один раз, то вы хлопаете в ладоши 1 раз, если же в названном мной слове звук* **[шъ]** *встречается два раза, то вы хлопаете в ладоши два раза.* **ШъукъэдаІу! Дышъэ.** (Зэ Іэгушъо теох.) **Пшъашъэ.** (ТІо Іэгушъо теох.) **Мышъэ. Пшъэшъэжъый. Шъабэ. Дышъэ. Шъэожъый.**

4. ГущыІакІэхэр агу раубытэнхэм фэшІ, хырыхыхьэхэр зэхарегъэгъэуцох, ахэм яджэуапхэр къарегъаІох; гущыІакІэхэр хэтхэу гущыІэухыгъэхэр зэхарегъэгъэуцох:

* Скажите, какой плюшевый медведь наощупь? (Мышъэр шъабэ.) * Какого цвета золото? **Дышъэр сыд фэда?** (Дышъэр гъожьы.) * Ответьте на вопросы, называя цвет и величину животных в упражнении 2. **Мышъэр сыд фэда?** (Мышъэр ины, гъожьы.) **Шъынэр сыд фэда?** (Шъынэр цІыкІу, фыжьы.) * Ответьте на вопросы, называя рост изображённых людей. **Пшъашъэр сыд фэда?** (Пшъашъэр лъагэ.) **Шъэожъыемрэ пшъэшъэжъыемрэ сыд фэдэха?** (Шъэожъыемрэ пшъэшъэжъыемрэ лъхъанчэх.)

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Псэушъхьэ Іэлхэм ацІэу амышІэхэрэр ягъэшІэгъэнхэм ыкІи ашІэхэрэр агу къэгъэкІыжьыгъэнхэм фэлэжьэрэ ІофшІ. 3-р арегъэгъэцакІэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэІух, къыкІарегъэІотыкІыжьы;

б) псэушъхьэхэм аІыгъ табличкэхэм атетхэгъэ номерхэр зэрэзэкІэлъыкІохэрэм тетэу, ахэм ацІэхэр къарегъаІох:

**Зы – ар аслъан, тІу – ар …**

8. КІэлэеджакІохэм ялогическэ гупшысакІэ хэхъоныгъэ егъэшІыгъэным фэлэжьэрэ ІофшІ. 5-р арегъэгъэцакІэ: къэтыгъэ гущыІэхэм ямэхьанэхэмкІэ къапыщытхэр къарегъаІох.

9. ІофшІ. 6-м исурэтхэмкІэ гущыІэухыгъэхэр зэхарегъэгъэуцох.

9. Т-м къыщытыгъэ ІофшІэнхэм ащыщхэу ежь кІэлэеджакІохэр зыфаехэр арегъэгъэцакІэх.

10. УрокымкІэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшІых.

11. УнэмкІэ гъэцэкІэныр ареты.

## Урокэу 27. Темэу «Пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитӀу буквэ зэхэлъхэр» зыфиӀорэмкӀэ зэфэхьысыжь. Обобщение по теме «Двухзначные сложные буквы с твёрдым знаком»

*Пшъэрылъ шъхьаӀэхэр:*

1. ЖэрыӀуабзэм икъулайныгъэхэр аӀэкӀэгъэхьанхэр:

– макъэ-буквэу **«шъ»**-м фэгъэхьыгъэ ӀурыӀупчъэр ягъэшӀэгъэныр;

– пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитӀузэхэт буквэхэр зыхэт гущыӀэхэм афэгъэхьыгъэ хырыхыхьэхэр къашӀэнхэр.

2. Темэм фэгъэхьыгъэ творческэ ӀофшӀэнэу Т-м къыщытыгъэхэр агъэцэкӀэнхэр. (КӀэлэеджакӀохэм ягулъытэ, ялогическэ гупшысакӀэ хэгъэхъогъэныр.)

3. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэу яӀэхэр нахьышӀу шӀыгъэнхэр: пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитӀузэхэт буквэхэм ятхыкӀэ зэрашӀэрэр нахьышӀу шӀыгъэныр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэу яӀэхэр нахьышӀу шӀыгъэнхэр: пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитӀузэхэт буквэхэм ямакъэхэр къызэраӀошъурэр, ахэр зэхахыхэмэ, къызэрашӀэжьхэрэр нахьышӀу шӀыгъэныр.

6. ТхэнымкӀэ якъулайныгъэхэр нахьышӀу шӀыгъэнхэр: хэукъоныгъэхэр хамышӀыхьэхэу, гущыӀэу ашӀэхэрэр атхышъунхэр.

7. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэхэр нахьышӀу шӀыгъэнхэр: гущыӀэухыгъэм иподлежащэу лъыӀэсырэ глаголым епхыгъэм кӀэухэу **«-р»** къызэрэпыхьэрэр ащымыгъупшэныр.

8. Урокым пшъэрылъэу иӀэр къагурыӀоныр ыкӀи зыӀэкӀамыгъэкӀэу ар зэрэзэшӀуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыӀакӀэхэр: **пкӀашъ, шъэджашъ, мэӀушъашъэ, мэӀушъашъэх.**

КӀаджыкӀыжьырэ гущыӀэхэр: пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитӀузэхэт буквэхэр зыхэт гущыӀэу зэрагъэшӀагъэхэр**.**

*Урокым игъусэ ӀэпыӀэгъухэр:* ӀофшӀэнхэмкӀэ тетрадыр.

### Урокым икӀуакӀ

1. УГъ-р еуплъэкӀу:

а) тэрэзэу гъэцэкӀэныр къэзышӀыжьыгъэхэм ащыщ кӀэлэеджакӀоу пэшӀорыгъэшӀэу ыуплъэкӀугъэр гущыӀэу къытхыгъэхэм къарегъаджэ, зэкӀэми а гущыӀэ дэдэхэр арымэ къатхыгъэхэр яупчӀы, хэукъоныгъэхэр зышӀыгъэхэм арегъэгъэтэрэзыжьых;

б) кIэлэеджакIохэм чэзыу-чэзыоу гущыIэ зырыз доскэм къытырарегъатхэ, хэукъуагъэхэм яхэукъоныгъэхэр арегъэгъэтэрэзыжьых;

в) пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэт буквэхэм акIарегъэгъэтхъы.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, наш сегодняшний урок является уроком обобщения изученных нами двухзначных согласных букв с твёрдым знаком. Мы сегодня:*

*– проверим наше умение узнавать на слух изученные звуки-буквы с твёрдым знаком;*

*– проверим, умеем ли мы их правильно писать;*

– выучим скороговорку на звук **[шъ]**;

*– выполним творческие упражнения из учебника и в рабочей тетради.*

4. Макъэу **[шъ]**-р зэхахымэ, ар къызэрашIэжьырэр уплъэкIугъэным фэгъэхьыгъэ IофшI. 1-р, унашъоу пылъым елъытыгъэу, джэгукIэ шъуашэм итэу арегъэгъэцакIэ.

5. КIэлэеджакIохэм яшIэжь хэхъоныгъэ езыгъэшIырэ IофшI. 2-р арегъэгъэцакIэ.

6. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«шъ»**-м фэгъэхьыгъэ IурыIупчъэм (IофшI. 3) нэIуасэ фешIых:

а) сурэтым регъэплъых, ащ ралъагъорэм тырегъэгущыIэх:

**КIалэхэр, сыда мыхэр?** *(Мышъэшхомрэ мышъэ цIыкIумрэ.) Обратите внимание на то, какой огромный медведь. Огромный по-адыгейски звучит так:* **шъэджашъ**. *Повторите:* **шъэджашъ**. *Как вы думаете, кем приходятся друг другу большой медведь и медвежонок? (Это папа медведь и его сыночек.) «Медвежонок» по-адыгейски будет звучать так:* **щырыжъый**. *Повторите:* **щырыжъый**. *Медвежонка зовут* **Щырыжъый.** *А как вы считаете, как папа Медведь относится к своему сыночнку Мишутке? (Медведь относится к своему Мишутке заботливо, ласково.)* **Щырыжъый** *набегался и устал, поэтому папа* **Мышъэ** *уложил его спать. Вот об этом и говорится в скорогокорке. Давайте послушаем скороговорку;*

б) аудиогуалъхьэм зытIо-зыщэ регъэдэIух;

в) Iахь-Iахьэу зытIо-зыщэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу къырегъаджэх;

д) нэбгырэ зырызэу «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу къырегъаджэх.

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.* Мы такъикъыр урокым итемэ рипхызэ, гущыIакIэхэр агу раубытэным фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р джэгукIэ шъуашэм итэу кIэлэеджакIохэм афызэхищэмэ, шIуагъэ хэлъэу уахътэр кIэлэегъаджэм ыгъэфедэн ылъэкIыщт:

а) IофшIэным (4) унашъоу пылъым къафеджэ;

б) пкIэшъэ Iушъэшъэ макъэр (**«шъ-шъ-шъ»**) къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) н. 132-м ишIыхьэгъэ чъыгэу жьыбгъэм ыгъэсысырэм регъэплъых ыкIи яупчIы:

*Как вы думаете, можно ли отнести этот рисунок к данной ситуации и почему?*

Джэуапхэр къызатыхэхэкIэ, кIэлэеджакIохэр доскэм къыдещых, анэIухэр ежь кIэлэегъаджэм къыфэгъэзагъэхэу егъэуцух ыкIи ареIо:

*КIалэхэр, мы будем по секрету передавать по цепочке слова со звуком* **[шъ]**, *то есть шептать их друг другу на ушко. А ученик, стоящий последним в шеренге, будет вслух воспроизводить услышанное им. Итак, начинаю я.*

Апэрэу щыт кIэлэеджакIом ытхьакIумэ еIушъашъэ: **шъ-шъ-шъ**. Джаущтэу гущыIэхэм (**пкIашъ, пкIашъэхэр, мэIушъашъэ, мэIушъашъэх**) Iоф адарегъашIэ;

г) гущыIакIэхэр тетрадхэм адарегъатхэх.

1. Творческэ IофшIэнхэу кIэлэеджакIохэм ялогическэ гупшысакIэ, ягулъытэ хэзыгъахъохэрэр мыщ фэдэ зэкIэлъыкIуакIэ яIэу арегъэгъэцакIэх:

а) ЕТ-мкIэ – IофшI. 5-р;

б) Т-мкIэ: IофшI. 1-р, 2-р;

в) ЕТ-мкIэ – IофшI. 6-р;

г) Т-мкIэ: IофшI. 3-р, 4-р.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УГъ-р ареты: ЕТ-мкIэ IофшI. 7-р, 8-р.

## Урокэу 28. Пытэ тамыгъэмрэ тамыгъэу «у»-рэ зыхэт тамыгъищзэхэт буквэхэр. Трёхзначные буквы с твёрдым знаком и знаком «у»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– гущыIакIэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– адыгэ шэн-хабзэу унэм къихьэрэр Іанэм егъэблэгъэным фэгъэхьыгъэ зэдэгущыІэгъу ашІышъоу гъэсэгъэнхэр (Адыгэ хабзэхэр ящысэхэу пІугъэнхэр.);

– адыгэ шхынхэм, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм ацІэу ашІэхэрэм ахэгъэхъогъэныр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шІэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэ Іужъухэм ябуквэхэм (ахэм ащыщхэм буквитІу зэкІэлъыкІохэм афэдэу, ащыщхэм хэушъхьафыкІыгъэу) къызэряджэхэрэм нэІуасэ фэшІыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шІэныгъэхэр ятыгъэнхэр: мэкъэ Іужъухэм яартикуляцие ашІэныр ыкІи макъэхэр амыукъохэу къаІонхэр.

5. Аудированиер: ямынэІосэ гущыІэ зытІущ зыхэт текстым (ІофшІ. 3) едэІухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыІоныр.

6. ТхэнымкІэ къулайныгъэхэр аІэкІэгъэхьанхэр: мэкъэ Іужъоу зэрагъэшІагъэхэр зыхэт гущыІэу ашІэхэрэр ыкІи мы урокым нэІуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Іоф дэшІэгъэныр.

7. ЕджэнымкІэ яІэпэІэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (ІофшІ. 3).

8. Урокым пшъэрылъэу иІэр къагурыІоныр ыкІи зыІэкІамыгъэкІэу ар зэрэзэшІуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыІакІэхэр: **гъупчъэ, жъуагъо, къурамбый, хъурмэ, къужъы, шъуае.**

КІаджыкІыжьырэ гущыІэхэр, гущыІэзэгъусэхэр: **шхын, адыгэ шхын, къундысыу, къуае, адыгэ къуае, гъунэгъу.**

*Урокым игъусэ ІэпыІэгъухэр:* ІофшІэнхэмкІэ тетрадыр.

## Урокым икІуакІ

1. ФЗ-кІэ кІэлэеджакІохэм урокыр рарегъэгъажьэ:

а) макъэу **[шъ]**-м фэгъэхьыгъэ ІурыІупчъэу блэкІыгъэ урокым щызэрагъэшІагъэм иаудиогуалъхьэ джыри зэ регъэдэІужьых;

б) кІэлэеджакІохэр зэкІэ зэгъусэхэу ІурыІупчъэр къарегъаІо;

в) нэбгырэ зырызэу къарегъаІо –УГъ-р еуплъэкІу.

2. Непэрэ урокым иплан нэІуасэ фешІых:

*КІалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– познакомимся с пятью новыми буквами, состоящими из трёх знаков;*

*– вспомним знакомые нам и выучим новые слова с этими буквами;*

*– вместе с Сэтэнай и Быраб научимся адыгскому этикету гостеприимства – умению приглашать гостя к столу.*

3. Мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэм ащыщхэм буквитIу зэкIэлъыкIохэм афэдэу къызэряджэхэрэм, ащыщхэм – хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зэряIэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ:

а) *КIалэхэр, вы уже знаете все семь двухзначных букв с* **«ъ»**. *Вот они написаны на доске в алфавитном порядке. Давайте их прочитаем. (Доскэм тетхэгъэ буквэхэм къарегъаджэх:* **гъ, жъ, къ, лъ, хъ, чъ, шъ**.*) К пяти буквам из семи этих букв авторы алфавита добавили третий знак* **«у»** *и получили 5 трёхзначных букв. Посмотрите таблицу. (Таблицэр къызэIуехы ыкIи буквэхэм къафеджэ):*

| |
|---|
| гъ + у = гъу |
| жъ + у = жъу |
| къ+ у = къу |
| хъ+ у = хъу |
| шъ+ у = шъу |

*Обратите, пожалуйста, внимание на то, что две буквы из пяти синего цвета. Это неспроста, а для того, чтобы вы лучше запомнили одну важную вещь: буквы чёрного цвета читать легко, потому что их нужно читать как сочетание двух букв:* **гъ + у = гъу**; **къ + у = къу**; **хъ + у = хъу**. *Что касается двух букв синего цвета, то они не читаются как сочетание двух букв, а по-особому. И особое название этих двух букв нужно просто запомнить. Послушайте:* **жъ + у = жъу**; **шъ + у = шъу**.

б) аудиогуалъхьэм зытIо-зыщэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы; в) мэкъэ Iужъухэр къаIохэ зыхъукIэ, IупшIэхэр ухъурэигъэхэу ыкIи ыпэкIэ тIэкIу къэщагъэхэу щытынхэ зэрэфаер кIэлэеджакIохэм афеIуатэ.

г) *КIалэхэр, теперь я хочу убедиться, что вы хорошо запомнили правило чтения трёхзначных букв с* **«ъ»** *и знаком* **«у»**. *Я буду медленно называть эти же буквы. Если буква, которую я назвала, читается не как сочетание двух букв, а по-особому, вы хлопаете в ладоши.* **ШъукъэдаIу: къу** *(Iэгушъо теохэрэп),* **жъу** *(Iэгушъо теох),* **хъу** *(Iэгушъо теохэрэп)*, **гъу** *(Iэгушъо теохэрэп)*, **шъу** *(Iэгушъо теох).*

д) *Посмотрите, пожалуйста, изображение ладони на странице 60. Скажите, почему именно этот рисунок здесь нарисован?*

*Помогает ли нам такой рисунок легче запомнить количество трёхзначных букв с «***ъ***» и знаком «***у***» в адыгейском алфавите?*

4. Мэкъэ Іужъухэр зыхэт гущыІэхэм нэІуасэ афешІых:

а) ІофшІ. 2-м иаудиогуалъхьэ регъэдэІух, къыкІарегъэІотыкІыжьы;

б) гущыІакІэхэр гущыІалъэхэм адарегъатхэх.

5. ГущыІакІэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ джэгукІэ зэхещэ:

а) *Джы, кІалэхэр, тыджэгущт. Поиграем в игру «Пойми меня». Вы сами придумаете загадки на новые слова в упр. 2. Кто будет догадываться, о каком слове речь идёт, тот будет поднимать руку и отвечать. Если вы будете затрудняться, я буду вам помогать.*

КІэлэеджакІохэм гъэцэкІэныр къин къащыхъу зыхъукІэ, кІэлэегъаджэм ежь ивариантхэр ареІох. ГущыІэм пае:

**Форма этого инструмента, который используется в личном хозяйстве, похожа на загнутый вверх петушиный хвост. (Гъупчъ.)* **Сладкая выпечка из муки, сахара и масла. (Къурамбый.)* **Молочный продукт, превосходящий по своему качеству аналогичные изделия других народов. (Адыгэ къуае.)* **Название одного из деталей флага РА. (Жъуагъо.)* **Сладкий оранжевый плод, который растёт в Абхазии. (Хъурмэ.)* **Грызун, который больше цыгъо по своим размерам. (Шъуае.)*

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Адыгэ шэн-хабзэу унэм къихьэрэр Іанэм егъэблэгъэным фэгъэхьыгъэ зэдэгущыІэгъу ашІышъоу ыкІи гущыІакІэхэр яжабзэ щагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ ІофшІ. 3-р, 4-р арегъэгъэцакІэх:

а) ІофшІ. 3-м иаудиогуалъхьэ регъэдэІух;

в) гущыІэухыгъэ пэпчъ ригъэдэІухэзэ къыкІарегъэІотыкІыжьы;

г) тамыгъиіщэу зэхэт буквэхэр зыхэт гущыІэхэр диалогым къыхарегъэгъэщых, къарегъаджэх;

д) диалогым рольхэмкІэ къырегъаджэх;

е) диалогым фэгъэхьыгъэ зэдэгущыІэгъу адешІы:

*Как Сэтэнай пригласила Быраб в свой дом? (Сэтэнай сказала: «**Быраб, къеблагъ!**») *Что предложила Сэтэнай своей гостье? (Сэтэнай пригласила свою гостью к столу и предложила поесть.) ***Сэтэнай иІанэ сыд фэдэ шхынха телъхэр?** Какие продукты на столе Сэтэнай? (Сэтэнай иІанэ мыщ фэдэ шхынхэр телъых: **къурамбый, щэлам, къужъы, къужъыпс, хъурмэ**.)

д) IофшI. 4-м кIэлэеджакIохэр ежь-ежьырэу регъаджэх;

е) зэджагъэхэ фразэхэр агъэфедэхэзэ, ежьхэм ягъунэгъухэм афэгъэхьыгъэу къэIонхэр (высказывания) къарегъэшIых.

8. Т-м дэт IофшIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэгъэцакIэх.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 29. Буквэхэу «жъу», «шъу» зыфиIохэрэм ыкIи буквэ-пычыгъохэу «жъо», «шъо» зыфиIохэрэм яхаушъхьэфыкIыгъэ къеджакI. Особое чтение букв «жъу», «шъу» и букв-слогов «жъо», «шъо»

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– гущыIакIэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщ цIыфхэм ащыгъ лъэпкъ шъуашэхэр зыфэдэхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэр. (Адыгэ Республикэм щыпсэурэ лъэпкъ пэпчъ ежь иеу шъошэ гъэнэфагъэ зэриIэр ягъэшIэныр, культурэ зэфэшъхьафхэм шъхьэкIафэ афашIэу пIугъэнхэр.)

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэм якъеджакIэ Iоф дэшIэгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: тамыгъитIумэ (ъ + у) къагъэпсырэ буквэ-мэкъэ Iужъухэр къаIохэ зыхъукIэ, ахэм яартикуляцие амыукъоныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 4) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: мэкъэ Iужъоу зэрагъэшIагъэхэр зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 4).

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **мажъо, мэжъу, шъоу, шъуашэ, шъоры.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **жъы, егъажъэ, жъапхъэ, шъабэ, мышъэ, шъынэ, жъуагъо, шъукъэдаIу.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

## Урокым икIуакI

1. ФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ:

а) макъэу **[шъ]**-м фэгъэхьыгъэ IурыIупчъэр (урокэу 27, уцугъоу 3) кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу къарегъаIо;

б) хьарыфхэмрэ пычыгъохэмрэ ятаблицэ хэт мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэм къарегъаджэх.

2. УГъ-р еуплъэкIу: партхэмкIэ зэгос кIэлэеджакIохэм IофшIэныр зэфэдэу къашIыжьыгъэмэ, зэрэуплъэкIужьынхэу унашъо афешIы. Ащ ыуж гъэцэкIэныр тэрэзэу къэзышIыжьыгъэмэ ащыщ кIэлэеджакIо горэ къытхыгъэм къырегъаджэ.

Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы:*

*– будем повторять двухзначные буквы* **«жъ»** *и* **«шъ»** *и трёхзначные буквы, образованные при помощи двух вспомогательных знаков* **«ъ»** *и* **«у»;**

*– познакомимся с трёхзначными буквами-слогами, образованными при помощи двух вспомогательных знаков* **«ъ»** *и* **«о»**;

*– учить новые слова и повторять знакомые с названными буквами и буквами-слогами;*

*– учиться рассказывать о том, кто из героев нашего учебника в какой национальный костюм одет.*

4. БлэкIыгъэ урокым щызэрагъэшIэгъэ гущыIэхэр джэгукIэ шъуашэм итэу кIэлэеджакIохэм арегъэгъэпытэжьых:

*а) КIалэхэр, джы тыджэгущт. Игра называется «Услышь меня». Вы делитесь на две команды – команду девочек и команду мальчиков. Команды становятся в шеренгу. Впереди стоящему в команде я буду шептать на ухо какое-либо слово или же короткое предложение. Вы будете передавать друг другу шёпотом то, что я скажу. Стоящий последним в команде должен озвучить услышанное им слово. Если его вариант совпадёт с тем, что я шептала на ухо первому, то команда получит фишку-очко. Команда, которая наберёт больше фишек, будет считаться победителем.*

КIэлэегъаджэм ариIощт гущыIэхэр, гущыIэухыгъэхэр:

1. Апэрэ командэм – **шъуае**, ятIонэрэ командэм – **жъуагъо**.

2. Апэрэ командэм – **Шъуаер иныр**. ЯтIонэрэ командэм – **Жъуагъор плъыжьы**.

3. Апэрэ командэм – **Мы шъуаер ины**. ЯтIонэрэ командэм – **Мы жъуагъор плъыжьы**.

5. Мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэм къатекIырэ буквэ-пычыгъохэм якъеджакIэ нэIуасэ фешIых:

а) таблицэр доскэм къытрырегъадзэ (къытырегъапкIэ)

| | | | |
|---|---|---|---|
| гъ + | о = | гъо | [гъуэ] |
| жъ + | о = | жъо | [жъуэ] |
| къ + | о = | къо | [къуэ] |
| хъ + | о = | хъо | [хъуэ] |
| шъ + | о = | шъо | [шъуэ] |

ыкIи кIэлэеджакIохэм упчIэхэр афигъэуцухэзэ, лъыплъэныгъэхэр арегъэшIых:

*КIалэхэр, таблицэм шъуеплъ! Посмотрите внимательно на таблицу и попробуйте ответить на мои вопросы:*

**Что за буквы мы видим в первом столбике этой таблицы? (Двухзначные буквы с* **«ъ»***-м.) *Что за буква повторяется во втором столбике? (Буква* **«о»***.) *Сочетания каких букв мы видим в третьем столбике? (Сочетания двухзначных букв с* **«ъ»***- м и буквы* **«о»***). А что показывает 4-ый столбик? (Четвёртый столбик показывает, как читаются сочетания двухзначных букв с* **«ъ»***-м и буквы* **«о»***.)*

б) кIэлэегъаджэм зэфэхьысыжь къешIы:

*КIалэхэр, вы уже знаете все 5 трёхзначных букв, образованных при помощи вспомогательных знаков* **«ъ»** *и* **«у»***. Посмотрите их ещё раз на пяти пальцах руки, нарисованной на стр. 60. А сегодня мы увидели в таблице образование не букв, а букв-слогов, путём замены знака* **«у»** *на знак* **«о»** *в трёхзначных буквах, изображённых на пальцах руки. Почему же сочетания букв в нашей таблице называются не буквами, а буквами-слогами? Это объясняется просто: таких букв вы не найдёте в алфавите адыгейского языка. Вы можете спросить: «А почему они называются буквами-слогами?». Ответ тоже простой: «Сочетания букв в нашей таблице называются буквами-слогами, потому что они образованы от сложных трёхзначных букв, но в отличие от букв, от которых образованы, всегда образуют слог, так как озвучиваются на чистый гласный звук* **[э]**. *А чистых гласных звуков в адыгейском языке три:*

*[а], [э], [ы]. Именно они и образуют слоги». Давайте прочитаем буквы-слоги, получившиеся в последнем столбике нашей таблицы.*

в) буквэ-пычыгъохэм къафеджэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

г) *КIалэхэр, теперь я хочу, чтобы вы сами сделали вывод. Скажите, какие буквы-слоги читаются как сочетания двух букв, а какие – по-особому?*

КIэлэеджакIохэм яшIошIхэр къарегъаIох.

д) *Теперь я буду читать эти же буквы-слоги. Когда я прочитаю букву-слог, которая читается не как сочетание двух букв, а по-особому, вы хлопаете в ладоши.*

**ШъукъэдаIу: къо** (Iэгушъо теохэрэп), **жъо** (Iэгушъо теох), **хъо** (Iэгушъо теохэрэп)**, гъо** (Iэгушъо теохэрэп)**, шъо** (Iэгушъо теох).

6. ТамыгъитIузэхэт буквэхэр (**жъ, шъ**), ахэм къатекIырэ мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэр (**жъу, шъу**) зыхэт пычыгъохэм, буквэ-пычыгъохэм (**жъо, шъо**) ыкIи ахэр зыхэт гущыIэхэм якъеджакIэ IофшI. 2-м, 3-м, унэшъо-шIыкIэу апылъхэм атетэу, кIэлэеджакIохэм щарегъэгъэпытэжьы.

7. АР-м ис цIыф лъэпкъхэм яшъуашэхэм ятеплъэхэр зыфэдэхэм, лъэкъ шъуашэхэм ацIэхэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэм ыкIи сурэтым ишIыхьэгъэ шъэожъыехэм ащыгъ шъуашэхэр зыфэдэхэр къаIошъунхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р арегъэгъэцакIэ:

а) *КIалэхэр, давайте вспомним о том, представители каких национальностей проживают у нас в республике. (***Адыгэхэр, урысхэр, ермэлхэр, урымхэр, къэнзалхэр***.) Джы IофшIэнэу 4-м исурэт шъуеплъ! Нарт показывает нам своих друзей, которые являются представителями разных национальностей. А каких национальностей – нам помогут разобраться наши дикторы.*

б) аудиогуалъхьэм регъэдэIух;

в) гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) текстым хэт цIэхэр къыхарегъэгъэщых, шъэожъыехэр лъэпкъэу зыщыщхэр, етIанэ шъэожъые пэпчъ щыгъ лъэпкъ шъуашэр къарегъаIох:

**Влад (Армен, Ильяс, Астемыр) сыд фэдэ лъэпкъа зыщыщыр?** Кто Влад (Армен, Ильяс, Астемыр) по национальности?

**Влад (Армен, Ильяс, Астемыр) сыд фэдэ шъуаша щыгъыр?** В какой национальный костюм одет Влад (Армен, Ильяс, Астемыр)?

д) IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ.

8. Т-м дэт IофшIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэгъэцакIэх.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 30. Буквэхэу «жъу», «шъу», буквэ-пычыгъохэу «жъо», «шъо» зыфиIохэрэмкIэ зэфэхьысыжь. Обобщение по буквам «жъу», «шъу» и буквам-слогам «жъо», «шъо»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– мэкъэ Iужъухэр зыхэт гущыIэу зэрагъэшIагъэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– чэщ ошъогум идэхагъэ фэгъэхьыгъэ фразэхэр агъэфедэхэзэ, гущыIэгъу-зэдэгущыIэгъухэр ашIышъухэу гъэсэгъэнхэр. (Тыкъэзыуцухьэрэ дунаим идэхагъэ гу лъатэу, ар агъэшIагъоу, агу щыхъэрэ-щышIэрэр къыраIотыкIышъоу пIугъэнхэр.)

3. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэм къызэряджэхэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

5. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэр къызэраIохэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

6. Аудированиер: нэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 2) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

7. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: мэкъэ Iужъоу зэрагъэшIагъэхэр зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

8. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 2, 3).

9. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **ошъогу, жъогъошху, ошъогум из.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **еплъ, шъуеплъ, сыдэу даха!**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

1. ЛФЗ-кIэ кIэлэеджакIохэм урокыр рарегъэгъажьэ:

а) IофшI. 1-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) буквэхэм, буквэ-пычыгъохэм ащыщхэу хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зиIэхэр къыхарегъэгъэщых, къарегъаIох (**жъу, шъу, жъо, шъо**);

в) унэшъо наклонением, зы пчъагъэм ыкIи бэ пчъагъэм арыт глаголхэр интерактивнэ доскэм къытырырегъадзэх е къытыретхэх:

| **Зы пчъагъ. Единств. число.** | **Бэ пчъагъ. Множ. число.** |
|---|---|
| едж! | шъуедж! |
| тхэ! | шъутхы! |
| тхы! | шъутх! |
| къэдаIу! | шъукъэдаIу! |
| еплъ! | шъуеплъ! |
| джэгу! | шъуджэгу! |
| къэтэдж! | шъукъэтэдж! |
| тIыс! | шъутIыс! |

г) глаголхэм зырызэу къафеджэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьых, етIанэ упчIэхэр аретых:

*Из какого столбика мы используем слова, когда обращаемся к одному человеку? А из какого столбика мы используем слова, когда обращаемся ко многим?*

Джэуапхэр къызатыхэкIэ, кIэлэеджакIохэм джыри зафегъазэ:

*Теперь я проверю, насколько вы внимательны: я буду обращаться к одному или же ко многим лицам, а вы – заканчивать мое предложение, выбрав подходящее слово из той строчки, на которую я буду показывать указкой.* **ШъукъэдаIу!**

**Къантемыр, тхылъым** …(едж)**! Къантемыр, Мадинат, тхылъым** …(шъуедж)**! КIэлэеджакIохэр,** …(шъукъэдаIу)**! Быраб, сурэтым** …(еплъ)**! Быраб, Пырац, сурэтым** …(шъуеплъ)**!**

КIэлэегъаджэм кIэлэеджакIохэм ащыщ горэм ыцIэ къыреIо:

**Гупсан,** …(къэтэдж)**! Гупсан** …(тIысыжь)**!**

НэбгыритIумэ ацIэ къыреIо:

**Сусана, Алый,** …(шъукъэтэдж)**! Сусана, Алый,** …(шъутIысыжь)**!**

2. УГъ-р еуплъэкIу. КIэлэегъаджэм кIэлэеджакIохэм зафегъазэ:

а) *Джы, кIалэхэр, унэмкIэ гъэцэкIэныр тыуплъэкIущт. Проверим домашнее задание. В упражнении, которое вы выполнили дома,*

*есть два созвучных друг другу слова. Вот они написаны на доске:* **мэжъу, мажъо**. *Я хочу проверить, понимаете ли вы значения этих слов: я буду начинать предложения, а вы заканчивать их, сказав одно из двух слов, которое подходит к контексту.* **ШъукъэдаIу!**

**Синэнэжъ ищыпс …**(мажъо)**. Гъатхэм осыр …**(мэжъу)**. Непэ фабэ. Мылыр …**(мэжъу)**. Лыр лъэшэу …**(мажъо)**.**

б) *Я буду показывать костюмы разных народов, а вы должны сказать хором, какого народа этот костюм, прочитав одно из словосочетаний на доске.*

Доскэм гущыIэзэгъусэхэр тетхагъэх: **адыгэ шъуаш, урыс шъуаш, ермэл шъуаш, урым шъуаш, къэнзал шъуаш**.

в) Кто напомнит дежурным, что они дежурные, обратившись к ним по именам? **(Самир, Амина, шъоры непэ дежурнэр.)**

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы будем учиться рассказывать и беседовать друг с другом о красоте ночного неба, а также будем выполнять упражнения в рабочих тетрадях, помогающие развитию мышления и фонетического слуха.*

4. Чэщ ошъогум идэхагъэ фэгъэхьыгъэ фразэхэр агъэфедэхэзэ, гущыIэгъу-зэдэгущыIэгъухэр ашIышъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 2-р – 5-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 2-м исурэт регъэплъых:

**КIалэхэр, IофшIэнэу 4-м исурэт шъуеплъ! Сыда мыр?** …(небо). **Тэрэз, кIалэхэр, мыр ошъогу. КъашъуIо: ошъогу. Мыр чэщ ошъогу.** Это ночное небо. **КIалэхэр, джы IофшIэнэу 2-м исурэт шъуеплъ! Нэбзый, Пырац, Быраб аIоу сыда ашIэрэр? Нэбзый, Пырац, Быраб аIоу ошъогум еплъых. КъашъуIо: ошъогум еплъых. Нэбзый, Пырац, Быраб аIоу чэщ ошъогум еплъых. КъашъуIо: чэщ ошъогум еплъых. Сыда мыхэр?** (Мыхэр жъуагъох.) **Ошъогум жъогъошхо ита?** В небе есть большая звезда? **КъашъуIо: жъогъошху. КъашъуIо: Ошъогум жъогъошхо ит. Джыри сыда ошъогум итыр? Что ещё мы видим в небе? (Луну.) Ары, кIалэхэр,** *это лунная ночь, потому что только в лунную ночь мы можем видеть звёзды в небе. Видите, в небе полно звёзд – жъуагъохэр ошъогум изых!* **КъашъуIо: Жъуагъохэр ошъогум изых!** *Вот на эту красоту ночного звёздного неба и обратил внимание Нэбзый, который делится своими впечатлениями со своими друзьями. Давайте послушаем их разговор.*

б) аудиогуалъхьэм (IофшI. 2) регъэдэIух;

в) гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) амакъэ мылъэшэу кIэлэеджакIохэр зэкIэ текстым регъаджэх;

д) нэбгырэ зырызэу къырегъаджэх; IофшI. 3-р, унашъоу пылъым тетэу, арегъэгъэцакIэ.

5. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

6. IофшI. 4-м, партхэм зэрадэсхэм тетэу, нэбгырэ тIурытIоу рольхэмкIэ къеджэнхэу зыкъагъэхьазырынэу зы такъикъ ареты. Хьазыр хъухэрэр къыригъаджэхэзэ, зэкIэ IофшIэным хегъэлажьэх.

8. Т-м дэт IофшIэнхэу игъо зыфифэхэрэр диалогым къеджахэхэрэм арегъэгъэцакIэх.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 31. Зэпыщыт мэхьанэ зиIэ гущыIэхэр. Слова с противоположными значениями

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– зэпыщыт мэхьанэ зиIэ гущыIэхэр агъэфедэхэзэ, кIэлэеджакIохэм яжабзэ нахь бай, нахь IупкIэ шIыгъэныр, <u>ягулъытэ хэгъэхъогъэныр</u>;

– ом изытет гущыIэухыгъэ къызэрыкIо кIэкIхэмкIэ къытегущыIэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– илъэсым иохътэ зэфэшъхьафхэм тыкъэзыуцухьэрэ дунаим итеплъэ зызэрэзэблихъурэм лъыплъэшъухэу ыкIи къатхыхьашъоу гъэсэгъэнхэр. (<u>Къэзыуцухьэхэрэ дунаим лъыплъэныгъэхэр щашIышъухэу гъэсэгъэнхэр.</u>)

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэм якъеджакIэ нахьышIу шIыгъэныр.

5. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэм якъэIуакIэ нахьышIу шIыгъэныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: мэкъэ Iужъоу зэрагъэшIагъэхэр зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. КIэлэеджакIохэм ятворческэ IэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 6).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **къегъэжъу, къегъэщты, шъуамбгъо, бгъузэ, гъумы, псыгъо, лъхъанчэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **лъагэ, тыгъэр къепсы, ощх къещхы, ос къесы, чъыIэ, фабэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ-кIэ кIэлэеджакIохэм урокыр рарегъэгъажьэ:

а) IофшI. 1-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) буквэхэм, буквэ-пычыгъохэм ащыщхэу хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зиIэхэр къыхарегъэгъэщых, къарегъаIох (**жъу, шъу, жъо, шъо**).

2. УГъ-р еуплъэкIу: кIэлэеджакIохэм ащыщ горэ къытхыгъэ гущыIэхэм къарегъаджэ, адрэ кIэледжакIохэмрэ мыррэ къатхыгъэ гущыIэхэр зэтефэхэмэ арегъэуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы;*

*– выучим слова с противоположными значениями;*

*– будем рассказывать о погоде в разное время года;*

*– отгадаем загадки о погоде в разное время года.*

4. Зэпыщыт мэхьанэ зиIэ гущыIэхэр агъэфедэхэзэ, кIэлэеджакIохэм яжабзэ нахь бай, нахь IупкIэ шIыгъэным, ягулъытэ хэгъэхъогъэным фэгъэхьыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх:

а) н. 66-м ишIыхьэгъэ сурэтхэм арегъэплъых, рамкэхэм арышIыхьэгъэ пкъыгъуитIу пэпчъ зэрэзэтекIхэрэр урысыбзэкIэ къарегъаIо. (В первой рамке нарисованы ленты, разные по ширине и по цвету, во второй рамке – карандаши, разные по толщине и цвету, в третьей рамке – дядя Стёпа и гном, разные по росту, в четвёртой рамке – разные явления природы: таяние и замерзание.);

б) сурэтхэм акIэтхэгъэ гущыIэхэм зэпыщыт мэхьанэ зэряIэм кIэлэеджакIохэр къырещалIэх:

*А скажите, ребята, какими бывают предметы по ширине? (Широкими и узкими.)* **Тэрэз.** *Давайте прочитаем под рисунками, как это будет по-адыгейски:* **шъуамбгъо, бгъузэ**. *Теперь переведите мои предложения:* **Лентэ плъыжьыр шъуамбгъо.** *(...)* **Лентэ уцышъор бгъузэ.** *(...) А теперь ответьте на мои вопросы:* **Лентэ плъыжьыр сыд фэда?** *(...)* **Лентэ уцышъор сыд фэда?** *(...).*

Джащ тетэу адрэ гущыIэхэми Iоф адарегъашIэ.

5. НэIуасэ зыфэхъугъэхэ гущыIэхэр агу раубытэнхэм пае, IофшI. 2-р, 3-р арегъэгъэцакIэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ЯмэхьанэхэмкIэ зэпыщыт гущыIэхэр яжабзэ щагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р, 5-р, унашъоу апылъхэм елъытыгъэу арегъэгъэцакIэх.

8. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р – 3-р арегъэгъэцакIэх.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 32. Адыгэ Республикэм и Быракъ. Флаг Республики Адыгея

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– Адыгэ Республикэм икъэлэ гупчэ фэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI ашIышъоу гъэсэгъэнхэр;

– Адыгэ Республикэм ибыракъ гущыIэухыгъэ къызэрыкIо кIэкIхэмкIэ къатхыхьашъоу, ащ фэгъэхьыгъэ зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэм къызэряджэшъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

5. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэр къызэраIошъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: мэкъэ Iужъоу зэрагъэшIагъэхэр зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ кIэлэеджакIохэм яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 4).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **быракъ, щабзэ, щы мэхъух, ом изытет.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **лъагэ, шъуамбгъо, бгъузэ, уцышъо, жъуагъохэр тетых.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

## Урокым икIуакI

1. ЛЗ-кIэ кIэлэеджакIохэм урокыр рарегъэгъажьэ: непэрэ мафэм ом изытет зыфэдэмкIэ яупчIы, упчIэм джэуап къырарегъэтыжьы.

2. УГъ-р еуплъэкIу: кIэлэеджакIохэм сурэтэу къашIыгъэхэр къаригъэгъэлъагъохэзэ, ахэм арышIыхьэгъэ пкъыгъохэр зыфэдэхэр къарегъаIох. (**Мы столыр шъуамбгъо, мыдрэ столыр бгъузэ.**)

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, непэ:*

*– гущыIакIэхэр зэдгъэшIэщтых (выучим новые слова);*

*– вместе с героями нашего учебника Нартом, Нэбзыем и Пырац будем учиться рассказывать о столице РА;*

*– будем беседовать с нашими героями о флаге РА.*

4. ГущыIакIэхэу **«лъагъо», «гъогу»** зыфиIохэрэм нэIуасэ афешIых:

а) IофшI. 1-м исурэтхэм арегъэплъых, ахэм арышIыхьэгъэ сурэтхэм къагъэлъагъохэрэмкIэ яупчIы. ЯшIошIхэр къызаIуахэхэкIэ, кIэлэегъаджэм джыри упчIэ афегъэуцу:

*Какие две детали на этих картинках можно противопоставить по ширине?* (Тропинку и дорогу.) *Тэрэз. А где тропинка, и где дорога вы прочитаете под картинками.*

в) сурэтхэм акIэтхэгъэ фразэхэм къарегъаджэх;

г) IофшI. 2-м къытырэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых.

5. Адыгэ Республикэм икъэлэ гупчэ фэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. 3-р арегъэгъэцакIэ:

а) сурэтхэм арегъэплъых;

б) Мыекъуапэ ичIыпIэхэу сурэтхэм къагъэлъагъохэрэмкIэ яупчIы. (Бульвар Победы в Черёмушках и площадь имени Ленина).

*КIалэхэр, Нарт общается со своими друзьями, в том числе, и по Интернету. Он подготовил видео-аудио презентацию о столице своей республики для Нэбзыя и Пыраца. Давайте и мы послушаем рассказ Нарта.*

в) аудиогуалъхьэм регъэдэIух;

г) гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

д) текстым Iоф дарегъашIэ: гущыIэзэгъусэхэр къыхарегъэгъэщых (**икъэлэ гупч, Адыгэ Республикэм икъэлэ гупч, Мыекъуапэ иурамхэр**);

е) зыер къэзыгъэлъэгъорэ приставкэу (**и-**) гущыIэзэгъусэхэм ахэтым кIэлэеджакIохэм анаIэ тырарегъадзэ.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Адыгэ Республикэм ибыракъ гущыӀэухыгъэ къызэрыкӀо кӀэкӀхэмкӀэ къатхыхьашъоу, ащ фэгъэхьыгъэ зэдэгущыӀэгъу ашӀышъоу гъэсэгъэнхэм япхыгъэ ӀофшӀ. 4-р арегъэгъэцакӀэ:

а) быракъым фэгъэхьыгъэ зэдэгущыӀэгъу адешӀы:

*КӀалэхэр, Нарт выложил презентацию столицы РА Майкопа на сайт своих друзей. Посмотрите, пожалуйста, на рисунок упр. 4 и скажите, о чём он теперь им рассказывает. (о Флаге РА.)* **Сыда мыр? Мыр быракъ. КъашъуӀо: быракъ. Мыр быракъ.** *Назовите цвет полотнища флага. (Уцышъо.)* **КъашъуӀо: Быракъыр уцышъо.** *А что изображено на флаге РА? (Жъуагъохэр.)* **КъашъуӀо: Адыгэ Республикэм ибыракъ жъуагъохэр тетых.** *Сколько звёзд в верхнем ряду? (Бгъу.)* **КъашъуӀо: жъогъуибгъу.** *А сколько звёзд в нижнем ряду? (Щы.)* **КъашъуӀо: жъогъуищ. Джыри сыда быракъым тетыр?** *А что ещё изображено на флаге?* **Быракъым щабзэхэр тетых. КъашъуӀо: щабзэ. Щабзэхэр.** *А сколько всего стрел? (Щы.)* **КъашъуӀо: щэбзищ. Щабзэхэр щы мэхъух.** *Скажите, какого цвета звёзды и стрелы? (Гъожьых.)* **Тэрэз, жъуагъохэмрэ щабзэхэмрэ гъожьых. КъашъуӀо: Жъуагъохэр гъожьых. Щабзэхэр гъожьых. Жъуагъохэмрэ щабзэхэмрэ гъожьых.**

б) аудиогуалъхьэм регъэдэӀух;

в) гущыӀэухыгъэ пэпчъ регъэдэӀух, къыкӀарегъэӀотыкӀыжьы;

г) диалогым рольхэмкӀэ къырегъаджэ.

8. Т-м къыщытыгъэ ӀофшӀэнхэу (1–3) гущыӀакӀэхэр гъэпытэжьыгъэнхэм фэлажьэхэрэр арегъэгъэцакӀэх.

9. УрокымкӀэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшӀых.

10. УнэмкӀэ гъэцэкӀэныр ареты.

## Урокэу 33. Зы нэбгырэм е нахьыбэмэ зафэбгъэзэныр. Обращение к одному человеку или ко многим людям

---

*Пшъэрылъ шъхьаӀэхэр:*

1. ЖэрыӀуабзэм икъулайныгъэхэр аӀэкӀэгъэхьанхэр:

– кӀэлэегъаджэхэм, яунагъохэм арыс нахьыжъхэм зэрядэӀунхэ, ахэм яшӀоигъоныгъэхэр зэрафагъэцэкӀэнхэ фаер къагурыгъэӀоныр, ащ фэгъэхьыгъэ гущыӀэухыгъэхэр къаӀошъунхэр;

– хырыхыхьэхэр, головоломкэхэр къягъэшӀэгъэнхэр. (КӀэлэеджакӀохэм яакъыл, ягулъытэ хэгъэхъогъэныр.)

---

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэм къызэреджэхэрэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

5. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэр къызэраIохэрэр автоматизхмэм нэгъэсыгъэныр.

6. ГрамматикэмкIэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: унэшъо наклонением ит глаголхэр зы пчъагъэм ыкIи бэ пчъагъэм арытхэу зэрагъэфедэшъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: мэкъэ Iужъоу зэрагъэшIагъэхэр зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр зэратхышъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ кIэлэеджакIохэм яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 6).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

9. Урысые Федерацием игеографие фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр (IофшI. 3).

ГущыIакIэхэр: **быракъ, щабзэ, щы мэхъух, ом изытет.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **лъагэ, шъуамбгъо, бгъузэ, уцышъо, жъуагъохэр тетых.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

(Парт тIурытIоу зэпэIутхэм кIэлэеджакIохэр плIырыплIэу-хырыхэу адэсхэу мы урокыр кIэлэегъаджэм ригъэкIокIмэ, кIэледжэкIо цIыкIухэм нахь гъэшIэгъон къащыхъущт.)

1. ЛФЗ-кIэ кIэлэеджакIохэм урокыр рарегъэгъажьэ: интерактивнэ доскэм тетхэгъэ гущыIэхэм, гущыIэзэгъусэхэм (**Къалэ, Мыекъуапэ, къалэу Мыекъуапэ, къэлэ дах, гупч, къэлэ гупч, икъэлэ гупч, республикэм икъэлэ гупч, Адыгэ Республикэм икъэлэ гупч, урамхэр, иурамхэр, Мыекъуапэ иурамхэр, шъуамбгъо, шъуамбгъох, дахэ, дахэх, къабзэ, къабзэх, къэдаIу! ШъукъэдаIу!**) къарегъаджэх.

2. УГъ-р еуплъэкIу: якъалэ (якъуаджэ) фэгъэхьыгъэ нэрылъэгъу презентациеу къагъэхьазырыгъэхэр кIэлэегъаджэм доскэм регъэкIух, шъхьадж ежь ипрезентацие къырегъэшIы (къырегъэIуатэ).

3. Унэшъо наклонением ит глаголхэр зы пчъагъэм ыкIи бэ пчъагъэм арытхэу зэрагъэфедэшъухэрэр нахьышIу шIыгъэным фэлэжьэрэ IофшIэн зэкIэлъыкIохэр арегъэшIых:

а) IофшI. 1-р, 2-р: «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу кIэлэеджакIохэм зэкIэхэм фразэхэр къарегъаIох;

б) IофшI. 3-р: парт зэпэIутхэм акIэрыс кIэлэеджэкIо куп пэпчъ номер зытетхэгъэ тхьэпэ зырыз ареты ыкIи ареIо:

*КIалэхэр, упражнение 3 вы выполните группами так, как сидите за составленными вместе столами. Читайте условие упражнения и напишите по-адыгейски ответы на листочках. Даю вам 2 минуты. Группа, которая уложится в срок и правильно напишет ответы, будет считаться победителем. Условие: нужно работать спокойно, говорить между собой шёпотом, уметь договариваться.* **Шъухьазыра?** *Вы готовы?* **Ежьугъажь!** *Начинайте!*

ТакъикъитIу зытешIэкIэ, кIэлэегъаджэм тхьапэхэр къеугъоижьых ыкIи доскэм регъэкIух. Купхэм ащыщ кIэлэеджакIохэр чэзыу-чэзыоу хырыхыхьэхэм зырызэу къаригъаджэхэзэ, ахэм джэуапэу къаратыгъэхэр тэрэзхэмэ ауплъэкIу. Грамматическэ хэукъоныгъэ имыIэу джэуап тэрэзэу купым итхьапэ итхагъэ пэпчъ зы очко купым фегъэуцу. Зэфэхьысыжьхэр ашIых.

4. Типовой фразэу «_____, _____м едэIу (шъуедэIу)!» зыфиIорэр зэрагъэфедэшъурэр автоматизмэм нэгъэсыгъэным фэлэжьэрэ IофшI. 4-р, 5-р, унашъоу апылъхэм ялъытыгъэу, арегъэгъэцакIэх.

5. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

6. IофшI. 6-р, 7-р аригъэгъэцэкIэнхэм пае, гущыIэухыгъэхэм ямодельхэр (_____, уи_____ едэIу! _____, шъуи_____ шъуедэIу!) кIэлэегъаджэм доскэм къытыритхэхэмэ, ишIуагъэ къэкIощт.

8. Тамыгъищэу зэхэт мэкъэ IужъухэмкIэ шIэныгъэу зэрагъэгъотыгъэхэр зэфэзыхьысыжьрэ IофшIэнхэу (1, 2) Т-м къыщытыгъэхэр арегъэгъэцакIэх. Игъо ифэхэрэм къэнэгъэ IофшIэнхэр ашIых.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 34. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу КI кI. Сложная согласная буква КI кI

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: буквэу **«кI»** зыхэт гущыIакIэхэр агъэфедэхэзэ, щысэр яIэпыIэгъоу ящэнэрэшъхьэм фэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъуным фэгъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр:

– мэкъэзэрэщэ буквэу **«кI»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр;

– адыгэ буквэ зэхэлъхэр къэзыгъэпсыхэрэ IэпыIэгъу тамыгъэмкIэ куп-купэу зэтырафышъухэу гъэсэгъэнхэр;

– **«ъ»**-м къыгъэпсырэ хьарыфхэр агу къэгъэкIыжьыгъэнхэр, тамыгъэу **«I»**-м къыгъэпсырэ хьарыфхэм язэгъэшIэн егъэжьэгъэныр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[кI]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 4) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр, зэджагъэхэ текстым информацие къыхахышъуныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«кI»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 4).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **кIэ, кIэракI.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **кIалэ, хэтэрыкI, сикIас, есы.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. УГъ-р еуплъэкIу:

а) унэмкIэ гъэцэкIэныр зэкIэми къашIыжьыгъэмэ яупчIы;

б) кIэлэеджакIохэм ащыщ гущыIэухыгъэхэм къарегъаджэ, пычыгъохэу къызыкIигъэтхъыгъэхэр къырегъаIо, пычыгъохэр зэкIэми къыкIарегъэIотыкIыжьых: **«шъуи», «шъуе»**.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы:*

*– вспомним сложные двухзначные согласные буквы, образованные при помощи вспомогательного* **«ъ»-**а;

*– начнём знакомство со сложным и двухзначными согласными буквами, образованными при помощи вспомогательного знака* **«I»**;

*– вспомним уже знакомые нам и выучим новые слова с новой буквой;*

*– будем учиться составлять короткие рассказы по картинкам, а также отвечать на вопросы к тексту.*

4. Пытэ тамыгъэм къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэт буквэ зэхэлъхэр кIэлэеджакIохэм агу къыгъэкIыжьыным кIэлэегъаджэм Iоф дешIэ (IофшI. 1):

а) IофшI. 1-м игъусэ сурэтхэм арегъэплъых, ахэм арышIыхьэгъэ пкъыгъохэм ацIэхэр къаригъаIохэзэ, кIэлэеджакIохэм ащыщ горэм ахэр доскэм къытырырегъатхэх, адрэхэм тетрадхэм адарегъатхэх;

б) *КIалэхэр, как вы думаете, что общего во всех этих словах? (Во всех этих словах есть двухзначная сложная буква с* **«ъ»***-м.) Назовите, пожалуйста, эти буквы. (***Гъ, шъ, жъ, чъ, хъ къ, лъ.***) Сколько всего двухзначных букв с* **«ъ»***-м в адыгейском алфавите? (Блы.) Какой цветок помогал нам запомнить, что в адыгейском алфавите двухзначных букв с* **«ъ»***-м – 7? (Цветик-семицветик.);*

в) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ.

5. Тамыгъэу **«I»**-м къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэт буквэхэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ афэшIыгъэнхэм егъэжьапIэ фешIы:

а) *КIалэхэр, обратите внимание на рисунок упражнения 2. Видите нашу помощницу Быраб? Она снова предлагает нашему вниманию цветик-семицветик. Что вы видите на одном из его лепестков?* (Букву.*) Кто сможет рассказать о том, из каких знаков состоит эта буква, и что это за знаки?* (Это двухзначная сложная буква. Она состоит из двух знаков: **«к»** и **«I»**.) А как вы думаете, сколько двухзначных букв со знаком **«I»** в адыгейском алфавите, судя по тому, что Быраб уже заполнила один из лепестков цветика-семицветика первой буквой? (7.)

б) *Джы, кIалэхэр, вместе с нашими дикторами выучим название этой буквы.* (IофшI. 1-рэ 3-рэ яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых.)

в) макъэхэу **[кI]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Пылъхьэу …);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 2-р- 4-р арегъэгъэцакIэх;

д) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэм дарегъатхэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ГущыIакIэхэр кIэлэеджакIохэм агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ упчIэхэр, хырыхыхьэхэр къарегъашIэх:

**Это слово означает и «хвост», и «новый». (КIэ.) *Какими на вид дети и взрослые 1 сентября приходят в школу? (КIэракI.) *Сэ къэбаскъэр сикIас. Оры? (Сэ помидорыр сикIас.) *Къэбаскъэр, помидорыр, нэшэбэгур, бжьыныр, бжьыныфыр – сыда мыхэр? (Къэбаскъэр, помидорыр, нэшэбэгур, бжьыныр, бжьыныфыр –*

*мыхэр хэтэрыкIых.) *Когда* **шъэожъый** *вырастает, в кого он превращается по возрасту? (В кIалэ.)*

8. Текст кIэкIым едэIухэмэ, ямынэIосэ гущыIэу (есы) ащ хэтыр контекстымкIэ къагурыIоным фэзыгъэсэхэрэ ыкIи яжабзэ хэзыгъэхъохэрэ IофшI. 4-р, 5-р арегъэгъэцакIэх.

а) IофшI. 4-м и аудиогуалъхьэ регъэдэIух;

б) гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) текстым амакъэ мылъэшэу ежь-ежьырэу регъаджэх;

г) зэкIэ зэгъусэхэу амакъэ Iоу къырегъаджэх;

д) упчIэхэм (IофшI. 5) джэуапхэр къарарегъэтыжьых.

9. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 35. Буквэу «кI»-м иятIонэрэ мэхьан. Второе значение буквы «кI»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: буквэхэу **«кI»**, **«къ»** зыхэт гущыIэхэр агъэфедэхэзэ, нэнэжъ ихатэ къытегущыIэшъухэу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр:

– мэкъэзэрэщэ буквэу **«кI»**-р гъэпытэжьыгъэныр;

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: буквэу **«кI»**-м иятIонэрэ макъэу **[кIь]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 4) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр, зэджагъэхэ текстым информацие къыхахышъуныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«кI»** (макъэу **[кIь]**) зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 1).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **шкIэ, ос IашкI, зегъэпскIы, кIэнкIэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **кIалэ, хэтэрыкI, кIэракI, сикIас, кIымаф.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы: урокэу 34-м, IофшI. 2-м, 3-м яаудиогуалъхьэхэм джыри зэ арегъэдэIужьых, къыкIарегъэIотыкIыжьых.

2. Буквэхэу **«къ»**-рэ **«кI»**-рэ доскэм къытырегъапкIэх, къарегъаджэх.

3. Къыхэхыгъэ диктант арегъэтхы: гущыIэхэм жъажъэу къафеджэзэ, ахэм ащыщхэу макъэу **[кI]** зыхэтхэр атхынхэу унашъо кIэлэеджакIохэм афешIы.

**Къаз, кIалэ, къэбы, хэтэрыкI, кIэракI, къэлэм, кIэ, къалэ.**

4. УГъ-р зэкIэми къашIыжьыгъэмэ еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы:*

*– будем закреплять произношение звука* **[кI]**;

*– познакомимся со вторым значением буквы* **«кI»** *и выучим новые слова;*

*– будем учиться составлять короткий рассказ об огороде бабушки.*

5. ЯнэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 1) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоным, зэджагъэхэ текстым информацие къыхахышъуным (IофшI. 2) кIэлэеджакIохэм Iоф дарегъашIэ:

а) IофшI. 2-м игъусэ сурэтым регъэплъых, ащ ишIыхьагъэхэм ацIэхэр къарегъаIох;

б) *КIалэхэр, Сэтэнай приехала к нэнэжъ в деревню. Нэнэжъ показывает ей свой огород – хатэ. Что растёт у нэнэжъ в огороде? (ХэтэрыкIхэр.) Что рассказывает сама Сэтэнай о нэнэжъ и её хатэ, мы сейчас послушем.*

в) аудиогуалъхьэм (IофшI. 1) регъэдэIух, етIанэ Iахь-Iахьэу регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) текстым амакъэ мылъэшэу регъаджэх, етIанэ «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу гущыIэухыгъэ зырызэу къырегъаджэх;

д) упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых.

6. Буквэу **«кI»-**м иятIонэрэ мэхьанэ нэIуасэ фешIых:

а) IофшI. 3-м исурэтхэм акIэтхэгъэ гущыIэхэм арегъэплъых ыкIи ареIо:

*КIалэхэр, какая буква повторяется во всех этих словах? (Буква* **«кI»**.*) Тэрэз, кIалэхэр, во всех этих словах есть буква* **«кI»**. *Но – внимание!* **ШъукъэдаIу, кIалэхэр!** *В некоторых словах буква* **«кI»**

*имеет совершенно другой звук.* **Дикторхэм тынчэу шъуядэIу!** *Послушайте внимательно дикторов и определите, в каких словах буква* **«кI»** *имеет другой звук.*

б) аудиогуалъхьэм (IофшI.3) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) макъэхэу **[кIь]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 216);

г) буквэу **«кI»**-м нэмыкI макъэ зыщыриIэ гущыIэхэр къыхарегъэгъэщых;

д) доскэм схемэр къытырырегъадзэ (къытырешIыхьэ) ыкIи правилэр къафеIуатэ:

| | | |
|---|---|---|
| Ш | КI | ШкI [шкIь] |
| С | КI | СкI [скIь] |
| | КI о | КIо [кIьуэ] |
| | КI у | КIу [кIьуы] |

Буква **«кI»** имеет другой звук, если:

*1. Перед буквой* **«кI»** *стоит согласная буква* **«ш»**.

*2. Перед буквой* **«кI»** *стоит согласная буква* **«с»**.

*3. После буквы* **«кI»** *идёт гласная буква* **«о»**.

*4. После буквы* **«кI»** *идёт гласная буква* **«у»**.

Давайте прочитаем ещё раз сочетание таких букв: **шкI, скI, кIо, кIу**.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ГущыIакIэхэр гущыIалъэм дарегъатхэх.

8. Творческэ IофшI. 4-р кIэлэеджакIохэм ежь-ежьырэу арегъэгъэцакIэ: хьазыр хъурэм иверсиехэр къырегъаIох.

9. Хьарыфэу **«кI»**-м къытырэ макъэхэр зэхамыгъэкIокIэнхэм фэзыгъэсэхэрэ IофшI. 5-р, 6-р арегъэгъэцакIэх.

10. Тыкъэзыуцухьэрэ дунаим лъыплъэныгъэхэр щашIышъухэу пIугъэнхэм ыкIи яжабзэ хэгъэхъогъэным афэлэжьэрэ IофшI. 7-р арегъэгъэцакIэ:

а) ежь-ежьырэу агукIэ фразэхэм арегъаджэх;

б) зэкIэ зэгъусэхэу амакъэ Iоу къырегъаджэх;

в) «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу къырегъаджэх.

11. Т-м къыщытыгъэ IофшIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэгъэцакIэх.

12. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

13. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 36. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Лl лl. Сложная согласная буква Лl лl

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: нарт эпосым илIыхъужъ шъхьаIэхэу Саусэрыкъорэ Сэтэнайрэ афэгъэхьыгъэ пэублэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр.

Адыгэ Республикэм игерб Саусэрыкъо исурэт зыкIытетыр ягъэшIэныр. (АР-м икъэралыгъо атрибутхэр ашIэнхэр; нарт эпосым щыщ пычыгъохэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэр.)

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«лI»** -м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу [**лI**]-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр;

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3, 5) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«лI»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3, 5).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **лIы, лIыблан, мэлакIэ малIэ, чъыIэ малIэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр:10-м нэс пкъыгъуацIэхэм ацIэхэр, **сурэт, еIо, хэт икIала?**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы:

а) урокэу 35-м иIофшI. 3-м иаудиогуалъхьэ джыри зэ регъэдэIужьых, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) хьарыфэу **«кI»**-м нэмыкI макъэ иIэ зыщыхъурэ чIыпIэхэр нэрылъэгъу IэпыIэгъур (Еплъ: урокэу 35, уцугъоу 6 – д.) агъэфедэзэ, къарегъаIо.

2. УнэмкIэ гъэцэкIэныр еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы:*

*– познакомимся с новой сложной согласной буквой;*

*– вспомним знакомые нам и выучим новые слова с этой буквой, а также научимся использовать их в предложениях;*

*– послушаем и прочитаем рассказ о главных героях нартского эпоса Саусэрыкъо и его матери Сэтэнай, а также будем беседовать друг с другом о том, кто изображён на гербе РА.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«лI»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, мы уже знаем одну двухзначную сложную согласную букву со знаком* **«I»**. *Назовите её ещё раз. (КI.) Напомните мне, сколько двухзначных букв со знаком* **«I»** *в адыгейском алфавите? (7.) Сегодня мы познакомися со второй буквой из них. Посмотрите, её принесла Быраб и прикрепила к следующему лепестку цветика-семицветика. А как называется эта буква, мы узнаем, послушав наших дикторов.*

б) IофшI. 1-м, 2-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[лI]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 217);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх;

д) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэм дарегъатхэх.

5. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых:

*Джы, кIалэхэр, вы будете отгадывать мои загадки. Ответы на них будете искать в словах упражнения 2.* **ШъукъэдаIу, къашъушIэ***:*

**Мама – женщина, а папа кто? (ЛIы.) *Что происходит с воробушком холодной снежной зимой, не находя корма? (чъыIэ малIэ, мэлакIэ малIэ)* **Тэрэз, кIымафэм чъыIэ, бзыу цIыкIур чъыIэ малIэ, мэлакIэ малIэ.****Какое чувство волк испытывает постоянно? (МэлакIэ малIэ.)* **Тэрэз, кIалэхэр, тыгъужъыр ренэу мэлакIэ малIэ.****Каким можно назвать мужчину, который никогда не испытывает страха перед опасностями? (ЛIыблан.)* **Тэрэз, кIалэхэр, лIыр лIыблан, если он настоящий лIы**. **В знаменитой песне поётся: «Трус не играет в хоккей?». Значит, каким должен быть хоккеист? (ЛIыблан.) *Ответьте на мои вопросы по-адыгейски:*

**Унэм дэпкъ тхьапша иIэр?** *Сколько стен у комнаты или у дома? (ПлIы.)* **Тэрэз, кIалэхэр, унэр дэпкъиплI.**

*А сколько ножек у Iанэ? (Щы.)* **Тэрэз, Iанэр лъэкъуищ.**

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Нарт эпосым илIыхъужъ шъхьаIэхэу Саусэрыкъорэ Сэтэнайрэ афэгъэхьыгъэ пэублэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэм ыкIи Адыгэ Республикэм игерб Саусэрыкъо исурэт зыкIытетыр ягъэшIэгъэным фэгъэхьыгъэ IофшI. 3-р, 5-р арегъэгъэцакIэх:

а) сурэтхэм арегъэплъых;

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух;

б) гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) Саусэрыкъорэ Сэтэнайрэ зыщыщхэр ашIэмэ яупчIы, яшIошIхэр къызаIуахэхэкIэ, зэфэхьысыжь къафешIы:

*Саусэрыкъо и Сэтэнай – это главные герои эпоса о нартах – мужественных предков адыгов. В произведениях нартского эпоса не встречается ни одного немужественного персонажа. Значит, все герои нарского эпоса какие?* (ЛIыбланэх.) *Саусэрыкъо сильно любил свой народ, постоянно для него делал добро, защищал его от злодеев и врагов. Он вернул огонь нартам, которые погибли бы без огня. Мудрой его советчицей была его мать Сэтэнэе-гуащ, а верным его помощником был его волшебный конь Тхъожъый. Изображение Саусэрыкъо с факелом в руке – это символ неугасания жизни адыгского народа, сохранения его языка и культуры. Вот почему Саусэрыкъо с горящим факелом в руке изображён на гербе РА.*

*В упражнении 4 задаётся интересный вопрос. Над ответом этого вопроса вы подумаете дома, а на следующем уроке ответите на него. А теперь поработаем с текстом.*

г) текстым (IофшI. 3) Iоф дарегъашIэ:

– ежь-ежьырэу амакъэ мыIоу регъаджэх;

– амакъэ Iоу нэбгыритIу-щы къырегъаджэх;

– упчIэхэр аретых:

**Адыгэ Республикэм игерб сыда тетыр? Саусэрыкъо хэта? Саусэрыкъо сыд фэдэ кIала? Саусэрыкъо хэт икIала?**

д) диалогым (IофшI. 5) иаудиогуалъхьэ регъэдэIух;

е) гущыIэухыгъэ пэпчъ едэIух, къыкIаIотыкIыжьы;

ж) зэдэгущыIэгъур рольхэмкIэ къарегъэшIы.

з) IофшI. 6-р жэрыIоу арегъэшIы.

9. Т-м къыщытыгъэ IофшIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэгъэцакIэх.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 37. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу ПI пI.
## Сложная согласная буква ПI пI

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– гущыIакIэхэр зыхэт текстэу (IофшI. 4) зэдэIугъэхэм ыкIи зэджагъэхэм фэгъэхьыгъэ упчIэхэм джэуап къаратыжьышъуныр (<u>ЯнэIосэ пшысэм хэт геройхэр къашIэжьынхэр; нахьыжъхэм афэгумэкIыхэу, анаIэ атетын фаеу зэрэщытыр зэхашIэу пIугъэнхэр.</u>);

– гущыIэхэм (IофшI. 1) акIоцI нэмыкI гущыIэхэр къыхагъэщышъухэу гъэсэгъэнхэр (<u>ягулъытэ хэгъэхъогъэныр</u>).

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«пI»** -м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[пI]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

5. Аудированиер: ямынэIосэ гущыIэ зытIущ зыхэт текстым (IофшI. 4) едэIухэмэ, ахэр контекстымкIэ къагурыIонхэр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«пI»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 4).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **пIэ, пIэтехъу, пIастэ, лъапIэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **лIыжъы, жъы, лIыблан, лIы, мыIэрыс, нэшъу, непэ, шъоры, чъыIэ малIэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы: **«ъ»** -м къыгъэпсырэ буквэ тамыгъитIузэхэтхэм, тамыгъэу **«I»**-м къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэт буквэу зэрагъэшIагъэхэм (**кI, лI**) ыкIи ахэр зыхэт пычыгъохэм хьарыфхэмрэ пычыгъохэмэ ятаблицэкIэ къарегъаджэх;

2. Тамыгъэу **«л»** зыхэт буквэ-макъэхэр зэхамыгъэкIокIэнхэм Iоф дарегъашIэ:

**В названии какой цифры из первого десятка есть звук* **[лI]**? (ПлIы.) *В названии какой цифры из первого десятка есть звук* **[л]**? (Блы.) *В названии какой учебной принадлежности есть звук* **[лъ]**? (Тхылъ.)*

2. УнэмкIэ гъэцэкIэныр еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы:*

*– будем находить внутри предлагаемых слов другие слова – будем развивать внимание и сообразительность.*

*– познакомимся с новой сложной согласной буквой со знаком* **«I»***;*

*– вспомним знакомые нам и выучим новые слова с этой буквой, а также научимся использовать их в предложениях;*

*– послушаем и прочитаем рассказ Красной Шапочки о том, как она ухаживает за больной бабушкой, а также будем отвечать на вопросы к рассказу.*

4. АшIэрэ гущыIэхэр кIаджыкIыжьынхэм ыкIи ягулъытэ хэгъэхъогъэным фэлэжьэрэ IофшI. 1-р, унашъоу пылъым тетэу, арегъэгъэцакIэ.

5. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«пI»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, Быраб принесла ещё одну сложную двухзначную согласную букву со знаком* **«I»** *и прикрепила её к следующему лепестку цветика-семицветика. А что это за буква, подскажут нам наши дикторы. Слушайте и повторяйте за ними. (IофшI. 2-м, 3-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых.);*

б) макъэу **[пI]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 217);

в) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх;

г) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэм дарегъатхэх.

6. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых:

а) *Джы, кIалэхэр, вы будете отгадывать мои загадки. Ответы на них будете искать в словах упражнения 2.* **ШъукъэдаIу, къашъушIэ**:

**Этот продукт подают с щыпсы, с мясом и с кисломолочными блюдами.* (ПIастэ.) **Откуда мы встаём каждое утро после пробуждения?* (ПIэ.) **Чем мы застилаем кровать?* (ПIэтехъу.) **Это слово можно применить и к близким любимым нам людям, и к ценным предметам.* (ЛъапIэ.)

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. ГущыIакIэхэр зыхэт текстэу (IофшI. 4) зэдэIугъэхэм ыкIи зэджагъэхэм фэгъэхьыгъэ упчIэхэм джэуапхэр къаратыжьышъунхэм, нахьыжъхэм афэгумэкIыхэу, анаIэ атетын фаеу зэрэщытыр зэхашIэу пIугъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р, 5-р арегъэгъэцакIэх:

а) сурэтым регъэплъых;

б) аудиогуалъхьэм регъэдэIух;
в) гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;
г) амакъэ мылъэшэу ежь-ежьырэу регъаджэх
д) чэзыу-чэзыоу къырегъаджэх;
е) IофшI. 5-м къытырэ упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых.
9. Т-м къыщытыгъэ IофшI. 3-р, 4-р арегъэгъэцакIэх.
10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.
11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 38. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу TI tI. Сложная согласная буква TI tI

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– гущыIэу къэтыгъэхэр агъэфедэхэзэ, гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр;

– гущыIакIэхэр агъэфедэхэзэ, нэпкъ-пэпкъыр къызэратхыхьашъурэр нахьышIу шIыгъэныр;

– унэгъо псэушъхьэхэм цIэ гъэнэфагъэхэр (клички) зэраратыхэрэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэр (псэушъхьэхэр шIу алъэгъухэу, узэралъыплъэн фаер ашIэу пIугъэнхэр);

– тэтэжъым хатэм Iоф зэрэщишIэрэм фэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэр (унэгъо IофшIэныр шIу алъэгъоу пIугъэнхэр).

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«тI»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[тI]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

5. Аудированиер: гущыIакIэхэр зыхэт текстым (IофшI. 6, 7) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«тI»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 6, 7).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **натIэ, НэтIэф, матIэ, напIэ, Iужъу, занкIэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **шкIэ, напцэ, нэбзыц, пэ, хъупхъэ, лъагэ, лъхъанчэ, лIыблан, лъапIэ, шъуамбгъо.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы: тамыгъэу **«I»-**м къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэт буквэхэу н. 80-м ишIыхьэгъэ цветик-семицветикым тетхагъэхэм къарегъаджэх, ахэр хэтхэу гущыIэхэр къарегъаIох.

2. УГъ-р еуплъэкIу: гущыIэу къатхыгъэхэм нэбгыритIу-щы къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня:*

*– Быраб познакомит нас с новой сложной двухзначной согласной буквой с твёрдым знаком;*

*– вспомним знакомые нам и выучим новые слова с этой буквой, а также научимся использовать их в предложениях;*

*– будем учиться описывать черты лица, используя новые слова;*

*– будем рассказывать о телёнке по кличке «НэтIэф» и о трудолюбивом тэтэжъ.*

4. ЯнэIосэ лексикэм щыщ гущыIэхэр агу къыгъэкIыжьынхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 1-м къытырэ гъэцэкIэныр, кIэлэеджакIохэр зэрэзэгосхэм тетэу, нэбгырэ тIурытIоу къагъэхьазырынэу унашъо афешIы. Хьазыр хъухэрэм гущыIэзэгъусэу зэхагъэуцуагъэхэр къарегъаIох.

5. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«тI»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, Быраб принесла ещё одну сложную двухзначную согласную букву со знаком* **«I»** *и прикрепила её к следующему лепестку цветика-семицветика. А что это за буква, подскажут нам наши дикторы. Слушайте и повторяйте за ними.*

а) IофшI. 2-м, 3-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

б) макъэу **[тI]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 217);

в) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх; г) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

5. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых:

*КIалэхэр, вы будете отвечать на мои вопросы и отгадывать мои загадки. Ответы будете искать в словах упражнений 3 и 4.* **ШъукъэдаIу, къашъушIэ***:* **Сурэтым шъуеплъ!** *(н. 83-м ишIыхьэгъэ тэтэжъыр арегъэлъэгъу.)*

*** Тэтэжъым сыда ышIэрэр?** *(Тэтэжъыр матIэ.)* **Если в слове «матIэ» поменять первую букву, то получится название части лица.*

*(НатIэ.) *Как вы думаете, из каких двух слов образована кличка телёнка «НэтIэф»? (Из слов* **«натIэ»** *и* **«фыжьы»***.) *Часть лица, которая прикрывает глаза. (НапIэ.) *Какую двухзначную букву со знаком «***I***» нужно заменить в слове «натIэ» на другую двухзначную букву со знаком «I», чтобы получилось слово со значением «веко»? (Надо букву* **«тI»** *заменить на букву* **«пI»***.) *Угадайте загадки: «Две сестры-двойняшки расположились над глазами». (Напцэхэр.) «Две густые щёточки защищают глаза» (Нэбзыцхэр.)*

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ГущыIакIэхэр агъэфедэхэзэ, нэпкъ-пэпкъыр кIэлэеджакIохэм къызэратхыхьашъурэр нахьышIу шIыгъэным фэлэжьэрэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ.

8. ЕджэнымкIэ кIэлэеджакIохэм яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэным, унэгъо псэушъхьэхэм цIэ гъэнэфагъэхэр (клички) зэраратыхэрэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэм ыкIи тэтэжъым хатэм Iоф зэрэщишIэрэм фэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэхэрэ IофшIэнхэу 6-р, 7-р арегъэгъэцакIэх.

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 39. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу ЧI чI. Сложная согласная буква ЧI чI

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– тэтэжъырэ Нартрэ тIыхэм зэралъыплъэхэрэм къытегущыIэшъухэу (<u>унэгъо псэушъхьэхэм уалъыплъэн зэрэфаер ашIэу, IофшIэныр якIасэу пIугъэнхэр</u>) гъэсэгъэнхэр (<u>Зэджагъэхэ текстым</u> (IофшI. 7) <u>хэт персонажым характеристикэ кIэкI ратышъуныр, ащ фэгъэхьыгъэу яеплъыкIэ къаIошъуныр</u>);

– АР-м ичIыгу контурнэ картэм къыхагъэщышъуныр ыкIи ар АР-м зэричIыгур къаIошъуныр (<u>ГеографиемкIэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр).</u>

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«чI»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[чI]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

5. Аудированиер: гущыIакIэхэр зыхэт текстым (IофшI. 6, 7) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

---

6. ТхэнымкӀэ къулайныгъэхэр аӀэкӀэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«чӀ»** зыхэт гущыӀэу ашӀэхэрэр ыкӀи мы урокым нэӀуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Ӏоф дэшӀэгъэныр.

7. ЕджэнымкӀэ яӀэпэӀэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (ӀофшӀ. 2, 8).

8. Урокым пшъэрылъэу иӀэр къагурыӀоныр ыкӀи зыӀэкӀамыгъэкӀэу ар зэрэзэшӀуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыӀакӀэхэр: **чӀыгу, упчӀэ, еупчӀ, къуачӀэ, чӀыпӀэ.**

КӀаджыкӀыжьырэ гущыӀэхэр, гущыӀэзэгъусэхэр: **Еплъ! Тыдэ щыӀа?**

*Урокым игъусэ ӀэпыӀэгъухэр:* ӀофшӀэнхэмкӀэ тетрадыр.

## Урокым икӀуакӀ

1. ЛФЗ арегъэшӀы: н. 81-м ишӀыхьэгъэ цветик-семицветикым тетхэгъэ хьарыфхэр ыкӀи ахэр зыхэт гущыӀэхэр къарегъаӀох.

2. УнэмкӀэ гъэцэкӀэныр еуплъэкӀу.

3. Непэрэ урокым иплан нэӀуасэ фешӀых: **[чӀ]**

*КӀалэхэр, сегодня на уроке:*

*– будем читать рассказ о том, как тэтэжъ и Нарт ухаживают за барашками;*

*– Быраб познакомит нас с новой сложной двухзначной согласной буквой со знаком «***Ӏ***»;*

*– выучим новые слова с этой буквой, а также научимся использовать их в предложениях;*

*– будем учиться показывать на контурной карте РФ территорию РА, а также просить одноклассников о том же самом.*

4. Тэтэжърэ Нартрэ тӀыхэм зэралъыплъэхэрэм къытегущыӀэшъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ ӀофшӀ. 1-р, 2-р, 3-р арегъэгъэцакӀэх:

а) ӀофшӀ. 1-м игъусэ сурэтхэм арегъэплъых, акӀэтхэгъэ гущыӀэхэмрэ гущыӀэзэгъусэхэмрэ къарегъаджэх, къызэрарегъэдзэкӀыжьых, гущыӀэхэм грамматическэ шъуашэу яӀэхэр къарегъаӀох. (Слова **«тӀы», «итӀ»** – стоят в ед. ч., а слова **«тӀыхэр», «итӀыхэр»** – во мн. ч.)

б) Т-м къыщытыгъэ ӀофшӀ. 1-р арегъэгъэцакӀэ;

в) ӀофшӀ. 2-м иаудиогуалъхьэ регъэдэӀух;

г) гущыӀэухыгъэ пэпчъ регъэдэӀух, къыкӀарегъэӀотыкӀыжьы;

д) амакъэ мылъэшэу ежь-ежьырэу регъаджэх;

е) нэбгырэ зырызэу къырегъаджэх;

ж) Нарт характеристикэ къыратынэу унашъо афешӀы (ӀофшӀ. 3).

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«чӀ»** -м нэӀуасэ фешӀых:

а) *КӀалэхэр, сколько двухзначных букв со знаком «***Ӏ***» мы уже знаем? (ПлӀы.) А сколько их всего? (Блы.) Сейчас мы выучим пятую двухзначную букву с твёрдым знаком. Как всегда, её принесла Бырабы и прикрепила к следующему лепестку цветика-семицветика. А что это за буква, подскажут нам наши дикторы. Слушайте и повторяйте за ними.*

б) ӀофшӀ. 4-м, 5-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэӀух, къыкӀарегъэӀотыкӀыжьых;

в) макъэу **[чӀ]**-м иартикуляцие къафеӀуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 217);

г) Т-м къыщытыгъэ ӀофшӀ. 2-р, 3-р арегъэгъэцакӀэх;

д) гущыӀакӀэхэр (ӀофшӀ. 5) гущыӀалъэм дарегъатхэх.

5. ГущыӀакӀэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкӀэнхэр арегъэшӀых:

**КӀалэхэр, как называется наша планета? (ЧӀыгу.) *Что обычно задают любознательные? (УпчӀэ.) *Что вы посоветуете на уроке однокласснику, который не знает, как выполнить задание, если вы тоже не можете ему помочь? (КӀэлэегъаджэм еупчӀ.) *Что делает воспитанный мальчик (девочка), который (которая) хочет выйти на улицу погулять? (Инанэ (итатэ. инэнэжъ, итэтэжъ) еупчӀы: «Нан (тат, нэнэжъ, тэтэжъ), щагум сикӀы хъущта?») *Как называется большая перелётная птица чёрного цвета? (КъуанчӀэ.) *Ученик, выполнив задание учителя на доске, садится на своё ... (ЧӀыпӀэ.)*

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. АР-м ичӀыгу контурнэ картэм къыхагъэщышъуным, ар АР-м зэричӀыгур къаӀошъуным ыкӀи зэрагъэшӀэгъэ гущыӀэхэр кӀэлэеджакӀохэм яжабзэ щыщ хъунхэм афэгъэхьыгъэ ӀофшӀ. 6-р, 7-р арегъэгъэцакӀэ:

а) РФ-м иконтурнэ картэ (н. 85) регъэплъых ыкӀи яупчӀы:

*Контурная карта какого государства нарисована на этой картине?* (Это контурная карта РФ.) *А на какой субъект РФ Нарт показывает указкой на контурной карте РФ?* (Это РА.)

б) ӀофшӀ. 6-м иаудиогуалъхьэ регъэдэӀух;

в) гущыӀэухыгъэ пэпчъ регъэдэӀух, къыкӀарегъэӀотыкӀыжьы. УпчӀэу «**Сыдым ичӀыгуа мыр?**» аритызэ, джэуапхэр къарегъэтыжьых. (**Мыр Урысые Федерацием ичӀыгу. Мыр Адыгэ Республикэм ичӀыгу.**)

г) ӀофшӀ. 7-м иаудиогуалъхьэ регъэдэӀух;

д) гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы. Мальвинэ иупчIэ **(Тыдэ щыIа Адыгэ Республикэм ичIыгу?)** Нэбзый ычIыпIэкIэ джэуап къырарегъэтыжьы: **«Мары Адыгэ Республикэм ичIыгу»**.

9. ЕТ -мкIэ – IофшI. 8-р, Т-мкIэ – IофшI. 4-р, 5-р арегъэгъэцакIэх.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 40. Буквэхэу «чI», «пI», «лI» зыхэт гущыIэхэу зэрагъэшIагъэхэмкIэ зэфэхьысыжь. Обобщение изученной лексики с буквами «чI», «пI», «лI»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– къызщыхъугъэхэ чIыпIэм (АР-м) идэхагъэ къыраIотыкIышъоу гъэсэгъэнхэр. (ЯчIыгу идэхагъэ агъэшIагъоу, ащ щыгушIукIыхэу, щыгушхукIыхэу пIугъэнхэр.);

– гущыIакIэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– егъэджэн тхылъым дэт геройхэу (Нарт, Сэтэнай, …) псэушъхьэ цIыкIухэм якъэгъэлъэгъон (представление) къэкIуагъэхэм афэгъэхьыгъэ сценкэр къашIышъуныр;

– Iэтыгъэ гущыIэухыгъэхэр интонацие тэрэзкIэ къаIошъунхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: тамыгъэу «I»-м къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэлъ мэкъэзэрэщэ буквэу зэрагъэшIагъэхэр кIэджыкIыжьыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу зэрагъэшIагъэхэр къызэраIошъухэрэр (**[чI]**, **[пI]**, **[лI]**) нахьышIу шIыгъэныр, ахэр зэхахыхэмэ, къашIэжьынхэм Iоф дэшIэгъэныр (кIэлэеджакIохэм ягулъытэ хэгъэхъогъэныр).

4. Адыгэ орфографиер амыукъоным фэгъэсэгъэнхэр: кроссвордым гущыIэхэр тэрэзэу ратхэшъунхэр; гущыIэхэм къащыкIэрэ буквэхэр ахагъэуцожьхэзэ, текстыр зыпкъ рагъэуцожьышъуныр.

5. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3).

6. ГрамматикэмкIэ шIэныгъэу яIэхэр гъэпытэгъэнхэр: зыер къэзыгъэлъэгъорэ приставкэхэр агъэфедэхэзэ, хэукъоныгъэхэр амышIыхэу, гущыIэухыгъэхэр къаIошъунхэр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **чIыпIэ, чIыпIэ дэгъу, чIыпIэхэр, Адыгэ Республикэм ичIыпIэхэр, сичIыпIэ иномер, уичIыпIэ иномер, тиунэ иномер.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр, сценкэм итекст зытетхэгъэ тхьапэхэр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы: тамыгъэу «**I**»-м къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэлъ мэкъэзэрэщэ буквэу зэрагъэшIагъэхэмрэ (**«чI», «пI», «лI»**) ахэр зыхэт пычыгъохэмрэ «Хьарыфхэмрэ пычыгъохэмрэ ятаблицэкIэ» (Гуалъхьэу 2, н. 220) къарегъаджэх, ахэр зыхэт гущыIэхэр къарегъаIох.

2. УГъ-р еплъэкIу: гущыIэухыгъэу къатхыгъэм кIэлэеджакIохэр зырызэу къырегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы на уроке:*

*– будем восхищаться красотой мест своей республики и красотой своих улиц;*

*– будем учиться называть номер своего дома;*

*– обобщим наши знания об изученных нами двухзначных буквах со знаком* «**I**»: *проверим умение узнавать их на слух, повторим слова с этими буквами отдельно и в предложениях, будем заполнять кроссворд, вписав в него отгаданные слова;*

*– будем упражняться в использовании в речи приставок имущественной принадлежности, разыграв сценку прихода героев нашего учебника – Нарта, Сэтэнай, Пыраца и Дэхащ – на лесную поляну на представление лесных зверушек.*

4. Къызщыхъугъэхэ чIыпIэм (АР-м) идэхагъэ къыраIотыкIышъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 1-р моущтэу арегъэгъэцакIэ:

а) *КIалэхэр, сурэтым шъуеплъ! Посмотрите, пожалуйста, на лягушку-путешественницу, которая путешествует по РА. Обратите внимание на её настроение! Как вы думаете, довольна ли она тем, что видит вокруг?* (…) *Да, лягушка восхищена красотой мест РА. Послушайте, как лягушка восхищается красотой мест нашей ресрблики;*

б) аудиогуалъхьэм зытIо-зыщэ регъэдэIух, етIанэ къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) Iэтыгъэ гущыIэухыгъэм иинтонацие амыукъоным лъыплъэзэ, «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу къыкIарегъэIотыкIыжьы;

5. IофшI. 2-м къыщытыгъэ сценкэм Iоф дарегъашIэ:

а) IофшIэным игъусэ сурэтым регъэплъых, тхылъым игероеу ащ ралъагъохэрэм ацIэхэр къарегъаIох;

б) сурэтым къыгъэлъэгъорэ сюжетыр къафызэхефы:

*КIалэхэр, шъукъэдаIу! Я расскажу вам, о чём эта картинка. Это лесная поляна. Она специально оборудована для показа представлений. Сцена здесь не изображена. Для зрителей вместо кресел поставлены пеньки. Представление будут давать друзья героев нашего учебника – лесные зверушки. Герои нашего учебника – Нарт, Сэтэнай, Пырац и Дэхащ – купили билеты, и они пришли посмотреть представление лесных зверушек – их друзей. Сэтэнай и Нарт уже заняли свои места, а Пырац и Дэхащ пока ещё разбираются, где чьё место. Видите, в руке у Пырац билеты. Давайте послушаем, о чём говорят Дэхащ и Пырац.*

в) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ зырызэу регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) рольхэмкIэ къырегъаджэх;

д) нэбгырэ плIырыплIэу сценкэр къарегъэшIы:

– кIэлэеджакIо пэпчъ къыIощт гущыIэхэр зытетхэгъэ тетрадь тхьапэхэр зырызэу аретых:

**Нарт:** Сэтэнай, уичIыпIэ иномер сыд фэда?

**Сати:** Сэ сичIыпIэ иномер – 2. Оры, Нарт? О уичIыпIэ иномер сыд фэда?

**Нарт:** Сэ сичIыпIэ иномер – 1.

**Дэхащ:** Пырац, билетхэр тыдэ щыIэха?

**Пырац:** Мары билетхэр, Дэхащ!

**Дэхащ:** Сэ сичIыпIэ иномер сыд фэда?

**Пырац:** О уичIыпIэ и номер – 4.

**Дэхащ:** Адэ о уичIыпIэ иномер сыд фда?

**Пырац:** Сэ сичIыпIэ иномер – 3.

**Дэхащ:** ТIыс, Пырац, уичIыпIэ.

**Пырац:** Дэгъу, Дэхащ. Ори тIыс уичIыпIэ.

– шъхьадж ироль къыгъэхьазырынэу зы такъикъ пIалъэ ареты;

– пхъэнтIэкIухэу 1-м щегъэжьагъэу 4-м нэс цифрэхэр зытегъэпкIагъэхэр къегъэуцух, ыкIи кIэлэеджакIохэм сценкэр

къарегъэшIы. (Тхьапэу аIыгъхэм ахэплъэнхэу Iизын ареты, ау къэкIорэ урокым ехъулIэу шъхьадж ироль езбырэу къызэригъэшIэн зэрэфаер ареIо.)

6. IофшI. 3-р моущтэу арегъэгъэцакIэ:

а) текстым ежь-ежьырэу амакъэ мылъэшэу регъаджэх;

б) «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу къырегъаджэх; шъхьадж иурам, иунэ яномерхэр текстым хагъэуцожьхэзэ, джыри зэ къырегъэджэжьых.

7. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых.

8. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

9. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 41. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу ЦI цI
## Сложная согласная буква ЦI цI

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– цIыфым ыцIэрэ ылъэкъуацIэрэ зэхамыгъэкIуакIэхэу къаIонхэр;

– жэбзэ оборотэу **«Сэ сцIэр ..., слъэкъуацIэр ...»** агъэфедэзэ, ацIэрэ алъэкъуацIэрэ къаIошъоу гъэсэгъэнхэр;

– ялэгъухэу нэIуасэ зыфэхъу ашIоигъохэм ацIэрэ алъэкъуацIэрэкIэ яупчIышъухэу гъэсэгъэнхэр;

– АР-м иансамблэ цIэрыIохэм ащыщхэу «Налмэсымрэ» «Казачатэмрэ» ягъэшIэгъэнхэр. (<u>Зэкъош лъэпкъхэм якультурэхэм алъыплъэхэу, ахэм шъхьэкIафэ афашIэу пIугъэнхэр.</u>)

3. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«цI»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[цI]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

5. Аудированиер: гущыIакIэр (лъэкъуацI) зыхэт текстым (IофшI.3) едэIухэмэ, контекстымкIэ къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«цI»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **цIэ, лъэкъуацI, цIэрыIу, пцIашхъу, къуанчIэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы: «дэкIоепIэ» шъуашэм тетэу гущыIэхэу, ахэр зыхэт гущыIэзэгъусэхэу, гущыIэухыгъэхэу доскэм тетхагъэхэм къарегъаджэх:

| | |
|---|---|
| чIыпIэ<br>сичIыпIэ<br>сичIыпIэ иномер<br>сэ сичIыпIэ иномер<br>Сэ сичIыпIэ иномер – 10. | чIыпIэ<br>чIыпIэхэр<br>ичIыпIэхэр<br>республикэм ичIыпIэхэр<br>Адыгэ Республикэм ичIыпIэхэр<br>Адыгэ Республикэм ичIыпIэхэр дахэх. |
| чIыпIэ<br>уичIыпIэ<br>уичIыпIэ иномер<br>о уичIыпIэ иномер<br>УичIыпIэ иномер сыд фэда?<br>О уичIыпIэ иномер сыд фэда? | сэпсэу<br>сыщэпсэу<br>урамым сыщэпсэу<br>урамэу Солнечнэм<br>урамэу Солнечнэм сыщэпсэу<br>Сэ урамэу Солнечнэм сыщэпсэу.<br>Урамэу Солнечнэр чIыпIэ дах, чIыпIэ дэгъу. |

2. УГъ-р еуплъэкIу: яурамхэм, яунэхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэнэу къагъэхьазырыгъэхэр къарегъэIуатэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке:*

*– Быраб познакомит нас с очередной сложной двухзначной согласной буквой со знаком* **«I»**;

*– мы вспомним знакомые, а также выучим новые слова с этой буквой, которую Быраб представит нашему вниманию;*

*– будем учиться знакомиться со сверстником, спрашивая его имя и фамилию, а также называя свои.*

*– познакомимся со знаменитыми ансамблями РА: детским ансамблем песни и танца «Казачата» и Государственным академическим ансамблем народого танца Адыгеи «Налмэс».*

3. Тамыгъэу **«I»**-м къыгъэпсыхэрэ тамыгъитIузэхэт буквэхэу зэрагъэшIагъэхэр кIэлэеджакIохэм агу къарегъэгъэкIыжьых: н. 85-м ишIыхьэгъэ цветик-семицветикым итхьапэхэм атетхэгъэ буквэхэм къарегъаджэх, ахэр зэрэхъурэ пчъагъэр къарегъаIо.

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«цI»**-м нэIуасэ фешIых:

а) тамыгъэу **«I»**-м къыгъэпсырэ тамыгъитIузэхэт буквиблымэ яяхэнэрэу цветик-семицветикым (н. 88) итхьапэ Бырабэ къытыригъэпкIагъэм регъэплъых.

б) IофшI. 1-м – 3-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[цI]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 217);

в) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх;

г) гущыIакIэхэр (IофшI. 3) гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

5. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых:

а) *Джы, кIалэхэр, вы будете отгадывать мои загадки. Ответы на них будете искать в словах упражнения 3.* **ШъукъэдаIу, къашъушIэ**:

**Когда мы обращаемся к человеку, мы называем его ... (ЦIэ.) *Все члены семьи обыкновенно носят одну и ту же ... (ЛъэкъуацI.) *Человек или коллектив, совершивший большие важные дела, становится ... (ЦIэрыIу.) *Красивая белогрудая птица с хвостом, похожим на раскрытые ножницы. (ПцIашхъу.)*

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ* кIэлэегъаджэм урокым рипхымэ, шIуагъэ къытыщт: кIэлэеджакIохэр купитIоу егощых, купыхэм ащыщхэр зэуж итыхэу, анэIухэр ежь, кIэлэегъаджэм, къыфэгъэзагъэхэу егъэуцух ыкIи ареIо:

*КIалэхэр, команда справа отвечает за имена (цIэхэр), команда слева – за фимилии – лъэкъуацIэхэр. Я буду называть фамилии или имена. Если я назову имя, учащиеся команды справа должны все вместе быстро сказать – «Ар цIэ!». Если же я назову фамилию, то учащиеся команды слева должны сказать «Ар лъэкъуацIэ!».* **Етэгъажьэ. ШъукъэдаIу!**

7. ГущыIакIэу зэрагъэшIагъэхэр ящыIэныгъэ щагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р – 8-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 4-рэ 5-рэ «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу арегъэгъэцакIэ;

б) IофшI. 6-р кIэлэеджакIохэм ежь-ежьырэу тхэнэу арегъэшIы: кIэлэеджакIо пэпчъ ежь ыцIэрэ ылъэкъуацIэрэ итетрадь детхэ;

в) IофшI. 7-р моущтэу арегъэгъэцакIэ: IофшIэным игъусэ сурэтхэм арегъэплъых ыкIи ахэм къагъэлъагъорэ коллективхэр ашIэхэмэ, ахэм яконцертхэр телевизорымкIэ алъэгъугъэхэмэ е Адыгэ къэралыгъо филармонием щяплъыгъэхэмэ яупчIы, кIэлэеджакIохэм яджэуапхэм ядэIу. Ащ ыуж ежь зэфэхьысыжь къэIотэн къафешIы:

*КIалэхэр, ансэмблэу «Казачатэр», ансамблэу «Налмэсыр» – ансамблэ цIэрыIох. Ансамбль «Казачата» – это детский*

*фольклорный ансамбль песни и танца. Ансамбль «Налмэс» – это государственный академический ансамбль народного танца Адыгеи. Оба эти ансамбля пропагандируют культуры наиболее многочисленных народов, проживающих в РА: ансамбль «Казачата» – русскую, ансамбль «Налмэс» – адыгскую.*

*Ансамбль «Казачата» знают не только в Адыгее, но и в Краснодарском крае и в России в целом. Ансамль «Налмэс» прославил Адыгею не только в России, но и во многих других странах. Давайте прочитаем предложения под фотографиями наших знаменитых ансамблей.*

ГущыIэухыгъэхэм къызяджахэхэкIэ, упчIэхэр аретых:

**Ансамблэу «Налмэсыр» цIэрыIуа? Ансамблэу «Казачатэр» цIэрыIуа?**

г) IофшI. 8-р унашъоу пылъым тетэу арегъэгъэцакIэ.

8. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 42. Мыекъуапэ ицIыф цIэрыIохэр. Знаменитые люди города Майкопа

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– СтIашъу Ю., ГъукIэ З., Еутых А. афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI ашIышъоу гъэсэгъэнхэр:

<u>адыгэ лъэпкъым къыхэкIыгъэ цIыф IэпэIасэхэр, цIыф цIэрыIохэр ягъэшIэгъэнхэр</u>;

– Жэнэ Къ. иусэ техыгъэу Сэмэгу Г. ытхыгъэ орэдэу «Бзыумэ яорэд» зыфиIорэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэр. (<u>Адыгэ усакIохэм, композиторхэм кIэлэцIыкIухэм апае атхыгъэ произведениехэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэр – адыгабзэр шIу ягъэлъэгъугъэныр.</u>)

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: буквэу зэрагъэшIагъэхэр алъэгъухэмэ, ахэр къызэрашIэжьхэрэр ыкIи зэратхышъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

5. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[цI]**-р къызэраIошъурэр нахьышIу шIыгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 2, 5).

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **цIыфы,** цIыф цIэрыIохэм ацIэхэр: **СтIашъу Юр, ГъукIэ Замудин, Еутых Ася.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **цIэрыIу, къуанчIэ, пцIашхъу, бзыужъый, орэд.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ-кIэ кIэлэеджакIохэм урокыр рарегъэгъажьэ:

а) н. 88-м ишIыхьэгъэ цветик-семицветикым тетхэгъэ буквэхэм къарегъаджэх;

б) упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых:

*** ПцIашхъор бзыуа?** (Ары, пцIашхъор бзыу.) *** КъуанчIэр сыда?** (КъуанчIэри бзыу.) * Какую из двух птиц можно охарактеризовать как большую чёрную: **«къуанчIэ»** или **«пцIашхъу»**? (КъуанчIэ.) * Назовите изящную красивую птицу со звонким голосочком, которая вьёт гнёзда под крышами домов. (ПцIашхъу.) *** Ансамблэу «Казачатэр» («Налмэсыр») цIэрыIуа? * Сэ сцIэр Анжела Нурбиевна, слъэкъуацIэр Щагъундэкъу. Сыда о пцIэр, плъэкъуацIэр?**

2. УнэмкIэ гъэцэкIэныр еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке:*

*– познакомимся с песенкой Гошнау Самоговой на слова Киримизе Жанэ, которая называется «Песенка птиц»;*

*– выучим новое слово и словосочетание с новым словом;*

*– познакомимся с творчеством знаменитых людей города Майкоп, и будем учиться рассказывать о них кратко.*

4. Сурэтхэм къагъэлъэгъорэ пкъыгъохэм яклассификациекIэ адимыштэхэрэр къыхагъэщышъунхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ.

5. Жэнэ Къ. иусэ техыгъэу Сэмэгу Г. ытхыгъэ орэдэу «Бзыумэ яорэд» (IофшI. 2) зыфиIорэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ фешIых. (КIэлэегъаджэм шIыкIэу ыгъэфедэхэмэ хъущтхэр урокэу 17-м иуцугъоу 8-м къыщытыгъэх.) Орэдым исатырхэр урысыбзэкIэ къафызэредзэкIы:

**Песенка птиц**

Голубоглазая ласточка к нам летит.

На её груди выкройка.
Её пение похоже на остриё ножниц,
(Она поёт звонко, тоненьким голосом.)
В клюве у неё былинка (высохший стебелёк).
Птица, птица, пташечка,
Песенка птиц.
Подпеваем, подпеваем
Песенке птиц.

*6. Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ГущыIакIэу **«цIыфы»,** гущыIэзэгъусэу **«цIыф цIэрыIу»** зыфиIохэрэм (IофшI. 1) нэIуасэ афешIых.

8. Адыгэ лъэпкъым къыхэкIыгъэ цIыф IэпэIасэхэм – СтIашъу Ю., ГъукIэ З., Еутых А. – ацIэхэр ягъэшIэгъэнхэм ыкIи ахэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI ашIышъоу гъэсэгъэнхэр фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р арегъэгъэцакIэ:

а) IофшI. 1-м исурэтхэм арышIыхьэгъэ IэшIагъэхэм арегъэплъых (амал иIэмэ, интерактивнэ доскэм къытырырегъадзэх), ахэр зышIыгъэхэр ясурэтхэмкIэ къашIэжьхэмэ, яупчIы. ЯшIошIхэр къызаIуахэхэкIэ, IэпэIасэхэм ацIэхэм къарегъаджэх, етIанэ къафеIуатэ:

*Это знаменитые люди города Майкопа. Они прославили себя своим талантом и трудолюбием. Все трое* (ацIэхэр къыреIох) *мастера своего дела. Про таких говорят: «У него золотые руки». Творчество этих мастеров имеет мировую славу. Например, выставки изделий Сташ Юры проходят не только у нас в России, но и во многих странах мира.*

*Золотые и серебряные изделия Аси Еутых находятся в Эрмитаже – самом престижном музее РФ. Ася Еутых сшила свадебный наряд для невесты принца Алия – сына короля Иордании.*

*Гучев Замудин занимается возрождением адыгского народного промысла. Он создаёт старинные народные музыкальные инструменты и циновки – атрибут, без которого в старину не обходилась ни одна адыгская семья. Фильмы о творчестве Замудина Гучева неоднократно показывались по центральному телевидению России. Теперь вы согласны с тем, что про каждого из этих мастеров можно сказать* **«цIыф цIэрыIу»**? *(...) Тогда повторяйте за мной:*

**СтIашъу Юрэ – цIыф цIэрыIу. ГъукIэ Замудин – цIыф цIэрыIу. Еутых Асе – цIыф цIэрыIу.**

б) гущыIакIэхэр IофшI. 5-м щарегъэгъэпытэжьых.

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 43. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу ШI шI. Сложная согласная буква ШI шI

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– упчIэ оборотэу «______**м сыда ышIэрэр?**» агъэфедэзэ, зыгорэм ышIэрэм кIэупчIэшъухэу, ащ фэдэ упчIэ къаратмэ, гущыIэухыгъэм имодель яIэпыIэгъоу, джэуап атыжьышъоу гъэсэгъэнхэр;

– якласс пшъэшъэжъые (шъэожъые) пчъагъэу исыр гущыIэухыгъэ икъукIэ къаIошъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу «**шI**»-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[шI]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

4. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«шI»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

5. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: глаголэу **«шIэн»** зыфиIорэр шъхьэхэмкIэ ыкIи пчъагъэхэмкIэ зэраокIышъоу гъэсэгъэнхэр.

6. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **ешIы, Iоф ешIэ, IофшIэн.** КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **лIы, чэтжъый, пшIы, сурэт ешIы, пшъэшъэжъый, шъэожъый, тхьапш? сыда ышIэрэр?**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

### Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы: н. 88-м ишIыхьэгъэ къэгъагъэм ытхьапэхэм атетхэгъэ буквэхэм къарегъаджэх, ахэр зыхэт гущыIэ зырыз къарегъаIо.

2. КIэлэеджакIохэм ягузэхашIэ (настроение) къидищэеным пае, «Бзыумэ яорэд» иаудиогуалъхьэ зэ регъэдэIух, етIанэ фонограммэр игъусэу къарегъаIо.

3. БлэкIыгъэ урокым щызэрагъэшIэгъэ лексическэ материалыр зэрагъэфедэшъурэр арегъэгъэпытэжьы: «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу зэдегъэгущыIэх:

**КIалэхэр, джы «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу тызэдэгущыIэщт.** *Поговорим по цепочке.* **Сэ къесэгъажьэ.** *Я начинаю:* **Къантемыр, СтIашъу Юрэ цIыф цIэрыIуа?** (Ары, Анжела Нурбиевна, СтIашъу Юрэ цIыф цIэрыIу.)

Ежь къыгос кIэлэеджакIом Къантемыр еупчIы: **«Самир, ГъукIэ Замудин цIыф цIэрыIуа?»**

КIэлэеджакIохэр зэкIэ зэдэгущыIэгъум хэлажьэхэфэ, джаущтэу упчIэхэр зэратыжьых.

4. УГъ-р еуплъэкIу: кIэлэеджакIохэм къатхыгъэ рассказхэм къарегъаджэх.

5. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы:*

*– познакомимся с последней, седьмой сложной двухзначной согласной буквой со знаком «***I***»;*

*– вспомним знакомые нам, а также выучим новые слова с этой буквой;*

*– будем рассказывать, сколько мальчиков и девочек в нашем классе;*

*– будем учиться изменять по лицам и числам глагол* **«шIэн»** *– «знать».*

6. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«шI»**-м нэIуасэ фешIых:

а) КIалэхэр, сколько двухзначных букв со знаком «**I**» мы уже знаем? (Хы.) А сколько их всего? (Блы.)

*Сейчас мы выучим седьмую двухзначную букву с твёрдым знаком. Как всегда, её принесла Быраб и прикрепила её к следующему лепестку цветика-семицветика. А что это за буква, подскажут нам наши дикторы. Слушайте и повторяйте за ними.*

б) IофшI. 1-м, 2-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[шI]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 217);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх.

7. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм пае, мыщ фэдэ гъэцэкIэнхэр кIэлэеджакIохэм адешIых:

а) *Найдите ответы на мои вопросы и загадки в словах упр. 2:*

* *Художник обыкновенно занимается этим.* (Сурэт ешIы.) * *Сколько пальцев на двух руках?* (ПшIы.) * *В каждом уроке учебника разные виды заданий следуют друг за другом, и их последовательность указывается цифрами. Как мы называем то, что находится под определённым номером?* (IофшIэн.) * *Это слово имеет два значения: а) любая работа, которую выполняет человек; б) задание, данное в учебнике для выполнения учениками.* (IофшIэн.) * *Трудолюбивый человек постоянно занимается этим.* (Iоф ешIэ.);

б) гущыIакIэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

8. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

9. ГущыIакIэхэр кIэлэеджакIохэм яжабзэ щыщ хъунхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 3-р – 4-р унашъоу апылъхэм атетэу арегъэгъэцакIэх.

10. Глаголэу **«шIэн»** зыфиIорэр шъхьэхэмкIэ ыкIи пчъагъэхэмкIэ зэрэзэхъокIхэрэ шIыкIэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ фешIых:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) зэкIэ зэгъусэхэу джыри зэ къырегъаджэх;

в) гущыIэухыгъэхэр адыгабзэкIэ къызэрарегъэдзэкIых:

1. Я знаю адыгейский язык. 2. Вы знаете стихи. 3. Мы знаем песни. 4. Ты знаешь знаменитых людей?

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 44. Нэшэнэ плъышъуацIэхэм шIыкIэ наречиехэр къатегъэкIынхэм афэгъэхьыгъэ IофшIэнхэр. Упражнения на образование наречий образа действия от качественных прилагательных. (Слова на вопросы «сыд фэд?», «сыдэущтэу?»)

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– шIыкIэ наречиехэр нэшэнэ плъышъуацIэхэм къатырагъэкIышъухэу ыкIи ахэр яжабзэ щагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

---

– Бырсыр Абдулахь нэIуасэ фэшIыгъэнхэр ыкIи ащ фэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэр. (Творчествэм гъэхъагъэ щызышIыгъэ цIыфхэр ягъэшIэгъэнхэр, ялъэпкъ культурэ нахь пэблагъэхэу пIугъэнхэр.);

– ялэгъухэм уасэ аратызэ, къатегущыIэшъунхэр. (Ежьхэм яеу еплъыкIэ яIэн алъэкIэу, яеплъыкIэхэр къыраIотыкIышъухэу пIугъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: зэрагъэшIэгъэ буквэхэр зэхамыгъэкIокIэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр гъэпытэгъэнхэр: буквэу ашIэхэрэм якъэIуакIэхэр амыукъонхэм лъыплъэгъэныр.

4. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хэукъоныгъэхэр хамышIыхьэхэу, гущыIэхэр тыратхыкIышъунхэр.

5. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: шIыкIэ наречиехэр гъэпсыгъэ зэрэхъухэрэ шIыкIэр щысэхэмкIэ къагурыгъэIоныр.

6. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **сурэтышI, псынкIэ, гъэшIэгъон.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **Iуш, хъупхъэ, къабзэ, къабзэу матхэ, хъупхъэу Iоф ешIэ, Iушэу мэгущыIэ, псынкIэу мачъэ, дэгъоу сурэт ешIы.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

## Урокым икIуакI

1. Фонетикэ-грамматическэ разминкэ арегъэшIы:

а) н. 92-м ишIыхьэгъэ къэгъагъэм ытхьапэхэм атетхэгъэ буквэхэм къарегъаджэх, ахэр зыхэт гущыIэ зырыз къарегъаIо;

б) глаголэу **«иIэн»** зыфиIорэм изэокIыкIэ интерактивнэ доскэм къытырырегъадзэ ыкIи къырегъаджэх.

2. КIэлэеджакIохэм ягузэхашIэ (настроение) къидищэеным пае, «Бзыумэ яорэд» иаудиогуалъхьэ зэ регъэдэIух, етIанэ фонограммэр игъусэу зэ, имыгъусэу зэ къарегъаIо.

3. УнэмкIэ гъэцэкIэныр еуплъэкIу.

4. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, непэрэ урокым мары щытшIэщтхэр:*

*– вспомним, как образуются слова на вопрос* **«Сыдэущтэу?»**;

*– познакомимся с заслуженным художником РА Абдулахом Берсировым, а также будем учиться составлять небольшой рассказ о нём.*

5. ШIыкIэ наречиехэр нэшэнэ плъышъуацIэхэм къатырагъэкIышъухэу ыкIи ахэр яжабзэ щагъэфедэшъухэу, кIэлэеджакIохэр гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. Iр – 3-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 1-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух;

б) ащ къыщытыгъэ материалыр ежь-ежьырэу зэхафынэу такъикъ ныкъо ареты. Уахътэр зикIыкIэ, упчIэ афегъэуцу:

*Чем отличаются слова в двух столбиках?*

КIэлэеджакIохэм ягупшысэхэр къызаIуахэхэкIэ, кIэлэегъаджэм зэфэхьысыжьхэр къешIых:

I. Слова в первом столбике отвечают на вопрос **«Сыд фэд?»**, во втором – на вопрос **«Сыдэущтэу?»**.

II. *Слова в первом столбике обозначают качество предмета, во втором – способ действия предмета или человека.*

III. Слова в первом столбике не имеют суффикса, во втором имеют суффикс **-эу.**

в) IофшI. 2-м иаудиогуалъхьэ регъэдэух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ ригъэдэIухэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) упчIэхэм джэуапхэр къараремегъэтыжьых:

**Мальвинэ итетрадь сыд фэда? Мальвинэ сыдэущтэу тхэра?**

**Золушкэ сыд фэда? Золушкэ сыдэущтэу Iоф ышIэра?**

**Сэтэнай сыд фэда? Сэтэнай сыдэущтэу гущыIэра?**

**Спортивнэ машинэр сыд фэда? Спортивнэ машинэр сыдэущтэу чъэра?**

**Бырсыр Абдулахь хэта? Бырсыр Абдулахь сыд фэдэ сурэтышIа? Бырсыр Абдулахь сыдэущтэу сурэт ышIыра?**

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Лексикэ-грамматическэ материалэу урокым щызэрагъэшIагъэр агъэфедэшъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 3-р арегъэгъэцакIэ: къэIотэныр къагъэхьазырынэу зы такъикъ-тIу пIалъэ ареты. Хьазыр хъурэр къегъэгущыIэ.

8. КъэIотэныр къэзышIыхэхэрэм Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр арегъэшIых.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 45. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу КIу кIу. Буквэ-пычыгъоу «кIо». Сложная согласная буква КIу кIу. Буква-слог «кIо»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгхэм ацIэхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэр;

– гущыIэухыгъэхэм ямоделэу къэтыгъэхэр яIэпыIэгъухэу, пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгхэм къатегущыIэшъухэу гъэсэгъэнхэр. (Тыкъэзыуцухьэрэ дунаим нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.)

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: буквэу **«кIу»**-м, буквэ-пычыгъоу **«кIо»**-м якъеджакIэхэр ягъэшIэгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: мэкъэ Iужъоу **[кIу]**-рэ буквэ-пычыгъоу **«кIо»**-р яартикуляциехэр ягъэшIэгъэнхэр.

4. Аудированиер: гущыIакIэхэр зыхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: буквэу **«кIу»**-р ыкIи буквэ-пычыгъоу **«кIо»**-р зыхэтхэ гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3).

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **усакIо, мышкIу, кIуакIэ, кIуакIэ ешIэ,** пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгмэ ацIэхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: пхъэшъхьэ-мышъхьэмэ ацIэхэр, **цIыкIу, макIо, некIо, кIо!**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

1. АдыгабзэкIэ гущыIэнхэм кIэлэеджакIохэр тыригъэпсыхьэхэзэ, зэдэгущыIэгъу адешIы:

а) **КIалэхэр, цIыф IэпэIасэ цIэрыIохэу хэта шъушIэхэрэр?**

Джэуапым имодель доскэм къытыретхэ: **Сэ мыщ фэдэ цIыф IэпэIасэ цIэрыIохэр сэшIэх:** …

**Сыд фэдэ ансамблэ цIэрыIохэр шъушIэхэра?**

Джэуапым имодель доскэм къытыретхэ: **Сэ мыщ фэдэ ансамблэ цIэрыIохэр сэшIэх:** …

б) *Спроси у соседа по парте, знает ли он ансамбль «Нальмэс» («Казачата», «Исламей», «Оштен», «Майкопчаночка», «Зори Майкопа»).*

2. УГъ-р еуплъэкIу: къатхыгъэ гущыIэухыгъэхэм къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы:*

*– выучим сложную трёхзначную букву, которая читается по-особому, а не как сочетание двух букв и новые слова с этой буквой;*

*– выучим названия плодовых деревьев и будем рассказывать о них, как это делает садовод на странице 97.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«кIу»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, давайте вспомним, какие два звука имеет буква* **«кI»**. *ГущыIэхэм шъукъяджь (доскэм къытыретхэх):* **кIалэ, шкIэ, зегъэпскIы**.

*Кто расскажет правила чтения буквы* **«кI»** *в разных позициях? Можно пользоваться схемо-подсказкой.* {Схемэр (еплъ: урокэу 35, уцугъоу 5-г.) доскэм къыпелъэ е интерактивнэ доскэм къытырырегъадзэ}.

б) Джы, кIалэхэр, откройте форзац учебника и найдите в алфавите буквы, в которых встречается сочетание знаков «**к**» и «**I**».

Буквэхэр (**кI, кIу**) доскэм къытырарегъатхэх, етIанэ ареIо:

*Ары, кIалэхэр, в адыгейском алфавите есть буква из трёх знаков* **«кIу»**. *Но в нём нет буквы* **«кIо»**, *потому что* **«кIо» –** *не буква, а буква-слог. Буква-слог, потому что, в любой позиции образует слог. Вот транскрипция этой буквы-слога: [***кIуэ***]. Давайте научимся читать букву* **«кIу»** *и букву-слог* **«кIо»**.

в) аудиогуалъхьэм (IофшI. 2, 3) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) макъэу **[кIу]**-м иартикуляцие къафеIуатэ;

д) буквэм, буквэ-пычыгъом, гущыIэхэм кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу джыри зэ къарегъаджэх, етIанэ нэбгырэ зырызэу къарегъаджэх;

е) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ;

ж) гущыIакIэхэр гущыIалъэм дарегъатхэх.

5. ГущыIакIэхэр кIэлэеджакIохэм яжабзэ щыщ хъунхэм фэшI, кIэлэегъаджэм зэришIы хабзэу, езыгъэгупшысэхэрэ упчIэхэр, гъэцэкIэнхэр аретых:

**Как называют человека, который пишет стихи? (УсакIо.) *Это название плода самого крепкого дерева. (МышкIу.) *Если ребёнок недавно научился ходить, то про него говорят, что он ... (кIуакIэ ешIэ). *У каждого человека своя ... (КIуакIэ.) *Как вы попросите кого-либо пойти с вами куда-нибудь? (НекIо!) *Как вы попросите кого-либо пойти куда-нибудь? (КIо!) *Назовите слово, противоположное по смыслу:* **ины –** *...(цIыкIу),* **щыт –** *...(макIо). *Скажите по-адыгейски: 1. Мой брат маленький. 2. Иди в магазин! 3. Пойдём в парк! 4. Ребёнок умеет ходить. 5. Жёлудь большой. 6. Моя мама идёт в магазин.*

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ГущыIэухыгъэхэм ямоделэу къэтыгъэхэр яIэпыIэгъухэу, пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгхэм къатегущыIэшъухэу ыкIи ащ фэгъэхьыгъэ упчIэ атышъоу кIэлэеджакIохэр гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 3-р, 4-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 3-м игъусэ сурэтыр интерактивнэ доскэм къытырырегъадзэ, ащ ишIыхьэгъэ чъыгхэм ацIэхэр урысыбзэкIэ къарегъаIох;

б) аудиогуалъхьэм (IофшI. 3) регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) чъыгхэм ацIэхэр текстым къыхарегъэгъэщых, чъыг пэпчъ исурэт къагъэлъагъозэ, ацIэхэр доскэм къытырарегъатхэх: **Мыр мыIэрысэ чъыг. Мыр къужъ чъыг. Мыр чэрэз чъыг. Мыр чъыгай**.

г) текстым къырегъаджэх;

д) гущыIэухыгъэм имодель (______ ______**м мыIэрысэ къыпэкIэ.**) яIэпыIэгъоу IофшI. 4-м къыщытыгъэ упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых.

8. Чъыгэу къызытегущыIэщтхэр зырызэу кIэлэеджакIохэм атырегуащэх (чъыгхэм ясурэтхэр аритхэмэ дэгъу), къэIотэным имодель яIэпыIэгъоу, ячъыгхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэнхэр кIэлэеджакIохэм къашIых.

КъэIотэным хэт гущыIэухыгъэхэм ямодельхэр:

**{Мыр ______ ______ ______ ______м мыIэрысэ къыпэкIэ. ______ ______р цIыкIу (ины)}**.

9. Чъыгхэм къапыкIэхэрэм ацIэхэр зэхахыхэмэ, къашIэжьынхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 5-р джэгукIэ шъуашэм итэу арегъэгъэцакIэ.

10. Т-м къыщытыгъэ IофшIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэгъэцакIэх.

11. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.
12. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 46. Буквэу «кIу» ыкIи буквэ-пычыгъоу «кIо» зыхэт гущыIэхэу зэрагъэшIагъэхэмкIэ зэфэхьысыжь. Обобщение изученной лексики с буквой «кIу» и буквой-слогом «кIо»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– гущыIэхэу **«усакIо», «усэкIошху»** зыфиIохэрэр агъэфедэхэзэ, урыс ыкIи адыгэ усакIохэм афэгъэхьыгъэ къэIон (высказывание) кIэкIхэр ашIышъухэу гъэсэгъэнхэр – кIэлэцIыкIухэм апае тхэрэ урыс усакIохэм ащыщхэр агу къэгъэкIыжьыгъэнхэр, адыгэ усакIохэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэр;

– классым чIэкIыхэ ашIоигъо зыхъукIэ, кIэлэегъаджэм Iизын къыIахын зэрэфэе шIыкIэр агу къэгъэкIыжьыныр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зиIэ буквэу **«кIу»**-рэ буквэ-пычыгъоу **«кIо»**-рэ алъэгъухэмэ къызэрашIэжьхэрэр ыкIи зэратхышъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу зэрагъэшIагъэхэр **([кIу]**, **[кIо]**) къызэраIошъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр, ахэр зэхахыхэмэ, къашIэжьынхэм Iоф дэшIэгъэныр – кIэлэеджакIохэм ягулъытэ хэгъэхъогъэныр.

4. Адыгэ орфографиер амыукъоным фэгъэсэгъэнхэр:

– хэукъоныгъэхэр хамышIыхьэхэу, кроссвордым гущыIэхэр ратхэшъунхэр;

– гущыIэхэм къащыкIэрэ буквэхэр хагъэуцожьхэзэ, текстыр (IофшI. 6) зыпкъ рагъэуцожьышъуныр.

5. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3).

6. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **чIыпIэ, чIыпIэ дэгъу, чIыпIэхэр, Адыгэ Республикэм ичIыпIэхэр, сичIыпIэ иномер, уичIыпIэ иномер, тиунэ иномер.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр, сценкэм итекст зытетхэгъэ тхьапэхэр.

## Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы:

а) хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зиIэ тамыгъищзэхэлъ буквэхэу, буквэ-пычыгъохэу зэрагъэшIагъэхэм, ахэр зыхэт пычыгъохэм къарегъаджэх: **жъу, жъо, кIу, кIо, шъу, шъо, жъуа, жъуи, кIуа, кIуи, шъуа, шъуе, шъуи, шъуя**;

б) ЕТ-м инэкIубгъоу 24-м итхэгъэ усэ сатыр цIыкIухэм кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу къарегъаджэх, гущыIэхэу буквэ-пычыгъоу **«кIо»** зыхэтхэр къыхарегъэгъэщых, къарегъаIох.

2. УГъ-р еплъэкIу: упчIэу зиджэуап къатхыгъэм, етIанэ ащ иджэуапэу къатхыгъэм зырызэу кIэлэеджакIохэр къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы на уроке:*

*– обобщим знания об изученных нами трёхзначных буквах и буквах-слогах, которые читаются не как сочетания двух букв, а по-особому;*

*– вспомним некоторых русских поэтов и познакомимся с адыгейскими поэтами, а также будем учиться говорить, что они великие поэты;*

*– будем усовершенствовать наше умение читать и писать букву* **«кIу»** и букву-слог **«кIо»;**

*– будем инсценировать разговор «учителя» Мальвины и её «ученика» Буратино.*

4. ГущыIакIэхэм (**усакIо, усэкIошху**) кIэлэеджакIохэр нэIуасэ афэшIыгъэнхэм ыкIи ахэр яжабзэ щыщ шIыгъэнхэм, усакIохэм афэгъэхьыгъэ къэIон (высказывание) кIэкIхэр къашIышъухэу гъэсэгъэнхэм афэлэжьэрэ IофшI. 1-р – 4-р, унашъоу апылъхэм атетэу, арегъэгъэцакIэх. НэIуасэ зыфэхъухэрэ усакIохэм япортретхэр интерактивнэ доскэм къытырыригъадзэхэмэ е доскэм къыпилъэхэмэ, шIуагъэ къытыщт.

5. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.* (ЕТ-м инэкIубгъоу 24-м итхэгъэ усэ сатыр цIыкIухэр ыгъэфедэхэзэ, гъэпсэфыгъом итакъикъ кIэлэегъаджэм зэхищэмэ, игъо шъыпкъ.)

6. Классым чIэкIынхэу фаехэ зыхъукIэ, кIэлэегъаджэм Iизын къызэрэIахын фэе шIыкIэр агу къэзыгъэкIыжьырэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) зэдэгущыIэгъум рольхэмкIэ къырегъаджэх;

в) зэдэгущыIэгъур сценкэу къарегъэшIы.

7. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнэу игъо зыфифэхэрэр арегъэгъэцакIэх.

8. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

9. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 47. Мэкъэзэрэщэ буквэзэхэлъэу ШIу шIу. Буквэ-пычыгъоу «шIо». Сложная согласная буква ШIу шIу. Буква-слог «шIо»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– зы нэбгырэм е нэбгырабэмэ сэлам зэряпхыщт шIыкIэхэр агу къэгъэкIыжьыгъэныр (Этикетым щыщ Iахьэхэр ягъэшIэгъэнхэр ыкIи ахэр амыукъонхэм фэгъэсэгъэнхэр.);

– адыгэ шхынхэм е нэмыкI лъэпкъ шхынхэм ащыщэу агу рихьырэр къаIошъоу (яеплъыкIэ къыраIотыкIышъоу) гъэсэгъэнхэр;

– ямэхьанэхэмкIэ зэпыщыт гущыIэхэмкIэ яжабзэ гъэбаигъэныр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: буквэу **«шIу»**-м ыкIи буквэ-пычыгъоу **«шIо»**-м якъеджакIэхэр ягъэшIэгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэхэу **[шIуы]**-рэ **[шIуэ]-**рэ яартикуляциехэр ягъэшIэгъэнхэр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт гущыIэухыгъэхэм (IофшI. 3, 6) ядэIухэмэ, къарыкIыхэрэр къагурыIонхэр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: буквэу **«шIу»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **IэшIу, шIои, шIу, машIо, IэшIу-1ушIу, мэгушIо**.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **Уимафэ шIу! Шъуимафэ шIу!** Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр: IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

1. КIэлэеджакIохэр адыгабзэкIэ гущыIэнхэм тыригъэпсыхьэхэзэ, зэдэгущыIэгъу адешIы:

а) **КIалэхэр, хэта Агния Барто (Самуил Маршак, Александр Пушкиныр, Жэнэ Къырымыз, Къуекъо Налбый)?**

б) **Агния Барто (Самуил Маршак, Александр Пушкиныр, Жэнэ Къырымыз, Къуекъо Налбый) усэкIошхуа?**

2. УнэмкIэ гъэцэкIэнр еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы:*

*– познакомимся со сложной трёхзначной буквой «шIу» и буквой-слогом* **«шIо»;**

*– выучим новые, а также вспомним знакомые нам слова с ними;*

*– вспомним, как нужно приветствовать одного человека и как многих;*

*– будем говорить о том, какие продукты мы считаем вкусными или сладкими;*

*– поработаем со словами, которые имеют противоположные значения.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«шIу»**-рэ буквэ-пычыгъоу **«шIо»**-рэ нэIуасэ афешIых:

а) *КIалэхэр, сейчас мы познакомимся ещё с одной трёхзначной буквой и буквой-слогом, которые читаются не как сочетание двух букв, а по-особому. Рассмотрите их на странице 100 учебника и послушайте, как они читаются отдельно и в словах.*

б) аудиогуалъхьэм (IофшI. 2, 3) регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) макъэу **[шIуы]**-рэ **[шIо]-**рэ яартикуляциехэр къафеIуатэх;

д) буквэм, буквэ-пычыгъом, гущыIэхэм кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу джыри зэ къарегъаджэх, етIанэ нэбгырэ зырызэу къарегъаджэх;

е) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ;

ж) гущыIакIэхэр гущыIалъэм дарегъатхэх.

5. ГущыIакIэхэр кIэлэеджакIохэм агу раубытэнхэм пае, мыщ фэдэ упчIэхэр аретых:

**Как мы здороваемся с одним человеком?* (Уимафэ шIу!) **А как мы приветствуем многих?* (Шъуимафэ шIу!) **Какие на вкус конфеты, печенье, шоколад?* (IэшIу.). **Ребёнок запачкал соё лицо. Какое у ребёнка лицо?* (ШIои.) **Что Саусэрыкъо вернул нартам?* (МашIо.) **Своими делами и поступками Саусэрыкъо завоевал любовь своего народа. Значит, он делал своему народу только*

… (шIу.) * *Как назвать одним словом печенье, конфеты, торт, пироженое?* (IэшIу-1ушIу). * *Как показывает свою радость ребёнок, которому дали красивую игрушку?* (МэгушIо.)

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. ГущыIакIэхэр кIэлэеджакIохэм яжабзэ щыщ хъунхэм фэгъэхьыгъэ IофшIэнхэу 3-р – 8-р, унашъоу апылъхэм атетэу, арегъэгъэцакIэх.

8. Т-м къыщытыгъэ IофшIэнхэр арегъэгъэцакIэх.

11. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

12. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 48. Гупсэ дэжь инэнэжъ къэкIуагъ.
## К Гупсэ приехала бабушка.

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зиIэ мэкъэ Iужъухэр зыхэт гущыIэхэу Гупсэрэ инэнэжъырэ язэдэгущыIэгъу (IофшI. 1) къыхафэхэрэр кIэлэеджакIохэм къин къащымыхъоу, яжабзэ щагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр. (<u>Текстым купкIэу хэлъыр гъэфедагъэу, ягупсэхэм гукIэгъуныгъэ, гуфэбэныгъэ афыряIэу, афэгумэкIыхэу пIугъэнхэр.</u>)

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр гъэпытэгъэнхэр: буквэу **«шIу»**-рэ буквэ-пычыгъоу **«шIо»**-рэ къызэрашIэжьхэрэр ыкIи ахэм къызэряджэшъухэрэр гъэпытэгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэхэу **[шIу]**-рэ **[шIуэ]**-рэ зэхахыхэмэ, къашIэжьыхэу гъэсэгъэнхэр, ахэм яартикуляциехэр амыукъохэу къызэраIошъурэр гъэпытэгъэныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт зэдэгущыIэгъум (IофшI. 1) ядэIухэмэ, хэз имыIэу къагурыIоныр.

5. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 1).

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: буквэу **«шIу»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **зыгъэпсэф, сыдэу ущыт?**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **IэшIу-1ушIу, IэшIу, щэлэмэ IэшIу, мэгушIо, некIо, къурамбый, щэлам, щэлэмэ IэшIу.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

## Урокым икIуакI

1. КIэлэеджакIохэр адыгабзэкIэ гущыIэнхэм тыригъэпсыхьэхэзэ, зэдэгущыIэгъу адешIы:

а) хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зиIэ тамыгъищзэхэлъ буквэхэу, буквэ-пычыгъохэу зэрагъэшIагъэхэм, ахэр зыхэт пычыгъохэм къарегъаджэх: **жъу, жъо, кIу, кIо, шъу, шъо, жъуа, жъуи, кIуа, кIуи, шъуа, шъуе, шъуи, шъуя.**

б) *КIалэхэр, сейчас мы поиграем в игру «Поздоровайся правильно». Я буду начинать предложения, а вы будете их заканчивать приветственными словами* **«уимафэ шIу!»** *или* **«шъуимафэ шIу!»**.

*Анжела Нурбиевна, ...(уимафэ шIу!)*

*Анжела Нурбиевна, Таисия Магаметовна, ...(шъуимафэ шIу!)*

*КIалэхэр, (...). Къантемыр, (...). Абрек, Къантемыр, (...). Бытраб, Дэхащ, (...). Пырац, (...).*

*в) КIалэхэр, каждый из нас скажет по цепочке, какой продукт, по его мнению, вкусный. Начну я, а вы продолжите:* **Щыпсыр IэшIу. …**

*г) Теперь я буду называть разные ситуации, а вы будете называть из двух слов (доскэм тетхэгъэ гущыIэхэр арегъэлъэгъух:* **мэгъы, мэгушIо***.) одно, которое подходит к названной мной ситуации.*

* **Сабыир шхэнэу фай. Ар** …(мэгъы).

* **Сабыим джэгуалъэ къыфащэфыгъ** (купили). **Сабыир** … (мэгушIо).

2. УнэмкIэ гъэцэкIэныр еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы будем работать с текстом диалога девочки Гупсэ и её нэнэжъ, которая приехала из аула в следующей последовательности:*

*– послушаем разговор Гупсэ и её нэнэжъ, затем ещё раз послушаем их беседу, повторив за дикторами каждое предложение;*

*– подумаем над тем, какие взаимоотношения у Гупсэ и её нэнэжъ;*

*– научимся у Гупсэ, как нужно любить свою бабушку и быть внимательным к ней;*

*– научимся добрым ласковым словам, с которыми можно обращаться к своей любимой бабушке;*

– закрепим письмо и произношение буквы-звука **«шІу»** в словах.

4. Гупсэрэ янэжърэ язэдэгущыІэгъу (ІофшІ. 1) Іоф дарегъашІэ:

а) сурэтым регъэплъых, ралъагъорэр къарегъэІуатэ;

б) аудиогуалъхьэм (ІофшІ. 1) регъэдэІух, етІанэ гущыІэухыгъэ пэпчъ регъэдэІух, къыкІарегъэІотыкІыжьы;

г) амакъэ мылъэшэу текстым кІэлэеджакІохэр ежь-ежьырэу регъаджэх;

д) текстым фэгъэхьыгъэ упчІэхэр, гъэцэкІэнхэр аретых:

* Какая реакция у Гупсэ на приезд её нэнэжъ? (**Гупсэ мэгушІо.**)

* Найдите в диалоге слова Гупсэ, которые показывают, что она рада приезду нэнэжъ. (**Нэнэжъ къэкІо! Нэнэжъ, нэнэжъ, уимафэ шІу!**)

* Как Гупсэ относится к своей нэнэжъ? (**Гупсэ инэнэжъ икІас.** Гупсэ любит свою нэнэжъ, заботится о ней.)

* *Как вы узнали, что Гупсэ любит свою нэнэжъ, что она заботливая и внимательная по отношению к своей нэнэжъ? Найдите в диалоге слова, подтверждающие ваше мнение.*

(**Сыдэу ущыт, нэнэжъ? НекІо унэм! ТІыс, зыгъэпсэф. А синэнэжъ ІэшІу,…**)

* *А как нэнэжъ относится к своей внучке?*

(**Гупсэ инэнэжъ шІу елъэгъу (икІас)**.

* *Подтвердите своё мнение словами нэнэжъ из диалога.*

(**Сипшъэшъэжъый, сипшъэшъэжъые цІыкІу.**)

* **Нэнэжъ сыд фэдэ ІэшІу-1ушІухэр Гупсэ къыфихьыгъэха?** *Какие сладости нэнэжъ привезла Гупсэ? Найдите их названия в тексте*

*(Къуае, щэлэмэ ІэшІу, къурамбый).*

* **Адэ Гупсэ сыд фэдэ ІэшІу-1ушІухэр инэнэжъ ритыгъэха?** *А какими сладостями Гупсэ угостила нэнэжъ? Найдите в тексте их названия. (Конфетхэр, печеньехэр.)*

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.* Урокэу 11-м иІофшІэнэу 2-м къыщытыгъэ усэ цІыкІур къыдаІозэ, физкультминуткэ арегъэшІы.

7. ІофшІ. 1-м итекст Іоф даригъэшІэным пеублэжьы:

а) нэбгырэ тІурытІоу рольхэмкІэ къырегъаджэх;

б) ІофшІ. 2-р – 4-р, унашъоу апылъхэм атетэу, арегъэгъэцакІэх.

8. Т-м къыщытыгъэ ІофшІэнхэр арегъэгъэцакІэх.

9. УрокымкІэ зэфэхьысыжь арегъэшІы.

10. УнэмкІэ гъэцэкІэныр ареты.

## Урокэу 49. Буквэу «шIу» ыкIи буквэ-пычыгъоу «шIо» зыхэт гущыIэу зэрагъэшIагъэхэмкIэ зэфэхьысыжь. Обобщение изученной лексики с буквой «шIу» и буквой-слогом «шIо»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– классымкIэ дежурнэм иIофхэр зэригъэцакIэхэрэм идэгъугъэ-идэигъэ раIошъоу гъэсэгъэнхэр (Ялэгъухэм яIофшIэнхэр зэрагъэцакIэрэ шIыкIэм уасэ фашIышъоу пIугъэнхэр.);

– буквэ-макъэу **«шIу»**-рэ буквэ-пычыгъоу **«шIо»**-рэ зыхэт гущыIэу зэрагъэшIагъэхэр яжабзэ зэрэщагъэфедэшъухэрэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр;

– шIум фэгъэхьыгъэ гущыIэжъыр ягъэшIэгъэныр. (Адыгэ IорыIуатэм иIахьэхэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэр).

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зиIэ буквэу **«шIу»**-рэ буквэ-пычыгъоу **«шIо»**-рэ алъэгъухэмэ къызэрашIэжьыхэрэр ыкIи зэратхышъухэрэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу зэрагъэшIагъэхэр (**[шIу]**, **[шIо]**) къызэраIошъухэрэр, ахэр зэхахыхэмэ, къызэрашIэжьхэрэр нахьышIу шIыгъэнхэр.

4. Адыгэ орфографиер амыукъоным фэгъэсэгъэнхэр: макъэу зэрагъэшIагъэхэр (**[шIу]**, **[шIо]**) зыхэт гущыIэхэр зэратхышъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

5. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: пкъыгъуацIэкIэ къэIуагъэ сказуемэр (Ар **IэшIу-IушIоп**.) мыдэныгъэ шъуашэм итэу къаIошъоу гъэсэгъэнхэр.

6. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **Ар хъунэп! Аферым! ШIои, къабзэ, IэшIу-IушIу, IэшIу-IушIоп, машIо.**

ГущыIэжъыр: **ШIу шIи, псым хадз.**

### Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы: хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зиIэ тамыгъиищзэхэлъ буквэхэу, буквэ-пычыгъохэу зэрагъэшIагъэхэм хьарыфхэмрэ пычыгъохэмрэ ятаблицэкIэ къарегъаджэх: **жъу, жъо,**

**кIу, кIо, шъу, шъо, жъуа, жъуи, кIуа, кIуи, шъуа, шъуе, шъуи, шъуя.**

2. УнэмкIэ гъэцэкIэныр еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы на уроке:*

*– обобщим наши знания об изученных нами трёхзначной букве* **«шIу»** *и букве-слоге* **«шIо»***, которые читаются не как сочетания двух букв, а по-особому;*

*– будем усовершенствовать наше умение применять в речи и письме слова с буквой* **«шIу»** *и буквой-слогом* **«шIо»***;*

*– будем учиться оценивать работу дежурного по классу, употребляя слова в положительной и отрицательной формах;*

*– выучим пословицу о добре;*

*– вспомним слова с противоположными значениями.*

4. Зэпыщыт мэхьанэ зиIэ гущыIэу кIэлэеджакIохэм ашIэхэрэр агу къыгъэкIыжьынхэм фэшI, IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ: сурэтхэм арышIыхьэгъэ майкэхэр зэрэзэтекIхэрэр къарегъаIо, етIанэ гущыIэухыгъэу ахэм акIэтхагъэхэм къарегъаджэх, ямэхьанэкIэ зэпыщыт гущыIэу ахэм ахэтхэмкIэ яупчIы. Зэпыщыт мэхьанэ зиIэ нэмыкI гущыIэу ашIэхэрэр къарегъаIох.

5. ГущыIэу **«къабзэ», «шIои»** зыфиIохэрэр автоматизмэм нэсэу агъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 2-р, 3-р арегъэгъэцакIэх.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.* (Егъэджэн тхылъым инэкIубгъоу 24-м итхэгъэ усэ сатыр цIыкIухэр ыгъэфедэхэзэ, гъэпсэфыгъом итакъикъ кIэлэегъаджэм зэхищэмэ, игъо шъыпкъ.)

7. АР-м и Герб Саусэрыкъо машIор ыIыгъэу зэрэтешIыхьагъэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэм ыкIи ащ идееу зыдиIыгъыр ягъэшIэгъэным афэлэжьэрэ IофшI. 4-р арегъэгъэцакIэ:

а) сурэтым ишIыхьагъэ сурэтыр зыщыщымкIэ яупчIы (АР-м и Герб);

б) сурэтым кIэтхагъэ гущыIэухыгъэм къырегъаджэх, къызэрарегъэдзэкIыжьы;

в) Саусэрыкъо машIо зэриIыгъым идееу хэлъымкIэ яупчIы, яшIошъхэр къарегъаIох, етIанэ ежь кIэлэегъаджэм зэфэхьысыжь къешIы:

*КIалэхэр, огонь – это символ сохранения очага, символ сохранения жизни на земле. Как повествует легенда, однажды злодей*

*Великан украл у нартов огонь из очага. Никто не мог совладать с Великаном. А бесстрашный, умный и немного хитрый Саусэрыкъо был в дальнем походе, поэтому не знал о горе, постигшем его народ. Настала угроза гибели целого народа. К счастью, Саусэрыкъо успел вернуться и, узнав от своей матери Сэтэнай о том, что случилось, отправился к злому Великану, победил его умом и хитростью, а огонь вернул нартам.*

*Это было очень много веков назад. А 25 лет тому назад, когда образовалась РА, был объявлен конкурс на создание государственных атрибутов. Конкурс прошёл герб, предложенный народным художником РА Довлетом Меретуковым. Изображение Нарта Саусэрыкъо с горящим факелом в руке напоминает нам, что нельзя дать погаснуть огню Саусэрыкъо. Это значит: чтобы адыгский народ существовал, не исчезал с лица земли, мы должны знать родной язык, соблюдать свои обычаи и традиции, читать и писать книги, слагать стихи и песни на родном языке, танцевать свои очень красивые танцы. Это значит: мы должны не только сохранить культуру, созданную нашими предками и пронесённую через многие и многие века, а делать её ещё богаче.*

8. Адыгэ гущыIэжъэу **«ШIу шIи, псым хадз»** зыфиIорэр арегъашIэ:

*КIалэхэр, а как вы думаете, почему народ не забывает своего героя Саусэрыкъо? Вы можете выразить одним словом, что он сделал для своего народа? (Добро.)* **Тэрэз, Саусэрыкъо илъэпкъ шIу фишIагъ. «ШIу»** – *это значит «добро».* **КъашъуIо: шIу** *(...) Сегодня мы и выучим пословицу о том, что сделанное добро никогда не пропадёт. Пожалуйста, прочитайте эту пословицу в упражнении 6.* (КIэлэеджакIохэр зэгъусэхэу гущыIэжъыр зытIо-зыщэ къыкIарегъэIотыкIыжьы, етIанэ нэбгырэ зырызэу къарегъаIо.)

9. ПкъыгъуацIэкIэ къэIуагъэ сказуемэр мыдэныгъэ шъуашэм итэу агъэфедэшъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ.

10. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

11. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

12. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 50. Мэкъэзэрэщэ буквэхэу ПIу пIу, ТIу тIу.
## Согласные буквы ПIу пIу, ТIу тIу

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: гущыIакIэхэр зыхэт гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэм **«пIу», «тIу»** якъеджакIэ Iоф дэшIэгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэу **[пIу], [тIу]** къаIохэ зыхъукIэ, ахэм яартикуляциехэр амыукъонхэр.

4. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: мэкъэ Iужъоу зэрагъэшIагъэхэр зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

5. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **епIу, пIуакIэ, Iужъу, пIуабл, тIурытIу, тIурытIоу.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **тIу, сабый, шы, цIыкIу.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

### Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы: буквэхэу **«жъу», «шъу», «шIу»** зыфиIорэ буквэхэм ыкIи ахэр зыхэт пычыгъохэм хьарыфхэмрэ пычыгъохэмрэ ятаблицэкIэ къарегъаджэх.

2. УГъ-р еуплъэкIу: гущыIэжъыр (ШIу шIи, псым хадз.) агу къегъэкIыжьы, етIанэ кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу къарегъаIо. Ащ ыуж нэбгырэ зырызэу «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу къарегъаIо.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы:*

*– познакомимся с двумя сложными трёхзначными буквами, которые образуются при помощи вспомогательных знаков* **«I»** *и* **«у»**;

*– выучим новые слова с ними;*

*– познакомимся с многозначными словами на вопрос* **«Сыд фэд?»** *и научимся употреблять их в речи;*

*– познакомимся с атрибутом быта адыгов в прошлом – циновкой и вспомним, кто из мастеров народного промысла занимается возрождением этого атрибута.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэхэу **«пIу»,** «т**Iу**» нэIуасэ афешIых:

а) буквэхэу **«пIу», «тIу»** хьарыфхэмрэ пычыгъохэмрэ ятаблицэ къыхарегъэгъэщых ыкIи яупчIы:

*КIалэхэр, как вы думаете, почему эти буквы не выделены голубым цветом, в отличие от букв* **«гу», «жъу», «кIу», «шъу», «шIу»***? (Потому что эти буквы читаются как сочетания двух букв, а не по-особому.)*

б) IофшI. 1-м, 2-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых.

5. Адыгэ лъэпкъым иIэшIагъэмэ ащыщэу пIуаблэм фэгъэхьыгъэ зэдэгущыIэгъу кIэлэеджакIохэм адешIы:

*КIалэхэр, а кто из вас знает, что такое* **«пIуабл»***, и для чего он служит?*

КIэлэеджакIохэм яшIошIхэр къызаIуахэхэкIэ, кIэлэегъаджэм къафеIуатэ:

*До недавного прошлого, менее чем 100 лет назад, ни одна адыгская семья не обходилась без циновки –* **пIуабл**. *Каждая семья имела станок, на котором плели* **пIуабл***, а в обязанности каждой женщины входило умение плести* **пIуабл**. *Материалом для изготовления* **пIуабл** *служило растение камыш (куга).* **ПIуабл** *адыги использовали вместо ковра и паласа. А те, кто придерживался исламской веры, выполняли намаз – молитву, стоя или сидя на* **пIуабл**.

6. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэшI, мыщ фэдэ шIыкIэхэр егъэфедэх:

а) тетрад тхьапэрэ картон тхьапэрэ ыIыгъхэу, кIэлэегъаджэр кIэлэеджакIохэм зырызэу акIэрэхьэ, ахэм арегъэIэбых (даёт их пощупать руками), етIанэ упчIэ ареты:

*Сравнивая толщину этих двух листов бумаги, что вы можете сказать о них?* (Тетрадный лист тонкий, картонный лист – толстый.)

**Тэрэз, кIалэхэр, тетрад тхьапэр Iужъу, картон тхьапэр пIуакIэ.**

**КъашъуIо: «Картон тхьапэр Iужъу».** (…) **«Тетрад тхьапэр пIуакIэ».** (…)

*А если сравним пальто и плащ?* (Палътэур Iужъу, плащыр пIуакIэ.)

*А если сравнить тетрадь и учебник?* (Тетрадыр пIуакIэ, тхылъыр Iужъу.)

б) кружок (жъогъо, конфет, …) тIурытIу еджэкIо цIыкIухэм ареты ыкIи ареIо:

**КIалэхэр, шъо кружок тIурытIу шъиI. Кружок тхьапш-тхьапша шъуиIэр?** (Тэ кружок тIурытIу тиI.)

в) *КIалэхэр, по сколько ученики сидят за партами? Послушайте, как я отвечу на этот вопрос:* **КIэлэеджакIохэр тIурытIоу партмэ адэсых. КъашъуIо: тIурытIоу, тIурытIоу адэсых, партмэ тIурытIоу адэсых.**

г) IофшI. 6-р жэрыIоу, 7-р тхэнэу арегъэгъэцакIэх.

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. Т-м къыщытыгъэ IофшIэнхэр агъэцакIэх.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 51. Зы пкъыгъом ыкIи пкъыгъуабэмэ ялъытэн. Счёт одного и двух предметов

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– пчъэгъацIэхэу «зы», «тIу» зыфиIохэрэр пкъыгъуацIэхэм ягъусэхэу агъэфедэхэзэ, шы-шыпхъу ыкIи ныжъ-тыжъ пчъагъэу яIэхэр зыфэдизхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэр;

– япчъагъэкIэ зы е тIу хъоу яIэ пкъыгъохэм афэгъэхьыгъэ гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр гъэпытэгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэм ябуквэхэу зэрагъэшIагъэхэр къызэрашIэжьхэрэр ыкIи ахэм къызэряджэшъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: мэкъэ Iужъухэр зэхахыхэмэ, къызэрашIэжьхэрэр, ахэм яартикуляциехэр амыукъохэу къызэраIошъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт зэдэгущыIэгъум (IофшI. 4) едэIухэмэ, хэз имыIэу къагурыIоныр.

5. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: зы пкъыкъомрэ пкъыгъуитIумрэ къэплъытэ зыхъукIэ, пчъэгъацIэхэу «зы» «тIу» зыфиIохэрэм гущыIэзэгъусэм чIыпIэу щаубытырэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

5. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 1).

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хэукъоныгъэхэр амышIыхэу гущыIэухыгъэхэр (IофшI. 6) тыратхыкIынхэр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

*КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр:* **зы жъуагъо, жъогъуитIу, шы, шыпхъу, нэнэжъ, нысхъап, сикIас.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы: мэкъэ Iужъухэм ябуквэу зэрагъэшIагъэхэмрэ ахэр зыхэт пычыгъохэмрэ хьарыфхэмрэ пычыгъохэмрэ ятаблицэкIэ къарегъаджэх, хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зиIэу ахэм ахэтхэр къыхарегъэгъэщых.

2. УГъ-р еуплъэкIу.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– повторим слова, выученные нами на прошлом уроке;*

*– будем учиться говорить, предметов сколько: один или два;*

*– будем учиться рассказывать, сколько у нас родных братьев, сестёр, бабушек, дедушек.*

4. БлэкIыгъэ урокым зэрагъэшIэгъэ гущыIэхэр арегъэгъэпытэжьых: *КIалэхэр, сейчас я проверю, хорошо ли вы запомнили слова, выученные нами на прошлом уроке.*

**Найдите в классе предметы, которые можно противопоставить по тонкости-толщине, скажите, какие они, сравнив их.*

* КIэлэегъаджэм кIэлэеджэкIуитIумэ къэлэм тIурытIу ареты, адрэ кIэлэеджакIохэм упчIэ афегъэуцу:

**Къантемыррэ Мадинатрэ къэлэм тхьапш-тхьапша яIэр?** *По сколько карандашей у Кантемира и Мадинат?* (Къантемыррэ Мадинатрэ къэлэм тIурытIу яI.)

* **Партхэм тхьапш-тхьапшэу шъуадэса?** *По сколько вас за партами?* (Тэ партхэм тIурытIоу тадэс.)

* *Кто скажет пословицу о доброте?*

5. Шы-шыпхъу ыкIи ныжъ-тыжъ пчъагъэу яIэхэр зыфэдизхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 2-р – 3-р арегъэгъэцакIэх:

а) правилэм (IофшI. 2) къырегъаджэх, къарегъэIотэжьы;

б) IофшI. 3-м ишIыхьэгъэ сурэтхэм ацIэхэмрэ ахэр зэрэхъурэ пчъагъэхэмрэ къарегъаIох, етIанэ акIэтхагъэхэм къарегъаджэх;

в) упчӀэхэр аритхэзэ, зэфэхьысыжьхэр арегъэшӀых:

**Скажите, пожалуйста, на каком месте стоит числительное «зы»: перед названием предмета, который мы считаем, или же после его названия?*

**А на каком месте стоит числительное «тӀу»: перед названием предмета, который мы считаем, или же после его названия?*

6. ЯнэӀосэ лексикэ-грамматическэ материалкӀэ зэхэт текстым (ӀофшӀ. 4) едэӀухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыӀоным Ӏоф дарегъашӀэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэӀух, етӀанэ гущыӀэухыгъэ пэпчъ регъэдэӀух, къыкӀарегъэӀотыкӀыжьы;

б) пкъыгъуацӀэхэр зигъусэ пчъэгъацӀэхэр текстым къыхарегъэгъэщых:

*Найдите и прочитайте в рассказе слова и словосочетания о количестве родных Заиры.* (НэнэжъитӀу, тэтэжъитӀу, шитӀу, зы шыпхъу.)

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. НэӀуасэ зыфэхъугъэхэ грамматическэ материлыр ӀофшӀ. 5-м, 6-м щагъэпытэжьых.

9. Т-м къыщытыгъэ ӀофшӀэнхэр агъэцакӀэх.

10. УрокымкӀэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшӀых.

11. УнэмкӀэ гъэцэкӀэныр ареты.

## Урокэу 52. Мэкъэзэрэщэ буквэу Дж дж.
## Согласная буква Дж дж

---

*Пшъэрылъ шъхьаӀэхэр:*

1. ЖэрыӀуабзэм икъулайныгъэхэр аӀэкӀэгъэхьанхэр:

– буквэу **«дж»** зыхэт гущыӀэхэр гущыӀэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– ягупсэхэм ящыгъынхэм афэгъэхьыгъэ къэӀотэн кӀэкӀ къашӀышъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр:

– мэкъэзэрэщэ буквэу **«дж»**-м нэӀуасэ фэшӀыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[дж]**-м иартикуляцие ашӀэныр ыкӀи ар амыукъоу макъэр къаӀоныр.

5. Аудированиер: янэӀосэ гущыӀэхэмкӀэ зэхэт текстым (ӀофшӀ. 3, 5) едэӀухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыӀоныр.

---

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«дж»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 6).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **джанэ, джыбэ, джыгыт, джэдыгу.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **еджэ, кIэлэегъадж, кIэлэеджакIу.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы: мэкъэ Iужъухэм ябуквэу зэрагъэшIагъэхэмрэ ахэр зыхэт пычыгъохэмрэ хьарыфхэмрэ пычыгъохэмрэ ятаблицэкIэ къарегъаджэх, хэушъхьафыкIыгъэ къеджакIэ зиIэу ахэм ахэтхэр къыхарегъэгъэщых.

2. УГъ-р еуплъэкIу: къатхыгъэ гущыIэухыгъэхэм «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– познакомимся с новой согласной буквой* **«дж»**;

*– вспомним знакомые нам и познакомимся с новыми словами с этой буквой;*

– будем учиться употреблять слова с буквой **«дж»** в предложениях;

*– будем учиться составлять рассказ об одежде наших родных.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«дж»**-м нэIуасэ фешIых:

а) аудиогуалъхьэхэм (IофшI. 1, 2) арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[дж]**-м иартикуляцие арегъашIэ (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 218);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэшIых;

д) гущыIакIэхэр гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

5. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

6. Буквэу **«дж»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр агу къэгъэкIыжьыгъэнхэм ыкIи гущыIакIэхэр агу раубытэнхэм пае езыгъэгупшысэхэрэ упчIэхэр аретых:

*а) КIалэхэр, я буду вам задавать вопросы и загадывать загадки, а ответы вы будете называть на адыгейском языке. Ответы нужно находить в упажнении 2. ШъукъэдаIу!*

**Кто учит детей в школе?* (КIэлэегъадж.) **КIэлэегъаджэм хэта ригъаджэрэр?* (КIэлэегъаджэм кIэлэеджакIохэр регъаджэх.) **КIэлэеджакIохэм еджапIэм сыда щашIэрэр?* (КIэлэеджакIохэр еджапIэм щеджэх.) **Какое общее название имеют женское платье и мужская сорочка?* (Джанэ.) **Как называется самая теплая и мягкая верхняя одежда?* (Джэдыгу.) **Как называется деталь одежды, в которой хранятся мелкие предметы?* (Джыбэ.) **Как называют кавказского наездника, доброго молодца?* (Джыгыт.)

7. ГущыIакIэхэр яжабзэ щыщ хъунхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 3-р, 4-р арегъэшIых:

а) IофшI. 3-м епхыгъэ сурэтхэм арегъэплъых, Дэхащэрэ Пырацэрэ ащыгъ щыгъынхэм ацIэхэр къырарегъаIох;

в) IофшI. 3-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых:

**Дэхащэ сыда щыгъыр? Дэхащэ иджанэ сыда тетыр? Пырацэ сыда щыгъыр? Пырацэ иджэдыгу сыда тетыр? Нэбзый сыда щыгъыр? Нэбзый иджанэ сыда тетыр?**

д) IофшI. 4-р арегъэгъэцакIэ.

8. Ягупсэхэм ящыгъынхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшIэнхэу 5-р, 6-р арегъэгъэцакIэх.

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 53. Буквэу «дж» зыхэт гущыIэхэм жабзэм ящыгъэфедэн. Активизация изученной лексики с буквой «дж»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– хьарыфэу **«дж»** зыхэт гущыIэхэр зэрагъэфедэшъухэрэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр;

– якласс кIэлэеджакIохэм, якIэлэегъаджэ урокым щагъэцакIэрэ Iофхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI зэхагъэуцошъоу гъэсэгъэнхэр;

– джэголъэ пчъагъэу яIэр, ахэм ацIэхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: буквэу **«дж»**-р алъэгъумэ, къызэрашIэжьырэр ыкIи зэратхышъурэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[дж]**-р зэхахмэ, къызэрашIэжьрэр ыкIи ар къызэраIошъурэр нахьышIу шIыгъэнхэр.

4. Адыгэ орфографием амыукъоным фэгъэсэгъэнхэр: макъэу **[дж]** зыхэт гущыIэу зэрагъэшIагъэхэр хэукъоныгъэ хамышIыхьэу атхышъунхэр.

5. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 1).

6. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: «тIу»-м щегъэжьагъэу «пшIы»-м нэс зыхэт пкъыгъоцIэ-пчъэгъэцIэ гущыIэзэхэлъхэм ятхыкIэ фэгъэхьыгъэ ыпэ ишъырэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **кIэлэегъадж, тикIэлэегъаджэ ыцIэр, доскэм Iут, кIэлээджакIу, кIэлээджэкIо дэгъу, джэгуалъ, джыгыт.**

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы: хьарыфэу **«дж»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр фронтальнэу къарегъаIо.

2. УнэмкIэ гъэцэкIэныр еуплъэкIу: къэIотэнэу къагъэхьазырыгъэхэр (ур. 52, IофшI. 5) нэбгырэ зытIущымэ къарегъэIуатэ.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы будем:*

*– усовершенствовать наше умение использовать в речи лексику с буквой-звуком* **«дж»**;

*– учиться рассказывать о том, чем и как занимаются наш учитель и ученики нашего класса;*

*– рассказывать о том, сколько игрушек у нас есть и что это за игрушки.*

4. Якласс кIэлээджакIохэм, якIэлэегъаджэ урокым щагъэцакIэрэ Iофхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI зэхагъэуцошъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 1-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, етIанэ гущыIэухыгъэ пэпчъ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) амакъэ мылъэшэу зэкIэ кIэлээджакIохэр текстым регъаджэх;

в) кIэлээджэкIо зытIущ текстым къырегъаджэ;

г) текстым гущыIэзэгъусэхэр къыхарегъэгъэщых (тэ тикласс, тэ тикIэлэегъадж, тикIэлэегъаджэ ыцIэр, доскэм Iут, партмэ адэсых, тIурытIоу адэсых, сикласс кIэлэеджакIохэр, дэгъоу еджэх, дахэу матхэх, кIэлэеджэкIо дэгъу) ыкIи ахэр доскэм къытырарегъатхэх;

д) ежьхэм якIэлэегъаджэ, якласс кIэлэеджакIохэм афэгъэхьыгъэ къэIотэнхэр къарегъэшIых.

*4. Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

5. Джэголъэ пчъагъэу яIэр, ахэм ацIэхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэм фэшI, IофшI. 3-р, унашъоу пылъхэм атетэу, арегъэгъэцакIэ. Ахэм анэмыкIэу:

а) пкъыгъоцIэ-плъышъоцIэ гущыIэзэгъусэу хэтхэм анаIэ атырырегъадзэ, ахэр къызэрарегъэдзэкIых;

б) текстыр яIэубытыпIэу, ежьхэм яджэгуалъэхэм къатырегъэгущыIэх.

КIэлэеджакIохэм шIэныгъэу яIэхэм (якругозор) хэзыгъэхъорэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ:

а) IофшIэным игъусэ сурэтым регъэплъых, ащ иавтор ыцIэ ареIо (ПIэтIыощэ Феликс);

б) сурэтым ыцIэ къырегъаджэх, сюжетэу иIэр къафеIуатэ;

в) гущыIэу **«джыгыт»** зыфиIорэр кIэлэеджакIохэм ажабзэ хэуцоным пае, упчIэхэр аретых:

**Хэта шым тесыр?** (Саусэрыкъо шым тес.)

**Саусэрыкъо джыгыта?** (Ары, Саусэрыкъо джыгыт.)

г) «Черкеска» зыфиIорэ орэдэу МэщбэшIэ Исхьакъ иусэ техыгъэу Сихъу Рэмэзан ытхыгъэм регъэдэIух.

7. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

8. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

9. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 54. 10-м нэсэу пкъыгъохэм ялъытэн. Счёт предметов до 10

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– «зы»-м щегъэжьагъэу «пшIы»-м нэсэу зыхэт пкъыгъоцIэ-пчъэгъэцIэ гущыIэзэгъусэхэр ыкIи гущыIэзэхэлъхэр зыхэт гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр;

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: зэрагъэшIэгъэ буквэхэр алъэгъухэмэ, ахэр къашIэжьынхэм Iоф дэшIэгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: зэрагъэшIэгъэ буквэхэм ямакъэхэр зэхаххэмэ, ахэр къызэрашIэжьхэрэр ыкIи къызэраIошъухэрэр нахьышIу шIыгъэнхэр.

4. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: «тIу»-м щегъэжьагъэу «пшIы»-м нэс зыхэт пкъыгъоцIэ-пчъэгъэцIэ гущыIэзэхэлъхэм ятхыкIэ ягъэшIэгъэныр.

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **кIэлэегъадж, джанэ, джэгуалъ, тхылъ, шъэожъый, кIалэ, пшъэшъэжъый, мэлы, телъ, дэлъ, илъ.**

## Урокым икIуакI

1. АдыгабзэкIэ гущыIэнхэм кIэлэеджакIохэр тыригъэпсыхьэхэзэ, кIэлэеджакIохэм упчIэхэр аретых:

**Хэт иджанэ джыбэ тета?** (Сэ сиджанэ джыбэ тет? Миланэ иджанэ джыбэ тет.) **Сыд фэдэ джэгуалъа уиIэхэр?** (Сэ мыщ фэдэ джэгуалъэхэр сиIэх: ...) **Сыд фэдэ джэгуалъа уикIасэр?** (Сэ трансформерыр сикIас.) **КIэлэеджакIохэр сыдэущтэу щысха?** (КIэлэеджакIохэр Iасэу щысых.) **КIэлэеджакIохэр сыдэущтэу еджэхэра?** (КIэлэеджакIохэр дэгъоу еджэх.) **КIэлэеджакIохэр сыдэущтэу тхэхэра?** (КIэлэеджакIохэр дахэу матхэх.)

2. УГъ-р еплъэкIу: къатхыгъэ гущыIэухыгъэхэм къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы:*

*– научимся считать предметы до 10-и;*

*– будем рассказывать, сколько предметов у кого есть и сколько предметов где находится;*

– выучим правописание словосочетаний и сложных слов с числительными **«зы» – «пшIы»**.

4. «Зы»-м щегъэжьагъэу «пшIы»-м нэсэу зыхэт пкъыгъоцIэ-пчъэгъэцIэ гущыIэзэгъусэхэр ыкIи гущыIэзэхэлъхэр гъэпсыгъэ зэрэхъухэрэ шIыкIэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ фешIых:

а) къэзыпчъырэ пчъэгъацIэхэм ацIэхэр 10-м нэсэу агу къарегъэгъэкIыжьых: кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу къарегъэлъытэ, етIанэ нэбгырэ зырызэу къарегъэлъытэ;

б) *КIалэхэр, а для чего мы используем счёт?* (Для того, чтобы считать предметы и знать их количество.)

*Тэрэз, кIалэхэр, сейчас мы выучим правила, которые нужно соблюдать при счёте предметов. Правила даются в рамке в упражнении 1. Давайте изучим их внимательно. Сначала вы все вместе прочитаете вполголоса первую часть предложения до запятой два раза, а затем ответите на вопрос Сэтэнай, которая и знакомит нас с правилами написания числительных с существительными.*

Унашъоу аритыгъэр кIэлэеджакIохэм загъэцэкIахэхэкIэ, кIэлэегъаджэм упчIэ къеты:

*При счёте предметов число* **«зы»** *стоит где: перед названием или после названия предмета, который мы считаем? (Перед названием предмета.) Дэгъу, кIалэхэр! Джы, используя выученное правило, вы будете говорить, сколько предметов я показываю.* (Пкъыгъо зэфэшъхьафхэр зырызэу арегъэлъэгъух, ахэр зыфэдизхэр къарегъаIох. ГущыIэм пае: зы къэлэм, зы тхылъ, зы линейк, зы джэгуалъ …)

*Джы, кIалэхэр, прочитайте вполголоса вторую часть правила, потом вы ответите на мой вопрос.*

КIэлэегъаджэм зыфиIуагъэр кIэлэеджакIохэм загъэцэкIахэхэкIэ, упчIэ афегъэуцу:

При счёте предметов числа, начиная от **«тIу»** и дальше стоят где: перед названием или после названия предметов, которые мы считаем? (После названия предметов.)

И, наконец, кIалэхэр, прочитайте последнее предложение в рамке и скажите, как пишутся числа от **«тIу»** до **«пшIы»** с названиями предметов, которые мы считаем: слитно или раздельно? (Джэуапыр къарегъаIо.)

Итак, кIалэхэр, давайте ещё раз повторим 3 правила употребления числительных от **«зы»** до **«пшIы»**. (Правилэхэр къарегъэIожьых.)

5. Правилэу зэрагъэшIагъэхэр IофшI. 2-м щагъэпытэжьых.

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Грамматическэ материлэу зэрагъэшIагъэр яжабзэ щагъэфедэшъуным фэлэжьэрэ IофшI. 3-р – 5-р арегъэгъэцакIэх.

8. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкӀэнэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшӀых.
9. УрокымкӀэ зэфэхьысыжь арегъэшӀы.
10. УнэмкӀэ гъэцэкӀэныр ареты.

## Урокэу 55. Буквэу «дж»-м иятӀонэрэ мэхьан. Второе значение буквы «дж»

*Пшъэрылъ шъхьаӀэхэр:*

1. ЖэрыӀуабзэм икъулайныгъэхэр аӀэкӀэгъэхьанхэр: пкъышъолым щыщ Ӏахьэхэм ацӀэхэр зыхэт къэӀотэн кӀэкӀхэр къашӀышъухэу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«дж»**-р гъэпытэжьыгъэныр;

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэхэр ятыгъэнхэр: буквэу **«дж»**-м иятӀонэрэ макъэу **[джъ]**-м иартикуляцие ашӀэныр ыкӀи ар амыукъоу макъэр къаӀоныр.

5. Аудированиер: нэӀуасэ зыфэхъугъэхэ гущыӀэхэр зыхэт текстым (ІофшӀ. 4) едэӀухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыӀоныр, зэджагъэхэ текстым информацие къыхахышъуныр.

6. ТхэнымкӀэ къулайныгъэхэр аӀэкӀэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«дж»** (макъэу **[джъ]**) зыхэт гущыӀэу мы урокым нэӀуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъуным Іоф дэшӀэгъэныр.

7. ЕджэнымкӀэ яӀэпэӀэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (ІофшӀ. 4).

8. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шӀэныгъэу яӀэхэр кӀэджыкӀыжьыгъэнхэр: пкъышъолым щыщ Іахьэхэр зыехэр ящэнэрэшъхьэм итхэу къызэраӀошъурэр нахьышӀу шӀыгъэныр.

9. Урокым пшъэрылъэу иӀэр къагурыӀоныр ыкӀи зыӀэкӀамыгъэкӀэу, ар зэрэзэшӀуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыӀакӀэхэр: **Ӏэ, Ӏэнтэгъу, ӀупшӀэ, лъэгуандж, лъакъо, шӀои.**

КӀаджыкӀыжьырэ гущыӀэхэр: **натӀэ, нэбзыц, напцэ, жэ, пэ.**

*Урокым игъусэ ӀэпыӀэгъухэр:* ІофшӀэнхэмкӀэ тетрадыр.

## Урокым икӀуакӀ

1. ЛФЗ арегъэшӀы:

КӀалэхэр, тыжъугъэджэгу! Давайте поиграем в игру в слова с буквой «дж». Вы будете называть по цепочке знакомые слова с буквой **«дж»**, а остальные будут хором их повторять. Условие: не повторяться.

2. УГъ-р еуплъэкIу: гущыIэухыгъэу къатхыжьыгъэхэм къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня мы:*

*– будем называть части тела в третьем лице;*

– будем закреплять произношение звука **[дж]**;

– познакомимся со вторым значением буквы **«дж»**;

*– будем учиться составлять короткие рассказы с новым словом.*

4. Буквэу **«дж»**-м иятIонэрэ мэхьанэ нэIуасэ фэшIыгъэнхэм, пкъышъолым щыщ Iахьэхэм ацIэхэр ягъэшIэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы, етIанэ упчIэ афегъэуцу:

В каком слове вы услышали необычное произношение буквы **«дж»**? (Лъэгуандж.)

б) *Ары, кIалэхэр, в некоторых словах буква «дж» произносится по-особому. Одним из этих слов является слово «лъэгуандж». Давайте запомним этот звук. Повторяйте: [***джъ***], **лъэгуандж**.*

в) пкъышъолым щыщ Iахьэхэм ацIэхэм кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу джыри зэ къарегъэджэжьых;

г) пкъышъолым щыщ Iахьэхэм ацIэхэр зы пчъагъэм, етIанэ бэ пчъагъэм арытхэу доскэм къытырарегъатхэх, тетрадхэм адарегъатхэх.

5. Пкъышъолым щыщ Iахьэхэр зыехэр ящэнэрэшъхьэм итэу къызэраIошъухэрэр нахьышIу шIыгъэным фэгъэхьыгъэ IофшI. 3-р арегъэгъэцакIэ:

*КIалэхэр, давайте дадим имя мальчику, изображённому на стр. 116. Например, назовём его Адамом и скажем, что части тела его. Начну я, а вы все вместе меня продолжите:*

**Адам ынатIэ, Адам …**

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Пкъышъолым щыщ Iахьэхэм ацIэхэр зыхэт къэIотэн кIэкIхэр къашIышъухэу кIэлэеджакIохэр гъэсэгъэнхэм фэшI, IофшI. 4-р арегъэгъэцакIэ:

а) апэрэ рассказым иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, етIанэ Iахьэ-1ахьэу регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) амакъэ мылъэшэу зэкIэ зэгъусэхэу къырегъаджэх;

в) зырызэу къырегъаджэх;

г) текстыр къарегъэIотэжьы;

д) мы шIыкIэ дэдэхэр ыгъэфедэхэзэ, ятIонэрэ рассказым Iоф дарегъашIэ.

7. Т-м къыщытыгъэ IофшIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэгъэцакIэх.

8. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

9. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 56. 11-м щегъэжьагъэу 20-м нэсэу пкъыгъохэм ялъытэн. Счёт предметов от 11 до 20

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– пшIыкIузым щегъэжьагъэу тIокIым нэсэу лъытакIэ ягъэшIэгъэныр;

– пчъэгъацIэхэу «пшIыкIузым» щегъэжьагъэу «тIокIым» нэсэу зыхэт гущыIэзэгъусэхэр зыхэт гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцошъухэу гъэсэгъэнхэр;

– IурыIупчъэр (IофшI. 5) ягъэшIэгъэныр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: зэрагъэшIэгъэ буквэхэр алъэгъухэмэ, ахэр къашIэжьынхэм Iоф дэшIэгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: зэрагъэшIэгъэ буквэхэм ямакъэхэр зэхаххэмэ, ахэр къызэрашIэжьхэрэр ыкIи къызэраIошъухэрэр нахьышIу шIыгъэнхэр.

4. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: «тIу»-м щегъэжьагъэу «пшIы»-м нэс зыхэт пкъыгъоцIэ-пчъэгъэцIэ гущыIэзэхэлъхэм ятхыкIэ ягъэшIэгъэныр.

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: 11-м щегъэжьагъэу 20-м нэсэу къэзыпчъырэ пчъэгъацIэхэм ацIэхэр, **нэбгыр, сом (рубль)**.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **шъэожъый, пшъэшъэжъый, унагъо, тIы, тIурытIу.**

---

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы: н. 116-м ишIыхьэгъэ сурэтыр кIэлэегъаджэм интерактивнэ доскэм къытырырегъадзэ, пкъышъолым щыщ Iахьэхэм ацIэхэм къафеджэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьых.

2. УГъ-р еуплъэкIу: ЕТ-хэр кIэлэеджакIохэм зэгуарегъапIох. Нэбгырэ зырызэу доскэм къыдищхэзэ, ежь япкъышъол щыщ Iахьэхэм атеIэбэжьхэзэ, ахэм ацIэхэр къарегъаIох.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы:*

*– научимся считать предметы до 20-и;*

*– будем учиться составлять словосочетания и предложения с числительными до 20-и;*

*– выучим скороговорку на буквы* **«тIу»** *и* **«шъу»**.

4. «II»-м щегъэжьагъэу «тIокIым» нэсэу пчъэгъацIэхэм якъэхъукIэ лъегъаплъэх:

а) IофшI. 1-м итаблицэ игъусэ аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) упчIэхэр афегъэуцух ыкIи ахэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых:

*Какое число повторяется в первом столбике?* (ПшIы. Десять.) *Какие числа написаны в третьем столбике?* {Числа от одного до десяти (единицы).} *При помощи какой связующей согласной буквы образуются числительные от 11 до 19? (Числительные от 11 до 19 образуются при помощи связующей согласной буквы* **«кIу»***.) Какое из числительных в этой таблице образуется не так, как остальные?* (ТIокIы.)

в) аудиогуалъхьэм джыри зэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы.

5. ДжэгукIэ шъуашэм итэу пчъэгъацIэхэр (11–20) арегъэгъэпытэжьых: кIэлэеджакIохэр партхэм къадещых, хъураеу егъэуцух. 11-м щегъэжьагъэу 20-м нэсэу къахэхыгъэу пчъэгъэцIэ гъэнэфагъэ горэ зытетхэгъэ тхьапэ кIэлэеджакIо пэпчъ реты ыкIи ареIо:

*КIалэхэр, сейчас я буду задавать вопрос:* **Хэт икарточкэ «тфы» (блы, …) тетхагъ?** *У кого на листе будет написано названное мной числительное, тот будет поднимать свою карточку и говорить:* **«Сэ сикарточкэ «тфы» (блы, …) тетхагъ»**. *(Джэуапым имодель (***Сэ сикарточкэ … тетхагъ.***) кIэлэегъаджэм доскэм къытыритхэмэ, дэгъу.)*

6. Пкъыгъохэм япчъагъэ къаIо зыхъукIэ, пкъыгъоцIэ-пчъэгъэцIэ гущыIэзэгъусэм пчъэгъацIэм чIыпIэу щиубытырэр ягъэшIэгъэным фэгъэхьыгъэ IофшIэнхэу 2-р, 3-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 2-м игъусэ сурэтхэм арегъэплъых, упчIэу «Сыда мыр?» къыгъэуцузэ, ащ ишIыхьэгъэ пкъыгъохэм ацIэхэр

агу къарегъэгъэкIыжьых: быракъ, жъуагъо (жъуагъохэр), щабзэ (щабзэхэр), сом (мы гущыIэр ашIэрэпышъ, ареIо, къыкIарегъэIотыкIыжьы);

б) монетэу ишIыхьагъэхэр аригъэлъэгъухэзэ, ахэр зыфэдизхэр ареIо: **«Мыр сомитф. Мыдрэр сомипшI».** УпчIэу **«Мыр сомэ тхьапш?»** афигъэуцузэ, гущыIэухыгъэхэр къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) IофшI. 3-р апэ арегъэгъэцакIэ: кIэлэегъаджэм гущыIэзэгъусэхэм ащыщхэр доскэм къытыретхэх, ащ фэдэ гущыIэзэгъусэхэм ахэт гущыIэхэм урысыбзэмрэ адыгабзэмрэ зэкIэлъыкIуакIэу щыряIэхэр зэрарегъэгъапшэх:

**пшъэшъэжъые 11** – 11 девочек

**жъогъо 12** – 12 звёзд

г) къэнэгъэ гущыIэзэгъусэхэр жэрыIоу Iоф адарегъашIэ;

д) 11-м щегъэжьагъэу 20-м нэсэу пкъыгъохэр къалъытэхэ зыхъукIэ пчъэгъацIэр пкъыгъуацIэм ыужкIэ зэрэщытым ыкIи ащ къыпыхыгъэу зэратхырэм анаIэ тырарегъадзэ.

е) пчъэгъацIэхэм ятхыкIэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу зэрагъэгъотыгъэхэмкIэ, упчIэхэр аритхэзэ, зэфэхьысыжьхэр арегъэшIыжьых:

*Какое единственное числительное в адыгейском языке стоит перед названием предмета, который мы считаем?* (Зы.) *Какие числительные стоят после названия предметов, количество которых мы называем, и пишутся слитно с названием предметов?* (Числительные от 2-х до 10.) *А какое место занимают все остальные числительные по отношению к названиям предметов, которые мы считаем?* (Все остальные числительные стоят после названия предметов, с которыми они пишутся раздельно.)

ж) IофшI. 2-р унашъоу пылъым тетэу арегъэгъэцакIэ.

6. ПчъэгъэцIэ-пкъыгъоцIэ гущыIэзэгъусэхэр щыIэныгъэм щагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р партхэм зэрадэсхэм тетэу, нэбгырэ тIурытIоу агъэцэкIэнэу ареIо ыкIи зыкъагъэхьазырынэу зы такъикъ пIалъэу ареты, арегъэгъэцакIэ. Хьазыр хъухэрэм гущыIэухыгъэу къагъэпсыгъэхэр къарегъаIох.

7. Ыгъэфедэрэ хэбзэ шIыкIэхэмкIэ IурыIупчъэм (IофшI. 5) Iоф дарегъашIэ.

8. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 57. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Хь хь. Сложная согласная буква Хь хь

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– шыхэр, шыпхъухэр яIэхэмэ зэупчIыжьхэзэ, зэдэгущыIэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– ашыхэр, ашыпхъухэр ежьхэм анахьыжъхэмэ е анахьыкIэхэмэ зэупчIыжьышъунхэр ыкIи ащ фэдэ упчIэм джэуап ратыжьышъуныр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«хь»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[хь]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI.4) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«хь»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр гъэпытэгъэнхэр: Iахьылныгъэр къэзыгъэлъэгъорэ приставкэхэр **(с-, п-)** агъэфедэхэзэ, зэдэгущыIэнхэр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **нахьыкI, нахьыжъ, сэщ (ощ) нахьыкI, сэщ (ощ) нахьыжъ, шынахьыкI, шынахьыжъ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **тхьауегъэпсэу, тхьашъуегъэпсэу, хьау, тхьапш?**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

2. УГъ-р еуплъэкIу: IурыIупчъэм (урокэу 56, IофшI. 5) джыри зэ регъэдэIужьыхэшъ, кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу къарегъаIо. ЕтIанэ нэбгырэ зырызэу тхылъым хэмыплъэхэу къарегъаIо.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– познакомимся со сложной двухзначной согласной буквой с мягким знаком;*

*– вспомним знакомые, а также выучим новые слова с этой буквой;*

*– будем учиться рассказывать о наших младших и старших братьях и сёстрах, а также беседовать о них друг с другом;*

*– познакомимся с поэтом Хамидом Беретарём.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«хь»**-м нэIуасэ фешIых:

а) *КIалэхэр, сурэтым* (н. 119) *шъуеплъ! Бжьэ цIыкIум буквитIу къытфихьыгъ. Пчёлка принесла на своих крылышках две двухзначные согласные буквы. А в лапках у неё вспомогательный знак, при помощи которого образуются эти две буквы. Что за знак в лапках пчёлки?* (Ь.)

*Сейчас мы познакомимся с одной из этих двух букв. Послушайте дикторов.*

б) IофшI. 1-м, 2-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[хь]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 219);

в) Т -м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх;

г) гущыIакIэхэр (IофшI. 3) гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

5. ГущыIакIэхэр кIэлэеджакIохэм яжабзэ щыщ хъунхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 3-р арегъэгъэцакIэ:

а) сурэтым ишIыхьэгъэ зэш-зэшыпхъухэм цIэхэр афарегъэусых: Аскэр, Альбина, Абрек;

б) Альбинэ ышыхэм афэгъэхьыгъэу къыIорэ гущыIэухыгъэхэм къарегъаджэх;

в) Альбинэ игущыIэухыгъэхэр къыкIарегъэIотыкIыжьых: *Представьте братьев от имени их сестры Альбины.*

г) упчIэхэр аретых:

**Хэта Альбинэ нахьыкIэр?** (Аскэр Альбинэ нахьыкI.) **Хэта Альбинэ нахьыжъыр?** (Абрек Альбинэ нахьыжъ.)

д) *Расскажите от имени Аскера (Альбины, Абрека), кто старше, а кто младше его (её).*

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Аш-ашыпхъухэр ежьхэм анахьыжъхэмэ анахьыкIэхэмэ къаIошъухэу, ащ фэгъэхьыгъэ упчIэ-джэуапэу зэхэт зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р арегъэгъэцакIэ:

а) IофшI. 4-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, етIанэ джыри зэ Iахьэ-1ахьэу регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) зэдэгущыIэгъум рольхэмкIэ къырегъаджэх.

в) IофшI. 5-м иупчIэхэм арегъэдэIух, джэуапхэр къарегъэтыжьых;

8. Аш-ашыпхъухэм афэгъэхьыгъэ упчIэ-джэуапэу зэхэт зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 5-р нэбгырэ тIурытIоу зэгъусэхэу арегъэгъэцакIэ:

*КIалэхэр, IофшIэнэу 5-р шъор-шъорэу нэбгырэ тIурытIоу шъузэгъусэу жъугъэцэкIэщт. Упражнение 5 вы выполните самостоятельно парами так, как сидите за партами. На подготовку вам даётся две минуты. Вы должны сделать так: сначала вопросы задаёт один, а другой отвечает, рассказывая о себе. Затем вы меняетесь ролями.*

9. Хьазыр хъухэрэр зэдигъэгущыIэхэзэ, зэкIэ кIэлэеджакIохэм Iоф арегъашIэ.

10. ЗэдэгущыIэгъур къэзышIыхэхэрэм Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр ашIых.

11. Бэрэтэрэ Хьамидэ нэIуасэ фешIых:

а) поэтым ипортрет арегъэлъэгъу ыкIи ареIо: **«Мыр Бэрэтэрэ Хьамид. Бэрэтэрэ Хьамидэ усакIо. Бэрэтэрэ Хьамидэ усэкIо цIэрыIу».**

б) упчIэм (**Бэрэтэрэ Хьамидэ хэта?**) джэуап къырарегъэтыжьы.

12. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

13. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 58. Буквэ-макъэу «хь» зыхэт гущыIэу ашIэхэрэм яхэгъэхъон. Расширение изученной лексики с буквой-звуком «хь»

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– упчIэ оборотэу «______ **нэбгырэ тхьапша исыр?**» агъэфедэзэ, якласс (яунагъо) нэбгырэ пчъагъэу исым фэгъэхьыгъэ упчIэ-джэуапэу зэхэт зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэр;

– якласс, янэIосэ кIэлэеджакIохэм оценкэу къахьыхэрэр зыфэдэхэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэр;

– яунагъо исхэм пшъэрылъ гъэнэфагъэу яIэхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI зэхагъэуцошъоу гъэсэгъэнхэр. (Унагъом ис пэпчъ Iоф гъэнэфагъэ зэриIэн фаер къагурыгъэIоныр.)

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: буквэу **«хь»**-р алъэгъумэ, къызэрашIэжьырэр ыкIи зэратхышъурэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

---

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр атыгъэнхэр: макъэу **[хь]**-р зэхахмэ, къызэрашIэжьрэр ыкIи ар къызэраIошъурэр нахьышIу шIыгъэнхэр.

4. Адыгэ орфографиер амыукъоным фэгъэсэгъэнхэр: макъэу **[хь]** зыхэт гущыIэу зэрагъэшIагъэхэр хэукъоныгъэ хамышIыхьэу атхышъунхэр.

5. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 2, 4).

6. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр атыгъэнхэр: къэгущыIэрэм ылъэныкъокIэ хъурэ-шIэрэр гъэзагъэ зыхъукIэ, лъэныкъо приставкэу **«къэ-»** (**къ-**) глаголым къызэрэпыхьэрэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусакIэхэр: **ехьы, къехьы, оценкэ къехьы, хьалыгъу ехьы (къехьы).**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **кIэлэегъадж, тикIэлэегъаджэ ыцIэр, доскэм Iут, кIэлэеджакIу, кIэлэеджэкIо дэгъу, джэгуалъ, джыгыт.**

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы: а) н. 120-м ишIыхьэгъэ сурэтхэмкIэ кIэлэеджакIохэм зэдэгущыIэгъу адешIы:

**Альбинэ шы тхьапша иIэр?** (Альбинэ шитIу иI.) **Хэта Альбинэ нахьыжъыр?** (Абрек Альбинэ нахьыжъ.) **Хэта Альбинэ нахьыкIэр?** (Аскэр Альбинэ нахьыкI.)

2. УГъ-р еуплъэкIу: кIэлэеджэкIо зытIущ къатхыгъэ гущыIэухыгъэхэм къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы будем:*

*– учиться вести беседу о количестве учащихся в классе и количестве членов семьи;*

*– рассказывать о том, какие оценки получают одноклассники;*

*– рассказывать о том, какими домашними делами занимаются члены семьи.*

4. Буквэ-макъэу «хь» зыхэт гущыIакIэхэм кIэлэеджакIохэр нэIуасэ афешIых:

а) IофшI. 1-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) доскэу сурэт-схемэр зытешIыхьагъэр къызэIуехы ыкIи кIэлэеджакIохэм ареIо:

*КIалэхэр, в адыгейском языке есть секрет, про который я вам сейчас расскажу. В любом языке есть слова, обозначающие действия. Действие может быть направлено в сторону говорящего человека или же, наоборот: действие происходит в направлении от говорящего человека. Посмотрите, как это явление изображено на рисунке. Человек, изображённый слева, говорит о том, что делают люди, изображённые справа.* ГущыIэухыгъэхэм къарегъаджэх (**Хьамидэ хьалыгъу ехьы. Хьамидэ хьалыгъу къехьы.**), ахэм глаголхэр къахарегъэгъэщых. Глаголхэр зэрэзэтекIхэрэм лъегъаплъэх. (Приставка **«къ-»** (**къэ-**) указывает на то, что происходящее действие направлено в сторону говорящего.)

в) гущыIакIэхэр гущыIалъэм дарегъатхэх.

5. УпчIэ оборотэу **«_____ нэбгырэ тхьапша исыр?»** агъэфедэзэ, якласс (яунагъо) нэбгырэ пчъагъэу исым фэгъэхьыгъэ упчIэ-джэуапэу зэхэт зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. 2-р арегъэшIы:

*Нэбзый хочет поупражняться с вами в использовании вопросительного слова* **«тхьапш?»**. *Слушайте его вопросы и отвечайте на них. Образцы ответов даны в упражнении. Вам просто нужно вместо точек вставлять соответствующее число. Готовьтесь вести диалог парами так, как вы сидите за партами: один задаёт вопросы Нэбзыя, другой на них отвечает.*

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Якласс, янэIосэ кIэлэеджакIохэм оценкэу къахьыхэрэр зыфэдэхэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. 3-р кIэлэеджакIохэм ежь-ежьырэу арегъэгъэцакIэ:

*КIалэхэр, в каждом классе есть ученики, которые учатся на «отлично», есть, которые учатся на «хорошо», а есть троечники. Нэбзый хочет знать о том, кто как учится. Расскажите ему, как учатся ваши одноклассники, ваши братья, сёстры или же знакомые вам ученики в других классах.*

8. Яунагъо исхэм пшъэрылъ гъэнэфагъэу яIэхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI зэхагъэуцошъоу гъэсэгъэнхэм фэшI, IофшI. 4-р агъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) буквэу **«хь»** зыхэт гущыIэхэр текстым къыхарегъэгъэщых, къарегъаджэх;

в) ежьхэм яунагъохэм арысхэм агъэцэкIэрэ Iофыгъохэр зыфэдэхэр къарегъаIох.

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 59. Тхьамафэм имафэхэр. Дни недели.

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– унэгъо псэушъхьэхэм къагъэIурэ макъэхэр къызэраIохэрэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр;

– тхьамафэр мэфэ пчъагъэу зэрэхъурэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэр;

– тхьамафэм имэфэ гъэнэфагъэхэм Iофэу агъэцакIэхэрэр зыфэдэхэр къаIошъухэу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: буквэу **«хь»**-р алъэгъумэ, къызэрашIэжьырэр ыкIи зэратхышъурэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[хь]**-р зэхахмэ, къызэрашIэжьрэр ыкIи ар къызэраIошъурэр нахьышIу шIыгъэнхэр.

4. Адыгэ орфографиер амыукъоным фэгъэсэгъэнхэр: макъэу **[хь]** зыхэт гущыIэу зэрагъэшIагъэхэр хэукъоныгъэ хамышIыхьэу атхышъунхэр.

5. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 6).

6. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: Iофыр зыхъурэ уахътэр къызэрыкIырэ гущыIэхэм кIэухэу **«-м»** къазэрэпыхьэрэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусакIэхэр: **тхьаумафэ,** тхьамафэм имафэхэм ацIэхэр.

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: унэгъо псэушъхьэхэм ацIэхэр, ахэмэ къагъэIурэ макъэхэр къызэрыкIрэ глаголхэр.

---

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы: буквэу **«хь»** зыхэт пычыгъохэр, гущыIэхэу, гущыIэзэгъусэхэу, ар зыхэтхэу зэрагъэшIагъэхэр ежь къыIохэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьых.

2. УГъ-р еуплъэкIу: рассказэу къатхыгъэхэм кIэлэеджэкIо зытIущ къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы:*

*– повторим, какие звуки издают домашние животные;*

*– познакомимся с названиями дней недели, и будем рассказывать о том, чем мы занимаемся в определённые дни недели.*

4. IофшI. 1-р джэгукIэ шъуашэм итэу арегъэгъэцакIэ.

5. Тхьамафэм имафэхэм ацIэхэм нэIуасэ афешIых (IофшI. 2):

а) *КIалэхэр, Сати предлагает нашему вниманию таблицу. Посмотрите на неё и скажите, какое количество чисел написано в ней.* (31.) *Посчитайте, по сколько чисел в каждом из четырёх столбиков.* (По семь и ещё три дня.) *Как вы думаете, что за часть года показана в этой рамке?* (I месяц.) **Тэрэз, кIалэхэр.** *А сколько месяцев в году?* (I2.) *А на какие периоды делится месяц?* (На недели.) *Сколько же недель в одном месяце?* (4.) *А кто назовёт дни недели на русском языке?* (КъарегъаIо.) *Сейчас мы послушаем внимательно наших дикторов для того, чтобы узнать, как называются дни недели по-адыгейски.*

б) аудиогуалъхьэм зытIо-зыщэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) тхьамафэм имафэхэм ацIэхэм зэкIэ кIэлэеджакIохэр зэгъусэхэу къарегъаджэх, етIанэ нэбгырэ зырызэу къарегъаджэх.

б) доскэу сурэт-схемэр зытешIыхьагъэр къызэIуехы ыкIи кIэлэеджакIохэм ареIо:

*КIалэхэр, в адыгейском языке есть секрет, про который я вам сейчас расскажу. В любом языке есть слова, обозначающие действия. Действие может быть направлено в сторону говорящего человека или же, наоборот: действие происходит в направлении от говорящего человека. Посмотрите, как это явление изображено на рисунке.*

6. Тхьамафэм имафэхэм ацIэхэр агу раубытэнхэм ыкIи ахэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъунхэм афэзгъэсэхэрэ IофшIэнхэу 3-р – 5-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 3-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) упчIэ **(Тхьамафэр мэфэ тхьапш хъура?)** ареты, зэкIэ зэгъусэхэу джэуапыр къарегъэтыжьы.

в) *Сейчас мы перечислим названия дней недели по порядку. Я буду говорить порядковый номер дня недели, а вы будете его называть:* **зы – …** *(блыпэ),* **тIу – …**

г) *Джы, кIалэхэр, я буду говорить порядковые номера дней недели вразброс, а вы – называть соответствующий день недели:* **щы – …** *(бэрэскэжъый),* **блы – …***(тхьаумаф), …*

д) гущыIэу **«ТХЬАМАФЭ»** кIэлэегъаджэм доскэм къытыретхэ ыкIи кIэлээджакIохэм ареIо:

*КIалэхэр, вот этим словом называются дни, начиная от* **«блыпэ»** *до* **«тхьаумафэ». Мэфиблыр – тхьамафэ. Тхьамафэр мэфибл мэхъу.** *Найдите в названиях дней недели слово, созвучное слову «тхьамафэ» (Тхьаумаф.). Кто исправит слово на доске (тхьамафэ) так, чтобы получилось слово со значением «воскресенье»?*

КIэлээджакIом яшIошIхэм ядэIу, етIанэ Мальвинэ гущыIэр зэригъэтэрэзыжьыгъэм регъэплъых (IофшI. 4).

е) «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу упчIэр (Тхьамафэр мэфэ тхьапш хъура?) зым адрэм фигъэуцумэ, джэуапыр (Тхьамафэр мэфибл мэхъу.) зэратыжьзэ, IофшI. 5-р агъэцакIэ.

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. Iофыр зыхъугъэ уахътэр къэзыгъэлъэгъорэ гущыIэхэм кIэухэу «м-» къазэрэпыхьэрэр ягъэшIэгъэным фэгъэхьыгъэ IофшI. 6-р, 7-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 6-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) гущыIэухыгъэ пэпчъ ехьылIэгъэ сурэтыр къарегъэгъэлъагъо:

*КIалэхэр, у Нарта все дни недели распределены по основным видам его занятий, и он их иллюстрировал. Сейчас я буду читать предложения из рассказа Нарта вразброс, а вы будете находить и показывать рисунок, соответствующий прочитанному мной предложению.*

в) *Джы, кIалэхэр, я буду спрашивать о том, в какой день недели чем занят Нарт, а вы будете отвечать на мой вопрос кратким предложением, то есть одним словом.* **ШъукIэдаIу!**

**Тхьамафэм исыд фэдэ мафэм Нарт футбол ешIэра (есыра, ятэ дэIэпыIэра, сурэт ышIыра, мультфильмэ еплъыра, орэд къыIора, шахмат ешIэра)?**

Джэуап гущыIэу къаIохэрэр кIэлэегъаджэм столбикэу доскэм къытыретхэх ыкIи кIэуххэр къахегъэщых:

**Сыдигъо?**

мэфэку**м**

бэрэскэшхо**м**

…

г) упчIэхэр аритхэзэ, зэфэхьысыжь арегъэшIы:

*На какой вопрос отвечают эти слова?* (Эти слова отвечают на вопрос **«Сыдигъо?»***)* *Что обозначают эти слова?* (Эти слова обозначают время, когда происходит действие.) *Какое окончание имеют слова, обозначающие время, когда происходит действие? (***-м***)*

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 60. Хьарыфэу «хь» зыхэт творческэ IофшIэнхэр. Творческие упражнения с буквой «хь»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– тхьамафэм имэфэ гъэнэфагъэхэм кIэлэеджакIохэм Iофыгъоу агъэцакIэхэрэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэр;

– буквэу **«х»**-р ыкIи тамыгъэу **«х»**-м къыгъэпсырэ буквэхэр зыхэт IурыIупчъэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр нахьышIу шIыгъэнхэр: буквэу **«хь»**-р алъэгъумэ, къызэрашIэжьырэр ыкIи зэратхышъурэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэхэу **[х]**-р, **[хъ]**-р, **[хьу]**-р, **[хь]**-р зэхахмэ, къызэрашIэжьрэр ыкIи ар къызэраIошъурэр нахьышIу шIыгъэнхэр.

4. Адыгэ орфографиер амыукъоным фэгъэсэгъэнхэр: макъэхэу **[х]**-р, **[хъ]**-р, **[хьу]**-р, **[хь]**-р зыхэт гущыIэу зэрагъэшIагъэхэр хэукъоныгъэхэр хамышIыхьэхэу атхышъунхэр.

5. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3).

6. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: тхьамафэм имафэхэм ацIэхэр охътэ обстоятельствэм итхэу гущыIэухыгъэм зэрэщагъэфедэшъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

IурыIупчъэр: **Хьарет хъупхъэм тыфэраз: рэхьат, шынкIы, тхэнкIэ Iаз.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: тхьамафэм имафэхэм ацIэхэр, **мэфихэ теджэ, тхьаумафэм зытэгъэпсэфы, мультфильмэ сеплъы, унагъом сыдэIэпыIэ, тхьапш?**

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы: хьарыфхэу **«х», «хъ», «хъу», «хь»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр пэшIорыгъэшъэу кIэлэегъаджэм доскэм къытыретхэх, къафеджэзэ, къыкIарегъэIотыкIыжьых, етIанэ зэкIэ зэгъусэхэу джыри зэ къарегъэджэжьых.

2. УГъ-р еуплъэкIу: къатхыгъэ гущыIэухыгъэхэм кIэлэеджакIохэр къарегъаджэх.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, на сегодняшнем уроке мы будем:*

*– выполнять творческие упражнения со словами, в которых есть буква* **«хь»**;

*– рассказывать о наших занятиях в определённые дни недели;*

*– упражняться в употреблении названий дней недели на вопрос «Сыдигъо?»*

– выучим скороговорку с буквами со знаком **«х»**.

4. ГущыIэм ыкIоцI нэмыкI гущыIэхэр къыхагъэщышъунхэм, адыгабзэр нахь зэхашIэу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ: IофшIэным къыщытыгъэ гущыIэхэр кIэлэегъаджэм доскэм къытыретхэх. КIэлэеджакIохэр зырызэу къыдищхэзэ, гущыIэхэм акIоцI нэмыкI гущыIэу ахэтхэр къыхарегъэгъэщых.

5. Тхьамафэм имэфэ гъэнэфагъэхэм Iофыгъоу агъэцакIэхэрэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу кIэлэеджакIохэр гъэсэгъэнхэм ыкIи тхьамафэм имафэхэм ацIэхэр охътэ обстоятельствэм итхэу гущыIэухыгъэм зэрэщагъэфедэшъухэрэр нахьышIу шIыгъэным афэлэжьэрэ IофшIэнхэу 3-р, 4-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 3-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) тхьамафэм имафэхэм ацIэхэр къыхарегъэгъэщых, къарегъаджэх, упчIэ (**Сыдигъо?**) афарегъэгъэуцу, кIэухэу яIэмкIэ (**-м**) яупчIы;

в) глаголхэр (Iофыр гъэцэкIагъэ зэрэхъурэр къызэрыкIырэ гущыIэхэр) къыхарегъэгъэщых (теджэ, зытэгъэпсэфы, сэкIо, сеплъы, сыдэIэпыIэ, сэджэгу);

г) амакъэ мылъэшэу кIэлэеджакIохэр зэкIэ текстым къырегъаджэх;

д) нэбгырэ зырызэу къырегъаджэх.

е) ежьхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэнхэр къарегъэшIых. ИщыкIагъэ хъумэ, мыщ фэдэ упчIэхэр аретых:

**Тхьамафэр мэфэ тхьапш хъура? Тхьамафэм мэфэ тхьапшрэ теджэра? Тхьаумафэм теджа? О тхьаумафэм сыда пшIэрэр?**

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Тхьамафэм имафэхэм ацIэхэр охътэ обстоятельствэм итхэ зыхъукIэ, ахэм кIэухэу **«-м»** къапагъахьэзэ зэрагъэфедэшъухэрэр нахьышIу шIыгъэным фэлэжьэрэ IофшI. 4-р унашъоу къытырэм тетэу арегъэгъэцакIэ.

8. IурыIупчъэм (IофшI. 5) Iоф дарегъэшIэ:

а) буквэхэу **«х», «хъ», «хъу», «хь»** доскэм тегъэпкIагъэхэм (тетхагъэхэм) къарегъаджэх;

б) аудиогуалъхьэм зытIо-зыщэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) доскэм тетхэгъэ буквэхэр (**«х», «хъ», «хъу», «хь»)** зэрэзэкIэлъыкIохэрэм тетэу зыхэт гущыIэхэр IурыIупчъэм къыхарегъэгъэщых, къарегъаIох;

г) къагурыIорэ гущыIэу IурыIупчъэм хэтхэр къызэрарегъэдзэкIых;

д) IурыIупчъэр зэрэщытэу къафызэредзэкIы (Мы довольны усердной, прилежной Хъариет: она спокойна, опрятна, искусна в письме (пишет грамотно и красиво).

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 61. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Жь жь. Сложная согласная буква Жь жь

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– пкъыгъохэм яплъышъохэр зыфэдэхэр къызэраIошъухэрэр нахьышIу шIыгъэныр (Светофорымрэ Урысые Федерацием ибыракъырэ яплъышъохэр зыфэдэхэр агу къэгъэкIыжьыгъэнхэр.);

---

– тэтэжъ бжьаIом щишIэрэм фэгъэхьыгъэ къэIотэн ашIышъоу гъэсэгъэнхэр (<u>Бжьэхэм афэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр.</u>);

– бжьаIом фэгъэхьыгъэ упчIэ-джэуапэу зэхэт зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«жь»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[жь]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 4) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«жь»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3, 6).

7. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр гъэпытэгъэнхэр: глаголэу «къэтэджын» апэрэшъхьэм, мыдэныгъэшъуашэм итэу (сыкъэтэджырэп) къаIошъуныр.

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **жьы къабзэ, жьэу, жьэу къэтэджы, пчэдыжь, пчэдыжьым жьэу, жьыбгъэ къепщэ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **Iоф ашIэ, шъоу ашIы, матIэ, хъупхъэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ЛФЗ арегъэшIы:

а) хьарыфхэу **«жь», «хь»** зыхэт пычыгъохэм, гущыIэхэм къарегъаджэх: жьа, жьы, жьэ, жьыбгъэ, плъыжьы, гъожьы, бжьэ;

б) н. 128-м итхэгъэ IурыIупчъэр къарегъаIо;

в) IурыIупчъэу доскэм тетхагъэм къафеджэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы: «Ситэтэжъы ибжьэ цIыкIухэр ябжьэматэ дэбыбэжьых».

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– выучим словосочетания с буквой* **«жь»**;

*– будем слушать и читать рассказ Сати о том, как её тэтэжъ работает утром на свежем воздухе;*

*– будем учиться рассказывать, а также беседовать друг с другом о том, чем тэтэжъ занимается на пасеке, и о том, что делают пчёлы.*

4. Мэкъээрэщэ буквэу **«жь»**-м нэIуасэ фэшIыгъэнхэм фэшI, бжьэ цIыкIум исурэтэу н. 119-м ишIыхьагъэр интерактивнэ доскэм кIэлэегъаджэм къытырырегъадзэ ыкIи кIэлэеджакIохэм яупчIы:

а) *КIалэхэр, помните эту пчёлку? Сколько двухзначных букв с* **«ь»**-*м она принесла на своих крыльях? (2.) Используя этот рисунок, сделайте вывод, ответив на мой вопрос:* **«Сколько двухзначных букв с мягким знаком в адыгейском алфавите?** (В адыгейском алфавите две двухзначные буквы с мягким знаком.) *Какую из этих двух букв мы уже знаем?* (Мы уже знаем букву **«хь»**.)

Тэрэз, кIалэхэр, в адыгейском алфавите две двухзначные буквы с мягким знаком. Одну из них мы уже знаем – это буква **«хь»**. А сейчас мы познакомимся со второй буквой. Послушайте дикторов.

б) IофшI. 1-м, 2-м яаудиогуалъхьэхэм арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[жь]**-м иартикуляцие къафеIуатэ. (Еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 219);

в) Т -м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэгъэцакIэх;

г) гущыIакIэхэр (IофшI. 3) гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

5. Макъэу **[жь]** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр агу къэгъэкIыжьыгъэнхэм ыкIи гущыIакIэхэр кIэлэеджакIохэм агу раубытэнхэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкIэнхэмрэ упчIэхэмрэ аретых:

**Назовите цвет светофора, при котором нельзя переходить дорогу.* (Плъыжьы.) **Какой цвет говорит о том, что нужно приготовиться к движению?* (Гъожьы.) **При каком цвете светофора разрешается переходить дорогу?* (Уцышъо.) **Назовите цвет верхней полоски флага РФ?* (Фыжьы.) **Какого цвета средняя полоска флага РФ?* (ШхъуантIэ.) **И, наконец, назовём цвет нижней полоски флага РФ.* (Плъыжьы.) **Назовите трудолюбивое насекомое, делающее самый сладкий продукт.* (Бжьэ.) **А как называется продукт, который делает бжьэ*? (Шъоу.) **Назовите овощ, напоминающий героя сказки Чиполлино.* (Бжьын.) **Этот овощ адыги добавляют в соль, чтобы получить ароматную и полезную приправу к блюдам.* (Бжьыныф.) **Его невозможно заметить, но он нас окружает, и мы им дышим.* (Жьы.) **Это явление природы, при котором качаются листва и ветки деревьев.* (Жьыбгъэ.)

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Тэтэжъ бжьаIом щишIэрэм фэгъэхьыгъэ къэIотэн ыкIи бжьаIом фэгъэхьыгъэ упчIэ-джэуапэу зэхэт зэдэгущыIэгъу ашIышъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р, 5-р арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 4-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, етIанэ джыри зэ Iахьэ-Iахьэу регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) амакъэ мылъэшэу зэкIэ регъаджэх, етIанэ «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу къырегъаджэх;

в) IофшI. 5-м иупчIэхэр «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу зэратыжьхэзэ, джэуапхэр къаIох;

8. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр ашIых.

9. Плъышъохэр къызэрыкIырэ гущыIэхэу «уцышъо», шхъуантIэ» зыфиIохэрэм ягъэфедакIэ кIэлэеджакIохэм агу къегъэкIыжьы:

а) *КIалэхэр, посмотрите на нижний свет светофора и на яблоко на стр. 129. Какого они цвета?* (зелёные.) *Давайте скажем по-адыгейски, какого цвета нижний «глаз» светофора, а какого яблоко. Я буду начинать предложения, а вы – их заканчивать.* **Светофорым «ынэ» …**(уцышъо). *МыIэрысэр …*(шхъуантIэ).

б) чэрэзымрэ къужъымрэ яплъышъохэр зыфэдэхэр къарегъаIох

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 62. Хьарыфэу «жь» зыхэт гущыIэхэмрэ гущыIэзэгъусэхэмрэ жабзэм щыгъэфедэгъэнхэмкIэ IофшIэнхэр. Активизация слов и словосочетаний с буквой «жь».

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– Сати итэтэжъ пчэдыжь жьы къабзэм хэтэу Iоф зэришIэрэм фэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу гъэсэгъэнхэр;

– итэтэжъ, тэтэжъ ибжьэхэм афэгъэхьыгъэ упчIэхэу Сати къыгъэуцухэрэм джэуапхэр къаратыжьышъунхэр. (<u>Бжьэхэм афэгъэхьыгъэ шIэныгъэу яIэхэр гъэпытэгъэнхэр.</u>);

– физкультминуткэм пае усэ сатырхэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«жь»**-р гъэпытэжьыгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[жь]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къызэраIорэр нахьышIу шIыгъэныр.

---

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«жь»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3, 6).

6. Грамматикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр гъэпытэгъэнхэр: глаголхэр мыдэныгъэ шъуашэм итэу (сыкъэтэджырэп, къепщэрэп) агъэфедэныр.

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **бжьыны, бжьыныф, бжьэ, жьы, жьыбгъэ, шъоу.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **плъыжьы, гъожьы, фыжьы, шхъуантIэ, уцышъо.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы:

а) хьарыфхэу **«хь», «жь»** зыхэт пычыгъоу, гущыIэу доскэм тетхагъэхэм къарегъаджэх;

б) н. 128-м итхэгъэ IурыIупчъэр езбырэу къарегъаIо;

в) IурыIупчъэу доскэм тетхагъэм (**Ситэтэжъы ибжьэматэ ибжьэ цIыкIухэр дэбыбэжьых.**) къафеджэ, етIанэ кIэлэеджакIохэр къырегъаджэх.

2. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– выучим новые словосочетания с буквой* **«жь»**;

*– будем слушать, а затем читать рассказ Сати о том, как её тэтэжъ работает утром на свежем воздухе;*

*– ответим на вопросы Сати по её рассказу;*

*– познакомимся со стихотворными строчками для физкультминутки.*

3. Плъышъохэм ацIэхэр кIэджыкIыжьыгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ: сурэтхэм арышIыхьэгъэ пкъыгъохэм яплъышъохэр зыфэдэхэр къарегъаIох: тыгъэр гъожьы, тхьапэр шхъуантIэ, …

4. ГущыIэзэгъусакIэхэр кIэлэеджакIохэм яжабзэ щагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 2-р арегъэгъэцакIэ:

а) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) упчIэхэр афигъэуцухэзэ, гущыIэзэгъусакIэхэр зыхэт гущыIэухыгъэхэр зэхарегъэгъэуцох:

* **Пчэдыжьым жьыр сыд фэда?** (Пчэдыжьым жьыр къабзэ.) * **Сэ пчэдыжьым жьэу сыкъэтэджы. Ори пчэдыжьым жьэу укъэтэджа?** (Ары (хьау), сэри (сэ) пчэдыжьым жьэу сыкъэтэджы (сыкъэтэджырэп). * **Джыдэдэм жьыбгъэ къепща?** (Ары (хьау), джыдэдэм жьыбгъэ къепщэ (къепщэрэп);

в) гущыIэзэгъусэхэр (IофшI. 2) гущыIалъэм дарегъатхэх.

5. Сати итэтэжъ пчэдыжь жьы къабзэм хэтэу Iоф зэришIэрэм фэгъэхьыгъэ къэIотэн кIэкI къашIышъоу ыкIи Сати къыгъэуцурэ упчIэхэм джэуапхэр къаратыжьышъухэу гъэсэгъэнхэм фэлэжьэрэ IофшI. 3-р, 4-р арегъэгъэцакIэх: шIыкIэу бгъэфедэмэ хъущтхэр – еплъ: урокэу 61, IофшI. 4,

6. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

7. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэр ашIых.

8. Физкультминуткэм пае усэ сатырхэм нэIуасэ афешIых (IофшI. 6):

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 63. Циркым.
## В цирке.

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– хьакIэ-къуакIэхэм ацIэхэр кIэджыкIыжьыгъэнхэр;

– сурэтыр яIэпыIэгъоу циркым зыкъыщызышIырэ хьакIэ-къуакIэхэм ашIэхэрэр къаIонхэр: хъурэ-шIэрэр къызэрыкIырэ гущыIэу ашIэхэрэм ащыщхэр кIягъэджыкIыжьынхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэхэу **«жь»**-рэ **«хь»**-рэ зэратхышъухэрэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

3. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэхэу **[жь]**-рэ **[хь]**-рэ яартикуляциехэр амыукъохэу къызэраIохэрэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

4. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 1) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфхэу **«жь», «хь»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр зэратхышъухэрэр автоматизмэм нэгъэсыгъэныр.

6. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 1).

7. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **хьакIэ-къуакI, пылы, мышъэ, аслъан, къэплъан, мамун, тыгъужъы, баджэ, пыжъы.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр, гущыIэзэгъусэхэр: **мышъэ, баджэ, пыжъы, тыгъужъы, жьыбгъэ къепщэ, мэбыбы, сурэт ешIы, мэхьакъу, мэпщэрыхьэ, махъэ, шахмат ешIэ, бадминтон ешIэ.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

## Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы: физкультминуткэм пае усэ сатырхэм (ур. 62, IофшI. 6) джыри зэ арегъэдэIужьых, етIанэ кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу къарегъаIох.

2. УГъ-р еуплъэкIу: усэ сатырхэр (ур. 62, IофшI. 6) кIэлэеджакIо пэпчъ къырегъаIох.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– вспомним названия лесных зверей;*

*– будем рассказывать по картинке, чем занимаются лесные звери – артисты цирка;*

*– будем вставлять в слова недостающие буквы* **«хь»** *и* **«жь»**;

*– будем выполнять творческие задания в рабочих тетрадях.*

4. ХьакIэ-къуакIэхэм ацIэхэр кIэджыкIыжьыгъэнхэм, хъурэ-шIэрэр къызэрыкIырэ гущыIэу ашIэхэрэм ащыщхэр кIягъэджыкIыжьыгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 1-р арегъэгъэцакIэ:

а) сурэтым регъэплъыых ыкIи ареIо:

**КIалэхэр, сурэтым шъуеплъ! Мыр цирк. Мыхэр хьакIэ-къуакIэх: тыгъужъ, пыжъы, ....** (ХьакIэ-къуакIэу зыцIэ ашIэхэрэр къарегъаIох, амышIэхэрэр ареIох, къыкIарегъэIо-тыкIыжьых: пылы, мамун, аслъан, къэплъан.) **ХьакIэ-къуакIэхэм зыкъашIы** (дают представление). **Нэбзыйрэ Пырацэрэ циркым къэкIуагъэх.**

**Джы къашъуIо, сыда тыгъужъыр?** (Тыгъужъыр – хьакIэ-къуакI.) **Сыда пыжъыр?** (Пыжъыр – хьакIэ-къуакI.) **Сыда …**

б) аудиогуалъхьэм регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

в) амакъэ мылъэшэу кIэлэеджакIохэр зэкIэ текстым ежь-ежьырэу регъаджэх;

г) «пшъэхъу» шIыкIэм тетэу гущыIэухыгъэ зырызэу текстым къырегъаджэх (КIэлэеджакIохэр зэкIэ еджэным хэлажьэфэхэ, IофшIэныр лъарегъэгъэкIуатэ.);

д) хьакIэ-къуакIэмэ ацIэхэр текстым къыхарегъэгъэщых, къарегъаджэх;

е) хьакIэ-къуакIэмэ ашIэхэрэр къызэрыкIырэ гущыIэхэр къыхарегъэгъэщых, къарегъаджэх.

5. ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусакIэхэр кIэлэеджакIохэм яжабзэ щагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 2-р арегъэгъэцакIэ.

*6. Гъэпсэфыгъом итакъикъ:* кIэлэеджакIохэр къегъэтэджхэшъ, урокэу 62-м щыщ IофшI. 6-м къыщытыгъэ усэ сатыр цIыкIухэр къаригъаIохэзэ, ахэм адиштэрэ движениехэр арегъэшIых:

*Апэрэ сатырыр*: Iэхэр ашъхьагъкIэ дахьыех, аIэгухэр зэнагъэсых етIанэ къырахьыхыжьых. Аущтэу тIо ашIы.

*ЯтIонэрэ-ящэнэрэ сатырхэр*: IитIури дахьыех, зы бгъумкIэ зауфэ, етIанэ зыкъаузэнкIыжьышъ, адрэ бгъумкIэ зауфэ. Аущтэу тIо ашIы.

*ЯплIэнэрэ сатырыр* занкIэу щытхэу къаIо, етIанэ, зыгорэм еIушъашъэхэ зыхъукIэ, аIэгухэр зэрэзэгуалъхьэрэм фэдэу ашIышъ, шъабэу къаIо: «шъ-шъ-шъ».

*Ятфэнэрэ сатырыр:* аIэхэр атамэхэм ащызэу абгъухэмкIэ ахьых, быбырэ бзыум ытамэ зэригъэхъыерэм тетэу аIэхэр ашIыхэзэ, рахьыхыжьых.

*Яхэнэрэ сатырыр:* мэтIысыжьхэшъ, аIэхэр партым щызэтыралъхьэх.

7. Хьарыфхэу **«жь», «хь»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр зэратхышъухэрэр автоматизмэм нэгъэсыгъэным фэшI, IофшIэнхэр агъэцакIэх: ЕТ-кIэ – IофшI. 3-р; Т-кIэ – IофшI. I-р – 4-р.

9. УрокымкIэ зэфэхьысыжь арегъэшIы.

10. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 64. Мэкъэзэрэщэ буквэу Дз дз. Согласная буква Дз дз

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– яунагъо щыщэу бэдзэрым кIорэр къаIошъоу, бэдзэрым щащэрэ хэтэрыкIхэм, пхэшъхьэ-мышъхьэхэм афэгъэхьыгъэ къэIотэн къашIышъоу гъэсэгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр:

– мэкъэзэрэщэ буквэу **«дз»-**м **н**эIуасэ фэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр:

– макъэу **[дз]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу, макъэр къаIоныр.

5. Аудированиер: янэIосэ гущыIэхэмкIэ зэхэт текстым (IофшI. 3) едэIухэмэ, ар зэрэщытэу къагурыIоныр.

6. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«дз»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр ыкIи мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр: **дзыо, бадзэ, бэдзэр.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **къэбы, къэбаскъ, къужъы, мыIэрыс, чэрэз, IэшIу.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

1. ФЗ арегъэшIы: хьарыфхэу **«д»**-рэ **«дж»**-рэ ахэр зыхэт пычыгъохэмрэ пычыгъохэм ятаблицэкIэ къарегъаджэх.

2. УГъ-р еуплъэкIу: сурэт къашIыгъэ шархэр яплъышъохэмкIэ зыфэдэхэр къарегъаIох.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– познакомимся с новой согласной буквой* **«дз»** *и выучим слова с этой буквой;*

*– вместе с Нэбзыем и Нартом будем учиться вести диалог на тему «На овощном рынке».*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«дз»**-м нэIуасэ фешIых:

а) аудиогуалъхьэхэм (IофшI. 1, 2) арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[дз]**-м иартикуляцие арегъашIэ (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 219);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэшIых;

д) гущыIакIэхэр гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

5. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

6. Буквэу **«дз»** зыхэт гущыIэу ашIэхэрэр агу къэгъэкIыжьыгъэнхэм ыкIи гущыIакIэхэр агу раубытэнхэм пае, езыгъэгупшысэхэрэ упчIэхэр аретых:

*а) КIалэхэр, я буду вам задавать вопросы и загадывать загадки, а ответы вы будете называть на адыгейском языке. Ответы нужно находить в упражнении 2. ШъукъэдаIу!*

**В чём обычно хранят картофель?* (Дзыо.) **Назовите место, где продают овощи и фрукты.* (Бэдзэр.) **Летающее насекомое, которое днём не даёт спать и больно кусает.* (Бадзэ.)

7. Пхъэшъхьэ-мышъхьэхэмрэ хэтэрыкIхэмрэ зыщащэхэрэ бэдзэрым фэгъэхьыгъэ гущыIэн-зэдэгущыIэн ашIышъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 3-р, 4-р арегъэшIых:

а) IофшI. 3-м епхыгъэ сурэтхэм арегъэплъых, ащ ишIыхьэгъэ хэтэрыкIхэм, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм ацIэхэр къарегъаIох;

в) IофшI. 3-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

г) диалогым амакъэ мылъэшэу ежь-ежьырэу еджэх;

д) упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых:

**Бэдзэрым сыд фэдэ хэтэрыкIхэр щащэхэра? Бэдзэрым сыд фэдэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр щащэхэра? Дзыом илъыр сыда? Дзыор сыд фэда? Къэбыр (бананыр, къужъыр, помидорыр, мыIэрысэр, чэрэзыр, къэбаскъэр) сыд фэда?**

г) диалогым нэбгырэ тIурытIоу къеджэнхэу зыкъагъэхьазыры;

д) хьазыр хъухэрэр къырегъаджэх.

8. Яунагъо щыщэу бэдзэрым кIорэр къаIошъоу гъэсэгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшI. 4-р арегъэгъэцакIэ.

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокэу 65. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Дзу дзу. Буквэ-пычыгъоу «дзо». Сложная согласная буква Дзу дзу. Буква-слог «дзо»

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– буквэу **«дзу»**, буквэ-пычыгъоу **«дзо»** зыхэт гущыIэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– усакIоу Нэхэе Руслъанрэ композиторэу Нэхэе Аслъанрэ атхыгъэ орэдэу «Бэрэ маир къытфэрэкIу» зыфиIорэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэр.

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«дзу»**-м, буквэ-пычыгъоу **«дзо»**-м нэIуасэ афэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[дзу]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«дзу»**, хьарыф-пычыгъоу **«дзо»** мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 4).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусэ зэпхыгъэхэр: **хьандзу, хьандзохэр, мэкъу хьандзу, мэкъу ео.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **жьы, чэфы, гъатхэ, къэгъагъ, IэшIу.**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

### Урокым икIуакI

1. ФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ: хьарыфхэу **«д»**-р, **«дж»**-р, **«дз»**-р ыкIи ахэр зыхэт пычыгъохэм пычыгъохэм ятаблицэкIэ къарегъаджэх.

2. БлэкIыгъэ урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэ гущыIэхэр кIэлэеджакIохэм агу зэрэраубытагъэхэр кIэлэегъаджэм еуплъэкIух. (Еплъ: ур. 64, уцугъоу 4.)

3. УГЪ-р еуплъэкIу: гущыIэухыгъэу къатхыгъэхэм къарегъаджэх.

4. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– познакомимся со сложной согласной буквой* **«дзу»** *и буквой-слогом* **«дзо»** *и выучим слова с ними;*

*– выучим поучительную загадку о том, что всякую работу нужно выполнять вовремя;*

*– познакомимся с песней о весне – месяце мае, написанной поэтом Русланом Нехаем и композитором Асланом Нехаем.*

5. Хырыхыхьэм (IофшI. 3) нэIуасэ фешIых:

а) **КIалэхэр, сурэтым шъуеплъ!** (н. 136) **Тэтэжъ сыда ышIэрэр?** (Тэтэжъ мэкъу ео.) **Сыдигъуа мэкъу зеохэрэр?** *В какое время нужно косить сено?* (В июне, когда трава зелёная и сочная.) *А что будет с зелёной сочной травой, если её вовремя не покосить? Давайте, почитаем загадку, и мы найдём ответ на этот вопрос.*

б) хырыхыхьэм къафеджэ, къыкIарегъэIотыкIыжьы, джэуапыр къарегъаIо (уцы);

г) зэфэхьысыжь арегъэшIы: *Трава, превратившаяся в высохший стебелёк, годится как сено?* (Нет.) *Вот смысл этой загадки. Чему учит эта загадка?* (Для того чтобы дело приносило пользу, его нужно выполнять вовремя – вот этому учит загадка.)

6. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«дзу»**-м нэIуасэ фешIых:

а) аудиогуалъхьэхэм (IофшI. 1, 2) арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[дзу]**-м иартикуляцие арегъашIэ (еплъ: Гуалъхьэу 1, н. 219);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэшIых;

д) гущыIакIэхэр гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

7. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

8. УсакIоу Нэхэе Руслъанрэ композиторэу Нэхэе Аслъанрэ атхыгъэ орэдэу «Бэрэ маир къытфэрэкIу» зыфиIорэм нэIуасэ фешIых. (КIэлэегъаджэм шIыкIэу ыгъэфедэхэмэ хъущтхэр урокэу 17-м иуцугъоу 8-м къыщытыгъэх.) Орэдым исатырхэр урысыбзэкIэ къафызэредзэкIых:

**Пусть май приходит много раз**

Май красный,
Май белый.
Цветы
Разноцветные.
Май красивый,
Май – это весна.
У моей родины
Радость.

Я люблю
Месяц май.
Вдыхаю
Его сладкий воздух.
Май весёлый,
Май тёплый.
У моей родины
Радость.

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.
10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.
11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр: орэдыр езбырэу къызэрагъэшIэныр.

## Урокэу 66. Мэкъэзэрэщэ буквэ зэхэлъэу Цу цу. Буквэ-пычыгъоу «цо». Сложная согласная буква Цу цу. Буква-слог «цо»

---

*Пшъэрылъ шъхьаIэхэр:*

1. ЖэрыIуабзэм икъулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр:

– буквэу **«цу»**, буквэ-пычыгъоу **«цо»** зыхэт гущыIэхэр гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэшъухэу гъэсэгъэнхэр;

– дачэм (хатэм) фэгъэхьыгъэ зэдэгущыIэгъу ашIышъоу гъэсэгъэнхэр. (<u>ШIу ашIэным, гукIэгъуныгъэ ахэлъыным фэпIугъэнхэр.</u>)

2. Адыгабзэм играфикэ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ягъэгъотыгъэнхэр: мэкъэзэрэщэ буквэу **«цу»**-м, буквэ-пычыгъоу **«цо»**-м нэIуасэ афэшIыгъэнхэр.

4. Фонетикэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэр ятыгъэнхэр: макъэу **[цу]**-м иартикуляцие ашIэныр ыкIи ар амыукъоу макъэр къаIоныр.

5. ТхэнымкIэ къулайныгъэхэр аIэкIэгъэхьанхэр: хьарыфэу **«цу»**, хьарыф-пычыгъоу **«цо»** мы урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэр тэрэзэу атхышъунхэм Iоф дэшIэгъэныр.

6. ГрамматикэмкIэ шIэныгъэу яIэхэр кIягъэджыкIыжьыгъэнхэр: глаголэу **«иIэн»** шъхьэхэмкIэ ыкIи пчъагъэхэмкIэ язэокIыкIэрэ пкъыгъор зыер къэзыгъэлъэгъорэ прсиставкэу **«и»**-рэ агу къэгъэкIыжьыгъэнхэр.

7. ЕджэнымкIэ яIэпэIэсэныгъэ хэгъэхъогъэныр (IофшI. 3).

8. Урокым пшъэрылъэу иIэр къагурыIоныр ыкIи зыIэкIамыгъэкIэу, ар зэрэзэшIуахыщтым пыгъэлъыгъэнхэр.

ГущыIакIэхэр, гущыIэзэгъусэ зэпхыгъэхэр: **цу, цумпэ, цумпэ озгъэшхыщт, цуакъэ, хрустальнэ цуакъ.**

КIаджыкIыжьырэ гущыIэхэр: **дэт, тIы, чэмы, шкIэ, инышху, цIыкIужъый, адэ!**

*Урокым игъусэ IэпыIэгъухэр:* IофшIэнхэмкIэ тетрадыр.

---

### Урокым икIуакI

1. ФЗ-кIэ урокыр рарегъэгъажьэ: хьарыфхэу **«д»**-р, **«дж»**-р, **«дз»**-р, **«дзу»**-р ыкIи ахэр зыхэт пычыгъохэм пычыгъохэм ятаблицэкIэ къарегъаджэх.

2. УГЪ-р еуплъэкIу: блэкIыгъэ урокым нэIуасэ зыфэхъугъэхэ орэдым иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, етIанэ кIэлэеджакIохэр зэкIэ зэгъусэхэу зытIо-зыщэ къарегъаIо. Ащ ыуж нэбгырэ зырызэу къарегъаIо.

3. Непэрэ урокым иплан нэIуасэ фешIых:

*КIалэхэр, сегодня на уроке мы:*

*– познакомимся со сложной согласной буквой* **«цу»** *и буквой-слогом* **«цо»** *и выучим слова с ними;*

*– будем инсценировать беседу Нарта и Быраб о том, что растёт на даче или в огороде; будем вместе с ними учиться быть добрыми и внимательными к своим друзьям;*

*– знания, полученные на уроке, будем закреплять в рабочей тетради.*

4. Мэкъэзэрэщэ буквэу **«цу»**-м нэIуасэ фешIых:

а) аудиогуалъхьэхэм (IофшI. 1, 2) арегъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьых;

в) макъэу **[цу]**-м иартикуляцие арегъашIэ (еплъ: Пылъхьэу 1, н. …);

г) Т-м къыщытыгъэ IофшI. 1-р, 2-р арегъэшIых;

д) гущыIакIэхэр гущыIалъэхэм адарегъатхэх.

5. *Гъэпсэфыгъом итакъикъ.*

6. ГущыIакIэхэр агу раубытэнхэм фэшI, упчIэхэр, хырыхыхьэхэр аретых:

**Что Золушка потеряла на балу у принца?* (Цуакъэ.) **Самая ранняя ягода какая?* (Цумпэ.) **Животное, название которого состоит из одной буквы.* (Цу.)

7. ГущыIакIэхэр яжабзэ щыщ хъунхэм фэлэжьэрэ IофшIэнхэр арегъэгъэцакIэх:

а) IофшI. 3-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

б) диалогым амакъэ мылъэшэу ежь-ежьырэу регъаджэх;

в) упчIэхэм джэуапхэр къарарегъэтыжьых:

**Нарт иунагъо дачэ иIа?** (Ары, Нарт иунагъо дачэ иI.) **Нарт идачэ цумпэ дэта?** (Ары, Нарт идачэ цумпэ дэт.) **Адэ Бырабэ дачэ иIа?** (Хьау, Бырабэ дачэ иIэп.) *Что Нарт предложил Быраб? Как вы оцениваете поступок Нарта?*

д) диалогым рольхэмкIэ къеджэнхэу зыкъагъэхьазырынэу уахътэ ареты;

е) хьазыр хъухэрэр къырегъаджэх;

ж) диалогыр сценкэу къарегъэшIы.

з) IофшI. 4-м иаудиогуалъхьэ регъэдэIух, къыкIарегъэIотыкIыжьы;

и) Золушкэ ицуакъэ исурэт аригъэлъэгъузэ, ареIо: **Мыр хрустальнэ цуакъ. Хэт ицуакъ мыр?** (Мыр Золушкэм ицуакъ.)

8. ГущыIэхэм язэхэтыкIэ лъыплъэшъухэу, бзэр нахь зэхашIэу зыгъэсэхэрэ IофшI. 5-р арегъэгъэцакIэ.

9. Т-м къыщытыгъэ гъэцэкIэнхэу игъо зыфифэхэрэр арегъэшIых.

10. УрокымкIэ зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых.

11. УнэмкIэ гъэцэкIэныр ареты.

## Урокхэу 67-р, 68-р

кIэлэегъаджэм итворческэ IэпэIэсэныгъэхэм ялъытыгъэу, ежь игъоу зэрилъытэу зэхищэнхэ е конспектэу къэтыгъэхэм ясценарие тетэу ригъэкIокIынхэ ылъэкIыщт. Мы аужырэ урокхэм кIэлэегъаджэм анахьэу ынаIэ зытыригъэтын фаехэр мы лъэныкъохэр арых:

– илъэс еджэгъуитIум къыкIоцI адыгабзэмкIэ шIэныгъэу зэрагъэгъотыгъэхэр кIэлээджакIохэм зэфаригъэхьысыжьынхэр;

– хэхъоныгъэу ашIыгъэхэмкIэ рэзэныгъэ-гушхоныгъэ зыхаригъэгъотэжьыныр;

– къэкIощт илъэс еджэгъум адыгабзэм изэгъэшIэн лъагъэкIотэн шIоигъоныгъэ яIэу къагъэзэжьыным тыригъэпсыхьанхэр.

# ГУАЛЪХЬЭХЭР. ПРИЛОЖЕНИЯ

## Гуалъхьэу 1. Приложение 1

## МАКЪЭХЭМ ЯКЪЭІУАКІ. АРТИКУЛЯЦИЯ ЗВУКОВ

### Мэкъэзещэ буквэу «а». Гласная буква «а»

**Гласная буква адыгейского алфавита «а» читается так, как русская гласная буква «а» под ударением, но не в начале слова. Обрати внимание на то, какой звук имеет буква «а» под ударением в начале слова** (ангел, аист)**, а какой – под ударением в середине слова** (мама).

**Адыгейский звук [а] в любой позиции – в начале слова, в середине слова или в конце слова – произносится одинаково. При произношении звука [а], в отличие от русского звука, маленький язычок не приподнимается вверх, гортань не напрягается: воздух легко и свободно выходит из ротовой полости. Произнеси:** а-а-а, ары, апч, сатыр**. Исключение составляют имена, заимствованные из других языков. Например:** Аминэт, Амин, Альбина**. В таких именах буква «а» читается так же, как она читается в начале русских имен. Например:** Антон, Анастасия, Андрей**.**

### Мэкъэзещэ буквэу «у». Гласная буква «у»

**Буква «у» <u>в любой позиции (в начале, середине или конце слова) читается не так, как в русских словах в начале слова, а так, как, когда она находится в середине или в конце слова</u> – свободно, не напрягая гортань. Скажи протяжно: Вижу-у-у нашу-у-у маму-у-у. Запомнил, как нужно произносить адыгейскую букву «у»?**

**Буква «у» под ударением озвучивается на [ы] и образует слог. Например: уты – [уыты] – у-ты; сыщэпсэу – [сыщэпсэуы] – сы-щэ-псэ-у. Безударная буква «у» читается обрывисто, не озвучивается на звук [ы] и не образует слога. Например: опсэу – [уэпсэу] о-псэу; пщынау – [пщынау] – пщы-нау.**

## Мэкъэзещэ буквэу «о». Гласная буква «о»

**Буква «о» в любой позиции читается не так, как в русских словах в начале слова под ударением (например, в слове** осень**), а свободно, не напрягая гортань. Буква «о» всегда образует слог, читается и в транскрипции пишется так:** уэ. **Например:** ощхы – о-щхы – [уэщхы]; сэшхо – сэ-шхо – [сэшхуэ].

**Исключение составляют русские слова, перешедшие в адыгейский язык. Сравни:** орден, Олег (одинаково читаем и в русском, и в адыгейском языках). **Но**: оры (уэры), осы (уэсы).

## Мэкъэзещэ буквэу «ы». Гласная буква «ы»

**Буква «ы» адыгейского алфавита читается не так, как буква «ы» русского алфавита. При произношении адыгейского звука «ы» воздух свободно выходит из гортани. Буква «ы» в любой позиции образует слог. Буква «ы» стоит в словах в начале слова только как приставка, обозначающая принадлежность частей тела или родственников кому-нибудь.**

## Мэкъэзещэ буквэу «и». Гласная буква «и»

**Буква адыгейского алфавита «и» в любой позиции (в любом месте) читается, как русская буква «и» в слове «сила». Исключение составляют слова, перешедшие из русского языка в адыгейский. Сравни:** институт, Ира (читаем как в русском языке), **но:** ис, тиун (адыг.).

**Буква-звук «и» в начале слова имеет огласовку «ы». Она в транскрипции пишется так: [йы]. Например:** ины – и-ны – [йыны]; иручк – и-ручк – [йы-ручк].

**Буква-звук «и» в любой позиции образует слог. Например:** инан – и-нан – [йынан]; синан – си-нан – синан; нани – на-ни – [нани].

## Мэкъэзещэ буквэу «э». Гласная буква «э»

**Гласная буква «э» читается приблизительно так же, как гласная буква «е» в словах иностранного происхождения (например:** кафе, кашне**), при этом челюсть опускается ниже** [нэ, нэпсы (адыг.)]**. А слова, перешедшие из русского, читаются так же, как в русском языке:** этаж, этажерк.

**Буква-звук «э» не озвучивается никаким другим звуком, поэтому в транскрипции пишется так, как она есть.**

**Буква «э» в адыгейском языке не встречается в начале слова. А в середине и в конце слова, где она может находиться, всегда образует слог. Например:** нэфын – нэ-фын – [нэфын].

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «I». Согласная буква «I»**

**Согласная буква** «I» **читается приблизительно так же, как русская гласная буква «ы», но при этом она произносится не протяжно, а резко обрывается. Сравни: [ы]** (название буквы в русском алфавите) – сиI (адыг.)**. Это единственный знак, которого нет в русском алфавите. Адыгские учёные-языковеды заимствовали (взяли) эту букву из латинского алфавита.**

**Буквэзэгъусэу (пычыгъоу) «Iа». Буквосочетание (слог) «Iа»**

**Буквосочетание «Iа» читается как русская гласная буква «а» в начале слова. Сравни:** астра **(русск.),** Iасэ **(адыг.). Буквосочетание «Iа» не надо путать с гласной буквой «а» адыгейского алфавита.**

**Буквэзэгъусэу (пычыгъоу) «Iо». Буквосочетание (слог) «Iо»**

**Буквосочетание «Iо» читается так же, как русская буква «о» в начале слова под ударением. Сравни:** он (русск.) – Iофы (адыг.)**. Буквосочетание «Iо» не надо путать с гласной буквой «о» адыгейского алфавита.**

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «Iу». Согласная буква «Iу»**

**«Iу» – первая сложная согласная буква адыгейского алфавита, с которой ты знакомишься. Она называется сложной буквой, потому что состоит не из одного знака, а из двух: «I» и «у». Открой форзац учебника и обрати внимание на то, что «Iу» является последней буквой адыгейского алфавита. Изученных буквосочетаний «Iа»** и **«Iо» ты там не найдешь, так как они не являются буквами, а являются слогами, состоящими из двух букв.**

**Буква «Iу» читается, как русская буква «у» в начале слова. Сравни:** умный **(русск.),** Iуш **(адыг.). Согласный звук [Iу] может произноситься в разных словах или кратко, или с огласовкой на гласный «ы». Если он произносится кратко, обрывисто, то не образует слога. Если же озвучивается на** ы, **то образует слог. Сравни:** Уинанэ едэIу **(е-дэIу – едэIу)!** Уинанэ уедэIу. **(уе-дэ-Iу – [уйэ-дэ-Iуы]).**

### Буквэзэгъусэхэу (пычыгъохэу) «Iи», «Iы».<br>Буквосочетания (слоги) «Iи», «Iы»

**Буквосочетание «Iи» читается как буква «и» в слове** иней (русск.) – Iихыгъ (адыг.);

**буквосочетание «Iы» читается приблизительно так, как буква «ы» в русском алфавите:** IыI (адыг.).

### Буквэзэгъусэхэу (пычыгъохэу) «Iе», «Iэ».<br>Буквосочетания (слоги) «Iе», «Iэ»

**Буквосочетание «Iе» читается как буква «э» в слове** этаж. **При чтении буквосочетания «Iэ» губы не растягиваются в стороны, как при чтении буквосочетания «Iе», а челюсть слегка опускается вниз. Сравни:** сIехы (адыг.) – мыIэрыс (адыг.)

### Мэкъэзэрэщэ буквэу «л». Согласная буква «л»

**В адыгейском языке нет твердого звука [л], буква** л **читается мягко во всех адыгейских словах. Русские слова, перешедшие в адыгейский язык, читаются как в русском языке. Сравни:** ламп, лимон, ноль (русские слова, перешедшие в адыгейский язык) – блы (адыг.).

### Мэкъэзэрэщэ буквэу «г». Согласная буква «г»

**Адыгейский звук [г] немного отличается в произношении от русского звука [г]. Русский звук произносится отрывисто. При произношении адыгейского звука [г] язык выгибается мостиком и приподнимается к нёбу, при этом между языком и нёбом образуется щель, через которую проходит воздух, и создаётся шум. Сравни:** гиря (русск.) – гыны (адыг.).

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «гу». Буквэ-пычыгъоу «го».**
**Согласная буква «гу». Буква-слог «го».**

---

**Буква «гу» в адыгейском языке читается как буквосочетание «гу» в русском языке. Например:** гусь, Гузерипль, Гулливер (русск.)– Iэгу (адыг.).

**Слог** го **состоит из двух звуков: [гу+э]: гогон [гуэгуэн]** (адыг.).

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «къ». Согласная буква «къ».**

---

**Не путай буквы «к» и «къ»! В отличие от звука [к], звук [къ] образуется глубоко в горле.**

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «ку». Мэкъэзэрэщэ буквэу «къу».**
**Согласная буква «ку». Согласная буква «къу»**

---

**Буква «ку» читается как сочетание букв «к» + «у» в русском языке (например: кукушка, куст);**

**При произношении звука [къу] маленький язычок приподнимается, губы округляются и вытягиваются вперёд.**

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «гъ». Согласная буква «гъ»**

---

**Это вторая сложная согласная буква с твёрдым знаком в цветике-семицветике. При произношении звука [гъ] задняя часть языка сильно приподнимается к маленькому язычку. Этот звук издаётся при полоскании горла. А звук [гъу] состоит из сочетания звуков [гъ+у], слог «гъо» состоит из двух звуков [гъу + э]. Читай:** дэгъу **[дэгъуы]**, нагъо **[нагъуэ].**

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «лъ». Согласная буква «лъ»**

---

**Звук [лъ] можно сравнить со звуком шипения змеи. При его произношении кончик языка прижимается к верхним зубам, а губы растягиваются в стороны. Скажи:** щылъ **(лежит просто),** телъ **(лежит на чём-либо),** Iулъ **(лежит возле чего-либо).**

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «хъ». Согласная буква «хъ»**

---

**Звук [хъ] произносится при участии маленького язычка, который вибрирует (сильно шевелится) при его произношении.**

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «чъ». Согласная буква «чъ»**

**При произнесении звука [чъ] органы речи не напрягаются. Язык касается альвеол верхних зубов.**

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «жъ». Согласная буква «жъ»**

**При произношении звука [жъ] кончик языка упирается в нижние зубы, средняя часть языка прижимается к нёбу, губы растягиваются в стороны. Адыги услышали этот звук в звуке сильно кипящего масла. Скажи:** жъы (старый).

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «шъ». Согласная буква «шъ»**

**Звук [шъ] можно услышать в шелесте листвы. При его произношении язык выгибается, а его кончик касается альвеол нижних зубов. Прочитай:** шъынэ (ягнёнок), пшъашъэ (девушка).

**Мэкъэзэрэщэ буквэхэу «жъу», «шъу». Буквэ-пычыгъохэу «жъо», «шъо». Согласные буквы «жъу», «шъу». Буквы-слоги «жъо», «шъо»**

**В отличие от других трёхзначных букв буквы «жъу» и «шъу» читаются по-особому: в них не звучат звуки [жъ] и [шъ]. «Жъо» и «шъо» – это слоги, но и в них не звучат звуки [жъ] и [шъ]. Запомни! Если после букв «жъ» и «шъ» идут «у» или «о», то эти буквы или слоги нужно читать по-особому.**

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «кI». Согласная буква «кI»**

**В адыгейском алфавите 7 двухзначных букв со знаком «I». Сегодня ты знакомишься с одной из них – буквой «кI». В русском языке нет подобного звука. При его произношении кончик языка опускается, средняя часть языка сильно выгибается и напрягается. При этом из гортани резко выталкивается воздух, чтобы озвучить [I]. Звук [кI] можно сравнить со звуком трещания сороки. Не путай букву «кI» с буквой «ч»**.

Сравни: чылэ, чэмы – кIалэ, кIэракI.

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «лI». Согласная буква «лI»**

---

**Артикуляция звука [лI] такая же, как при произношении звука [лъ], но при произнесении первого звука из гортани с напряжением выталкивается воздух и озвучивается [I].**

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «пI». Согласная буква «пI»**

---

**Буква «пI» – третья сложная двухзначная согласная буква со знаком «I». В произношении звука [пI] участвуют только губы и горло. Звук [п], образующийся при резком размыкании губ, сопровождается призвуком [I].**

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «тI». Согласная буква «тI»**

---

**Буква «тI» – четвёртая сложная двухзначная согласная буква со знаком «I». При произношении звука [тI] кончик языка, расположенный между верхними и нижними зубами, резко отходит назад и из горла вырывается глухой звук.**

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «чI». Согласная буква «чI»**

---

**Буква «чI» – пятая сложная согласная двухзначная буква со знаком «I». При произнесении звука [чI] кончик языка упирается в альвеолы верхних зубов. Из гортани вырывается воздух, чтоб озвучить [I].**

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «цI». Согласная буква «цI»**

---

**Это шестая сложная двухзначная согласная буква со знаком «I», с которой ты сегодня знакомишься. Звук [цI] образуется при сложении звуков [ц] и [I], которые произносятся совершенно слитно.**

---

**Мэкъэзэрэщэ буквэу «шI». Согласная буква «шI»**

---

**Артикуляция звука [шI] похожа на артикуляцию звука [шъ], но при произношении звука [шI] из гортани выталкивается воздух, чтобы озвучить [I].**

---

## Мэкъэзэрэщэ буквэу «кIу». Буквэ-пычыгъоу «кIо». Согласная буква «кIу». Буква-слог «кIо»

**Сложная трёхзначная согласная буква «кIу» и буква-слог «кIо» читаются по-особому. Вспомни, как мы читаем слова «шкIэ», «зегъэпскIы».**

## Мэкъэзэрэщэ буквэу «шIу». Буквэ-пычыгъоу «шIо». Согласная буква «шIу». Буква-слог «шIо»

**Сложная трёхзначная согласная буква «шIу» и слог «шIо» читаются по-особому. Не путай их со сложной двухзначной согласной буквой «шI». Сравни: Iоф ешIэ – IэшIу** (вкусный, сладкий), **шIои** (грязный).

## Мэкъэзэрэщэ буквэхэу «пIу», «тIу». Буквэ-пычыгъохэу «пIо», «тIо». Согласные буквы «пIу», «тIу». Буквы-слоги «пIо», «тIо»

**При произнесении букв-звуков «пIу» и «тIу» губы округлены и вытянуты вперёд. При произнесении слогов «пIо», «тIо» губы тоже округлены и вытянуты вперёд, но здесь челюсть немного опускается вниз.**

## Мэкъэзэрэщэ буквэу «дж». Согласная буква «дж»

**При произношении звука [дж] язык выгибается дугой и касается нёба. Эту букву нельзя читать как два звука (например, как в слове** джунгли**). Читай:** джэдыгу (шуба).

## Буквэу «дж»-м иятIонэрэ мэхьан. Второе значение буквы «дж»

**Буква «дж» в слове «лъэгуандж» имеет другой звук. В отличие от первого этот звук глухой и немного похож на сочетание звуков [д] и [ж], но произносится совершенно слитно.**

## Мэкъэзэрэщэ буквэу «хь». Согласная буква «хь»

**В адыгейском алфавите есть две сложные двухзначные согласные буквы с мягким знаком. Рассмотри их на крыльях Мухи-Цокотухи. Звук [хь] образуется в гортани. Корень языка как бы втягиваем в себя. Скажи:** хьэ (собака).

## Мэкъэзэрэщэ буквэу «жь». Согласная буква «жь»

**При произношении звука [жь] язык выгибается дугой и упирается в нёбо, а кончик языка касается альвеол нижних зубов. В отличие от звука [жъ], он произносится мягко.**

## Мэкъэзэрэщэ буквэу «дз». Согласная буква «дз»

**При произнесении звука [дз] кончик языка упирается в верхние зубы. Можно сравнить с произношением сочетания букв «дз» в слове «дзинь», но адыгейский звук произносится не как сочетание букв, а совершенно слитно, так, что не слышится звук [д].**

## Мэкъэзэрэщэ буквэу «дзу». Согласная буква «дзу»

**Буква «дзу» очень редко встречается в адыгейском языке. Например, в слове «хьандзу». Звук [дзу] произносится при округлённых и вперёд вытянутых губах. Язык лежит плашмя, а его кончик касается нижних зубов. Слог «дзо» состоит из двух звуков [дзу + э].**

## Мэкъэзэрэщэ буквэу «цу». Согласная буква «цу»

**Артикуляция звука [цу] похожа на артикуляцию звука [шъу]. Разница в том, что при произнесении звука [цу] нет эффекта «присвистывания». Эту двухзнаковую букву нельзя путать с сочетанием двух однознаковых букв: «ц» и «у», которые читаются каждая самостоятельно. Такое исключение мы находим в женском имени Цуц. В этом слове три буквы: Ц, у, ц. Слог «цо» читается как сочетание звуков [цу+э].**

# Гуалъхьэу 2. Приложение 2

## ХЬАРЫФХЭМРЭ ПЫЧЫГЪОХЭМРЭ ЯТАБЛИЦ
## (Таблица букв и слогов)

| глас. / согл. | А | Е | И | О | У | Ы | Э | Ю | Я |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Б | ба | бе | би | бо | бу | бы | бэ | бю | бя |
| В | ва | ве | ви | во | ву | вы | вэ | | |
| Г | га | ге | ги | | | гы | гэ | гю | |
| **ГУ** | **гуа** | **гуе** | **гуи** | | | | **го** | | **гуя** |
| Гъ | гъа | гъе | гъи | | | гъы | гъэ | | |
| Гъу | гъуа | гъуе | гъуи | | | | гъо | | |
| Д | да | де | ди | до | ду | ды | дэ | дю | дя |
| Дж | джа | | | джо | джу | джы | джэ | | |
| Дз | дза | | дзи | | | дзы | дзэ | | |
| **Дзу** | | | **дзуи** | | | | **дзо** | | |
| Ж | жа | | жи | жо | жу | жы | жэ | | |
| Жъ | жъа | | жъи | | | жъы | жъэ | | |
| **Жъу** | **жъуа** | | **жъуи** | | | | **жъо** | | |
| Жь | жьа | | жьи | | | жьы | жьэ | | |
| З | за | зе | зи | зо | зу | зы | зэ | | зя |
| К | ка | ке | ки | ко | ку | | | | |
| Ку | куа | | куи | | | | ко | | |
| Къ | къа | къе | къи | | | къы | къэ | | къя |
| Къу | къуа | къуе | къуи | | | | къо | | |
| КI | кIа | кIе | кIи | | | кIы | | | |
| **КIу** | **кIуа** | | **кIуи** | | | | **кIо** | | |
| Л | ла | ле | ли | ло | лу | лы | лэ | | |
| Лъ | лъа | лъе | лъи | | | лъы | лъэ | | |
| ЛI | лIа | | лIи | | | лIы | лIэ | | |
| М | ма | ме | ми | мо | му | мы | мэ | | |
| Н | на | не | ни | но | ну | ны | нэ | | |
| П | па | пе | пи | по | пу | пы | пэ | | |

| глас. / согл. | А | Е | И | О | У | Ы | Э | Ю | Я |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ПІ | пIа | пIе | пIи | | | пIы | пIэ | | |
| ПІу | пIуа | | пIуи | | | | пIо | | |
| Р | ра | ре | ри | ро | ру | ры | рэ | | |
| С | са | се | си | со | су | сы | сэ | сю | ся |
| Т | та | те | ти | то | ту | ты | тэ | тю | тя |
| ТІ | тIа | тIе | тIи | | | тIы | тIэ | | |
| ТІу | тIуа | | тIуи | | | | тIо | | |
| Ф | фа | фе | фи | фо | фу | фы | фэ | | фя |
| Х | ха | хе | хи | хо | ху | хы | хэ | | хя |
| Хъ | хъа | | хъи | | | хъы | хъэ | | хъя |
| Хъу | хъуа | | хъуи | | | | хъо | | |
| Хь | хьа | | хьи | | | хьы | хьэ | | |
| Ц | ца | це | ци | | цу | цы | цэ | | |
| **Цу** | **цуа** | | **цуи** | | | | **цо** | | |
| ЦІ | цIа | | цIи | | | цIы | цIэ | | |
| Ч | ча | | чи | | | чы | чэ | | |
| Чъ | чъа | | чъи | | | чъы | чъэ | | |
| ЧІ | чIа | чIе | чIи | | | чIы | чIэ | | |
| Ш | ша | | ши | шо | шу | шы | шэ | | |
| Шъ | шъа | | шъи | | | шъы | шъэ | | |
| **Шъу** | **шъуа** | **шъуе** | **шъуи** | | | | **шъо** | | |
| ШІ | шIа | | шIи | | | шIы | шIэ | | |
| **ШІу** | **шIуа** | **шIуе** | **шIуи** | | | | **шIо** | | |
| Щ | ща | ще | щи | що | | щы | щэ | | |
| І | Iа | Iе | Iи | | | Iы | Iэ | | |
| Іу | Iуа | Iуе | Iуи | | | | Iо | | |

# Гуалъхьэу 3. Приложение 3

## АЛФАВИТЫМ ИОРЭД



| | |
|---|---|
| **А Б В, Г Гу Гъ –** | |
| **Адыгеир тихэгъэгу.** | Адыгея наша родина. |
| **Гъу Д  Дж, Дз Дзу Е –** | |
| **ТиеджапIи дэгъу дэд.** | Наша школа очень хорошая. |
| **Ё Ж Жъ, Жъу Жь З –** | |
| **Сэ пчэдыжьрэ жьэу сэтэдж,** | Я по утрам рано встаю, |
| **И Й кIаку, К Ку Къ –** | |
| **Ори псынкIэу зэ къэтэдж!** | Ну-ка, ты тоже быстро вставай! |
| **Къу КI КIу, Къу Кl КIу –** | |
| **Мыекъуапэ тэ тикIас.** | Мы любим Майкоп. |
| **Л Лъ ЛI, Л Лъ ЛI –** | Если ты мужчина украшай свой |
| **УлIмэ къалэр гъэкIэракI.** | город. |
| **М Н О, П ПI ПIу –** | |
| **О пIэ Iэтри къэгущыI,** | Подними руку и отвечай, |
| **Р С Т, ТI ТIу У –** | Учись не на «двойки», а на |
| **«ТIу» къэмыхьэу, «тфы»-кIэ едж!** | «пять»! |
| **Ф Х Хъ, Хъу Хь Ц –** | |
| **Зыгъэхъупхъ, умыфэмыф,** | Будь умницей, не ленись, |
| **Цу ЦI Ч, Чъ ЧI Ш –** | |
| **Цумпэр чанэу къэугъой.** | Собирай клубнику энергично. |
| **Шъ Шъу ШI, Шъ Шъу ШI –** | |
| **УицIыф шъуаши къэухъум.** | Береги свой человеческий облик. |
| **Шъу ШI ШIу, Шъу ШI ШIу** | |
| **ШIушIэ пшIэным ушъхьамыс.** | Не уставай делать добро. |
| **Щ-м ыуж, Щ-м ыуж,** | После Щ, после Щ идёт твёрдый |
| **Щ-м ыуж – пытэ тамыгъ (Ъ).** | знак. |
| **Ы-м ыуж, Ы-м ыуж,** | |
| **Ы-м ыуж – шъэбэ тамыгъ (Ь).** | После Ы, после Ы – мягкий знак. |
| **Э Ю Я, Э Ю Я –** | Среди нас есть и Эмма, и Юра, |
| **Эми, Юри, Яши тхэт.** | и Яша. |
| **I-ри буквэ, Iу-ри буквэ –** | I – тоже буква, Iу – тоже буква – |
| **Буквэ тхьапша? Къэлъытэжь!** | Сколько букв всего? Посчитай! |

**Асиет Юнусовна Каратабан**

**Методическое пособие для учителя к учебнику «Адыгейский язык учу с удовольствием! Второй класс»**

Технический редактор: **Т.В. Кондрашова**
Корректор: **С.А. Шхафижева**

Подписано в печать 06.06.2016 г. Формат 60x84/16.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 13,07.
Тираж 100 экз. Заказ № 128. ООО «Качество»,
385000, г. Майкоп, ул. Крестьянская, 221/2, тел.: (8772) 52-36-87.